ДЖОН БИВЕР

# САЙТАНЫ САЙÆН

...сæрибарæй цæрут
знаджы мæлæтдзаг æмæ
æгъатыр къæппæгæй.

Зынаргъ хæлар,

Чизоны, ацы æрвыстæг суа уæ царды æцæгадимæ æппæты ахсджиагдæр сæмбæлд. Æз дзурын æнæгуызавæйæ уый тыххæй нæ, æмæ йæ æз ныффыстон, фæлæ йæ мидисы тыххæй.
Ацы æрвыстæг у уæлаварвæй; æз ууыл мæхæдæг æуyуæндын, ацы чиныджы мæ ном фыст æрцыд уый тыххæй, æмæ дæн фыццаг, чи йæ бакасти.
Мондæггæнæнты æмæ тæргайы фарста, кæцыты тыххæй ныхас цæуы ацы чиныг, «Сайтаны сайæн»-ы, арæх вæййы æппæты зындæр цæлхдур æмæ къæппæгтæй иу, кæцытимæ мах æмбæлæм, æмæ нæ фæхъæуы сæ сæрты ахизын.

Рацыд дæс азы, ацы чиныг рухс куы федта уæдæй фæстæмæ, æмæ ныридæгæн æнæхъæн дунейы алы æвзæгтыл мыхуыргонд æрцыд милуанæй фылдæр экземпляры. Дунейы алы рæттæй мах райстам æнæнымæц æвдисæнтæ, адæмыл ацы æрвыстæг куыд бандæвта, бирæты куыд ссæрибар кодта уацарæй æмæ сын куыд радта тыхтæ æмæ хъарутæ, цæмæй ссæрибар уой знаджы лæбурынæй æмæ сын Хуыцау цы хуыздæр æрцæттæ кодта, уый райсой.

Дунедарæг Хуыцау мын бæлвырд мæ зæрдæйы сæвæрдта уый, цæмæй ацы чиныджы фæхæццæ кæнон ныры аргъуаны фæтæгтæм æмæ фидæны æппæт дунейы фæтæгтæм мæ уарзондзинады нысанæн, стæй куыд фæрæз - уый æххуысæй уыдон баххуыс кæндзысты иннæтæн бæрзонддæр схизын æмæ сæрибар райсын.

Мæ Хæлар, ацы æрвыстæг мын Хуыцау куы радта, уæд мæ цард бынтондæр аивта. Æз кувын, цæмæй уæ цард дæр фæива, ацы чиныджы æцæгдзинад куыд гом кæнат, уымæ гæсгæ.
Æз уыдзынæн тынг райгонд уе 'вдисæнтæй, цахæм тæваг ныууагъта ацы æрвыстæг дæуыл æмæ лæггад кæимæ кæныс, уыцы адæмыл.

Чырыстийы фæрцы уе 'фсымæр,



Джон Бивер

JohnBevere@ymail.com

MESSENGER
INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

ДЖОН БИВЕР

# САЙТАНЫ САЙÆН

...сæрибарæй цæрут

знаджы мæлæтдзаг æмæ

æгъатыр къæппæгæй.

The Bait of Satan by John Bevere, Ossetian
© 2020 Messenger International
www.MessengerInternational.org
Originally published in English as The Bait of Satan
Additional resources in Ossetian by John Bevere are available
for free download at: www.CloudLibrary.org
To contact the author: JohnBevere@ymail.com

«Сайтаны Сайæн» Джон Бивер, ирон æвзагыл
© 2020 Messenger International
www.MessengerInternational.org
Фыццаг рауагъд уыд англисаг æвзагыл, хуындис «The Bait of Satan»
Джон Биверы уæлæмхасæн фæрæзтæ ирон æвзагыл
æнæ аргъæй райсæн ис сайтыл www.CloudLibrary.org
Авторы электрон адрис: JohnBevere@ymail.com

## СТЫР БУЗНЫГ ЗÆГЪЫН…

Мæ цардæмбал Лизæйæн, уый у мæнæн Хуыцауы фæстæ мæ дыккаг зынаргъ æмбал. Ды дæ, бæгуыдæр, хæрзуаг бинойнаг. Æз æнустæм уыдзынæн Хуыцауæн бузныг, кæй нæ баиу кодта куыд бинонтæ, афтæ. Арфæ дын кæнын, ацы чиныджы редакци кæнгæйæ мын удуæлдай æххуыс кæй бакодтай, уый тыххæй.

Ме 'ртæ фыртæн Эдисонæн, Остинæн æмæ Алыксандрæн, уыдон нывондæн æрхастой сæ фыдимæ æмхицдзинады рæстæг, цæмæй ацы проект сæххæст уаид. Сымах, мæ лæппутæ, стут мæ зæрдæйы цин!

Мæ фыртæн, кæнæ мæ чызгæн – уый нын мæнæ–мæнæ райгуырдзæн. Ды нырид сдæ нæ бинонты уарзондæр уæнг, æмæ тынг зæрдиагæй æнхъæлмæ кæсæм дæ фенынмæ.

Сæрмагонд арфæ кæнын Джон Мейсонæн, уый бауæндыд ацы амындыл æмæ мын радта ныфс, ацы куыст ныффыссынæн æмæ рауадзынæн; Дебора Поулалионæн йæ курдиаты æмæ чиныджы редакци кæныны æххуысы тыххæй, æмæ чиныгуадзæн "Creation House"–ы æппæт кусджытæн – уыдон немæ архайдтой ацы проектыл.

Фæлæ, æппæты тынгдæр, æз зæрдæбынæй бузныг зæгъын нæ Уæларвон Фыдæн, ныхæстæй зæгъæн кæмæн нæй, Йæ уыцы хорзæхы тыххæй; нæ Хуыцау Йесо Чырыстийæн Йæ фарн, æцæгад æмæ уарзондзинады тыххæй, æмæ Сыгъдæг Удæн – Уый мын раст разамонæг кæй уыдис ацы проекты кусыны рæстæджы.

## СÆРГÆНДТÆ

*РАЗНЫХАС* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . *5*

*АВТОРÆЙ* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . *9*

1. ÆЗ ТÆРГАЙ ДÆН? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .15
2. ДЗЫЛЛОН ÆФХÆРД . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .25
3. КУЫД ХЪУАМÆ ÆРЦЫДАИД МÆНЫЛ АХÆМ ХАБАР? . . . . . . .39
4. МÆ ФЫД, МÆ ФЫД! . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .53
5. КУЫД РАЙГУЫРЫНЦ УДЫ ХАУÆГГÆГТÆ . . . . . . . . . . . . . . . . . .71
6. ÆЦÆГДЗИНАДÆЙ ÆМБÆХСГÆЙÆ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .89
7. ÆУУÆНКДЖЫН БЫНДУРÆВÆРД . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .103
8. ЦЫДÆРИДДÆР ФÆЦУДИНАГ У, ФÆЦУДДЗÆН . . . . . . . . . . . .121
9. МОНДАГГÆНÆН ДУР . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .141
10. ЦÆМÆЙ СÆ МÆ ФÆРÆДИЙЫН КÆНÆМ. . . . . . . . . . . . . . . . .163
11. ХАТЫРДЗИНАД: НÆ РАТДЗЫНÆ – НÆ РАЙСДЗЫНÆ! . . . . . . .177
12. МАСТ ИСЫН У КЪÆППÆГ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .195
13. КУЫД ИС КЪÆППÆГÆЙ АИРВÆЗÆН . . . . . . . . . . . . . . . . . . .211
14. НÆ НЫСАН - ФИДЫДДЗИНАД. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .223

*ФÆСНЫХАС. ЦЫ ХЪÆУЫ САРАЗЫН* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . *237*

# РАЗНЫХАС

Хуыцау уæлæмæ схæцы Йæхимæ кæй æрбахоны, уыцы адæмы фæлтæрты, кæцытæ цæттæ сты Евангелийы уац сæфт æмæ мæлæтдзаг дунемæ хæссынnetwork. Джон Бивер у уыцы фæлтæрæй.

1983 азы базонгæ дæн Джонимæ, куыд аргъуаны кусæгимæ, мæн лæггад кæнынмæ кæдæм фæхуыдтой, уыцы аргъуанмæ. Цалдæр азы фæстæ йæ Хуыцау ’рбакодта нæ аргъуанмæ Орландойы, цæмæй суа аргъуаны æцæг кусæг. Æз уыдтон йæ рæзт æмæ хъомылдзинад, Хуыцауимæ йæ мидфæндагыл цыды, æмæ куыд Евангелийæн йæ иузæрдион лæггадгæнæджы. Йæ уды мидæг æхсиды æцæгадмæ æнувыд ахаст æмæ адæммæ уарзондзинад, уый йын у Евангелийы амоныны хъомысджын тых. Йе ’нæсæттæ, алкæмæндæр æнцонæмбарæн Хуыцауы Дзырды куывд æрхоны тæригъæдджынты фæсмонмæ æмæ раст цардмæ.

Чиныг «Сайтаны сайæн»–ы Джон февналы ахæм ахсджиаг темæмæ, куыд мондаг æмæ маст хæссын, кæцы алы уырнонæн дæр у тæссаг къæппæг. Мондаггæнæнтæ æмæ маст хæссыны тыххæй, алы уырнон адæймаг дæр йæ царды цы зынтæ æмæ фæлварæнтæ бавзары, уыдон æрхæссынц алыхуызон фæстиуджытæ. Йæ кæрон баст у æгасæй дæр уымæй, æмæ сæм адæймаг цы ахаст раргом кæндзæн. Кæд сымах свæййут тæргайгæнæг æмæ æнцон фæцæфгæнæн, уæд уæ уды рæзт, куыд Хуыцауы хъæбулæн, цы куылымпы фæзынд, уый тыххæй урæд æрцæуы.

Сымах райдайут уæхицæн тæригъæд кæнын, саразут уæхицæн «бæрæгбон», æмæ дзы вæййут кадджын уазæгау! Куыд уæ бафхæрдтой, ууыл иудадзыг сагъæс кæнгæйæ, уæ цæстæнгас Хуыцауæй адарддæр кæнут.

Æцæгæй дæр, уый у дæсны арæзт къæппæг!

Фæлæ, кæд æмæ уе ’фхæрд нæ парахат кæнут, нæ йын дæттут уæ царды йæ уидæгтæ ауадзын, Хуыцауы къухмæ уавæр ратгæйæ, уæ мидвæндаг сфидар кæнын.

Иаков фыссы:

«Алы фæлварæнты куы бахаут, ме фсымæртæ, уæд æй уæхицæн нымайут стыр амондыл, уымæн æмæ уæ уырныныдзинад фæлварæнты куы бахауы, уæд фæразон кæй вæййут, уый сымахæн зындгонд у, фæразондзинад та сымах хъуамæ æркæна, алцæмæйдæр бынтон нывыл куыд уат, аипп уæм куыд нæ уа, уымæ» (Иаков 1:2–4).

Мондæгтæ æмæ æфхæрдтæ æнæмæнгæй æрцæуудзысты. Йесо фæдзæхста Йæ ахуыргæнинæгты, мондаггæнæнтыл æмæ æфхæрддзинадыл нæ фембæлгæйæ, ацы дунейы кæй нæй цæрæн. Фарст уый мидæг нæй мондаггæнæнтæ æмæ æфхæрддзинад уæм æрбацæуудзысты æви нæ, фæлæ: Куы æрбацæуой, уæд сæм цавæр ахаст дардзынæн?

Кæд æмæ ныр лæуут ахæм алвæндагыл, уæд уын ацы чиныг баххуыс кæндзæн цы къæппæджытæ ис уæ разы, уыдон

раргом кæнынæн. Ахуыр кæнут сайтаны хин митæ æмбарынил æмæ быхсынил. Биверы чиныг æвдисы Сыгъдæг Фысты бакаст фарстмæ: «Цы кæнон мондаггæнæг æмæ мастæфхæрдимæ? Уæ зæрдыл дарут, сымах ссæрибар кæндзæн уыцы рæстдзинад, кæцы бамбардзыстут æрмæст уæхæдæг! Кæсут дунейы арæнæй æмæ зонут уе 'цæг знаг – сайтаны.

Бени Хинн, аргъуаны сæргълæууæг
æмæ  Евангелии амонæг,
Орландойы Чырыстон Центр, штат Флорида,
Хуымгæнæны мæй, 1994 аз.

# АВТОРÆЙ

Алы адæймаг, кæцы искуы сырдæн æвæрдта къæппæджытæ, зоны, цæмæй къæппæг куыд æмбæлы, афтæ куса, уый тыххæй хъæуы дыууæ уавæры: фыццаг, къæппæг хъуамæ уа хорз æмбæхст, цæмæй йæ сырд ма фæфиппайа, дыккаг та уый, æмæ, йæ мидæг хъуамæ уа исты сайæн, кæцы сырды æрбасайдзæн къæппæджы мæлæтдзаг æфсæртæм.

Сайтан, нæ удты знаг æмæ мæлæтхæссæг къæппæгтæ ʾвæрæг, пайда кæны уыцы хин митæй. Йæ къæппæг у æмбæхст, йæ сайæнгарз та нæ цæстыты раз.

Сайтан æмæ йæ дæлимонты æфсад не сты ахæм æнæмбаргæ, адæмæн сæ фылдæр куыд æнхъæлынц, уый. Уыдон сты хинæйдзаг, фæливæг æмæ асайынмæ тынг арæхстджын. Сайтан йæ хъуыддæгты мидæг у фыруæздан, цæрдæг æмæ амалджын.

Ма йæ рох кæнут, рухс зæды хуыз йæ бон кæй у райсын, уый. Кæд æмæ ахуыр не стæм Хуыцауы Дзырды фæрцы, хорздзинад фыдæхæй иртасын, уæд нæ бон нæ бауыдзæн йæ къæппæгтæй аирвæзын.

Йæ сайæнтæй, æппæты хиндæр у, кæцыимæ фембæлы алы уырнон дæр, вæййы тæргай кæнын. Æцæг, тæргайдзинад йæхихъæдæй мæлæтхæссæг нæу, къæппæджы мидæг куы уа, уæд. Фæлæ йæ кæд мах нæ зæрдæйы æмбырд кæнæм, исæм æй æмæ дзы нæ зæрдæ баудайæм, уæд свæййæм тæргайхæссæг. Æфхæрд адæм расайынц ахæм фæстиуджытæ, куыд рыст, маст, хъæхъхъагдзинад, зæрдæхсайд, хылæргом, хъаугъа, мæстыгæр, æнæуынондзинад æмæ хæлæгдзинад. Сæ тæргайыл фидар чи хæцы, уыцы адæм райсынц ахæм фæстиуджытæ, куыд: æфхæрд, уайдзæфтæ, хъæдгæмттæ, дихкæнынад, кæрæдзийы ’хсæн ахастыты фехæлд, гадзрахат æмæ кæрæдзийæ иппæрд.

Арæх, тæргай йæ удмæ æвваxс чи райсы, уыдон не ’мбарынц, сайтаны къæппæджы кæй бахаудысты, уый. Уыдон се ’взæр уавæр нæ хатынц, уый тыххæй æмæ се ’нгас здæхт у, цы фыдми сын бакодтой, уымæ. Уыдон нæ фæнды рæстдзинад бамбарын. Знаджы æппæты хуыздæр сайæн у, мах бакуырм кæнын – не ’нгас æрмæст нæхимæ раздахын.

Ацы чиныг уыцы мæлæтхæссæг къæппæг раргом кæны æмæ æвдисы, куыд ис гæнæн йе ’фсæртæм ма бахауын. Тæргайæ сæрибар у тынг ахсджиагдæр алы уырнонæн, уымæн æмæ Йесо загъта, кæй нæй ацы дунейыл цæрын æнæ *т*æригъæдмæ сайæг мондаггæнæнтимæ сæмбæлгæйæ (кæсут Лука 17:1).

Америкæйы Иугонд Штатты æмæ иннæ бæстæты аргъуанты, ацы ныхас цы адæмæн амыдтон амыдтон, уыдонæн сæ фылдæр сразы сты фæсмон кæныныл. Уый у бæгуыдæр стыр процент, фæлæ хъалдзинад уромы бирæты, ацы амындмæ раст цæстæнгас дарынæй. Æз уыдтон, адæм иу куыд сдзæбæх сты, ссæрибар сты, Сыгъдæг Удæй иу куыд байдзаг сты, æмæ иу сæ куывдтытæн дзуапп куыд райстой, уыцы къæппæгæй ссæрибар

кæныны тыххæй. Фылдæр хатт иу фæдзурынц, бирæ азты цы агуырдтой, уый иу цæстыфæныкъуылдмæ кæй ссардтой, къæппæгæй куыддæр раирвæзтысты, афтæ.

Ссæдзæм æнусы кæрон аргъуанты тынг рапарахат сты Хуыцауы тыххæй зонындзинæдтæ. Фæлæ, ахæм рæзынадмæ гæсгæ, фæзыны ахæм хъуыды, цыма, мах чырыстон аргъуанты фылдæр æнкъарæм уырнæг адæмы дихдзинад, иумæйаг разамонджыты æмæ уæнгты ’хсæн.

Æмæ мæнæ йæ аххосаг: тæргæйттæ стыр æмæ арф уидæгтæ ауадзынц æцæг уарзондзинад кæм нæ вæййы, уым. *«...Зонынад адæймаджы хиуыл æрвæссын кæны, уарзондзинад та фидаргæнæг у» (1 Корин*фæгтæм 8:1). Уырнонтæн сæ фылдæры бахауд уыцы сайæн къæппæгмæ, нымайынц хуымæтæг царды фæткыл.

Фæлæ, Чырыстийы æрцыды размæ, æцæг уырнонтæ уыдзысты уыйбæрц æнгом, уымæй размæ куыд никуы уыдысты. Мæн уырны уый, æмæ адæмæн сæ фылдæр, мах рæстæджы уыдзысты сæрибар се ’фхæрды къæппæгæй. Уый уыдзæни æппæты сæйрагдæр нысан адæмы райхъал кæныны хъуыддаджы æмæ аххæсдзæн æнæхъæн бæстæтыл. Нæ кæрæдзиимæ уарзондзинады фæрцы æнæуырнонтæ дæр базондзысты Чырыстийы, Уый фенын сæ бон раздæр нæ уыд, мах уарзтæй цух кæй уыдыстæм, уый аххосæй. Æз афтæ нæ нымайын æмæ, чиныг фыссын хъæуы æрмæст исты ныффыссыны тыххæй. Стыр Хуыцау мын мæ зæрдæйы ацы амынд ссыгъта, æмæ йын йæ рæгъæдгæнаг дыргъ уынын. Аргъуаны мæ куывд куы фæдæн, уæд мæм иу кувæг лæг æрбацыд æмæ мын загъта: «Æз никуы ма федтон, æмæ уыйбæрц бирæ адæм иу æмбырды фæстæ ссæрибар уой».

Хуыцау мæ зæрдæйыл аныдзæвд æмæ загъта, уый нырма йæ райдайæн кæй у. Бирæтæ ссæрибар, сфидар æмæ сдзæбæх уыдзысты, ацы чиныг куы кæсой, æмæ куы равдисой коммæгæсдзинад Сыгъдæг Уды амындтытæм æмæ уыдонмæ здæхт фæндонмæ. Мæн уырны, кæсыны рæстæджы

Ахуыргӕнӕг ӕмӕ Ныфсдӕттӕг здахдзӕн йе 'ргом комкоммӕ уӕхимӕ, ӕмӕ уӕд Сыгъдӕг Уды ӕргомады фӕрцы цы дзырд лӕвӕрд ӕрцыд, уый фӕрцы уӕ царды райсдзыстут Хуыцауӕн лӕггад кӕнынӕн парахат сӕрибар.

Цӕйут, ӕмӕ иумӕ скувӕм уӕ бакӕсыны размӕ:

*Мӕ Уӕларвон Фыд, Йесо Чырыстийы номӕй Дӕ курын, ацы чиныг куы кӕсон, уӕд мын байгом кӕн Дӕ дзырд, Дӕ Сыгъдӕг Уды фӕрцы. Байгом мын кӕн мӕ зӕрдӕйы ӕхгӕд арӕнтӕ, кӕцытӕ мӕ къуылымпы кодтой Дӕу базонынӕн ӕмӕ Дӕуӕн мӕхи нывонд хӕссынӕн. Ӕз исын мӕхимӕ Дӕ Уды ахаст, ӕмӕ Дӕ курын Арфӕ, цӕмӕй сӕххӕст кӕнон Дӕ фӕндон. Уӕдӕ ӕрбаввахс уыдзынӕн ӕз тынгӕй тынгдӕр Дӕ цурмӕ ӕмӕ Дын базондзынӕн Дӕ фӕндон, ацы чиныг кӕсыны рӕстӕг. Амен*

Нæ фидæн
рабæрæг вæййы
тæргайæн нæ дзуаппы
фæрцы.

# 1 СÆРГОНД

# ÆЗ ТÆРГАЙ ДÆН?

***«Тæригъæдмæ мондаггæнæнтæн æнæрбацæугæ нæй».***
**– Лука 17:1**

Америкайы иугонд штаты Хуыцауæн лæггад кæныны нысанимæ балц кæнгæйæ, æз федтон æппæты мæлæтхæссæг æмæ рæдийынгæнæг знаджы къæппæджытæй иу, уый сцагъар кодта æнæнымæц уырнонты, аскъуыдта сын сæ æмахастытæ, æмæ суæрæх кодта цы ис, уыцы цæлхдуртæ æмæ сæрсæфæнтæ. Уыцы къæппæг у тæргайдзинад.

Бирæ уырнонтæн сæ бон нæу, куыд æмбæлы, афтæ сæ хъуыддаг кæнын æмæ сæ хæс сæххæст кæнын, æфхæрдæй æмæ уайдзæфтæй сын цы хъæдгæмттæ баззад, уыдоны

тыххæй. Уыдон сты уæнгсаст, æмæ сæ разы лæууы уыцы цæлхдур, кæцы сын фадат нæ дætты, сæ гæнæнтæ куыд амонынц уымæ гæсгæ, куыд æмбæлы, афтæ кусынæн. Фылдæр хæттыты хъæдгæмттæ æрбацæуынц иннæ уырнонты фæрцы. Уыцы уавæры æфхæрдмæ кæсæм куыд гадзрахатæй рацыд.

Псаломы (54:13–15) Давид хъынцъым кæны:

> «Знаг нæ кæны мæ фыдгой – æз ын бафæразин; мæ фыдгул нæ сыстади мæ ныхмæ – æз дзы бамбæхсин, фæлæ уый ды дæ, мæ рахиз цонг чи уыди, мæ уыцы æмбал æмæ уарзон хæлар – иумæ иу кодтам зæрдæбын ныхас, Хуыцауы Хæдзармæ цыдыстæм дзыллæимæ».

Уыдон сты уыцы адæм, иумæ кæимæ бадæм æмæ нæ хъæстытæ кæмæн кæнæм, иу æппæлыны зарæг кæимæ кæнæм, кæнæ, гæнæн ис, æмæ уæ аргъуаны Хуыцауы ныхас чи амоны, уыцы адæймаг. Уыдонимæ иумæ мах нæ улæфæн бонтæ ’рвитæм, иумæ алыхуызон лæггад кæнæм аргъуаны æмæ иумæ кусæм. Кæнæ та, гæнæн ис, уыдон сты ноджы æввахсдæр адæм. Мах семæ хъомыл кæнæм, нæ сусæгдзинæдтæ иу сын байгом кæнæм æмæ цæрæм сæ цуры! Цас æввахсдæр сты ахастытæ, уый бæрц фылдæр у æфхæрд æмæ тæргай! Æппæты тынгдæр æнæуынондзинад ссарæн ис, кæддæр кæрæдзийæн тынг æввахс чи уыд, уыцы адæмы ’хсæн.

Адвокаттæ уын радзурдзысты, бинонты хицæн кæныны рæстæджы, æппæты æвирхъау æмæ æгъатыр миты тыххæй. Америкаг дзыллон – информацион фæрæзтæ æдзух хъусын кæнынц исты ныфссаст адæймаг, йæ бинонты куыд ныццагъта, уый тыххæй. Хæдзар, нысангонд у æмбæхсынæн, хъахъхъæнынæн, ифтонг кæнынæн, хъомыладæн æмæ рæзынад дæттынæн; хæдзар, кæм ахуыр кæнæм уарзт исын æмæ радтын,– уый арæх вæййы нæ рысты аххосаг. Истори нын æвдисы, æппæты тугкалæн граждайнаг хæст кæй у уый, æмæ æфсымæр æфсымæры ныхмæ куы рацæуы. Фырт фыды ныхмæ. Фыд та фырты ныхмæ.

Æфхæрды æмæ тæргайы уацары бахауынæн гæнæн ис, æмахастыты нымæц, цы фæнды хуымæтæг, кæнæ зынаргъ куы уой, уæддæр. Ацы æцæгдзинад баззайдзæнис æнæивдæй: рыст уын æрхæсдзысты æрмæстдæр ахæм адæм, кæцытæ уæ зæрдæмæ æввахс сты. Сымах æнхъæлмæ кæсут фылдæрмæ, уымæн, æмæ сын уæхæдæг бирæ радтут. Цас фылдæр æнхъæлмæ кæсут, уас фылдæр зæрдæсаст свæййут.

Не ’хсæнад хъæздыг у хиуарзондзинадæй. Адæм абон хъуыды кæнынц æрмæст сæхи тыххæй, сæ алыварс чи ис, уыдоны ницæмæ дарынц, æмæ сæ риссын кæнынц. Уый диссаг нæу. Библи бæлвырд дзуры, фæстаг бонты «адæм хиуарзон суыдзысты» (2 Тимофеймæ 3:2).

Мах фенхъæлæм, æмæ æнæуырнонтæ сты ахæмтæ, фæлæ Павел нæ фыста, аргъуанæй дард чи сты, уыдоны тыххæй. Уый кодта чырыстæтты кой. Бирæты фæцæф кодтой, æрхастой сын рыст, бахъыгдардтой сæ. Уыдон сты æфхæрд! Систы хины мондæгты цагъар! Фæлæ йæ нæ хатынц, сайтаны къæппæджы кæй бахаудысты, уый.

Чи у аххосджын? Мах? Йесо æргомæй загъта: «ис æмæ кæддæриддæр уыдзæни тæригъæдмæ кæнæг мондаггæнæнтæ». Фæлæ уæддæр чырыстæтты фылдæр хай дисы бацæуынц, ахæм хъуыддаг семæ куы ’рцæуы, уæд. Мах афтæ æнхъæлæм, æмæ цыма мах йеддæмæ æнæаххосæй æфхæрд никæуыл æрцыд. Ахæм ахаст мах кæны æнцон фæцæфгæнæнмæ, масты уидæгты æрзайыны уавæртæ уайтагъд февзæрынц. Уымæ гæсгæ, мах хъуамæ нæхи сцæттæ кæнæм хинæйдзаг мондæгты æмæ тæргайы ныхмæ ’рлæууынмæ, уымæн æмæ, нæ архайды фæрцы сфидар кæнæм нæ фидæн.

## МОНДАГГÆНÆГ КЪÆППÆГ

Бердзенаг дзырд «сайæн» тæлмацгонд у ирон Библийы – «мондаггæнæн» Лукайы 17:1, амоны *скандалон.* Фыццаг уыцы дзырд амыдта сайæн цы къæппæджы хайыл бакæнынц, уый. Уымæ гæсгæ, цы дзырд æвзарæм, уый амоны искæй фæндагыл

къæппæг æвæрын. (Цæмæй æнæмбæрст хъуыддаг ма разына, уый тыххæй, англисаг æвзагыл Библи уыцы дзырд амоны «тæргай» дæр, мах арæх тæлмац кæнæм уыцы дзырд куыд ирон ныхасы хуыз «мондаг» нæ, фæлæ ма куыд «тæргай» дæр, цæмæй чиныджы автор цы хъуыды бавæрдта, уый уа тæлмацы хъуыдыйы хуызæн (тæлмацы фиппаинаг.))

Ног Фæдзæхсты уыцы дзырдæй арæх пайдагонд цæуы знаг йæ къæппæгмæ адæмы куыд басайы, уый æвдисынæн. Тæргай (кæнæ хинæйдзаг мондаг) – у знаджы хотых, адæм йæ уацары цæй фæрцы бахауынц, ахæм. Павел, æрыгон Тимофейæн зонд амонгæйæ, фыста:

> «Хуыцауы цагъарæн та хъаугъа кæнын не ’мбæлы, фæлæ алкæимæ дæр хъуамæ уа зæрдæхæлар, уа хорз зондамонæг, ма хæсса фыдæх йæ зæрдæмæ. Ныхмæлæууджыты ахуыр кæна æвæлмасæй. Гæнæн ис, æмæ сын Хуыцау баххуыс кæна, æрцæуа сæм фæсмон, æмæ базоной æцæгад. Æрæмбарой сæхи, æмæ раирвæзой, йæхицæн сæ цагъартæ скæнынæн цы хæйрæг æрцахста, уый къæппæгæй».
>
> – 2 Тимофеймæ 2:24–26

Адæм, кæцытæ хылкъахæн кæнынц, кæнæ ныхмæлæууæн скæнынц, бахауынц хæйрæджы къæппæгы, æмæ сæ уым дары, цæмæй йæ фæндон æххæст кæной. Фæлæ æппæты æвзæрдæр цы у, уыцы адæм æй нæ хатынц, сайтаны цагъайрæгтæ кæй сты, уый. Дзæгъæл фырты хуызæн, уыдон хъуамæ сæхимæ ’рцæуой, райхъал уой æмæ базоной, се ’цæг уавæр. Уыдон нæ хатынц, сыгъдæг дон нæ, фæлæ сæ масты дон кæй рацæуы. Адæймаг мондæгты цагъар куы вæййы, уæд æм афтæ кæсы, цыма раст у, афтæмæй та кæны рæдийгæ.

Цыфæнды уавæры дæр æфхæрд адæмы адихгæнæн ис дыууæ хайыл.

1. Æнæрастдзинад кæимæ ’рцыд.

2. Афтæ чи хъуыды кæны, æмæ семæ æнæрастдзинад ’рцыд.

Дыккаг хаймæ цы адæм хауы, уыдон иттæг зæрдиагæй хъуыды кæнынц, æвзæр ахаст сæм кæй равдыстæуыд. Арæх сæ хатдзæгтæ вæййынц æнæраст информацийы фæрцы. Кæнæ та информаци у раст, сæ хатдзæгтæ та – зыгъуыммæ. Фæлæ цы фæнды куы уой, уæддæр сты тæргай, æмæ се 'мбарынад вæййы талынг. Сæ хъуыдытæ сты æддагон миниуджыты æмæ адæмы дам-думты бындурыл.

## ЗÆРДÆЙЫ ÆЦÆГ УАВÆР

Знаджы архайды мадзæлттæй иу у уый, æмæ йæ бон вæййы адæймаджы тæргайы уавæры дарын. Тæргай адæймаг сæрыстырдзинады фæстæ æмбæхст кæй вæййы, уый йæ уромдзæн йе 'цæг уавæрыл басæттынæй. Сæрыстырдзинад уæ уромдзæн уе 'цæг уавæрыл басæттынæн.

Иухатт мын цалдæр уырноны тынг мæ зæрдæ фæриссын кодтой. Æмæ мын иуæй–иу адæм дзырдтой: «Ахæм фыдми дын кæй бакодтой, уый мæ зонд нæ ахсы. Тынг зæрдæрыст дæ?». Æмæ сын иу тагъд дзуапп радтон: «Нæ, алцыдæр хорз у. Æз маст никæмæ хæссын». Æз зыдтон, æмæ мæнæн мастхæссæн кæй нæй, уый, æмæ уымæн нæ састæн, кæд æмæ иу мæ маст мæхимидæг урæдтон, уæддæр. Æз дзырдтон мæхицæн маст кæй нæ хæссын, фæлæ æцæгæй та, тæргай уыдтæн. Сæрыстырдзинад мæ нæ уагъта мæ зæрдæйы æцæг уавæр фенын.

Сæрыстырдзинад нæ уромы æцæгдзинад фæхатынæй æмæ нæ уадзы мах рæстдзинад фенын. Уый уæ цæстæнгас ныззыгъуыммæ кæны. Сымах никуы фæивдзыстут, афтæ куы 'нхъæлат, æмæ алцыдæр хорз у. Сæрыстырдзинад уын скарз кæны уæ зæрдæ, æмæ нытталынг кæны уе 'мбарынад. Уый уæ уромы уæ зæрдæ фæивынæй, ома, фæсмондзинадæй, уый уын ратдзæн хæйрæджы къæппæгæй сæрибар (кæсут 2 Тимофеймæ 2:24–26).

Сæрыстырдзинад уæ ардауы ууыл, цæмæй уæхимæ амæттаджы цæстæй кæсат. Æмæ уæ ахаст вæййы ахæм:

«Мæнæн фыдми бакодтой, фаг аргъ мын не скодтой, уый тыххæй мæ бон у ахæм уагахаст æвдисын». Уæхи æнæаххосджын æмæ мæнгдзурæджы амæттаг кæй æнкъарут, уый тыххæй уромут уæхи сраст кæнынæй. Уæ зæрдæйы æцæг уавæр уæхицæй æмбæхст у, фæлæ Хуыцауæй æмбæхст нæу. Чидæр уæ кæй бафхæрдта, æрмæст уый тыххæй уын бар нæй, æмæ уæ мидæг маст хæссат. Æнæраст æнæрастыл бафтаугæйæ рæстдзинад нæ дæтты!

## ДЗÆБÆХГÆНÆН

Æргомады Чиныджы Йесо бадзуры Лаодикийаг аргъуанмæ, сæхи хъæздыг æмæ ницæмæйхъуаг кæй æнхъæлынц, уый тыххæй, æмæ сын уый фæстæ се 'цæг уавæр раргом кæны: «... ды дæ мæгуыр, кæуинаг, гæвзыкк, куырм æмæ бæгънæг» (Æргомад 3:14–20). Сæ рæдыд уый у, æмæ æхцайы бæркад уды тыхимæ фæивддзаг кодтой. Сæрыстырдзинад сын се 'цæг уавæр бамбæхста.

Бирæ адæм абон сты уыцы уавæры. Уыдон нæ уынынц сæ зæрдæйы æцæг уавæр, æз кæддæр уыцы уырнонтæм цы æнæуынон зæрдæ хастон, уыйау. Æз мæхи тыххæй æууæндын кодтон, кæй мæ нæ фæцæф кодтой, ууыл. Йесо загъта Лаодокийы аргъуаны уæнгтæн, сæ мондæгтæй куыд ссæрибар уой: Хуыцауы сыгъзæрин балхæнын хъæуы æмæ уе 'цæг уавæр уæд сбæрæг уыдзæн.

### *Хуыцауы сыгъзæрин балхæнын*

Йесойы фыццаг амынд – мондæгты уацарæй куыд ссæрибар уæм, уыдис: «Уынаффæ дын кæнын: арты чи ссыгъдæг, Мæнæй ахæм сыгъзæрин балхæн...» (Æргомад 3:18) Сыгъдæггонд сыгъзæрин у фæлмæн, æмæ æнцон тасæн, куы нæ дзы вæййы згъæр æмæ алыхуызон фæхæццæгæнæнтæ. Сыгъзæрин иннæ згъæртимæ (æрхуыимæ, æфсæйнагимæ, никелимæ æмæ æндæртимæ), хæццæ куы уа, 'рмæстдæр уæд свæййы фидар,

хъæбæр, къаддæр тасæн æмæ згæ хæцæн. Ахæм згъæры хæццæ хуыйны бахсыст. Æцæгæлон згъæрты процент цас фылдæр у, уыйбæрц фидардæр у сыгъзæрин. Æмæ иннæрдæм, кæд згъæр къаддæр фæхæццæ уа, уæд сыгъзæрин вæййы фæлмæндæр æмæ тасагдæр.

Мах уайтагъд суынæм æрæмных: сыгъдæг зæрдæ сыгъдæг сыгъзæрины хуызæн у – фæлмæн æмæ тасаг. Дзуттæгтæм 3:13 дзырд цæуы, адæмы зæрдæтæ кæй ныддур вæййынц тæригъæды сайды фæрцы. Кæд æмæ мах не 'фхæрды хъуыддаг нæ райхалæм, уæд уый равзæрын кæндзæн фылдæр тæригъæдтæ, куыд хъыг, маст æмæ ныхмæ архайд. Уыцы æцæгæлон бафтауæккæгтæ нын нæ зæрдæ скæнынц карз, фæхæццæгонд сыгъзæрин куыд схъæбæр кæнынц, уыйау. Уыдон нæ фæцух кæнынц рæвдыддзинадæй, фæлмæн уды ахастæй, скæнынц нæ хъæбæрзæрдæ. Хуыцауы Дзырд хъусын нæ бон нал вæййы, æмæ раст нал фæуынæм. Уый иттæг хорз уавæр у хин мондæгты уацары бахауынæн.

Сыгъзæрин ссыгъдæг кæныны фыццаг къахдзæф вæййы лыстæгмур æй куы ныккæнынц æмæ йæ куы сызмæнтынц, хицæн чи кæны, ахæм тæнгъæдимæ. Уый фæстæ уыцы змæст пецы бавæрынц æмæ йæ тæвд температурæйы фæрцы батайын кæнынц. Згъæрты æмтад æмæ фæхæццæгæнæнтæ хицæнгæнæн тæнгъæдмæ сæ ных саразынц, æмæ уæлæмæ ссæуынц. Сыгъзæринæн та ис фылдæр уæз æмæ баззайы бынæй. Фæхæццæгæнæнтæ, кæнæ згъæры сыгъдонтæ (куыд æрхуы, æфсæйнаг æмæ цинк), уый фæстæ адде кæнынц, æмæ ма уæм баззайы сыгъдæггонд згъæр.

Ныр та бакæсæм Хуыцау цы дзуры:

> *Æз дæ батайын кодтон, фæлæ æвзисты хуызæн нæ – хъизæмæртты куынцгомы (ома пецы) дæ сфæлтæрдтон.*
>
> – Исайа 48:10

Æмæ ногæй:

> Чырыстийы тыххæй уын цы загъдæуыд, уый цæры уæ зæрдæты. Уымæ гæсгæ, нæ Хицау Йесо Чырыстийы æрцыдмæ, æнхъæлмæгæсгæйæ иу курдиатæй дæр æнæхай не стут.
>
> – 1 Петр 1:6–7

Хуыцау адæймаджы фыдæвзарæнты, риссыны æмæ зæрдæхъыджы фæрцы ссыгъдæг кæны. Уыцы тæвд цæхæр мах хицæн кæны Хуыцауы ахасты фæрцы ахæм бафтауæккæгтæй: æнæхатырдзинад, хылкъахæн, мæстад, тызмæгад, хæлæг æмæ æндæртæ. Рæдыд æнцонæй бамбæхсы, фыдæвзарæн æмæ зæрдæрысты тæвд цæхæр кæм нæй, уым. Æнтыстыты рæстæджы, гæнæн ис, æмæ æвзæр, закъонхалæг адæймаг, хорз æмæ зæрдæхæлары хуызæн уа. Фæлæ фыдæвзарæнты цæхæры судзгæйæ алы чъизитæ уæлæмæ ссæуынц.

Мæ царды мидæг уыдис ахæм рæстæг, æмæ карз фыдæвзарæнты бахаудтæн, кæцытимæ никуы ма æмбæлдтæн. Æз сдæн æнæхсæст æмæ тызмæгзæрдæ мæ хиуæттимæ. Мæ бинонтæ æмæ ме ’мбæлттæ райдыдтой сæхи мæнæй дардмæ хизын.

Æз Хуыцаумæ нырдиаг кодтон: «Кæцæй мæм фæзынд уыйбæрц тызмæгдзинад? Раздæр мæм куы нæ уыд!» Æмæ мын Хуыцау радта дзуапп: «Мæ Фырт, сыгъзæрин арты куы батайы, æрмæст уæд, сзынынц йе ’взæрдзинæдтæ æмæ фæхæццæгæнæнтæ». Стæй мæм радта фарст, кæцы мын фæивта мæ цард: «Дæ бон у сыгъзæрины мидæг фæхæццæгæнæнтæ фенын, цалынмæ арты æвæрд не ’рцыдис, уæдмæ?» «Нæ!» – загътон Ын æз.

«Фæлæ уый нæ нысан кæны, æмæ уыдон уым нæ уыдысты, – загъта Уый, – Æрмæст фыдæвзарæн арты куы бахаудтæ, уæд фæхæццæгæнæнтæ ссыдысты уæлæмæ. Дæуæй æмбæхст уыдысты, фæлæ Мæм алкæддæр зындысты. Афтæмæй дæ разы лæууы ахæм бæрнон хæс, уыимæ баст у дæ фидæн. Дæ

бон у æмæ мæсты æмæ аххосджын кæнай дæ цардæмбалы, де ’мбæлтты æмæ дæ аргъуаны хистæры; кæнæ та дæ бон у бамбарын, дæ рæдыды аххосаг цы у, æрфæсмон кæнын æмæ хатыр райсын – æмæ уæд Æз айсдзынæн, уыцы фæхæццæгæнæнтæ дæ цардæй».

### *Æркæсут уе ’цæг уавæрмæ*

Йесо загъта, нæ миниуæг алцыдæр æцæг уавæры уынын, кæй у, уый ма ноджыдæр у иу дæгъæл мондæгты уацарæй ссæрибар кæнынæн. Арæх тæргай уæвгæйæ, мах нæхи уынæм æфхæрдхуызы æмæ нæ чи фæхъыг кодта, уыдон аххос æй фæкæнæм. Мах нæхи мидæг сраст кæнæм нæ маст, æнæхатырдзинад, тызмæг, хæлæг æмæ хæрам, уæлæмæ куы ссæуынц, уæд. Иуæй иу хатт, мах суанг мæсты кæнæм не ’фхæрджыты нын нæ зæрдыл чи ’рлæууын кæны, уыдонмæ. Уый тыххæй Йесо уынаффæ кодта: «... æмæ хосæй байсæрд дæ цæстытæ, цæмæй уынай» (Æргомад 3:18). Уынай цы? Де ’цæг уавæр! Уый у æрмæстдæр иу фæндаг, æрмæстдæр уæд суыдзыстæм «зæрдиаг æмæ фæсмонгæнаг», Йесо куыд бафæдзæхста, афтæ. Сымах æрфæсмон кæндзыстут, иннæты аххосджын куы нæ уал кæнат, уæд.

Искæй куы аххосджын кæнæм, æмæ нæхи куы рæстытæ кæнæм, уæд мах вæййæм куырм. Не ’фсымæры цæстæй къæцæл сисынмæ фæхъавæм, нæхи цæсты та æнæхъæн суджы лыггаг кæй ис, уый нæ фæуынæм. Æрмæст нын æргомзæрдæ æрбахæссы сæрибар. Сыгъдæг Уд нын нæ рæдыд куы ’вдисы, уæд æй афтæмæй равдисы, æмæ нæхи æмæ нæ рæдыд бæлвырдæй уынæм хицæнтæй. Уый фаугæ нæ кæны, фæлæ æрбахæссы æргомад. Æз кувын, ацы чиныг кæсгæйæ, Хуыцауы Дзырд уæ зонд куыд срухс кæна, цæмæй суынат уе ’цæг уавæр æмæ уе ’фхæрдæй ссæрибар уат, уый тыххæй. Ма бауадзут хъалдзинадæн фæкъуылымпы кæнын уæ растуынынад æмæ фæсмондзинад.

Тæргай уырнон у ахæм адæймаг, кæцы йæхимæ райста цард, фæлæ тæрсы искæмæн дзы фæхай кæна, уымæй.

# 2 СÆРГОНД

# ДЗЫЛЛОН ÆФХÆРД

***Æмæ уæд бирæтæ ныууадздзысты сæ уырнондзинад кæрæдзийыл рацæудзысты гадзрахатæй æмæ кæрæдзийæ уындзысты се сæфт. Фæзындзæни бирæ мæнг пехуымпартæ æмæ бирæты фæсайдзысты. Æмæ тæригъæды сарæхы аххосæй бирæтæн бамынæг уыдзæнис се уарзондзинад. Фæлæ кæронмæ чи бафæраза, уый фервæздзæн.***

**– Матфей 24:10–13**

Матфейы Евангелийы ацы сæргонды Йесо æрхæссы рæстæджы кæроны миниуджытæ. Йæ ахуыргæнинæгтæ Йæ фарстой: «Дæ дыккаг æрцыды нысан цы у?»

Уырнонтæн сæ фылдæр разы сты уыимæ, æмæ мах Йесойы

тагъд æрцыды афон кæй цæрæм, ууыл. Йе ’рцыды раст æмгъуыд дзæгъæлы архайæм базоныныл. Уый æрмæст зоны Уæларвон Фыд. Фæлæ Йесо загъта, мах кæй зондзыстæм Йе ’рцæуыны афон – æмæ уыцы рæстæг ныр æрцыд! Раздæр мах никуы уыдтам, Сыгъдæг Фысты уыйбæрц пехуымпар хабæрттæ куыд æххæст кæнынц аргъуаны, Израилы æмæ дунейы иннæ рæтты. Уымæ гæсгæ нæ бон у бæлвырдæй зæгъын, кæй стæм, Йесо Матфейы Евангелийы 24–æм сæргонды кæй кой кодта, ахæм рæстæджы.

Уæ хъус æрдарут Йесойы æнæмæнг æрцыды нысантæй, иумæ: «Бирæтæ бахаудзысты хин мондæгты уацары (уыдзысты тæргай)...».

Цалдæр адæймаджы нæ, фæлæ бирæтæ.

Фыццаджыдæр, мах хъуамæ фарст радтæм: «Чи сты уыцы хин мондæгты уацары бахауджытæ æмæ тæргайгæнджытæ? Уырнонтæ æви не ’хсæнад се ’ппæт дæр?» Мах ссарæм дзуапп дарддæр кæсгæйæ: «…Æмæ тæригъæд кæй сарæх, уый аххосæй бирæтæн бамынæг уыдзæнис сæ уарзондзинад». Библийы уыцы бынаты дзырд «уарзондзинады» бæсты пайдагонд цæуы бердзенаг дзырд агапе. Ис цалдæр бердзенаг дзырды, кæцы Ног Фæдзæхсты тæлмацгонд цæуынц куыд «уарзондзинад», фæлæ æппæты арæхдæр æмбæлынц дыууæ дзырды – *агапе* æмæ *филео*...

*Филео* – æвдисы уарзондзинад æмбæлтты ’хсæн. Ахæм уарзондзинад у æмбæлтты ’хсæн бастдзинад, кæцы бæлвырд уавæрты архайы. *Филео* дзуры:

«Ды мын мæ фæсонтæ аных, æмæ дын æз дæр дæ фæсонтæ аныхдзынæн, кæнæ дæхи мемæ уæздан дар, æмæ уæд æз дæр мæхи демæ афтæ дардзынæн».

Иннæ ’рдыгæй, *агапе* – у уарзондзинад, кæцы Хуыцау Йæ хъæбулты зæрдæты бавæры. Уый у ахæм уарзондзинад, Йесо махæн лæвар кæй кæны. Уыцы уарзондзинад у æнæфæцудгæ алы уавæрты дæр. Æмæ баст нæу хъуыддæгтимæ, кæнæ

æмзæрдæуагимæ. Уый у ахæм уарзондзинад, кæцы хæццæ кæны адæймагмæ, йæхи дзы куы иппæрд кæна, уæддæр.

Æнæ Хуыцауæй, махæн нæ бон у уарзын æрмæст эгоистон уарзондзинадæй, кæцы ныммынæг вæййы, дзуапп куы нæ райсы, уæд. Фæлæ *агапе* уарзы ницæмæ кæсгæйæ. *Агапе* – у ахæм уарзондзинад, Йесо кæй равдыста æгасæндæр дзуарытыгъдæй мæлгæйæ сын кæй ныххатыр кодта, уымæй. Афтæмæй уыцы «бирæтæ», Йесо кæй тыххæй дзуры, сты уырнонтæ, *агапе* кæй мидæг ныууазал ис, ахæмтæ.

Мæ царды мидæг уыд ахæм рæстæг, æмæ мæ къухы цыдæриддæр æфтыд, уый кодтон, иу адæймагмæ мæ уарзондзинад равдисыны тыххæй. Фæлæ афтæ зынд, æмæ йын мæ уарзт куы æвдыстон, уæд иу мæ уыцы адæймаг фауын райдыдта æмæ иу мæм тызмæг ахаст дардта. Ахæм уавæр иу ныддæргъвæтин мæйгæйтты. Æмæ иу хатт мæ бон нал уыдис ныффæразын. Æмæ райдыдтон Хуыцаумæ хъаст кæнын: «Æгъгъæд у! Ныр Ды хъуамæ мемæ аныхас кæнай уый тыххæй. Алы хатт, уыцы адæймагмæ мæ уарзт куы равдисын, уæд фæстæмæ та райсын йе ’фхæрд!»

Хуыцау мæм райдыдта дзурын: «Джон, дæу хъæуы Хуыцауы уарзондзинадыл æууæнк фæфылдæр кæнын!» – «Цы зæгъынмæ хъавыс?» – бафарстон æй æз.

«Йæ монцты быдыры тауæг – мæлæт æркæрддзæни», – æмбарын кодта Уый, – «Йæ тæригъæдджын æрдзыхъæд æфсадынæн чи тауы, уый æркæрддзæни мæлæт; Уд æфсадынæн чи тауы, уый та æркæрддзæни мыггагмæйы цард. Уæдæ æвæллайгæ аразæм хорз хъуыддæгтæ, уымæн æмæ кæд нæ хъару нæ асæтта, уæд йæ заманы æркæрддзыстæм, цы байтауæм, уый» (Галатæгтæм 6:8–9).

Сымах хъуамæ бамбарат: Хуыцауы уарзондзинад куы байтауат, уæд Хуыцауы уарзт æркæрддзыстут. Уыцы уды закъон æнæмæнг хъуамæ парахатгонд уа, кæд уыцы хуымы не ’ркæрддзыстут, кæцыйыл байтыдтат, кæнæ та ’ркæрддзыстут,

фæлæ афтæ тагъд нæ, куыд уæ фæнды.

Хуыцау дарддæр дзырдта: «Мæ тæккæ зын сахат, Мæн ныууагътой Мæ хуыздæр æмбæлттæ. Иудæ Мыл гадзрахатæй рацыд, Петр Мыл йæхи атигъ кодта, иннæтæ та фæлыгъдысты, цæмæй сæ цард фервæзын кæной. Æрмæст Иоанн дарддзæфæй цыд Мæ фæстæ. Æртæ азы дæргъы сæм Мæ хъус дардтон, хæрын сын кодтон æмæ сæ ахуыр кодтон. Фæлæ дунейы тæригъæдты тыххæй мæлгæйæ, Æз алкæмæндæр ныббарстон Æз се ’ппæты ссæрибар кодтон: Мæ уæйгæнæг æмбæлттæй райдайгæйæ, æмæ ромаг æфсæддонтæй, дзуарыл Мæ чи байтыгъта, уыдоны онг. Уыдон хатыр нæ куырдтой, фæлæ сын æй Æз уæддæр балæвар кодтон. Мæнмæ уыд Мæ Фыды уарзондзинадмæ уырнынад. Æз зыдтон, уарзондзинад байтаугæйæ, æркæрддзынæн Хуыцауы Паддзахады бирæ фыртты æмæ чызджыты уарзондзинад.

Уыдон Мæ уардзысты, Мæ уарзондзинад æвдисæг нывонд кæй æрхастон, уый тыххæй.

Æз уын зæгъын: «Уарзут уе ’знæгты, уе ’лгъитджытæн хорзæх курут Хуыцауæй, хорз кæнут, сымахæй йе сæфт чи уыны, уыдонæн, кувут уе ’фхæрджыты тыххæй. Æмæ уæд уыдзыстут уæ Уæларвон Фыды хъæбултæ – Уый хур скæсын кæны хæрзтыл дæр æмæ æвзæртыл дæр, къæвда рауадзы рæстытыл дæр æмæ тæригъæдджынтыл дæр. Уымæн æмæ сымах чи уарзы, стæй уыдоны чи уарзы, уый тыххæй цавæр хæрзиуæг уыдзæни? Хъалонисджытæ дæр афтæ нæ кæнынц, æви? Æмæ кæд æрмæстдæр уе’ фсымæртæн салам дæттут, уæд цы уадиссаг аразут? Муртаттæ дæр афтæ нæ кæнынц, æви?» (Матфей 5:44–47).

## СТЫР ÆНХЪÆЛМÆГÆСÆН

Æз бамбæрстон, æмæ уыцы уарзт, æз кæй æвдыстон, Удæй тыд чи æрцыд, уыцы уарзты тауинæгтæ кæй æрæмбырд кæндзынæн, уый. Æз нæ зыдтон кæцæй, фæлæ йæ зыдтон

æнæмæнг хуымгæрдæн кæй уыдзæн. Æз нал нымадтон къуылмпыйыл, кæй уарзын, уыцы адæймагимæ нын æмзæрдæдзинад кæй нæй, уый. Уыцы уарзт мæ ссæрибар кодта, æмæ мын радта хъару, цæмæй йæ фылдæр уарзон.

Чырыстæттæн сæ фылдæр уый куы бамбариккой, уæд сæ къухтæ не ’руадзиккой æмæ рæдыд нæ уадзиккой. Мах арæх ахæм уарзт не ’вдисæм. Цæуæм эгоистон уарзондзинадимæ, æмæ йыл сайд куы ’рцæуы, уæд фыдæнхъæл фæвæйййы.

Адæмæй истæмæ куы фенхъæлмæ кæсын, уæд уыцы адæмæн сæ бон у æмæ мæ фыдæнхъæл фæкæной, стæй уыимæ, цæйбæрц фыдæнхъæл фæдæн, уый бæрц. Фæлæ кæд æмæ æз адæмæй ницы домын, уæд сæ цыдæриддæр исын, æнкъарын,уый уыдзæн куыд хæс нæ, фæлæ куыд арфæ.

Мах нæ зæрдæтæ байгом кæнæм хины мондаггæнæнтæм æмæ тæргæйттæм, кæимæ фембæлæм, уыдонæй исты бæлвырд уагахаст куы домæм, уæд. Цас фылдæрмæ æнхъæлмæ кæсæм иннæтæй, уыйас фылдæр свæййынц мондæгтæн æмæ тæргайæн сæ гæнæнтæ.

## ХЪАХЪХЪÆНÆН КЪУЛТÆ?

> «Тæргай æфсымæр – æнæбаххæсгæ мæсыг, хыл – къулдуары æвдузæн».
>
> – Æмбисæндтæ 18:19

Тæргай хо кæнæ ’фсымæры æууæнчы бацæуын, фидар горæты байсынæй зындæр у. Рагзаманты горæтты алыварс уыд сисамад. Уыцы систæ фадат лæвæрдтой горæты ӕдасдзинадæн æмæ хъахъхъæнынадæн. Уыдон нæ уагътой æнæхуынд уазджыты æмæ тыхæйисджыты горæтмæ бацæуын. Горæты къулдуæрттæм иудадзыг уыд цæстдард. Хъалон чи нæ бафыста, уыдоны иу горæтмæ нæ уагътой, цалынмæ иу уыцы хъуыддаг нæ сарæзтаиккой, уæдмæ. Горæты хъæздыгад æмæ ӕдасдзинадæн тас чи уыд, уый дæр иу мидæмæ не ’рбауагътой.

Тæргай иу куы вæййæм, уæд иу самайæм къултæ, цæмæй нæ зæрдæтæ бахъахъхъæнæм, æмæ нæхи цæфтæй рагацау бахизæм. Мах райдайæм æвзарын, æмæ нæ бауадзæм фæцæф кæнынæй нын тас кæмæй вæййы, уыдоны. Мах лæмбынæг фæрсудзæм æппæт адæмы, цæмæй равзарæм ахæмты, кæцытæ нын махмæ гæсгæ, истæмæй хæсджын сты. Мах сæ разы сæхгæнæм нæ дуæрттæ, цалынмæ нын сæ хæс нæ бафидой, уæдмæ. Мах байгом кæнæм нæ цард, махмæ гæсгæ сты не ’вварс чи сты, æрмæст уыдонæн.

Фæлæ арæх уыцы «нæхи» адæм дæр вæййынц тæргай æмæ æфхæрд. Уæдæ адæмæн баххуыс кæныны бæсты, мах нæ къултыл æвæрæм ног дуртæ. Æмæ иу хатт уыцы хъахъхъæнæн сис свæййы нæ ахæстон, фæлæ йæ мах нæ фæхатæм афтæ кæд æрцыдис, уый. Уыцы афон мах æвдисæм æгæр цырддзастдзинад, канд нæ фидармæ чи ’рбацæуы æрмæст уымæ нæ, фæлæ нæхæдæг тасы уæвгæйæ, нæ ныфс нæ хæссæм нæ фидарæй ракæсынмæ.

Æфхæрд чырыстæттæ æрмæст сæхирдæм саразынц сæ хъусдард, архайынц хииртасыныл. Мах лæмбынæг кæсæм нæ бартæм æмæ кæрæдзийы ахастытæм. Мах нæ хъару хардз кæнæм ууыл, цæмæй нæхи бафæдзæхсæм ног цæфтæй. Кæд æмæ мах ногæй нæ цæуæм рыстæй тас кæм ис уыцы ранмæ, уæд мах бон нæу Хуыцауы иузæрдион уарзт равдисын. Уыцы уарзт, не ’вæры домæнтæ, æмæ иннæтæн дæтты бар мах фæцæф кæнынæн.

Уарзондзинад йæхицæн ницы агуры, тæргай адæм та свæййынц фылдæрæй фылдæр сæхи пайдайæн архайæг æмæ æхгæдзæрдæ. Ахæм æрдзыхъæды Хуыцауы уарзт æруазал вæййы. Уымæн хуымæтæг дæнцæг у Сыгъдæг Зæххыл, Израилы дыууæ денджызы.

Галилейаг денджыз сæрибарæй исы æмæ дæтты дон. Уый хъæздыг у цардæй, æфсады бирæ алыхуызон кæсæгтæ æмæ доны зайæгойты. Галилейаг денджызы дæттæ цæуынц цæугæдон Иорданы уылты, æмæ Мард Денджызмæ бафтынц.

Фæлæ Мард Денджыз æрмæст исы дон, фæстæмæ та йæ нæ дæтты. Уым нæй удгас кæсæгтæ æмæ зайæгойтæ. Галилейаг денджызы удгас дæттæ свæййынц æдзард, Мард денджызы лæугæ донимæ куы схæццæ вæййынц, уæд. Царды нæ бахъахъхъæндзыстæм, иннæтæн лæвæрд куы нæ уа, уæд.

Афтæмæй тæргай чырыстон – у ахæм адæймаг, цард чи исы, фæлæ тасы аххосæй йæ бон нæу йæхи ссæрибар кæнын. Уый аххосæй, суанг йæ мидæг чи бацæуы, уыцы цард, свæййы бадт тæргайы ахæстоны къулты арæнты. Ног Фæдзæхст хоны уыцы къултæ фидæрттæ:

> «Мах цы хотыхтæй хæцæм, уыдон адæймаджы конд не сты – мах хæцæм, Хуыцауы тых кæй мидæг ис, фидæрттæ ныддæрæн кæнын кæй бон у, уыцы хотыхтæй. Уыдонæй дæрæн кæнæм рæдыд хъуыдытæ – Хуыцауы базоныны фæндагыл цы систæ самадæуыд, уыдоны. Уымæй исæм уацары алы хъуыды æмæ йæ кæнæм Чырыстийæн коммæгæс ...».
>
> – 2 Коринфæгтæм 10:4–5

Уыцы тæргайы фидæрттæ саразынц бæлвырд зондахаст, уый бабæстон кæны се ’хсæн цыдæриддæр информаци цæуы, уый иууылдæр. Кæд йæ райдианæй амад æрцыдисты хъахъхъæныны тыххæй, уæддæр ныр свæййынц фыдæвзарæнты æмæ зыгъуыммæ кæныны хотыхтæ, æмæ тох кæнынц Хуыцауы базоныны ныхмæ.

Нæ раздæры тæргæйтты лыстæг куы балуарæм, уæд ссардзыстæм Хуыцауыл æууæндæн кæй нæй, ахæм зæрдæхсæйдтытæ. Мах нæ уырны, æмæ Хуыцау цы дзуры, уый æцæгдæр афтæ у. Мах не ’ууæндæм Йæ хорзæхыл æмæ æнувыд кæй у, ууыл, уымæн æмæ, нын æндæр адæм цы рæдыд хъуыдытæ æвæрдтой, уыцы ахаст Æм дарæм. Фæлæ Хуыцау адæймаг нæу! Уый нæ сайы (кæс Нымæцтæ 23:19). Йæ фæндаг – нæ фæндаг нæу, æмæ Йæ хъуыдытæ – нæ хъуыдытæ не сты (Исайа 55:8–9).

Тæргай адæм Сыгъдæг Фысты агурдзысты ахæм бынæттæ, цæмæй сæ хъуыды ноджы сфидардæр уа, фæлæ уый Хуыцауы Дзырдимæ раст ахаст нæ уыдзæн. Æнæ уарзондзинадæй Хуыцауы Дзырды зонынад у халæг тых, уымæн æмæ, зонынад адæймаджы скæны æнæрвæссон (1-аг Коринфæгтæм 8:1–3). Уый нæ разæнгард кæны нæхи сраст кæнынмæ, нæ æнæхатырдзинадыл æрфæсмон кæныны бæсты. Уыцы хъуыды тæссаг уавæр расайы, уымæн æмæ зонынад æнæ Хуыцауы уарзтæй адæймаджы дзæгъæл фæндагыл аразы.

Йæ дзырды фæстæ, «бирæтæ кæй фæтæргай уыдзысты», уый Йесо рагацау фæдзæхсы мæнг пехуымпарты тыххæй: «Фæзындзæни бирæ мæнг пехуымпартæ æмæ бирæты асайдзысты...» (Матфей 24:11). Чи сты уыцы бирæтæ, кæцытæ сайдгонд æрцæудзысты? Дзуапп: уыдон сты тæргай æмæ мондæгты уацары бахаугæ адæм, кæцытæн бамынæг ис сæ уарзондзинад. (кæсут Матфей 24:12).

## МÆНГ ПЕХУЫМПАРТÆ

Йесо хоны мæнг пехуымпарты «бирæгътæ фысы цармы» (Матфей 7:15). Уыдон сты кæрæф адæм, æрмæстдæр агурынц сæхи пайда. Сты чырыстæтты хуызæн (фысы царм), фæлæ сын ис бирæгъы зæрдæйы ахаст.

Бирæгътæ уарзынц фысты алыварс лæууын. Уыдон, гæнæн ис, æмæ уой куыд аргъуаны æмбырды хуымæтæг уæнгты ’хсæн, афтæ аргъуаны хистæрты ’хсæн дæр. Уыцы адæмы знаг æрбарвыста, цæмæй чырыстæтты ’хсæн тауой фыдæхдзинад æмæ сæ рæдийын кæной. Уыдоны базонæн ис сæ амындмæ кæнæ сæ пехуымпар ныхæстæм гæсгæ нæ, фæлæ сæ архайдæй. Æцæг, сæ куывд арæх вæййы раст чи хъуыды кæны, ахæм адæймаджы куывды хуызæн, фæлæ сæ царды тых æмæ лæггад та ахæм нæ вæййынц. Аргъуаны лæггадгæнæг æмæ хуымæтæг кувæг рабæрæг вæййынц сæ куывдмæ гæсгæ нæ, фæлæ сæ царды хъуыддæгты фæрцы.

Бирæгътæ алкæддæр агурынц тыхджын æмæ æнæнизты нæ, фæлæ сахъат æрыгон фысты. Уыцы бирæгътæ адæмæн фæдзурынц цы æмбæлы, уый нæ, фæлæ сын кæнынц алы зæрдæлхæнæн ныхæстæ. Уыцы адæм раст фæдзæхстытæм нæ фæнды хъусын – уыдон фæнды, цæмæй сын исчи кæна цæстмæхъус ныхæстæ. Уæдæ ма æркæсæм, Павел фæстаг бонты тыххæй цы дзуры:

> «Зон уæдæ: рæстæджыты кæрон ралæудзæн уæззау заман… Адæм... уыдзысты дурзæрдæ, æнауæрдон… Æдде бакæсгæйæ сæхи афтæ æвдисдзысты, цыма Хуыцауы тынг нымайынц, химидæг та Йыл сæхи атигъ кæндзысты. Ахæмтæм æмгæрон ма цу. Уымæн æмæ æрцæудзæн ахæм рæстæг, æмæ адæм раст ахуырадыл сæхи атигъ кæндзысты, сæ монцтæм гæсгæ сæхицæн æвзардзысты, сæ хъустæн æхсызгон кæй ныхас уа, ахæм бирæ ахуыргæнджытæ; Æцæгадмæ нал хъусдзысты æмæ бауæнддзысты аргъæуттыл».
>
> – 2 Тимофеймæ 3:1–5; 4:3, 4

Куыд сбæрæг, афтæ сын уыдзæн хæрзæфсарм «чырыстон» хуыз, фæлæ уыцы тыхæй сæхи атигъ кæндзысты. Куыд уыдзæн уыцы хабар? Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ уыдон нæ басæтдзысты ууыл, æмæ чырыстон динæн йæ бон кæй у æнæхатыргæнагæй хатыргæнаг удгоймаг фестын кæнын. Уыдон сæхицæй æппæлдзысты Йесойы фæдыл кæй цæуынц, уымæй, æмæ дзурдзысты уæларвон райгуырды æнкъарæнты тыххæй. Фæлæ, цæмæй æппæлынц, уый сæ зæрдæтæм æвваху нæ бауадзынц, цæмæй дзы Йесойы æрдзыхъæд равзæра.

## ИНФОРМАЦИОН ФÆЛТÆР

Павелы бон уыд развæлгъау фенын, уыцы сайд нæлгоймæгтæм æмæ сылгоймæгтæм кæй уыдзæн ахуырмæ тырнындзинад, фæлæ сæ зонынадæй сæхирдæм никуы спайда кæндзысты. Сæ архайд сын мæнæ куыд æвдисы:

> «... иудадзыг ахуыр чи кæны, фæлæ æцæгад базонын кæй бон нæу, ахæмтæ» (2 Тимофеймæ 3:7).

Павел абоны бон куы цардаит, уæд йæ зæрдæ тынг фæриссид, раздæр цæуыл дзырдта, уыдон æцæг кæй æрцыдысты, ууыл. Уый æнæмæнг дис кодтаит, бирæ нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ, кæй цæуынц конференцитæм, семинартæм, аргъуаны амындтытæ æмæ Сыгъдæг Фысты зонындзинæдтæ æмбырд кæнынмæ. Уый федтаит, куыд мондаг кæнынц «ног æргомдзырдмæ», цæмæй ноджы фæфылдæр кæной сæ хиуарзон æмæ «æнтыстджын» цард. Уый федтаит, аргъуаны лæггадгæнджытæ кæрæдзиуыл тæрхондонмæ куыд хъаст кæнынц, сæ «раст митæ» та сын æфсонæн кæй фæвæййынц, уый. Федтаит чырыстон мыхуыры æмæ радиойы Хуыцауы адæм æфхæрд куыд цæуынц. Аргъуанты рогзонд лæггадгæнджытæ та иу аргъуанæй иннæмæ куыд ралидз–балидз кæнынц, цæмæй æфхæрдæй сæхи бахизой. Уыдон иууылдæр сæттынц æргомæй Йесо Дунедарæг кæй у, фæлæ уыимæ хатыр кæнын нæ зонынц. Павел мæстæйдзагæй ныхъхъæр кодтаит: «Гъе, дыдзæсгом æмæ æхцауарзаг адæмы мыггаг! Æрфæсмон кæнут уæ тæригъæдтыл æмæ ссæрибар уат мондæгты уацарæй!»

Ахсджиаг нæу, цас райстат семинарты æмæ Библийы скъолаты ахуыр кæнгæйæ зонынад, цал чиныджы бакастыстут, кæнæ цал сахаты арвыстат аргъуаны кувгæйæ. Кæд æмæ стут æнæхатыр æмæ не 'рфæсмон кодтат уæ рæдыдыл, уæд æцæгад никуы базондзыстут. Уымæн æмæ сымах стут хин мондæгты уацары, æмæ иннæты дæр къуылымпы кæнут уæ дыдзæсгом архайдæй. Цыфæнды æргомад уæм куы уа, уæддæр уæ хъуыдытæ дзурæг сты æндæр цæуылдæртыл. Уæ тæссаг архайдæй сымах суыдзыстут мастхæссæг суадæттæ, рæстдзинады бæсты хæсдзыстут сайд æмæ хины мондæгтæ.

# ГАДЗРАХАТ

> «Уæд бирæтæ ныууадзысты уырнынад, кæрæдзийыл рацæудзысты гадзрахатæй æмæ кæрæдзийæ уындзысты се сæфт».
>
> – Матфей 24:10

Уæдæ раиртасæм ацы дзырд. Лæмбынæгдæр æм куы ’ркæсæм, уæд фендзыстæм æмæ тæргай кæй расайы гадзрахат, гадзрахат та – æнæуынондзинад.

Раздæр куыд дзырдтам, афтæмæй тæргай адæм сæ алыварс хъахъхъæнæн систæ самайынц. Нæ нысан свæййы нæхи бахъахъхъæнын, цыфæндыйæ дæр нæхи сæдас кæнын. Ахæм архайд нæ скæны æмхиц искæуыл гадзрахатæй рацæуынмæ. Уыимæ мах тырнæм нæхи бахизынмæ, кæнæ та, искæмæй спайда кæнынмæ, фылдæр хатт та, хæстæг ахастытæ нын кæимæ вæййы, уыцы адæмæй.

Уымæ гæсгæ Хуыцауы Паддзахады гадзрахат фæзыны, иу уырнон исты пайда инннæ уырноны фæрцы куы райдайы агурын, уæд. Цас æввахсдæр вæййынц ахастытæ, уыйбæрц тыхджындæр вæййы гадзрахат. Гадзрахат у Сыгъдæг Фæдзæхсты æппæты æвирхъаудæр фыдракæнд. Гадзрахат куы ’рцæуы, уæд ног ахастдзинæдтæн уæвæн нæ вæййы, цалынмæ тынг нæ фæфæсмон кæнæм, уæдмæ.

Гадзрахат æркæны тæргай æмæ масты фæстиуджытæм. Библи бæлвырд дзуры: «алкæцы, йе ’фсымæрæй йе сæфт чи уыны, уый у лæгмар», æмæ «лæгмартæн иуæн дæр мыггагмæйы цард нæй» (1 Иоанн 3:15).

Æвæдза, куыд æнкъард у уый, æмæ ма абоны онг уырнонты ’хсæн кæй фембæлæм тæргайыл, гадзрахат æмæ æнæуынон ахастдзинæдтыл. Уый афтæ тынг рапарахат нæ хæдзæрттты æмæ нæ аргъуанты æмæ ссис зындоны хуызæн. Мах ахæм тызмæг систæм æмæ нал маст кæнæм, Хуыцауы иу лæггадгæнæг иннæуыл тæрхондонмæ куы бахъаст кæны,

уæд. Нал нæ æфтауы дисы æмæ уырнон цардæмбæлттæ тæрхондонмæ кæрæдзиуыл бадæттыны фæстæ куы райдайынц хицæн кæнын. Аргъуанты хицæндзинæдтæ систы æрвылбоны цардуагон хъуыддаг. Аргъуаны кусы, Уæларвон Паддзахады зыгъуыммæгæнæг политикæ. Сæ архайд фендæрхуызон кæны Уæларвон Паддзахады, кæнæ «уæллаг интересты» фæрцы кæй баууон кæнынц, сæ уыцы халæн митæ.

«Уырнонтæ» сæ бартæ хъахъхъæнынц, цалынмæ бæлвырд нæ базонынц, кæй сæ ничи æфхæры, æмæ сæ кæй ничи спайда кæндзæн, уæдмæ. Афтæмæй куыд ферох кодтам Ног Фæдзæхсты амындтытæ?

> «Æфхæрды бынаты баззайын уын хуыздæр нæ уаид?
> Куы уæ бастъыгъдæуа, уæд уын хуыздæр нæ уаид?».
>
> – 1 Коринфæгтæм 6:7

Æцæгæйдæр, Йесойы ныхæстæ ферох кодтам?

> «Æз та уын зæгъын: уарзут уе ’знæгты, уе ’лгъитджытæн хорзæх курут Хуыцауæй, хорз кæнут сымахæй йе сæфт чи уыны, уыдонæн, кувут уе ’фхæрджыты тыххæй».
>
> – Матфей 5:44

Æцæгæйдæр, Хуыцауы фæдзæхст ферох кодтам?

> «Иннæтæй хи уæлдæр æвæрыны, кæнæ кадмæ бæллыны сæраппонд мацы аразут, фæлæ ут сæрныллæг, иу иннæйы ымайæд йæхицæй уæлдæрыл».
>
> – Филиппæгтæм 2:3

Уыцы уарзондзинады закъонмæ гæсгæ мах цæуылнæ цæрæм? Цæуыл фæтагъд кæнæм искæуыл гадзрахатæй рацæуыныл, цæуылнæ ис гæнæн, æмæ нæ царды кæрæдзийыл нæ зæрдæ дарæм, сайды фæуынæй нын тæссаг куы вæййы, уæддæр?

Уый та уымæн афтæ у æмæ: нæ уарзт æруазал, æмæ

уый аххосæй мах дарддæр тырнæм нæхи бахизынмæ æмæ бахъахъхъæнынмæ. Мах бон нæу нæхи фидарæй Хуыцауы къухмæ радтын, æмæ уæд нæхæдæг нæхи кой кæнын райдайæм. Йесойæн фыдмитæ куы кодтой, уæд сын се 'фхæрд, æфхæрдæй нæ фыста, фæлæ иу Йæ уд бавæрдта Уæларвон Фыды, Æнæхæрам Тæрхонгæнæджы къухы. Сыгъдæг Фыст нын амоны Йæ фæндагыл цæуынмæ.

> «Хуыцау уæ уый тыххæй сæвзæрста; уымæн æмæ Чырысти дæр хъизæмар бавзæрста сымах сæраппонд, æмæ уын у фæзминаг, цæмæй цæуат Йæ фæдыл. Чырысти тæригъæдыл никуы бафтыд, æмæ Йæ дзыхæй мæнг ныхас никуы рацыди. Дзырдтой Йын æвзæртæ, фæлæ æвзæр ныхасæй дзуапп нæ лæвæрдта, хъизæмарæй Йæ мардтой, фæлæ сæ никæмæ æртхъирæн кодта – æппæт дæр бакодта Æнæхæрам Тæрхонгæнæджы æвджид».
>
> – 1 Петр 2:21–23

## МАХÆН ХЪОМЫСДÆТТÆГ

Мах хъуамæ æрцæуæм уымæ, æмæ Хуыцауы 'вджид нæхи бакæнæм. Бирæтæ Хуыцауы ном арынц, хонынц Æй сæ царды равзæрæн, фæлæ кæнынц сидзæрты цард. Сæ цард сæхи къухты 'вджид бакодтой, афтæмæй сæхæдæг дзурынц «Йесо – мæ Хицау æмæ мæ Хуыцау».

Ныр æй уынут, цахæм ахсджиаг рæдыд у тæргай …Кæрон ын куы нæ скæнæм, уæд нæ фæстагмæ мæлæтмæ æрбакæндзæн. Тæргайы ныхмæ куы 'рлæууут, уæд уын Хуыцау радты стыр уæлахиздзинад.

Хæйрæгæн йæ бон куы
уыдаид мах фесафын, уæд
уыцы хъуыддаг раджы
бакодтаид.

# 3 СÆРГОНД

# КУЫД ХЪУАМÆ ÆРЦЫДАИД МÆНЫЛ АХÆМ ХАБАР?

***«Æмæ загъта Иосиф: «Фыдвæнд уæ зæрды уыди, фæлæ уын æй Хуыцау хорзырдæм фæкодта»».***

**– Райдиан 50:19–20**

Фыццаг сæргонды мах адих кодтам æппæт æфхæрд адæмы дыууæ къордыл: 1) ахæмтæ, кæцытæ æцæгæй дæр æрцыдысты æфхæрд, æмæ 2) ахæмтæ, кæцытæ афтæ ’нхъæлынц, æмæ сæ бафхæрдтой, фæлæ æцæгæй та уый афтæ нæу.

Ацы сæргонды мæн фæнды радзурын фыццаг къордмæ чи хауы, уыдоны тыххæй.

Цæйут æмæ райдайæм ахæм фарстæй: кæд æмæ æцæгæйдæр раст æфхæрд не ’рцыдыстут, уæд уын ис бар тæргай кæнынæн? Цæмæй уымæн дзуапп ссарæм, уый тыххæй

æркæсæм Иаковы уарзондæр фырт Иосифы царды хабæрттæм. (Райдиан 37– 48 сæргæндтæ).

## ФЫН ССИС ФЫДÆВЗАРÆН

Иосиф уыд Иаковы иууæндæсæм фырт. Йе ’фсымæртæ дзы се сæфт уыдтой, уымæн, æмæ йæм сæ фыд дардта се ’ппæтæй хуыздæр зæрдæ, æмæ йæ иннæтæй уæлдай хицæн кодта, уыимæ йын балæвар кодта хъулон уæлæдарæс. Хуыцау радта Иосифæн дыууæ фыны. Фыццаг фыны федта быдыры баст куыристæ. Йæ куырис уæлæмæ фестад æмæ ’мраст алæууыд, уыцы афон ын йе ’фсымæрты куыристæ та сæ сæртæй ныллæг æркуывтой. Дыккаг фыны федта хур, мæй æмæ иууæндæс стъалыйы (уыдон æвдыстой йæ фыд, йæ мад æмæ йе ’фсымæрты), уыдон дæр ын æркуывтой сæ сæртæй. Уыцы фынтæ Иосиф йе ’фсымæртæн куы радзырдта, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ цинысл нæ бацин кодтой. Фæлæ сын ноджы тынгдæр æнæуынон фестад.

Уый фæстæ йæ дæс хистæр æфсымæры сæ фыды фосы дзугимæ ацыдысты хизæнуат агурыны тыххæй. Иаков арвыста Иосифы, цæмæй сæ бабæрæг кæна. Хистæр æфсымæртæ Иосифы æрбацæугæ куы федтой, уæд загътой: «Уæртæ уыцы фынуынæг ’рбацæуы! Цæй, æмæ йæ амарæм! Æмæ уый фæстæ фендзыстæм, йæ фынтæй цы ’рцæудзæн, уый! Афтæ дзуры, цыма нæ хицау суыдзæнис! Уадз æмæ ныл мæрдтæй бафæлвара хицауиуæг кæнын!» Афтæмæй йæ арф уæрмы ныппæрстой, цæмæй уым амæла. Йæ дзаумæттæ йын раластой, ныскъуыдтæ сæ кодтой, æмæ сæ сырды тугæй самæстой, цæмæй сæ фыды бауырныдтаит, Иосиф хъæддаг сырдты амæттаг кæй бацис, уый.

Фæлæ Иосифы йе ’фсмæртæ уæрмы куы ныппæрстой, уæд федтой дзуттæгты къорд, уыдон цыдысты Мысырмæ. Уæд Иудæ загъта: «Фæлæуут, лæппутæ! Ацы уæрмы йæ амæлын куы бауадзæм, уæд уымæй махæн ницы пайда уыдзæн.

Цæй æмæ йæ цагъары хуызæн ауæй кæнæм, æмæ дзы æхца бакусæм. Уый нын мардæй уæлдай нæ уыдзæн, æмæ нæ никуыуал бахъыгдардзæн, мах та нæ хæйттæ кæрæдзийыл адих кæндзыстæм!»

Иосифы æлхæнджытæ сын радтой уыцы заманы æхца– ссæдз æвзист сиклтæ. Æфсымæртæ уыдысты тæргай, æмæ йыл уымæн рацыдысты гадзрахатæй, фæхицæн æй кодтой йæ бынтæй æмæ йæ бинонтæй. Рох уæ ма уæт, уыцы æвирхъау хъуыддаг ын кæй сарæзтой йæ хæрзæфсымæртæ, иу фыды зæнæг – иу туг æмæ иу стæг.

Махæн, æндæр культурæйы чи схъомыл, уыдонæн зын бамбарæн у, уыцы адæм цы фыдми бакодтой, уый. Уымæй æвзæрдæр хъуыддаг у æрмæстдæр – амарын. Уыцы рæстæджы ахсджиаг уыдис фыртты хицау уæвын. Фырттæ сæ фыды ном хъахъхъæдтой æмæ йæм цыдæриддæр уыд, уыцы бынтæ иу райстой. Иосифы йе 'фсымæртæ фæцух кодтой йæ фыды ном бахъахъхъæнынæй æмæ йæ фыды бынтæ райсынæй. Йæ ном ын фесæфтой, йæ бинонтимæ сиу кæныны фадат ын нал радтой. Адæймаджы иу æндæр бæстæмæ цагъары хуызæн куы ауæй кодтой, уæд иу суанг йæ мæлæты бонмæ баззад цагъайрагæй.

Цагъайрагæн куыд йæ цардæмбал, афтæ иу цагъайрæгтæ систы йæ сывæллæттæ дæр. Йæ хæдзары Иосифæн цыдæриддæр исбон уыд, уый фесæфт.

Зын у цагъайрагæй райгуырын, фæлæ æппæты зындæр та у, хъæздыг бынты æмæ стыр фидæны бындарæй куы райгуырай, æмæ сæ иууылдæр куы фесафай, уый.

Дæ амондджын ивгъуыды тыххæй æппындæр куы ницы зонай, уæд, æвæдза, бирæ æнцондæр уаид. Иосиф йæхи удæгасæй мард хъуамæ æнкъардтаид. Уырны мæ, æмæ Иосиф зæрдæсайд фæци, æмæ æнхъæлдта, йе 'фсымæрты къухæй мæлæт цагъары бахауынæй хуыздæр у. Хъуыддаджы мидисы хатдзæг ахæм у, æмæ: Иосифы æфсымæртæ цы бакуыстой, уый у æвирхъау фыдракæнд.

# ИВГЪУЫДМÆ БАКАСТ

Цалынмæ уын Иосифы хабæрттæ дзурын, уæдмæ йын сымах, æвæццæгæн, йæ кæрон зонут. Уый у тынг ныфсдæттæг радзырд, куыд фæци уый куы зонæм, уæд. Фæлæ Иосиф уый нæ зыдта. Алцыдæр æм зындис афтæ: цыма уый никуыуал фендзæн нæдæр йæ фыды, нæдæр ын Хуыцау цы фынтæ радта, уыдоны сæххæст кæныны фадат. Уый уыд цагъайраг кæйдæр бæстæйы. Йæ бон нæ уыд Мысыры зæхх ныууадзын. Уымæн æмæ йæ царды кæронмæ уыд æндæр адæймаджы исбон.

Иосифы ауæй кодтой иу адæймагæн, йæ ном Потифар, зæгъгæ, уый уыд фараоны хицауады кусæг, æмæ йæ хъахъхъæнджыты сæргълæууæг, æмæ йæм Иосиф куыста 10 азы бæрц. Иосиф йæ бинонтæй ницы хабар хъусæг уыд, æмæ бамбæрста, йæ фыд æй мард кæй æнхъæлы, уый. Йæ бинонты цард æнæ уымæй цыдис. Иосифы ницы ныфс уыд, йæ фыд æй искуы ссæрибар кæндзæн, уымæй.

Цасдæр рæстæджы фæстæ Иосифмæ йæ хицау хорз цæстæнгас дарын райдыдта, æмæ Потифар Иосифы сæвæрдта йæ хæдзар æмæ йæ зæххыты мулк æмæ исбоны сæргъы. Æмæ афтæмæй Иосифы царды уавæртæ фæхуыздæр сты. Потифары усы зæрдæйы та райгуырдис фыдвæнд. Уый йæм мондаггæнæн цæстæнгасæй бакаст æмæ йæ бафæндыд йемæ æмруатон кæнын. Алы бон дæр æй къахта йæхимæ йæ фæрæдийын кæныныл, фæлæ йын Иосиф ком нæ лæвæрдта. Иухатт, иунæгæй аззадысты, æмæ йæ ус бакъуым кодта, фæндыд æй цæмæй йемæ æмруатон уа. Фæлæ Иосиф не сразы ис, йæхи атыдта æмæ тагъд – тагъдæй алыгъдис, Потифары усы къухы йæ уæлæдарæс ныууадзгæйæ. Мондаггæнæг усæн йæ хъуыддагæй куы ницы рауад, уæд йæхи æфхæрдыл банымадта æмæ ныхъхъæр кодта, цыма йыл Иосиф тыххæй ныххæцынмæ хъавыд, уый тыххæй. Потифар Иосифы фараоны ахæстоны ныппæрста.

Зæгъын хъæуы, уый æмæ фараоны ахæстон æппындæр нæ

уыд америкаг ахæстæтты хуызæн. Æз Хуыцауы ныхас амыдтон иуæй иу ахæстæтты, æмæ мæ бон у зæгъын, цыфæнды æнæхцон куы уой, уæддæр, фараоны ахæстонимæ абаргæйæ, уыдон сты дачæйы хуызæн. Фараоны ахæстоны нæ уыд нæдæр хуры хъарм, нæдæр рухс, ахæстоны къултæ, уыдысты бынийау арф уæрмы хуызæн. Уавæртæ уыдысты карз æмæ æгъатыр.

Ахæстæтты иу уырдæм бакодтой, цæмæй сабыргай мæлой, уымæн æмæ сын лæвæрдтой æрмæст «масты» дон æмæ дзул (3 Паддз. 22:27). Уыдонæн хæрын кодтой æрмæстдæр уыйбæрц, цæмæй сын фаг уа удæгасæй хъизæмар кæнынæн. Псаломмæ гæсгæ (104:18), Иосифы къæхтæ рыстысты хъадамантæй, хуыссыд, йæ буар ын удхарæй чи мардта, уыцы æфсæйнагыл. Уый хъуамæ амардаит.

Мысираг куы уыдаид, уæд ын истыхуызон гæнæн уыдаид ссæрибар кæнынæн, фæлæ æндæрбæстаг цагъарæн, уæлдайдæр тыхми бакæныны фæстæ нæ уыд ныфс фервæзынæн. Уыимæ æрцыд цыфыддæр ми, кæцыйæн æрмæстдæр ис æрцæуæн. Уымæй æвзæрдæр ма у æрмæстдæр мæлæт.

Уæ бон у бамбарын, цæуыл хъуыды кодта уыцы сау талынг уæрмы Иосиф? «Дæс азы дæргъы æз æнувыдæй æмæ намысджынæй лæггад кодтон мæ хицауæн. Æз ыл уыдтæн иузæрдиондæр йæ усæй. Æз мæ Хуыцауы æмæ мæ хицауы тæригъæды никуы бацыдтæн. Æмæ цы хорзæх райстон уый тыххæй? Ахæстон!

Афтæ мæм кæсы, æмæ цас фылдæр архайын раст хъуыддæгтæ кæныныл, уыйбæрц фыддæр вæййы мæ хъуыддаг. Куыд бауагъта Хуыцау уыйхуызæн хабар æрцæуынæн? Æцæг у, æмæ ме ’фсымæрты бон бацис Хуыцауы дзырдлæвæрд дæр байсын мæнæй. Уыцы Æппæтхъомысджын, Фæдзæхсты Хуыцау цæуылнæ бацархайдта мæн фервæзын кæныныл? Иузæрдион, уарзæгой Хуыцау хъуамæ афтæ ауда Йæ лæггадгæнджытыл? Цæй тыххæй мæнæн афтæ? Цы бакуыстон ахæмæй? Мæн æрмæстдæр уырныдта Хуыцауæй цыдæр ахсджиаг хъуыды

кæй фехъуыстон, уый». Мæн уырны, уыйхуызæн хъуыдытимæ Иосиф дæр кæй тох кодта.

Йæ сæрибардзинад уыд тынг чысыл, фæлæ йын уыд равзарыны бар, цы ахаст дардзæн, цы йыл æрцыд, уымæ. Райдайдзæнис йе ’фсымæртæм æмæ Хуыцаумæ тæргай кæнын, хæрамзæрдæ хæссын? Ӕви бауæнддзæн, цы дзырд ын лæвæрд уыд, уый кæй сæххæст уыдзæн, ууыл.

***Хуыцауы дæлбар ис алцыдæр?***

Мæ бон у бамбарын, ацы фыдæвзарæнты кæронмæ Иосифы хъуыдыйы никуы æрцыд, йæ хъизæмæрттæ иууылдæр Хуыцауæй кæй уыдысты, хицауы бынатмæ йæ кæй цæттæ кодта, уый тыххæй. Стæй йæ æлдариуæгадæй куыд спайда кæндзæн, гадзрахатæй йыл чи рацыд, уыцы æфсымæрты сæргъы куы уа, уæд? Иосиф ахуыр кодта коммæ кæсыныл йæ хъизæмæртты фæрцы. Йе ’фсымæртæ уыдысты кусæнгæрзтæ, уыдонæй арæхстджынæй архайдта Хуыцау. Сæххæст кæндзæн Иосиф йæ дзырд, Хуыцауы фын?

Иосиф уыцы фынтæ куы федта, уæд гæнæн ис, æмæ сæм кастис куыд йæ царды цы хорзæхтæ уыд, уыдоны нысаны хуызæн. Уый уæд нæма зыдта, хицауы бынат лæвæрд кæй æрцæуы, иу адæймаджы иннæтæй уæлдæр сæвæрыны тыххæй нæ, фæлæ адæмæн лæггад кæныны тыххæй. Арæх ахæм афон, мах Ӕппæтхъомыс Хуыцаумæ хъус дарыны бæсты, нæ цæст дарæм æрмæст нæ уавæрты æвзæрдзинадыл. Уыимæ, мах хъизæмар кæнæм, æмæ агурæм ахæм адæймаджы, кæцыйы нæ бон у фæазымджын кæнын не ’ппæт фыдбылызты тыххæй. Уыцы уавæрты Хуыцауы бон уыд мах бахъахъхъæнын æмæ нын фыдмитæ кæнын ма бауадзын, фæлæ Уый афтæ нæ бакодта – æмæ Йæ арæх уый тыххæй азымджын кæнæм.

Иосифы сæры дарддæр хъуыстис: «Ӕз цардтæн, Хуыцауы тыххæй цы зонын, уымæ гæсгæ. Ӕз нæ фехæлдтон Йæ фæдзæхстытæ, æмæ Йæ ныхмæ не ’рлæууыдтæн. Ӕз æрмæстдæр радзырдтон фын, кæцыйы мын рарвыста Хуыцау

Йӕхӕдӕг. Ӕмӕ ныр цы у йӕ кӕрон?! Ме ’фсымӕртӕ мыл гадзрахатӕй рацыдысты, ӕмӕ дӕн цагъайраг! Мӕ фыд мӕ мард ӕнхъӕлы, ӕмӕ никуы ’рбацӕудзӕн мӕ агурӕг Мысырмӕ». Уымӕн сӕйрагдӕр аххосджынтӕ уыдысты йе ’фсымӕртӕ. Уыдон уыдысты уыцы тыхтӕ, кӕцы ныппӕрстой уый талынг уӕрмы. Гӕнӕн ис, ӕмӕ хъуыды кодта куыд ӕндӕрхуызон уыдаид алцыдӕр, Хуыцау ын йӕ фынты цы федта, уыцы бынат ӕмӕ уавӕртӕ куы радтаит, уӕд.

Арӕх мах фехъусӕм, нӕ хотӕ ӕмӕ не ’фсымӕртӕ, иннӕты азымджын кӕнгӕйӕ куыд бахауынц уыцы иу къӕппӕджы. Зӕгъӕм: «Ме ’мкъай куы нӕ уыдаид, уӕд афонмӕ Хуыцауӕн лӕггад кодтаин. Уый мӕ фӕкъуылымпы кодта, ӕмӕ мын мӕ бӕллицтӕ фехӕлдта».

Кӕнӕ:

*«Мӕ ныййӕрджытӕ куы нӕ уыдаиккой, уӕд мӕнӕн хуыздӕр цард уыдаид. Уыдон аххосджын сты мӕ нырыккон уавӕры. Иннӕтӕн куыд ӕмбӕлы, ахӕм ныййарджытӕ цӕмӕн ис, мӕнӕн та нӕй? Уымӕн ӕмӕ мӕ мад ӕмӕ мӕ фыд куы нӕ ахицӕн уыдаиккой, уӕд мӕхи бинонты цард уыдаид бирӕ хуыздӕр».*

*«Аргъуаны хистӕры аххосӕй бамынӕг Хуыцау мын цы курдиат радта, уый. Мӕ царды Рухсдӕттӕг Хуыцауӕн балӕггад кӕныны хъомыс мын байста. Аргъуанмӕ цӕуӕг адӕмы мын мӕ ныхмӕ сарӕзта».*

*«Мӕ раздӕры лӕг куы нӕ уыдаид, уӕд мӕнӕн ӕмӕ мӕ сывӕллӕттӕн ӕхца фаг кодтаид».*

*«Аргъуаны уыцы сылгоймаг куы нӕ уыдаид, уӕд нӕ хистӕртимӕ мӕ ахастытӕ уыдаиккой бирӕ хуыздӕр».*

Уыцы райхалинаг фӕрстыты номхыгъд у ӕнӕкӕрон. Ӕнцон у, уӕ бӕллӕхты алкӕйы аххосджын кӕнын, ӕмӕ иудадзыг хъуыды кӕнын, ома, куыд хуыздӕр уыдаит, ацы адӕм куы нӕ уыдаиккой, уӕд. Сымах ӕнхъӕлут, ӕмӕ ацы адӕм аххосджын сты, фыдӕнхъӕл кӕй фестут ӕмӕ уыл бӕллӕхтӕ кӕй ’рцыд,

уый тыххæй. Кæд афтæ хъуыды кæнут, уæд тынг рæдийут!

Мæн бафиппайын фæнды уый, æмæ никæцы нæлгоймагæн, сылгоймагæн, сывæллонæн æмæ хæйрæгæн нæ бауыдзæн сæ бон уæ Хуыцауы Йæ фæндонæй фæхицæн кæнын! Уæ хъысмæт ис æрмæстдæр Хуыцауы къухты. Иосифы æфсымæртæ тынг архайдтой, цæмæй йын Хуыцау цы уынынад радта, уый фесафой. Уыдон афтæ æнхъæлдтой, æмæ йæ фынтæн кæрон æрцыд. Уыдон загътой: «Цæуæм ныр, æмæ йæ исты уæрмы ныппарæм, æмæ йæ амарæм …æмæ уæд, фендзыстæм, йæ фынтæй цы ’рцæудзæнис, уый!» (Райдиан 37:20).

Уыдон æй сфæнд кодтой бабын кæнын. Æмæ уыцы цау æнæнхъæлæджы нæ уыд. Уый уыд æрхъуыды ми! Уыдоны нæ фæндыд, Иосифы æнтыстдзинадæн иунæг фæрæз дæр ныууадзын.

Фæлæ уæм æцæгæй афтæ кæсы, æмæ йæ куы ауæй кодтой, уæд Хуыцау уæларвæй Йæ Фыртмæ æмæ Сыгъдæг Удмæ бакаст, æмæ загъта: «Цы бакæнæм ныр? Бакæсут ма, йе ’фсымæртæ йын цы бакуыстой. Иосифæн цы цардныв æзт бацæттæ кодтам, уый куыд фехæлдтой. Мах æвæстиатæй хъуамæ исты æрхъуыды кæнæм! Мыййаг нæм исты амал ис йæ фервæзын кæнынæн?»

Бирæ чырыстæттæ æнамонд уавæртæм ахæм ахаст дарынц, цыма уæлæрвты дæр афтæ вæййы. Уæ бон у уый æрхъуыды кæнын, æмæ Фыд Чырыстийæн дзура: «Йесо, Джимы йæ куыстæй систой, йæ уырнон æмкусæг дзы мæнг ныхæстæ кæй фæкодта, уый тыххæй. Уæдæ ныр цы бакæнæм? Мыййаг Дæм зæххыл ис исты æвдæлон куысты бынæттæ?» Кæнæ: «Йесо, Саллийыл ныридæгæн 34 азы сæххæст, фæлæ нырма чындзы нæ ацыд? Мыййаг Дæм зæххыл йæ аккаг исты æнæус нæлгоймаг ис? Уымæн æмæ йын цы мойаг равзæрстон, уый ракуырдта йе ’мбал чызджы, кæцы йыл цъыфкалæн фæкодта, æмæ дзы лæппу йæ зæрдæ иуварс аласта». Хъуысы, куыд æнæзонд ныхас, фæлæ нын æвдисы нæ ахаст уымæн æмæ ахæм цæстæнгас дарæм мах Хуыцаумæ.

Цæй æмæ бакæсæм, Иосиф ныры аргъуаны уавæрты йе ’фхæрджытæй йæ маст куыд систаид? Нæ фылдæр цыхуызæн сты, уый дæр ахæм куы уаид, уæд зонут цы бакуыстаид? Мастисыны пълан сарæзтаид. Уый йæхи сабыр кодтаид ахæм хъуыдытæй: «Куыддæр сыл фæхæст уон, афтæ сæ амардзынæн! Æз сæ ныццæгъддзынæн, цы митæ мын бакодтой, уый тыххæй! Уыдон мын ме ’фхæрд æххæстæй бафиддзысты».

Фæлæ Иосифæн йе ’фсымæртæм ахæм цæстæнгас куы уаид, уæд æй Хуыцау ныууагътаит, цæмæй ахæстоны дарддæр æмбийа. Уымæн æмæ, ахæстонæй ахæм фæндтæ æмæ хъуыдытимæ куы рацыдаид, уæд амартаид Израилы дæс хæдзарвæндаджы хистæртæй алкæйдæр. Уыцы нымæцмæ хаудис Иудæ дæр, Чырысти кæй фæлтæры къабазæй хъуамæ райгуырдаид, уый.

Иосифæн, ахæм закъонхалæг ми цы адæм бакодтой, уыдон уыдысты Израилы фыдæлты хистæртæ! Хуыцау та Авраамæн дзырд радта, æмæ дзы æнæхъæн адæмыхатт кæй равзæрдзæн, уый. Уыдоны фæрцы хъуамæ ’рбацыдаид Йесо Чырысти Йæхæдæг! Иосиф нæ бауагъта тæргай йæ зæрдæмæ, æмæ йын йе ’фсымæртимæ Хуыцау цы пълан скодта, уый сæ царды æрфидар кодта.

## ГÆНÆН ИС ÆМÆ УАВÆР ФÆФЫДДÆР УА?

Ахæстон уыд рæстæгмæйы фæрсудзæн Иосифæн, стæй ног фадæтты рæстæг. Иосифимæ иумæ сбадын кодтой дыууæ ахæсты: уыдон дыууæ дæр федтой зæрдæзнæтгæнæг фынтæ. Иосиф диссаджы раст райхæлдта уыцы фынтæ. Иу ахæст хъуамæ фæстæмæ йæ куысты бынаты слæууыдаид, уыцы афон иннæ та хъуамæ æрцыдаид мæлæтæй æфхæрд. Рауадзынмæ кæй хъавыдысты, уымæй Иосиф ракуырдта, цæмæй йæ ма ферох кæна, фараон æм ногæй хорз цæстæй куы ракæса, уæд. Уыцы адæймаг та ногæй кусын райдыдта фараонмæ, фæлæ дыууæ

азы дæргъы Иосифы тыххæй кой дæр не скодта. Уый дæр ма уыд ноджыдæр иу æфсон Иосифæн фыдæнхъæл фæуынынæн, æмæ зæрдæйы маст хæссынæн.

### *Хуыцауы фæндон æнæаипп у*

Æрцыд ахæм сахат, æмæ фараон федта тынг катайаг фын. Йæ стъалыдæснытæй æмæ куырыхон адæмæй никæй бон бацис, уыцы фын бамбарын кæнын. Уыцы афон фæстæмæ йæ куысты чи 'рлæууыд, уыцы лæггадгæнæг Иосифы 'рхъуыды кодта. Уый радзырдта, Иосиф ын йæ фын æмæ дыккаг ахæсты фын куыд раиртæста, уый. Уæд Иосифы фараонмæ 'рбакодтой, æмæ уый Мысыры паддзахæн бамбарын кодта, йæ фын æххормаг заманы 'рбацыдыл дзурæг кæй у, æмæ йын зонд бацамыдта, æххормаг азтæм куыд хъæуы бацæттæ кæнын,уый тыххæй. Фараон æвæстиатæй Иосифы бæрзонд бынаты сæвæрдта, æмæ йæ скодта фараоны фæстæ æнæхъæн Мысыры дыккаг хицау. Иосиф, Хуыцау ын цы уæлзонд радта, уый фæрцы бацæттæ кодта бæстæ, цы карз рæстæг æрхæццæ, уымæ. Фæстæдæр, æппæт адæмыл æххормаг заман куы скодта, уæд Иосифы 'фсымæрты бахъуыд Мысырмæ æххуысагур фæцæуын. Иосиф йе 'фсымæртæм æвзæр зæрдæ куы хастаит, уæд ын уыд хорз фадат маст сисынæн. Йæ бон уыд, æмæ сæ цæрæнбонты дæргъы ахæстоны сбадын кодтаит, фыдмитæ сын бакодтаит, æппынфæстаг сæ амардтаит, æмæ йæ ничи фæеазымджын кодтаит, уымæн æмæ уый уыд Мысыры зæххыл фараоны фæстæ дыккаг хистæр. Йе 'фсымæртæ фараонæн иу мур аргъ нæ уыдысты.

Фæлæ Иосиф йе 'фсымæртæн хойраг радта лæвар. Уый фæстæ сæ бинонтæн балæвар кодта Мысыры æппæты хуыздæр зæххы хай, æмæ хордтой уыцы зæххы. Хатдзæгтæ куы скæнæм: уæд сын Мысыры 'ппæты хуыздæр зæххы хай радтой. Иосиф арфæ ракодта, чи йæ 'лгъыста, уыдонæн, æмæ хорздзинад скодта йе сæфт дзы чи уыдта, уыдонæн (кæсут Матфей 5:44).

Хуыцау Иосифæн фынтæ куы радта, уæддæр зыдта

рагагъоммæ æфсымæртæ йын цы митæ бакæндзысты, уый.

Цæмæй ма иу къахдзæф акæнæм, уый тыххæй ма æркæсут цы загъта Иосиф йе ’фсымæртæн, ногæй кæрæдзийыл куы фембæлдысты, уæд: «Фæлæ ма хъынцъым кæнут, ардæм мæ кæй ауæй кодтат, уый фæдыл ныр уæхи ма хæрут. Уымæн æмæ мæн уæ цурæй ардæм Хуыцау рарвыста сымахæн уæ цард бахъахъхъæныны тыххæй. Зæххыл стонг заман куы скодта, уæдæй дыууæ азы рацыд, æмæ ма нодж ыдæр фондз азы дæргъы нæдæр хуым кæндзысты, нæдæр хуым кæрддзысты. Фæлæ мæ Хуыцау уæ цурæй арвыста, цæмæй уын уæ мыггаг ныууадза зæххыл, цæмæй диссаджы ирвæзт акæнат. Уæдæ мæ ардæм сымах нæ рарвыстат, фæлæ мæ Хуыцау рарвыста…» (Райдиан 45:5–8).

Æркæсут ма 104:16–17 Псаломмæ: *«Æмæ зæххыл æруагъта стонг рæстæг; иу æфсир дæр нал ныууагъта. Сæ разæй сын арвыста лæг: Иосиф уæйгонд æрцыд цагъарау».*

Чи арвыста Иосифы Мысыры зæхмæ? Йе ’фсымæртæ, æви Хуыцау? Дыууæ æвдисæны ныхæстæй нæм разыны, Хуыцауæй æрвыст кæй у, уый. Иосиф бæлвырд загъта йе ’фсымæртæн: «Сымах мæ ардæм нæ арвыстат!» Хъусут Сыгъдæг Уды ныхасмæ!

Куыд дзырдтон, афтæмæй адæймаджы æмæ хæйрæджы бон дæр нæу сымах Хуыцауы бархъомысæй аиуварс кæнын. Уыцы рæстдзинад уæхимæ куы райсат, уæд уæ ссæрибар кæндзæн. Фæлæ ис иу адæймаг, кæцыйæн йæ бон у сымах Хуыцауы фæндонæй аиуварс кæнын - уый стут сымах уæхæдæг!

Ахъуыды ма кæнут дзуттаг адæмы тыххæй. Хуыцау сын арвыста сæрибаргæнæг Моисейы, цæмæй сæ Мысыры цагъайрадæй фервæзын кæна, æмæ сæ ’рбакæна Зæрдæвæрд зæххмæ. Иу аз æдзæрæг ран баззайгæйæ, Израилы хицæуттæ арвыстой цæстдарджыты, цæмæй Зæрдæвæрд зæххмæ бæстон æркæсой. Куы ’рбаздæхтытсты, уæд райдыдтой хъуыр–хъуыр кæнын. Уыдон фæтарстысты уымы цæрæг адæмыхæттытæй

уымæн æмæ уыдысты дзуттæгтæй бæрзонддæр æмæ æфсæддон хъуыддаджы тыхджындæр. Æппæт Израилы адæм, Халев æмæ Иисус Навины йеддæмæ, иууылдæр сразы сты уыцы хицæуттимæ. Адæммæ афтæ фæкаст, æмæ сæ Хуыцау уырдæм æркодта, цæмæй уым фесæфой. Æмæ фæтæргай сты Моисеймæ æмæ Хуыцаумæ. Уыцы зондахаст дзуттæгтæм уыд афæдзæй фылдæр. Сæ тæргай сæ æркодта уымæ, æмæ уыцы фæлтæр Зæрдæвæрд зæхх никуыуал федтой.

Бирæ адæм зæрдæргъæвдæй лæггад кодтой Хуыцауæн, фæлæ бахаудысты царды зын уавæрты æмæ уыцы уавæрты закъонхалæг адæмимæ бахаудтой хуымæтæг уырнонтæ дæр. Рæстдзинад уый мидæг ис, æмæ сæм æцæгæй дæр æвзæр ахастдзинад æрцыд æвдыст. Фæлæ куы фæхъыг вæййæм, уæд знаджы фæнд æххæст кæнæм, кæцыйæн йæ нысан у мах Хуыцауæй фæиппæрд кæнын.

Мондæгтæ куы нæ бакомат райсын, уæд сымах уыдзыстут Хуыцауы бар. Куы фæхъыг уат, уæд та суыдзыстут знаджы цагъайраг, цæмæй йæхи фæндтæ æххæст кæна. Цы равзардзыстут, уымæн тæрхон скæнут. Æппæты пайдадæр у, хин мондæгтæй дард лæууын.

Мах хъуамæ хъуыды кæнæм æмæ нæ ныхмæ никуы ницы кæнгæ у, Хуыцау æй раздæр куыд нæ зона, афтæ. Мах фесафын сайтаны бон куы уыдаид, уæд нæ раджы ныццагътаид, уымæн æмæ йын адæм сты æнæуынон. Уæ разы алкæддæр уæд ацы фæдзæхст:

> Сымах бахаудтат, адæймаг кæм бахауы, ахæм хуымæтæг фæлварæны. Хуыцау иузæрдион у æмæ, кæмæн нæ бафæразат, ахæм фæлварæн уыл не 'руадздзæн. Уый нæ, фæлæ ма уын алы фæлварæны æххуыс дæр бакæндзæн, фæндаг дæр уын бацамондзæн æмæ уын хъару дæр ратдзæн.
>
> – 1 Коринфæгтæм 10:13

Бафиппайут, ам дзырд кæй цæуы «бæлвырд фæндæгты

бацамоныны» тыххæй, хуымæтæг «фервæзыны фадаты» тыххæй нæ, фæлæ… Хуыцау уыны алы фыдуавæр, кæцыимæ мах фидæны фембæлдзыстæм, æмæ цыфæнды стыр куы уа, уæддæр нын Уый ʼрцæттæ кодта бæлвырд фæрæз фервæзынæн. Æмæ æппæты диссаг та, уый у æмæ хауæны хуызæн чи фæзыны, уый вæййы фæндаг Хуыцауы фæндон сæххæст кæнынмæ, уыцы фæндагыл нæ бон уыдзæн ацæуын Хуыцауæн коммæгæсæй куы баззайæм æмæ мондæгтæй нæхи куы ссæрибар кæнæм, уæд. Уæдæ уæ зæрдыл дарут: Хуыцауæн коммæгæс ут, æмæ тæргæйттæ ма кæнут: «…слæуут хæйрæджы ныхмæ, æмæ уæ алидздзæн» (Иаков 4:7). Мах хæйрæджы ныхмæ слæууæм, тæргайдзинад нæ зæрдæмæ хæстæг кæй нæ уадзæм, уымæй. Фын, кæнæ цæстылуайæн, æвæццæгæн, сæххæст уыдзæн куыд æнхъæл уыдыстут афтæ нæ, фæлæ Йæ Ныхас æмæ Йæ арфæ баззайдзысты æнусмæ раст, уыдон уæ никуы фæсайдзысты. Фæлæ Хуыцауы коммæ куы нæ кæсæм, уæд тæссаг у æмæ куы нæ сæххæст уой.

## ГАДЗРАХАТЫ ÆНДÆР ХУЫЗ

Бирæтæ нæ баййæфтой ахæм хъизæмæрттæ æмæ ахæм æвзæр ахаст йе ʼфсымæрты ʼрдыгæй, куыд Иосиф. Уый афтæ риссаг нæ уаид, йе ʼзнæгтæ куы уыдаиккой, уæд. Фæлæ уыдон уыдысты йæ хæрз æфсымæртæ, йæ туг æмæ йе стæг. Уыдон уыдысты уыцы адæм, кæцыты хæс уыд ныфс æмæ йын æнцойдзинад дæттын, хъахъхъæнын æмæ йæм сæ хъус дарын. Æвæццæгæн, нæй æрхъуыдыгæнæн Иосиф цы бавзæрста, уымæй æвирхъаудæр æмæ цъаммардæр хабарæн!

Иу хъуыддаг у, æфхæрд
æмæ фыдми де ’фсымæр,
кæнæ дæ хойæ бавзарын,
фæлæ æндæр хъуыддаг та
у, дæ фыдæй хæрамдзинад
райсын.

# 4 СÆРГОНД

# МÆ ФЫД, МÆ ФЫД!

***«Мæ фыды хай!.. Æрбакæс–ма мæнæ мæ къухы дæ пæлæзы фæччимæ... уæд та дæ уымæй бауырнæд, мæ зæрдæйы фыдæх кæй нæй, уый. Дæ цуры тæригъæдджын ницæмæй дæн, ды та мæн амарыны тыххæй мæ фæдыл зилыс».***

**– 1 Паддз. 24:12**

Раздæры сæргонды мах æркастыстæм, Иосифы æфсымæртæ йæ фесафыныл куыд архайдтой. Мах федтам, цы рыст бавзæрста, уый сæ гадзрахаты аххосæй. Гæнæн ис, æмæ сымах дæр стут ахæм уавæры. Сымахыл гадзрахатæй рацыдысты, æппæты æввахсдæр уæм чи уыд, уыдон. Уыцы адæм, сымах æнхъæлмæ кæмæ кастыстут

уарзондзинад æмæ ныфсдæттæн ныхасмæ, уыдон.

Ацы сæргонды мæ фæнды равзарын ахæм уавæр, æмæ ’фсымæры гадзрахат рацæуынæй риссагдæр чи у. Иу хъуыддаг у де ’фсымæры хæрамдзинад æмæ æмæ æфхæрд баййафын, бынтон æндæр та – фыды ’фхæрд æмæ хæрамдзинад бавзарын. Фыдты тыххæй куы дзурын, уæд æрмæст ныййарæг фыдты кой нæ кæнын, фæлæ æппæты хистæрты, уыдоны Хуыцау сæвæры нæ сæргъы. Уыдон сты ахæмтæ, кæцытæ мах хъуамæ уарзой, зонд нын амоной, ахъазгæнæг нын уой æмæ ныл зæрдиагæй аудой.

## УАРЗОНДЗИНАД ÆМÆ ÆНÆУЫНОНЫ АХАСТЫТÆ

Фыд уæйгæнæг кæм сси, цæмæй ахæм дæнцæг равзарæм, уый тыххæй ма ’ркæсæм паддзах Саулы æмæ Давиды ’хсæн ахастытæм (1 Паддз. 16–31). Сæ цардвæндæгтæ сæ дыууæйæн дæр райдыдтой сæ фембæлды агъоммæ, Самуил – Хуыцауы пехуымпар, Давиды Израилы паддзахæй куы сæвзæрста, уæд. Давид дисы бацыд æмæ цинзæрдæйæ хъуыды кодта: «Ацы адæймаг у Саулы паддзахы бынатмæ чи байсæрста, уый. Уæдæ æз дæр æцæгæй уыдзынæн паддзах! Саул Хуыцауы коммæ кæй нæ бакаст, уый тыххæй йæ уды знаг хъизæмарæй мардта. Æрмæст иу исчи дыууадæстæнонил куы цагъта, уæд иу ын фенцондæр. Саулы фæсдзæуинтæ райдыдтой агурын æрыгон лæппуйы, кæцы йын цæгъддзæн æмæ йын лæггад кæндзæн. Паддзахы лæггадгæнджытæй иу, Иесейы фырт Давиды кой ракодта. Паддзах Саул арвыста Давидмæ, цæмæй йын уый йæ галуаны лæггад кæна.

Давид, æвæццæгæн, афтæ ахъуыды кодта: «Хуыцау йæ дзырд æххæст кæны, пехуымпар Самуилы фæрцы мын кæй радта, уый. Дызæрдыггаг нæу, æмæ паддзахы хорз ахаст райсын мæ бон кæй бауыдзæн, уый. Æмæ уый уыдзæн мæ фыццаг къæпхæн паддзахады сæргъы слæууыны фæндагыл».

Иухатт Давиды йæ фыд арвыста йæ хистæр æфсымæртæм хæринаг хæссынмæ, уыдон уыдысты филистимæгтимæ хæсты быдыры. Уыцы ранмæ куы ’рбахæццæ, уæд Давид уым федта филистимаг тыхгæнæг Голиафы. Уый дыууиссæдз боны дæргъы цъыфкалæн кодта Хуыцауы æфсадыл. Давид базыдта, уыцы уæйыгыл чи фæтых уа, уымæн паддзах йæ чызджы моймæ кæй дæтты, уый.

Давид æрбацыд паддзахмæ, æмæ дзы бар ракуырдта Голиафимæ стох кæныны тыххæй. Уый амардта Голиафы, æмæ Саулы чызг йæ къухы бафтыд. Уæдмæ йæм Саул хорз цæстæнгасæй каст, æмæ йæ æрбахуыдта галуанмæ, цæмæй æдзух йæ цуры цардаит. Саулы хистæр фырт Йонатанимæ хæлардзинады тыххæй æнус бонтæм кæрæдзийæн ард бахордтой. Цыдæриддæр иу Саул Давидæн бахæс кодта, уыдон иууылдæр арæзта æнтыстджынæй уымæн, æмæ йыл Хуыцауы къухæвæрд уыдис. Паддзах бардзырд радта, цæмæй йæхи фырттимæ иумæ иу фынгыл бадгæйæ Давид семæ кæна сихор.

Давид уыд цинæфтыд. Цардис галуаны, паддзахы фынгыл минас кодта, паддзахы чызджы ракуырдта, Йонатанимæ уыдысты уарзон æфсымæртау, æмæ уыд æнтыстджын йæ хæстон хъуыддæгты. Уый райста дзуттаг адæмы хорз ахаст æмæ сæ уарзондзинад. Самуилы пехуымпар дзырд кæй цæуы æххæстгонд, уый бæлвырдæй зындис йæ архайды.

Саул иннæ фæсдзæуинты ’хсæн Давиды нымадта хуыздæрыл. Уый йын сси фыды хуызæн. Давиды уырныдта, æмæ йæ Саул кæй хъомыл кæндзæн, æмæ йæ кæй сахуыр кæндзæн, стæй йæ стыр цытимæ паддзахы бынаты кæй сбадын кæндзæн, уый. Давид цин кодта Хуыцауы иузæрдиондзинадыл æмæ арфæйыл. Фæлæ иу хатт алцыдæр аивта..

Саул æмæ Давид иумæ тохы быдырæй куы ’рцæйздæхтысты, уæд Израилы алы горæттæй сылгоймæгтæ сæ размæ рацыдысты æмæ райдыдтой кафын æмæ зарын:

«Саул амардта мингæйттæ, Давид та дæсгай минтæ». Уый тынг смæстджын кодта Саулы, æмæ йын Давид æнæуынон фестад. Уый фæстæ йын Давид дыууадæстæнонил куы цагъта, уæд æй Саул дыууæ хатты бафæлвæрдта амарын.

Библи дзуры, Саул Давидæй йе сæфт уыдта уымæн, æмæ зыдта Хуыцау кæй ис Давидимæ, йемæ та кæй нæй, уый. Давидæн гæнæн нал уыд, æмæ алыгъдис æдзæрæг ранмæ.

«Цы ’рцыдис?» – хъуыды кодта Давид. «Адæймаг, кæцы уыд мæ хъомылгæнæг, хъавыд мæн амарынмæ. Цы гæнæн мын ис? Саул – Хуыцауæй сæрст лæггадгæнæг. Кæд мæ ныхмæ у, уæд мын цы гæнæнтæ ис æнтыстдзинадæн? Уый у паддзах, Хуыцауы адæймаг, Хуыцауы адæмыл паддзахиуæг чи кæны. Æмæ Хуыцау уый куыд бауагъта?».

Саул æртæ мин равзаргæ дзуттаг æфсæддонты сæргъы лæугæйæ, зылдис Давиды фæдыл иу æдзæрæг ранæй иннæмæ, сырдта йæ иу лæгæтæй иннæмæ, уымæн йæ сæйрагдæр нысан уыдис Давиды фесафын.

Уыцы афон, ма уыцы дзырдлæвæрдæн баззадис æрмæстдæр йе ’ндæрг. Давид нал цардис галуаны, æмæ паддзахы фынгæй нал хордта. Уый цардис уымæл лæгæтты æмæ хордта, уым цы сырдтæ цард, уыдоны хæрæнты уæлдæйттæ. Нал бадтис паддзахы цур, фæлæ йемæ фæрсæй – фæрстæм чи хæцыд, уыцы адæм ныр йæ амарынмæ зылдысты йæ фæдыл. Нæ йын уыд хъарм хуыссæнуат æмæ фæсдзæуинтæ, æмæ галуаны нал хъуыста лæггадгæнджытæй зæрдæлхæнæн ныхæстæ. Йæ усы йын радтой æндæр адæймагæн. Уый базыдта, цы у иунæгдзинад, цардæй фæхауæггаг уæвын, райгуырæн бæстæ кæмæн нæй, ахæм уавæрæн быхсын.

Ацы хъуыддаг хæйрæг нæ, фæлæ Хуыцау бакодта Давиды Саулы дæлбар. Цæмæн у афтæ, æмæ Хуыцау Йæхæдæг бацæттæ кодта Давидыл цыдæриддæр æрцыд, уыцы хабæрттæ? Цæмæ расайдта Давиды хорзæх? Æрмæстдæр уымæ, цæмæй йын

уый фæстæ æвиппайды байсой йæ цин, йæ ныфс æмæ йæ цардамонд? Давидæн æрцыд йæ рæдыдтæ расайыны афон, уымæн йæ бон уыд буцтæ æмæ мæсты кæнын, канд Саулмæ нæ, фæлæ ма Хуыцаумæ дæр. Æфхæрд хъуыдытæ йæ Хуыцауы куырыхон пълан сæххæст кæныны тыххæй баппæрстой дызæрдыджы.

Саул цыфæндыйæ дæр бæллыдис уыцы лæппуйы амарынмæ, æмæ йæ сонтдзинад тынгæй тынгдæр кодта. Давиды ныфс та бонæй бонмæ саст.

Горæт Ноды цæрæг аргъуаны лæггадгæнджытæ йæ паддзахы лæггадгæнæг фенхъæлдтой æмæ йын смадзал кодтой цæрæнбынат, хæрд, æмæ ма йын радтой Голиафы цирхъ дæр. Уыдон нæ зыдтой Давид Саулæй кæй лидзы, уый. Хуыцауы Давиды тыххæй куы бафарстой æмæ хабар куы базыдтой, уæд æй арвыстой, цæмæй паддзахы маст сæхимæ ма райсой, уый тыххæй.

Саул уый базонгæйæ, тынг смæсты. Æмæ амардта аргъуаны фондз æмæ цыппарыссæдз æнæаххос лæггадгæнæджы, æнæхатырæй фæцагъта горæт Ноды цæрæг æппæт нæлгоймæгты, сылгоймæгты, сывæллæтты, ноггуырдты, хъомты, хæрджыты æмæ фысты. Уый скодта æнæаххос адæм æмæ фосыл ахæм тæрхон, кæцы хъуамæ скодтаит амалекъæгтыл. Саул ссис марæг. Куыд ис уæвæн æмæ Хуыцау Йæ Удæй паддзахы бынатмæ байсæрста ахæм адæймаджы?

Иухатт Саул базыдта Давид кæй ис æдзæрæг ран Эн Гадийы, æмæ йæ фæдыл æртæ мин æфсæддоны йемæ райсгæйæ ацыд. Сургæ-сурын иу лæгæты ’рбахизæны цур улæфынмæ ’рлæууыдис. Давид йæ хæдфæстæ æмбæхст кæй уыд, уый нæ зыдта. Саул йæ фарсмæ йæ пæлæз æрæвæрдта. Давид аивæй рахызт йе ’мбæхсæнæй æмæ йын йæ пæлæзы кæронæй ралыг кодта, æмæ та йæ бынаты бамбæхстис. Саул лæгæтæй куы

рахызт, уæд ын Давид йæ сæрæй ныллæг æркуывта, æмæ йын загъта: *«Мæ фыды хай!.. Æрбакæс–ма мæнæ мæ къухы дæ пæлæзы фæччимæ…уæд та дæ уымæй бауырнæд, мæ зæрдæйы фыдæх кæй нæй, уый. Дæ цуры тæригъæдджын ницæмæй дæн, ды та мæн амарыны тыххæй мæ фæдыл зилыс»* (1 Паддз. 24:12).

Давид дзынæзта Саулмæ: «Мæ фыд! Мæ фыд!» Цæмæй уын æнцонæмбарæн уа: уый хъæр кодта: «Æркæс, цы хуызæн зæрдæ мын ис, мæ фыд! Мæн хъæуы дæхуызæн разамонæг!» – Давиды зæрдæ уыд ныфсæй дзаг.

## КÆМ СТЫ ФЫДТÆ?

Æз хъуыстон ахæм хъæр аргъуаны уæнгтæй – æнæнымæц нæлгоймаг æмæ сылгоймæгты зæрдæтæй. Сæ фылдæр уыдысты æрыгон адæм, уыдонæн ис Хуыцауы цардыхæс. Æмæ дзыназынц фыды тыххæй – хъæуы сæ ахæм адæймаг, кæцы сæ ахуыр кæндзæн, уарздзæн, æвæрдзæн сын ныфс æмæ сæ разæнгард кæндзæн. Уымæн загъта Хуыцау: *«Уый ныййарæг фыдты (хистæрты) зæрдæтæ аздахдзæни сæ цоты ʼрдæм (Хуыцауы адæммæ), цоты зæрдæтæ – сæ ныййарæг фыдтæм, цæмæй, куы ʼрцæуон, уæд зæхх æлгъыстаг ма фæкæнон» (Малахиа 4:6).*

Нæ бæстæ сæ фыдтæй (ныййарджытæй, сæргълæуджытæй кæнæ лæггадгæнджытæй) фæцух ис 1940–æм æмæ 1950–æм азты, æмæ абон нæ уавæр ноджы февзæрдæр ис. Саулы хуызæн, бирæ хистæртæ нæ хæдзæртты, корпорацыты æмæ кусæндæтты фылдæр хъуыды кæнынц сæхи хъуыддæгтыл, сæ байзæддæгтыл нæ, фæлæ…

Уыдон кæсынц Хуыцауы адæммæ, куыд сæхи хъуыддаджы архайды фæрæзтæм. Уыцы архайды æнтыстытæ кæнынц адæмы æфхæрд царды æмæ сæ фæлмаст зæрдæты аргъæй. Æнтыстссарыны тыххæй, уыцы хицæуттæ сеʼфсармимæ бадзырд саразтой, рæстдзинад, тæригъæддзинад, æдзæсгомдзинад

æмæ уарзондзинад нывондæн æрхæсгæйæ. Сæ уынаффæтæ сты æхцайы бындурыл, стæй ма се ’нтыстдзинæдты нымæцыл.

Уый байгом кæны дуар ахæм ахастмæ, кæцы бавзæрста Давид. Æппынфæстаг, Саулмæ уыд тынг хорз æфсон йæхи сраст кæнынæн: уый хъуамæ хъахъхъæна йæ паддзахад. Бирæ хицæуттæн адæммæ ахæм æнæраст ахаст дарынц, æмæ сæхи раст кæнынц Евангелийы парахат кæныны нысаны сæраппонд.

Куыд бирæ хицæуттæ фесæфтой сæ адæмы гуырысходзинады тыххæй? Цæмæн сты уыцы сæргълæуджытæ ахæм æнæуырнон? Уымæн, æмæ Хуыцауæн нæ лæггад кæнынц. Уыдон лæггад кæнынц æрмæстдæр сæхи хъуыддæгтæн. Саулы хуызæн, уыдонæн дæр нæй сæ цардыхæсы æмбарынад, æмæ сын уый хæссы зæрдæхсайд æмæ сæрбæрзонддзинад. Уыдон уынынц иннæ адæмы хæрзæгъдау миниуджытæ æмæ цæттæ сты уыцы адæмæй пайда кæнын, цалынмæ сын дзы æфтийаг вæййы, уæдмæ. Саул Давиды æнтыстытæй йæ мондæгтæ иста, цалынмæ нæ федта, тæссаг йын кæй у, уæдмæ. Уый фæстæ Давиды йæ кусæн бынатæй фæныллæг кодта, æмæ агуырдта æфсон йæ амарынæн.

Æз ныхас кодтон бирæ æрыгон нæлгоймæгтимæ æмæ сылгоймæгтимæ, уыдон агуырдтой кæуыл бауæндой, ахæмы. Фæндыд сæ ахуыр кæнын, хистæрмæ хъусын, агуырдтой искæй, сæ фыды хуызæн сын чи суыдзæн. Фæлæ Хуыцау бауагъта уый, æмæ бавзæрстой æфхæрд æмæ иунæгдзинад. Уый æрцыд уымæн, æмæ Хуыцауы фæндыд Давиды зæрдæ куыд раивта, уыдоны зæрдæтæ дæр афтæ раивой. Лæмбынæг хъусут Уд цы дзуры, уымæ.

Давид мæт кодта, Саул æм æвзæр æмæ ныхмæлæуууæг адæймаджы цæстæй кæй кастис, уый тыххæй. Уый, æвæццæгæн йæ зæрдæмæ ныккаст: «Раст кæм нæ дæн? Саулы зæрдæ афтæ тагъд цæмæн фæивта мæнмæ?» Давид ахъуыды кодта, Саулы куы бауырна йæ уарзондзинад, уæд йæ хорз ахаст фæстæмæ

раздæхдзæнис, æмæ уæд Самуилы пехуымпар дзырд сæххæст уыдзæн. Æмæ уымæн фæхъæр кодта: *«Мæнæн дзырдтой цæмæй дæ амарон, фæлæ дын фæтæригъæд кодтон! Æрмæст дын дæ дарæсы кæронæй ралыг кодтон, цæмæй дæ бон уа фенын æмæ бамбарын, мæ къухы кæй нæй нæдæр хотых, нæдæр мастдзинад, нæдæр ныхмæлæуд»* (кæс. 1 Паддзах. 24:11).

Адæм, сæ фыдæй, кæнæ сæ хистæрæй иппæрд чи æрцыдысты, вæййынц æмхиц сæхи азымджын кæнынмæ. Уыдон тыхстæй хъуыды кæнынц: «Цы бакодтон? Мæ зæрдæ, мыййаг, сыгъдæг нæ уыд? Чи сардыдта хицауы мæ ныхмæ?» Уый фæстæ архайынц, æнæаххос кæй сты, уый равдисыныл, цæмæй та ногæй сæ цæсты скадджын уой. Фæлæ, хъыгагæн, цас фылæр архайынц, уыйбæрц тынгдæр сæхи æнкъарынц иппæрдæй.

## МÆ МАСТ МЫН ЧИ СИСДЗÆН?

Саул, куы базыдта, Давиды бон æй амарын кæй уыдис, фæлæ йæ кæй нæ амардта, уый, уæд ын саргъ кодта йæ иузæрдиондзинадæн. Æмæ уæд йæ адæмимæ фæстæмæ аздæхт. Давид, æвæццæгæн, ахъуыды кодта: «Ныр мæ паддзах мæ бынаты сæвæрдзæн æмæ пехуымпары дзырд сæххæст уыдзæн, стæй мæм йæ ахаст дæр фæивдзæн».

Фæлæ афтæ тагъд нæ, уымæн æмæ цалдæр боны фæстæ Саулмæ дзырд бахастой, Давид Гахилы къуылдымы кæй æмбæхсы, уый тыххæй. Æмæ та Саул æртæ мин æфсæддоны йемæ ракæнгæйæ, ногæй йæ фæдыл ацыд.

Мæн уырны, æмæ уыцы хабар Давиды фыдæнхъæл фæкодта. Уый бамбæрста, Саул æй æнæгуырысхойæ кæй фæнд кæны амарын. Цавæр уды рыст хъуамæ банкъардтаид Давид! Саул лæппуйы зæрдæ зыдта, фæлæ уæддæр йæ ныхмæ рацыд. Авессæимæ иумæ Давид Саулы æфсад кæм æрбынат кодтой, уырдæм бахъуызыд. Хъарагъултæй йæ ничи федта,

уымæн æмæ сæ Хуыцау тарф фынæй бакодта. Уыцы дыууæ адæймаджы бахъуызыдысты æнæхъæн æфсады уылты, Саул кæм фынæй кодта, уыцы ранмæ.

«Авессæ загъта Давидæн: абон дын Хуыцау де знаджы дæ къухтæм радта. Цæй, æмæ йæ арцæй зæхмæ ныххуыйон, дыккаг цæф кæнын мæ нæ бахъæудзæни» (1 Паддз. 26:8).

Авессæ афтæ æнхъæлдта, æмæ йæ Давид бауадздзæн Саулы амарын. Фыццаджыдæр Саул æнæхатырæй амардта аргъуаны æстай фондз лæггадгæнæджы æмæ сæ бинонты! Дыккаджы, Саул æртæ мин хæстонимæ рацыд Давиды амарынмæ. «Де знаджы амарыныл куы нæ фæраздæр уай – дзырдта Авессæ, – уæд дæ йæхæдæг амардзæнис. Уый у хи бахъахъхъæныны тыххæй. Алы закъон æмæ дунеон тæрхондон бар дæттынц уый бакæнынæн!» Æртыккаджы та Хуыцау Самуилы ’руаджы Давиды Израилы паддзахады сæргълæууæгæй байсæрста. Давид хъуамæ йæ бынтæ райсыны тыххæй архайа, кæд æй фæнды Самуилы пехуымпар дзырд куыд æххæст кæны, уый фенын. Цыппæрæмы, Хуыцау Саулы хæстонты тарф фынæй бакодта, цæмæй Давид æмæ Авессæйæн фадат уа Саулмæ комкоммæ бацæуынæн. Уæдæ ма Хуыцау цæмæн бакодта, уый? Авессæмæ афтæ каст, æмæ уый кæй у иунæг фадат рæстдзинад ныффидар кæнынæн.

Уыцы хъуыдытæ зынынц æнæгуырысхойаг. Давид Саулмæ иу гыццыл дæр тæргай куы уыдаид, уæд, йæхи раст æнхъæлгæйæ, Авессæйы бауагътаид арцæй Саулы зæхмæ ныкъкъуырын.

Байхъусут Давиды дзуаппмæ: «Ма йæ амар! Дунедарæджы байсæрстмæ йæ къух чи сиса, уый æвыдæй нæ баззайдзæн! ...Ард хæрын Дунедарæгæй – Йæхæдæг æрцæвдзæн Дунедарæг Саулы: искæд бон йæхи мæлæтæй амæлдзæн, науæд та хæстмæ ацæудзæн æмæ уым фæмард уыдзæни. Мæн та Дунедарæг Йæ байсæрстмæ мæ къух сисынæй бахизæд!» (1 Паддз. 26:9–10).

Давид нæ амардта Саулы, кæд уый æнæаххос адæмы бабын

кодта æмæ Давиды мæлæт агуырдта, уæддæр. Давид йæ маст нæ иста, фæлæ йæ Хуыцауы къухмæ радта.

Æнцондæр уаид уыцы уавæрæн уым кæрон скæнын – æнцон уаид Давидæн дæр, æмæ дзуттаг адæмæн дæр. Давид зыдта, адæм кæй сты фосы дзугы хуызæн æнæ фыййауæй. Уый зыдта, бирæгъ сæ кæй стъигъы йæ хиуарзон фæндты тыххæй. Уымæн зын уыд йæхи нæ бахъахъхъæнын, фæлæ уымæн ноджы зындæр уыд, сæнтдзæф паддзахæй бирæ кæй уарзта уыцы адæмы бахизын. Давид уыцы уынаффæ рахаста, Саул æй цалынмæ нæ амара, уæдмæ кæй не ’рсабыр уыдзæн, уый зонгæйæ.

Уый равдыста сыгъдæгзæрдæ кæй у, æмæ фыццаг хатт кæй ныббарста Саулæн. Фæлæ дыккаг хатт кæд æмæ йын фадат уыд йæ фесафынæн, уæддæр æм нæ февнæлдта. Саул уыд Хуыцауы æвзæрст, æмæ йæ Давид радта Хуыцауы къухтæм тæрхон кæнынмæ. Цал адæймагæн ис абон Давиды хуызæн зæрдæ? Мах нал марæм кæрæдзийы арцæй, фæлæ нæ маст исæм æндæрхуызон арцæй – æвзагæй. «Цард дæр æмæ мæлæт дæр – æвзаджы дæлбар, чи йæ уарзы, уый йын йæ дыргътæй хæрдзæн» (Æмбисæндтæ 18:21).

Аргъуантæ ныддихтæ вæййынц, бинонтæ фæхицæн кæнынц, æмкъайад сæнкъуысы æмæ уарзондзинад амæлы дзырдты зæйы бын, кæцытæ загъд уыдысты æфхæрдæй, нæхъæцгæйæ æмæ мæстыйæ, уымæн æмæ фæзындысты ныфс фехæлыны ’руаджы. Нæ хæлæрттæй, бинонтæй æмæ хицæуттæй æфхæрд, мах бахъавæм нæ дзырдтæй, уыдон сцыргъ кæнæм хæрамæй, мæстадæй æмæ тызмæгдзинадæй. Мыййаг, уый у уыцы информаци, кæцыран мах дзурæм, бæлвырд æмæ раст, фæлæ йæ сыгъдæг зæрдæйыуагимæ нæ дзурæм.

Æмбисæндты 6:16–19 куыд загъдæуыд, афтæмæй хыл æмæ дихкæнынад чи тауы, уымæ Хуыцау æлгъаджы цæстæй кæсы. Куы фæдзурæм рæстдзинад, искæй ахастытæ кæнæ искæй ном фехалыны тыххæй, уæддæр æфхæрæм Хуыцауы.

# ХУЫЦАУ МÆНÆЙ ПАЙДА КÆНЫ МÆ СÆРГЪЛÆУУÆДЖЫ ТÆРИГЪÆДТÆ РАРГОМ КÆНЫНÆН?

Авд азы дæргъы æз лæггад кодтон, æмæ уыдтæн æрыгон уырнонты хистæр, Хуыцау мын ме' мкъайæн, нæ ныры лæггад кæнынмæ дуар куы байгом кодта, уый размæ. Æрыгætты хистæрæй лæггадгæнгæйæ, нæ аргъуаны уыд иу адæймаг, кæй зæрдæмæ нæ цыдтæн,æмæ кæй зæрдæмæ нæ цыдисты мæ куывдтытæ дæр. Фылдæр хатт мæ ахæм хабæрттæ никуы тыхсын кодтой, фæлæ мæ ацы хатт катайы баппæрстой, уымæн æмæ уыцы адæймагæн аргъуаны уыд стыр ахадындзинад.

Мæн уырныдта, Хуыцау мын кæй бахæс кодта æрыгон адæмæн амонын Хуыцауы дзырд сыгъдæгдзинады æмæ удирвæзын кæныны тыххæй. Уыцы разамонæджы фырт уыд мæ къорды. Фылдæрæй фылдæр хатыд уыцы æрыгон лæппу йæ зæрдæйы азымдзинад. Иу хатт мæм цæссыгкалгæ æрбацыд. Уыд æнкъард, уымæн æмæ бамбæрста, йæ хæдзары цы царды уаг уыдта, уый æз нæ фæсивæд цæуыл амыдтон æмæ ахуыр кодтон, уый хуызæн нæ уыд.

Афтæ рауад, æмæ мемæ быцæуы тыххæй, уыцы лæппуйы фыд фидарæй сфæнд кодта мæнæй фервæзын. Уый аргъуаны хистæрмæ бацыдис, цæмæй йæ мæнг даутæй мæ ныхмæ сараза. Уый фæстæ æрбацыд мæнмæ, æмæ мын радзырдта, цыма аргъуаны хистæр мæ ныхмæ у, фæлæ уый йæхæдæг та ме 'вварс кæй рахæцыд. Райдыдтой къуырцдзæвæн уайдзæфтæ дзурын, фæрсаг æгъдауæй мæнмæ чи амыдта, ахæмтæ. Уыцы адæймаг мæм йæ мидбылты худтис, афтæмæй та йæ фæнд уыдис мæн фесафын.

Æрыгон къордæй цалдæр уæнджы загътой, цыма мæн мæ бынатæй сисынмæ хъавынц, уый. Уыцы хабæрттæ кодта уыцы адæймаджы фырт, йæ фыр мæстыйæ нæ, фæлæ иу йæ хæдзары цы фехъуыста, уый иу радзырдта. Мæн уый смæсты

кодта, ӕмӕ фергъуыйау дӕн. Ӕз бацыдтӕн уыцы адӕймагмӕ, ӕмӕ басастис, ӕрмӕст аргъуаны хистӕры хъуыдытӕ кӕй дзырдта, ууыл.

Цыдысты мӕйтӕ, ӕмӕ мӕм афтӕ каст цыма уавӕрӕн фӕивыны гӕнӕн нӕй, уый. Уый фехӕлдта мӕн ӕмӕ аргъуаны хистӕры ’хсӕн бастдзинад, йемӕ фембӕлыны фадат мын нӕ дӕтгӕйӕ. Уый канд мӕнмӕ нӕ хаудис, фӕлӕ ӕппӕт аргъуаны хистӕртӕм, уыцы адӕймаджы фыдӕх чидӕриддӕр ссардта, уыдонмӕ.

Мӕ бинонтӕ уыдысты уыцы уавӕрты уӕзы бын, мах нӕ зыдтам, уыцы аргъуаны баззайдзыстӕм, ӕви нӕ расурдзысты, уый. Мах балхӕдтам хӕдзар, мӕ бинойнаг уыд сывӕрджын, ӕмӕ кӕдӕм ацыдаиккам уый нын нӕ уыд. Мӕн уырныдта, Хуыцау мӕ кӕй ’рбакодта ацы аргъуанмӕ ӕмӕ мӕ нӕ фӕндыдис никуыдӕм цӕуын.

Мӕ бинойнаг тынг тыхстис: «Мӕ зынаргъ, ӕз ӕй зонын дӕ бынатӕй дӕ сисынмӕ кӕй хъавынц, уый. Алчи дӕр мын уый дзуры».

«Уыдон мӕ нӕ райстой, ӕмӕ сӕ бон нӕу мӕн мӕ куыстӕй сисын, ӕнӕ Хуыцауы барлӕвӕрдӕй», – дзырдтон ын ӕз. Уый афтӕ ӕнхъӕлдта, ӕмӕ мӕн нӕ фӕнды ӕмбаргӕйӕ бакӕсын ацы уавӕрмӕ, ӕмӕ мӕ куырдта, цӕмӕй мӕхи ӕрымбарон.

Ӕппынфӕстагмӕ ӕз базыдтон, мӕ куыстӕй сисыны уынаффӕ кӕй рахастӕуыд. Аргъуаны хистӕр фехъусын кодта, ӕрыгӕтты къорды ивддзинӕдтӕ кӕй ӕрцӕуидзысты. Ныронг йемӕ нӕ аныхас кодтон, уыцы разамонӕгимӕ быцӕуы тыххӕй. Мӕнӕн загътой йемӕ, ӕмӕ уыцы адӕймагимӕ иннӕ бон кӕй фембӕлдзынӕн, уый. Хуыцау мын бӕлвырдӕй загъта мӕхи сӕрыл дзурын кӕй нӕ хъӕуы, уый.

Иннӕ бон мӕ аргъуаны хистӕримӕ куы фембӕлдтӕн, уӕд дисы бафтыдтӕн, йӕ кусӕн бынаты йӕ иунӕгӕй бадгӕйӕ куы байййӕфтон,уӕд. Уый мӕм бакаст ӕмӕ загъта:

«Джон, Хуыцау дæ ацы аргъуанмæ æрбарвыста, æмæ дæ ардыгæй ацæуын нæ бауадздзынæн». Мæнæн фенцондæр ис. Хуыцау мæ бахъахъхъæдта æппæты фæстаг уысм.

«Уыцы адæймаг дæ ныхмæ афтæ тынг цæмæн у? – фарста мæ аргъуаны хистæр. – Дæ хорзæхæй, бацу йæм. Æмæ уæ ахастытæ бадзæбæх кæнут».

Уыцы фембæлды фæстæ æз райстон, уыцы разамонæг мæ куыывдты тыххæй цы уынаффæ рахаста, уымæн йæ фысгæ æвдисæйнаг. Уыцы гæххæт æргом кодта уымæн йе ’цæг зондахаст. Æз цæттæ уыдтæн, уыцы гæххæтт аргъуаны хистæр сæргълæууæгмæ бахæссын, фæлæ...

Уыцы бон æз мæ зонгуытыл ’рлæууыдтæн æмæ дыууиссæдз минуты дæргъы фæкуывтон, уыцы æнæмбæлгæ ’нкъарæныл фæуæлахиз уæвыны тыххæй. Æз дзырдтон: «Дунескæнæг, уыцы адæймаг раст нæу, у закъонхалæг. Йæ хъуыддæгтæ йын хъæуы хурмæ рахæссын. Уый у Хуыцауы лæггад кæныны халæг тых. Æз хъуамæ радзурон аргъуаны хистæрæн, æцæгæй чи цы у, уый! Цыдæриддæр зæгъдзынæн, уыдон сты гæххæттыл фыст цаутæ, мæ æнкъарæнтæ нæ, фæлæ. Уый урæд куы нæ ’рцæуа, уæд аргъуан иууылдæр закъонхалынадæй байдзаг уыдзæн».

Æппынфæстаг, мæстыгæрæй загътон: *«О, Хуыцау, раст дæ бамбæрстон, æмæ дæ нæ фæнды, цæмæй йæ раргом кæнон, уый?»*

Куыддæр уыцы ныхæстæ загътон, афтæ Хуыцауы дунейæ мæ зæрдæ байдзаг ис. Æз дисы бацыдтæн – Хуыцауы нæ фæндыд, æмæ цæмæй æз исты бакодтаин, æмæ уый банкъаргæйæ уыцы æвдисæны гæххæтт аппæрстон. Фæстагмæ, уыцы уавæрмæ куы ’ркастæн бæстон, уæд бамбæрстон, мæ маст исынæй ацы аргъуаны чи ис, уыдоны бахизын фылдæр кæй фæндыд, уый. Уый уыд æмæ мæ æцæгдæр цы фæндыд, уый. Æз мæхи бауæндын кодтон,ууыл æмæ мæ зондахаст кæй нæ уыд хиуарзон. Мæ информаци (радзурын кæй хъæвыдтæн) уый

уыдис раст, фæлæ мæ зондахаст, та æнæсыгъдæг.

Рæстæг рацыд, æмæ иу хатт, мæ куысты размæ Хуыцаумæ куы куывтон, уæд мæм æрбацыд фесафынмæ мæ чи хъавыд, уыцы разамонæг. Хуыцау мын загъта, цæмæй йæм бацæуон æмæ мæхи басабыр кæнон. Æз уайтагъд райдыдтон мæхи хизын: «Нæ, Дунескæнæг, уый мæм хъуамæ йæхæдæг æрбацæуа. Уый аразы уыцы зын уавæртæ». Æз дарддæр куывтон, фæлæ Хуыцау йæ дзырдыл лæууыдис, цæмæй йæм æнæмæнгæй æз бацæуон æмæ мæхи æрсабыр кæнон. Æз æй зыдтон, уый мын Хуыцау кæй дзуры, уый. Мæ кусæн бынатæй йæм телефонæй бадзургæйæ бацыдтæн. Фæлæ цы загътон, æмæ куыд уыдис конд, уый æппындæр нæ уыдаит афтæ, Хуыцау развæлгъау Йæ куыст мемæ куы нæ бакодтаид, уæд.

Тынг æргомзæрдæйæ дзы ракуырдтон хатыр. «Æз дæ хъæндзинæдтæ агуырдтон æмæ фаудтон,» – басастæн ыл æз. Уый æвиппайды ссис фæлмæнзæрдæдæр æмæ иу сахаты бæрц фæныхас кодтам. Уыцы рæстæгæй фæстæмæ мæ нал æфхæрдта, кæд æмæ йын иннæ аргъуаны хистæртимæ быцæудзинæдтæ баззад, уæддæр.

Æхсæз мæйы фæстæ, Америкæйæ дарддзæф ран кувæндоны куы лæггад кодтон, уæд иууылдæр рабæрæг сты, уыцы адæймаг цы æвзæрдзинæдтæ кодта, уыдон æмæ сæ аргъуаны хистæр сæргълæууæг базыдта. Цы фыдбылызтæ кодта, уыдон æз зыдтон, æмæ кæй уымæй ноджы æвзæрдæр. Уый æнæмæнгæй йæ куыстæй ист æрцыдис.

Тæрхон æрцыд,фæлæ мæ къухæй нæ.Мемæ цы бакæнынмæ хъавыдис, уый йæхиуыл æрцыдис. Фæлæ йемæ уыцы хабар куы ʼрцыд, уæд мын æхсызгон нæ уыд. Мæ зæрдæ йыл фæрыст канд йæхиуыл нæ, фæлæ ма йæ бинонтыл, дæр. Æз ын йæ тыхстдзинад æмбæрстон, уымæн æмæ йæ мæхæдæг дæр бавзæрстон.

Æз йын æхсæз мæйæ раздæр ныххатыр кодтон, æмæ

йæ ныр уарзтон, æвзæрæй йын мæ зæрдæ ницы дзырдта. Куы йæ систаиккой йæ бынатæй иу азы размæ, мæсты йæм куы уыдтæн, уæд мæ цинæн кæрон дæр нæ уыдаид. Фæлæ уыцы афон зыдтон, æппындæр æм маст кæй нæ хæссын. Сæрныллæгдзинад æмæ маст исынил тобæ, уыдысты уыцы дæгъæлтæ, кæцытæ мæ ссæрибар кодтой «тæргайдзинад» йæ ном кæмæн у, уыцы ахæстонæй.

Иу азы фæстæ йæ федтон аэропорты. Мæ зæрдæ уыд Хуыцауы уарзондзинадæй йедзаг. Бауадтæн æм, æмæ йыл ныттыхстæн. Æз зæрдæргомæй амондджын уыдтæн, куы мын загъта йемæ алцыдæр хорз кæй у, уый. Уæд æм куыстмæ куы нæ бацыдаин æмæ мæхи куы нæ ныссабыр кодтаин, уæд уыцы бон аэропорты йæ цæстытæм кæсын мæ бон нæ уыдаид. Уыцы хабарæй цалдæр азы рацыд, фæлæ йæ зæрдиагæй уарзын, æмæ йын мæ зæрдæ зæгъы Хуыцауы бархъомысæй хайджын цы уа.

Давид уыд уæлзондæй хайджын, Хуыцауы куы бауагъта тæрхон кæнын æмæ йе ’вварс рахæцын. Сымах бафæрсдзыстут: «Кæмæй спайда кодта уæд Хуыцау, йæ лæггадгæнæг Саулæн тæрхон скæныны тыххæй?» – «Филистимæгтæй.» Саул æмæ йæ фырттæ филистимæгтимæ тохы быдыры фæмард сты. Уыцы хабар Давид куы фехъуыста, уæд нæ цин кодта. Фæлæ куыдта.

Иу адæймаг Давидæн раппæлыд, Саулы сæфтмæ кæй æртардта. Уый афтæ ’нхъæлдта, æмæ уымæй Давиды зæрдæ балхæндзæнис, фæлæ йын Давид тызмæгæй загъта: *«Цы ныфсæй систай дæ къух, Дунедарæг кæй байсæрста, уымæ?» – бафарста йæ Давид. Уый бардзырд радта, цæмæй уыцы адæймаг æфхæрд æрцæуа мæлæтæй* (2 Паддз. 1:14–15).

*«Давид Саул æмæ йæ фырт Йонатаныл скодта ацы хъарæг...»* (2 Паддз. 1:17). Æмæ адæмæн бардзырд радта, цæмæй ма дзурой æмæ рахабар кæной филистимаг горæтты уый, «...куыд фесты мард Израилы тыхджынтæ», цæмæй знæгтæ ма цин кæной, уый тыххæй. Уый расидтис, цæмæй ма

уа тыллæг æмæ къæвда, Саул цы ран уыд мард, уым, æмæ æрсидт æнæхъæн Израилы адæммæ, цæмæй Саулы мæлæты тыххæй сæ цæссыг калой. Уый æцæгæй тæргай адæймаджы зæрдæйы ахаст нæу. Тæргай адæймаг загътаид: «Уымæн афтæ хъуыдис!». Давид Саулæй цы баззад, уыцы мыггаг нæ ныццагъта. Уый бæсты сын хорзæх скодта. Радта сын зæхх æмæ хæрд, æмæ йæ байзæддæгтæй иуæн скодта паддзахы фынгыл бадыны кад. Уый тæргай адæймаджы хъуыддæгты хуызæн у?

Давид уыд æппæрст, фыды хуызæн ын чи хъуамæ уыдаид, уымæй, фæлæ Саулыл иузæрдион уыд йæ амæлæты фæстæ дæр. Æнцон у, чи дæ уарзы, уыцы хистæрыл, кæнæ фыдыл иузæрдион уæвын, фæлæ дæ фесафынмæ чи хъавы, уый тыххæй та? Уыдзыстут Хуыцауæн зæрдæмæдзæугæ лæг кæнæ сылгоймаг, кæнæ та уæ маст сисынмæ тырндзыстут?

Хуыцауæн æмбæлы Йæ
лæггадгæнджыты
маст исын, фæлæ уыдонæн
не ’мбæлы сæхи
тыххæй исын маст.

# 5 СÆРГОНД

# КУЫД РАЙГУЫРЫНЦ УДЫ ХАУÆГГÆГТÆ

***…«Дунедарæг мæ бахизæд, мæ паддзахмæ, Дунедарæджы байсæрстмæ, мæ къух сисынæй – уый Дунедарæджы байсæрст у». Уыцы ныхæстæй Давид йæ адæмы баурæдта, Саулмæ бавналын сæ нæ бауагъта.***

**– 1 Паддз. 24:7–8**

Амæй размæ цы сæргонд уыдис, уым мах æркастыстæм, куыд æвзæр цæстæй кастис Давидмæ уыцы адæймаг, фыды ахаст æнхъæл кæмæй уыд, уый. Давид æппынæдзух архайдта, цы рæдыд æруагъта, уый базоныныл. Ахæмæй цы саразта æмæ Саулы зæрдæ байдзаг йæ ныхмæ хæрамдзинадæй, æмæ куыд ис гæнæн, ногæй йæ хорзæхы бацæуын? Давид Саулмæ йе ’нувыд ахаст равдыста уымæй,

æмæ йын йæ цардыл бацауæрста, кæд æмæ паддзах йæхæдæг Давиды мæлæт агуырдта, уæддæр.

Давид бадзырдта Саулмæ, йæ сæрæй йын ныллæг акувгæйæ: «Базон, æмæ дæ бауырнæд, мæ къухы кæй нæй нæдæр фыддзинад, нæдæр мæнгарддзинад, æмæ дæ ныхмæ кæй ницы фæрæдыдтæн». Давиды зæрдæйæн фенцондæр, йæ хистæрæн йæ иузæрдион ахаст кæй фенын кодта, уымæй. Фæстæдæр æм фехъуыстысты ноджы фыддæр хабæрттæ: Саул раздæры хуызæн фæнд кодта йæ фесафын. Фæлæ Давид не сразы ис, йæ мæлæт ын чи агуырдта, уымæ йæ къух сисыныл, кæд Хуыцау Саулы æфсады тарф фынæй бакодта, æмæ Давидæн радта Саулы амарын кæй фæндыд, ахæм æмбалы, уæддæр. Ацы фынæй æфсадæн æндæр цыдæр нысаниуæг кæй ис, уый Давид æмбæрста æмæ рагацау зыдта, уый йæхи зæрдæ бафæлварыны нысан кæй у, уыдæттæ…

Хуыцауы фенын фæндыд, Давид Саулау лæгмары фæндагыл æрлæудзæн, æви нæ, цæмæй паддзахы бынаты йæхи сæвæра æмæ стыхджын кæна йæ хъомыс, æви уыцы фадат ратдзæн Хуыцауæн, цæмæй йын Уый йæ паддзахиуæг рæстады фæрцы æнустæм сфидар кæна.

> Уæ маст макæмæй исут, мæ уарзон хæлæрттæ, фæлæ йæ бакæнут Хуыцауы фыдæхы æвджид. Уымæн æмæ Дунедарæг Уаз Фысты зæгъы: «Мæ бар уадзут маст исын, Æз аккаг фæуыдзынæн».
>
> – Ромæгтæм 12:19

Раст у Хуыцау, Йæ лæггадгæнджыты маст кæй исы, уымæй. Фæлæ раст нæу, Хуыцауы лæггадгæнджытæ сæхæдæг мастисын куы райдайынц, уæд. Саул уыд адæймаг, кæцы йæхæдæг иста йæ маст. Уый Давиды, раст адæймаджы фæдыл, зылдис цыппæрдæс азы дæргъы, амардта сауджынты æмæ сын ныццагъта сæ бинонты.

Давид фынæй Саулы сæрмæ куы лæууыд, уæд уый уыд тынг

ахсджиаг фæлварæн. Уый хъуамæ байгом кодтаит Давиды зæрдæйы цы ис: амæйразмæйы фыййауы хæларзæрдæ, æви «дыккаг Саулы» дыдзæсгом æмæ мæнгард ахаст. Баззайдзæнис Хуыцауы зæрдæмæдзæугæ адæймагæй æви нæ? Хуыцауы рæстдзинады æрцыдмæ æнхъæлмæ кæсынæй, æппæты æнцондæр у алцыдæр хи къухтæм райсын.

Хуыцау фæлвары йæ лæггадгæнджыты коммæгæсдзинад. Уый нæ барæй бакæны ахæм уавæрты, æмæ нæм афтæ кæсы, цыма дины стандарттæ æмæ æхсæнадон закъæттæ раст кæнынц нæ хъуыддæгтæ, уый. Уый бауадзы ахæм уавæр, æмæ æвваxс нæм чи у, уыцы адæм нæ разæнгард кæнынц хихъахъхъæнынмæ. Фæлæ уый Хуыцауы фæндаг нæу. Уый у дунеон зондамынд æмæ зæххон фæндаг.

Аргъуаны кæддæр мæ хистæр чи уыд, уый хабæрттæ раргом кæнынил куы хъуыды кодтон, уыцы хабар хорз бадардтон мæ зæрдыл. Уæд æз тох кодтон, йæ хъуыддæгтæ йын хурмæ куы нæ ракалон, уæд иннæтæн разнаггад кæндзæнис, зæгъгæ. Уый тыххæй æз бирæ фæхъуыды кодтон: «Æрмæстдæр æз радзурдзынæн рæстдзинад. Уый ныр куы нæ саразон, уæд ын тагъд кæрон нæ уыдзæн?» Иннæ адæм дæр мæ разæнгард кодтой, цæмæй йын йæ хъуыддæгтæ раргом кæнон.

Фæлæ йæ ныр зонын, Хуыцау мын уыцы æвдисæн гæххæтт кæй радта æрмæст уый тыххæй нæ, æмæ мæ цæмæй бафæлвара. Суыдзынæн æз дæр, мæн фесафынмæ чи хъавы, уыцы адæймаджы хуызæн, æви нæ? Кæнæ та йæ Хуыцауы тæрхоны бар бауадздзынæн, уыцы адæймаг куы æрфæсмон кæна йæ хъуыддæгтыл, уæд?

## ХУЫЦАУЫ БОН КУЫД У ГАЛИУАХУЫР РАЗДЗОГТÆЙ СПАЙДА КÆНЫН?

Адæмæй бирæтæ фæрсынц: «Хуыцау цæмæн бакæны адæмы стыр рæдыдтытæ чи кæны, æмæ иуæй иу хатт æнæзакъон чи вæййы, ахæм хицæутты дæлбар?»

Æркæсут Самуелы сабийы бонтæм (1 Паддз. 2–5) Хуыцау (сайтан нæ), бакодта уыцы æрыгон лæппуйы, аргъуаны галиуахуыр лæггадгæнæг Илийы æмæ йæ дыууæ æнаккаг фырттæ Офни æмæ Финеесы дæлбар (уыдон дæр уыдысты аргъуаны кусджытæ). Уыдон иу хинæй æмæ тыхæй байстой нывонды лæвæрттæ æмæ иу аргъуаны æрбахизæны цы сылгоймæгтæ æрæмбырд, уыдонимæ кодтой æнæуаг митæ.

Куыд уæм кæсы, æмæ зæгъæм, стут ахæм цард чи кæны, уыцы хистæры дæлбар? Ахæм сауджыны дæлбар, Сыгъдæг Уды чи не 'нкъары, æмæ кувæг сылгоймаджы йæ бон базонын кæмæн нæу, æмæ, дам, расыг кæй у, уый тыххæй йæ чи азымджын кæны! Йæ фыртты митæм Кувæндоны астæу æнæмæтæй чи кæсы.

Чырыстæттæн сæ фылдæр сæхи абоны бон æфхæрдыл банымадтаиккой æмæ æндæр аргъуан агуырдтаиккой, æмæ кодтаиккой сæ раздæры хистæрты æвзæр цардыуаджы фыдкой. Мæ зæрдæмæ цæуы, æрыгон Самуелы тыххæй цы фыст ис, уый хуызæн æнæуаг царды уавæрты чи цардис, æмæ йæ уд сыгъдæгæй чи бахъахъхъæдта: «Æвзонг Самуел Илийæн æххуыс кодта æмæ афтæмæй лæггад кодта Дунедарæджы кувæндоны» (1 Паддз. 3:1).

Фæлæ æнæуагдзинад йæ тынджы бацыд: «Уыцы заман арæх нæ хъуысти Дунедарæджы Дзырд, Йæхи стæм хатт æргом кодта» (1 Паддз. 3:1). Афтæ каст, цыма Хуыцау дард уыдис æппæт дзуттаг адæмæй. Хуыцауы цырагъ ахуыссынмæ хъавыд Хуыцауы хæдзары. Фæлæ Самуел йæхицæн кувынæн агуырдта æндæр бынат? Хистæртæм иу ныццыдис, Илийы æмæ йæ дыууæ фырты закъонхалæг митæ раргом кæныны тыххæй? Исты ныхмæлæууæн къорд арæзта, цæмæй хистæр сауджыны бынатæй Илийы æмæ йæ фыртты фæиппæрд кодтаит? Нæ, уый лæггад кодта Хуыцауæн!

Хуыцау Самуелы уырдæм Йæхæдæг сæвæрдта, Илийы æмæ йæ фыртты архайдæн уый дзуаппдæттæг нæ уыд. Уый æвæрд æрцыд тæрхон сын кæныны тыххæй нæ, фæлæ уыдонæн

лæггад кæнынæн. Уый зыдта, Илий кæй уыд Хуыцауы цагъар, зыдта – Хуыцауы бон у йæ лæггадгæнджытæн дзуапп радтын.

Сывæллæттæ сæ фыдты нæ ивынц. Фыдты хæс у сæ сывæллæтты ахуыр кæнын, æмæ сæ раст фæндагыл аразын. Мах хъуамæ архайæм, Хуыцау нын ахуыр кæныны тыххæй кæй радты, уыдоныл æнцойгæнгæйæ. Уый у нæ бархъомыс, нæ хæс. Не 'мвæзады чи ис, уыдоны та хъуамæ ныфсджындæр кæнæм, æмæ сæ рæдауæй Хуыцауы дзырдыл ахуыр кæнæм, куыд не 'фсымæрты. Фæлæ ацы сæргонды, куыд амæйразмæйы, афтæ æркæсдзынæн нæ архайдмæ, нæ сæргъы чи лæууы, уыдоны митæм гæсгæ.

Самуел лæггад кодта Хуыцауы æвæрд лæггадгæнæгæн куыд хуыздæр у, афтæ, тæрхон ын кæнын, кæнæ йæ раивыны фæнд нæ уыд Самуелмæ. Иунæг хатт, Самуел иу дзырд скодта, Илий йæм куы 'рбацыд, æмæ дзы куы ракуырдта, цæмæй йын уый радзура Хуыцау ын цы уынынад радта, уый тыххæй. Фæлæ уыцы афон, уый уыдис Илийы сраст кæныны дзырд Самуелæй нæ, фæлæ Хуыцауæй. Адæмæн сæ фылдæр, ахæм уавæрты уыцы æцæгдзинад куы бамбариккой, уæд нæ аргъуантæ дæр фендæрхуызон уыдаиккой.

## АРГЪУАНТÆ – ХИИРХÆФСÆН БЫНÆТТÆ НЕ СТЫ

Арæх адæм æвиппайды аргъуан ныууадзынц, куыддæр разамонджытæм исты хъæндзинад бафиппайынц, афтæ. Мыййаг, кæд уыдон разы не сты аргъуаны хистæр мысайнæгтæ куыд æмбырд кæны, кæнæ æхцатæ цæуыл хардзгонд цæуынц, уыимæ. Аргъуаны хистæр сын цы амоны, уый кæд сæ зæрдæмæ нæ цæуы, уæд аргъуанæй ацæуынц. Хистæр сын кæнæ карз, кæнæ æгæр тызмæг у. Уыцы номхыгъдæн кæрон нæй. Зындзинæдтимæ фембæлгæйæ уыдонæн быхсыны бæсты, уыдон фæлидзынц, уавæртæ кæм ис æмæ быцæудзинæдтæ кæм нæй, уырдæм.

Цæйут æмæ райсæм ахæм æцæгдзинад: Йесо у иу аипп æмæ хъæн дæр кæмæ нæй, ахæм Сæргълæууæг. Фæлæ уæддæр цæмæн алидзæм зындзинæдтæй, семæ ныхæй ныхмæ фембæлыны æмæ хъуыддаг лæмбынæг равзарыны бæсты? Нæ бон куы нæ вæййы быцæудзинæдтæ равзарын, уæд арæхдæр фæлидзæм тæргайæ. Иуæй иу хатт дзурæм нæ пехуымпар ныхас кæй нæ райстой, уый тыххæй. Уый фæстæ иу аргъуанæй иннæ аргъуанмæ цæуæм, нæхицæн «æнæаипп» хицæутты агургæйæ.

Мæ царды дæргъы уыдтæн æрмæстдæр дыууæ аргъуаны уæнг хицæн Штатты (цыппæрдæс азы дæргъы). Мæнæн уыдис дыууæйæ фылдæр (æцæгæй та бирæ) мæ разамонджытæм фæтæргай кæныны аххосæгтæ (уыимæ, сæ фылдæр уыдысты мæхи миты аххосæй, кæнæ та ме ’вæлтæрддзинады тыххæй). Мæнæн ма уыдис мæ хистæрты фауын æмæ сæ азымджын кæныны фадат. Фæлæ мæ хъуыдыйы никуы уыд аргъуанæй зындзинæдты тыххæй ацæуын. Иу хатт, зын уавæры куы уыдтæн, уæд мæм Хуыцау Сыгъдæг Фысты ’руаджы сдзырдта:

Искуы аргъуан куы ныууадзай, уæд Мæн фæнды, цæмæй æрмæстдæр афтæ бакæнай:

> «…цинæй райдзыстут, афтæмæй, ацæудзыстут фарнимæ».
>
> – Исайа 55:12

Чырыстæттæн сæ фылдæр тæргайæ рацæуынц сæ аргъуантæй. Уыдон афтæ ’нхъæлынц, æмæ аргъуантæ хиирхæфсæн бынæттæй ницæмæй хицæн кæнынц; æмæ сæ бон у кæцыфæндыдæр равзарын! Уыдон æнхъæлынц, æмæ сын кæй ис бар аргъуаны уæвын, æрмæст дзы цалынмæ зындзинæдтæ нæ фæзындис, уæдмæ. Фæлæ Сыгъдæг Фыст мах цæуыл ахуыр кæны, уый нæу. Сымах нæ уынаффæ кæнут кæцы аргъуанмæ уæ цæуын хъæуы! Сыгъдæг Фысты ахæм дзырд нæй: «Хуыцау буары уæнгтæ сæвæрдта, уыдон куыддæриддæр фæндыд, афтæ». Уый бæсты дзы цæуы ныхас: «Хуыцау та буары алы уæнгæн дæр скодта бынат, куыд Æй

фæндыд, афтæ» (1 Коринфæгтæм 12:18).

Æдзухдæр уæ зæрдыл дарут, Хуыцауы уæ уынын кæм фæнды, уыцы бынаты куы уат, уæд хæйрæг быцæудзинæдты фæрцы фæлвардзæн сымах уырдыгæй расурыныл. Уый йын куы бантысы, уæд уæлахизы бæрæгбон скæны. Куы нæ сызмæлат, Хуыцау уын цы бынат радта, уырдыгæй стыр быцæуты рæстæджы дæр, уæд хæйрæджы пълантæ хæлд æрцæудзысты.

## ТÆРХОН КÆНЫНЫ САЙÆН

Æз уыдтæн уыцы иу аргъуаны цалдæр азы. Нæ аргъуаны хистæр уыд Америкæйы хуыздæр Хуыцауы ныхас амонджытæй иу. Фыццагæй куы райдыдтон уыцы аргъуанмæ цæуын, уæд цымыдисæй бадтæн, Сыгъдæг Фыст амонгæйæ йæ ныхасæй цы тых цыдис, уымæй æхцон æнкъарæн истон.

Рæстæг цыд. Нæ хистæрæн лæггад кæныны бынат куы бацахстон, уæд æм уыдтæн æввахс, æмæ йын мæ бон уыд, йæ хъæндзинæдтæ æмæ йæ аиппытæ уынын. Æз райдыдтон йæ уынаффæтыл æнæууæнк кæнын. Æмæ йæ фаудтон, азымджын æй кодтон, æмæ мын тæргай æнкъарæн мæ уды удхарæй марын райдыдта. Уый Сыгъдæг Фыст амыдта, фæлæ йын æз не ’нкъардтон йæ арфæдзинад æмæ Хуыцауæй æвзæрст кæй у, уый. Йæ амындтытæ мæ зæрдæмæ нал цыдысты æмæ мын нал æххуыс кодтой.

Не ’мбæлттæй иу лæг æмæ ус уыдысты нæ аргъуаны кусджыты номхыгъды, æмæ мæм афтæ каст, уыдон дæр æй кæй фæфиппайдтой. Хуыцау сæ аргъуанæй ракодта, æмæ Йын райдыдтой хицæнæй æмбырд кæнын. Иу хатт нæ сæхимæ æрбахуыдтой. Нæ тыхст æмæ ныхмæлæуд зонгæйæ нын ныфсы ныхæстæ кодтой æмæ дзырдтой, Хуыцау нын цы царды хæс радта, уымæ гæсгæ нæ хъæуы архайын. Уыдон иу биноныгæй радзырдтой, аргъуаны хистæр, йæ бинойнаджы æмæ аргъуаны иннæ рамзамонджыты æппæт рæдыдтыты

æмæ æнæрастдзинæдты тыххæй. Æмæ мах, иумæ æрæмбырд кæнгæйæ, нæхи æнкъардтам ныфссастæй, цыма къæппæджы бахаудыстæм, афтæ.

Афтæ нæм каст, цыма нæ ног зонгæтæ зæрдиагæй сагъæс кодтой нæ хорздзинадыл. Фæлæ уыцы уынаффæтæ, æрмæстдæр цырын кодтой нæ масты арт.

Æмбисæндты (26:20) куыд загъд у: «Æнæ сугæй арт ахуыссы, æнæ дам-думтæй хъаугъа банцайы». Цы нын дзырдтой, уый уыд рæстдзинад, фæлæ Хуыцауы раз уый раст нæ уыд, уымæн æмæ тæргайы артмæ уыдон ноджы сугтæ æппæрстой.

«Мах зонæм, ды Хуыцауы адæймаг кæй дæ,– дзырдтой мын уыдон. – Æмæ дын уымæн сты уыцы зындзинæдтæ аргъуаны». Сæ ныхæстæ мын уыдысты æхсызгон.

Æз æмæ мæ бинойнаг загътам кæрæдзийæн: «Фаг у. Мах бахаудыстæм æвзæр уавæры. Æмæ ацы аргъуанæй хъуамæ ацæуæм. Нæ хæлæрттæ нæ уарзынц. Уыдон нын уыдзысты тынг хорз уды зондамонджытæ. Сæ аргъуаны цы адæм ис, уыдон нæ сæхимæ райсдзысты æмæ нын Хуыцау цы лæггад кæныны фарн радта, уый дæр уым æххæст кæндзыстæм».

Мах ныууагътам нæ аргъуан, æмæ райдыдтам цæуын уыцы лæг æмæ ус цы аргъуаны хистæртæ уыдысты, уырдæм, фæлæ уый уыд æрмæстдæр цалдæр мæйы дæргъы. Афтæ нæм куы каст, æмæ нын зындзинæдтæй аирвæзынæн фадат фæцис, уæд мах бафиппайдтам, нæ мидтыхстдзинадæн йæ кæрон нырма дæр кæй не ʼрцыд. Мах нæ цин кодтам зæрдæйæ. Мах сбаста тас, кæй ныууагътам, уыдон хуызæн нæхæдæг дæр кæй суыдзыстæм. Афтæ нæм каст, æмæ цыдæриддæр кодтам, уый арæзт уыд æнæбары æмæ æнахуыр хуызы. Мах бон нæ уыд Сыгъдæг Удæй нæ зæрдæ байдзаг кæнын. Уыимæ нæ ног хистæр æмæ йæ усимæ дæр нæ ахастдзинæдтæ скарз сты.

Фæстагмæ, æз бамбæрстон, нæ раздæры аргъуанмæ нæ кæй хъæуы фæстæмæ æрбаздæхын. Уыцы хабар куы бакодтам, уæд та ногæй банкъардтам, Хуыцауы Паддзахадмæ фæндагыл

та ногæй кæй абалц кодтам, уый. Цæмæдæр нæм афтæ каст, цыма нæ иннæ ран хуыздæр райсдзысты æмæ нæ фылдæр уарздзысты, фæлæ фæрæдыдыстæм.

Уый фæстæ Хуыцау загъта: «Джон, Æз дын никуы дзырдтон уыцы аргъуанæй ацæуыны тыххæй. Ды уырдыгæй ацыдтæ дæ тæргай ахасты тыххæй!»

Уыцы быцæуы аххосджын уыдысты иннæ аргъуаны хистæр æмæ йæ бинойнаг нæ, фæлæ мах нæхæдæг. Уыдон мах æмбæрстой, æмæ сæ фæндыд мах хуызæн фарстытæ сæхи зæрдæты сраст кæнын. Хуыцауы фæндон куы нæ æххæст кæнат, уæд иунæг аргъуанæн дæр иузæрдион лæггадгæнæг нæ уыдзыстут. Æнæ Хуыцауы фæндонæй куы уат, уæд уæ хуыздæр ахастытæ уыдзысты уазал æмæ мондаггæнæн. Æз æмæ мæ цардæмбал уæд Хуыцауы фæндонæй фæиппæрд стæм.

Тæргай адæм раст ахаст нæ дарынц уавæрмæ, æмæ архайынц Хуыцауы хорзæх кæм нæй, уыцы хабæрттыл. Мах цардыхæс у, не 'нкъарæнты ныгъуылын нæ, фæлæ хъуыддаг кæнын.

Хуыцауы коммæ куы кæсæм æмæ Йæ куы агурæм, Уый та нын ницы дзуры, уæд зонут йæ дзуапп? Уый уын, æвæццæгæн, дзуры: «Ныр цы ран дæ, уым у. Мацы фæив.»

Арæх, исты уавæрты уæз æнкъаргæйæ, мах агурæм Хуыцауы ныхас, цæмæй нын фенцондæр уа. Фæлæ нæ Хуыцау уыцы ахæсты бакæны, нæ фесафыны тыххæй нæ, фæлæ цæмæй нæ удтæ ссыгъдæг кæнæм, фæфидардæр æмæ фæхъомысджындæр уæм!

Иу мæйы дæргъы мын фæзындис гæнæн мæ фыццаг аргъуаны хистæримæ фембæлын. Æз æрфæсмон кодтон йæ ныхмæ кæй рацыдтæн æмæ йын уайдзæф кæй кодтон, ууыл. Уый мын зæрдиагæй ныххатыр кодта. Нæ ахастытæ йемæ сфидар сты, æмæ та мæ зæрдæмæ фæстæмæ циндзинад раздæхт. Æз та ногæй райдыдтон уыцы аргъуаны хистæры амынд исын, æмæ ма бирæ рæстæг баззадтæн уыцы аргъуаны.

# САГЪД ЧИ ÆРЦЫД, УЫДОН ДИДИНÆГ ÆФТАУЫНЦ

Сыгъдæг Фыст Псаломы (91:14) дзуры: «Уыдон сагъд сты Дунедарæджы хæдзары æмæ дидинæг æфтауынц нæ Хуыцауы кæртыты». Бафиппайут ма, дидинæг калынц æрмæстдæр Дунедарæджы хæдзары «сагъдтытæ». Цы ’рцæуудзæн зайæгойыл, алы æртæ къуыри йæ ног раны куы садзат, уæд? Уæ фылдæр æй зонынц, йæ уидæгтæ райдадзысты рынчын æмæ къаддæр кæнын, æмæ куыд æмбæлы, афтæ йæ бон нæ бауыдзæн зайын. Дарддæр ма йæ иу ранæй иннæмæ куы садзат, уæд зайæгой уыцы æнкъуыстæй амæлдзæн!

Бирæ адæм иу аргъуанæй иннæмæ рацу–бацу кæнынц, иу лæггад кæнынæй иннæмæ, цæмæй сæхи куыст схуыздæр уа. Хуыцау сæ куы бакæны, кæм сæ нæ исынц, æмæ сæ кæм нæ разæнгард кæнынц, уыцы ранмæ, уæд фæтæргай вæййынц. Истæимæ разы куы нæ вæййынц, уæд ацæуынц. Куы фæцæуынц, уæд райдайынц аргъуаны хистæрты азымджын кæнын. Уыдон нæ уынынц сæхи зондахасты хъæндзинæдтæ, не ’мбарынц, Хуыцау сыл цы уæз æвæры, уый сæ кæй кæны сыгъдæг æмæ хуыздæрдæр.

Цæйут, æмæ нын Хуыцау зайæгойты æмæ бæлæсты фæрцы цы дæнцæгтæ æвдисы, уыдоныл ахуыр кæнæм. Зæххыл сагъд дыргъбæласы хъæудзæн тæркkъæвдатимæ, судзгæ хуримæ æмæ дымгæимæ фембæлын.

Ног сагъд бæлас дзурынхъом куы уаид, уæд, æвæццæгæн, загътаид: «Курын уæ, ардыгæй мæ айсут! Сæвæрут мæ ахæм ран, æмæ цæмæй дзы мадæр судзгæ тæвд уа, мадæр уаддымгæтæ!».

Дыргъгæс бæласмæ куы байхъусид, уæд ын æцæгæй дæр разнаггад кæнид. Бæлæстæ, тæвд хур æмæ уаддымгæйы рæстæг сæ уидæгтæ ауадзынц арфдæр. Цы зындзинæдтимæ фембæлынц, уыдон сын свæййынц фылдæр хатт иугъæдондзинады æвзарæн. Сæ алыварс цы карз æрдзы уавæртæ ис, уыдон сæ разæнгард кæнынц æндæр царды

гуыръен агурынмæ· Æрцæудзæн ахæм рæстæг, æмæ цыфæнды стыр уаддымгæты бон дæр нæ бауыдзæн, сæ дыргъдæттыны хъару фесафын·

Æз цæрын Флоридæйы, цитрусты сæйраг горæты· Флоридæйы цæрджытæ сæ фылдæр зонынц, зымæг цас уазалдæр вæййы, уыйбæрц адджындæр сты апельсинтæ· Мах афтæ тагъд куы нæ лыгъдаиккам нæ сагъæстæй, уæд нæ уидæгты конд суыдаид тыхджындæр æмæ арфдæр, парахатæй зайынæн, уыимæ нæ дыргътæ та уыдаиккой бирæ дзаджджындæр æмæ Хуыцауы цæсты зæрдæмæдзæугæдæр, Йæ адæмæн та хъæздыгдæр æмæ адджындæр!

Мах уыдаиккам фидар бæлæстæ, Хуыцауы зæрдæ кæмæй рухс кæны, æмæ нæ уаиккам æнæдыргъ иппæрд бæлæстæ (Лука 13:6–9). Мах хъуамæ ныхмæ ма лæууæм, Хуыцау нын йæхæдæг нæ уд сфидар кæныны тыххæй цы ’рвиты, уымæ.

Псаломзарæггæнæг Давид, Сыгъдæг Уды разæнгардæй, равдыста тæргай ахаст, Хуыцау æмæ нæ удты ’хсæн фидар бастдзинæдтæ саразынил. Уый фыццаг Псаломы фыста:

> «Тæхудиаг у уыцы адæймаг, фыдлæгты уынæффæйыл чи нæ цæуы…фæлæ йын æхцон у Хуыцауы æгъдау, æмæ æхсæвæй–бонæй ууыл сты йæ хъуыдытæ».
>
> – Псалом 1:1–2

Уый фæстæ Псаломы (118:165) ма нын дætты иу æргомдзинад Хуыцауы æгъдау чи уарзы, уыцы адæмы тыххæй·

«Дæ ныхас чи уарзы, уыдон ссардтой æгæрон тых æмæ сын фæкæлынæй тас нæ уыдзæн».

Фыццаг Псаломы æртыккаг бынаты ис уыцы адæймаджы хъысмæт:

> «Уый у, афоныл дыргъ чи дætты æмæ йæ сыфтæр кæмæн не ’руайы, донбыл сагъд ахæм бæласау; цавæрфæнды хъуыддагмæ ма бавналæд – бантысдзæн ын».
>
> – Псалом 1:3

Ӕндæр ныхасæй, уырнон йæ фæндон бакæны стыр зындзинæдты сахат Хуыцауы ’ххуысæй, Уый йæ фервæзын кæны алгъуызон тæргæйттæй æмæ цыфæнды уавæрты дæр никуы фæкъуылымпы вæййы. Уыцы адæймаг уыдзæн бæласы хуызæн, Сыгъдæг Уды тых ахъаз кæмæн дæтты æмæ йын йæ уидæгтæ чи фидардæр кæны. Уый йæ уды арфдзинады фæрцы исдзæн Хуыцауы суадонæй. Уый йын уыдзæн æвдадзы хос тызмæг уавæрты рæзын кæнынæн, ныры дыргъты фæзындæн куыд ахъаз у, уый хуызæн! Аллилуйæ!

Ныр та, лæмбынæг æркæсæм, Йесо тауæгы æмбисонд куыд æмбарын кодта, уымæ.

> «Дурджын ран кæй байтыдæуыди, уыдоны хуызæн та мæнæ ахæм адæм сты: дзырд куыддæр айхъуысынц, афтæ йæ сæ зæрдæмæ, цингæнгæ, айсынц, фæлæ æнæуидаг сты æмæ сын бирæ нæ ахæссы. Тыхст рæстæг куы ралæууы, кæнæ Хуыцауы дзырды тыххæй æфхæрын куы райдайынц, уæд уайтагъд сæ уырнындзинад фæцыдæр вæййы».
>
> – Марк 4:16–17

Кæддæр уын Хуыцау цы бынат равзæрста, уым ныууагътат уæ уидæгтæ, фæлæ уыдысты уæлæнгай, уымæ гæсгæ нын иннæ хатт ноджы æнцондæр уыдзæн зынуавæртæй алидзынæн, уымæн æмæ сымах тынг бацархайдтат уæ уидæгтæ, цæмæй зæххы арфмæ ма ацæуой. Уый тыххæй сымах бахаут ахæм уавæры, æмæ уæм нал вæййы тыхтæ, тæргай, кæнæ æфхæрды фæстиуджытæ æвзарынæн.

Уый фæстæ свæййут мондæгты хауæггæгтæ, иу ранæй иннæмæ чи цæуы. Исчи уæ бафхæрдзæн, уый тасæй алкæмæдæр кæсут æнæууæнкæй. Сахъат уæвгæйæ, уды дзаджджын дыргъ æрхæссын йæ бон кæмæн нæу, уыдон цæрынц адæмæй дард æмæ пайда кæнынц чырыстæтты уды дыргътæй цы баззад, уыдонæй.

Ӕркæсут ма Каин æмæ Авелмæ, Адамы фыццаг фырттæм. Каин Хуыцауæн нывонд æрхаста йæ къутуйы ’вæрд зæхкуысты

дыргъ. Уыцы дыргъ бирæ фыдæбонимæ уыд конд. Уый хъуамæ дуртæй, бæлæсты бындзæфхæдтæй æмæ иннæ æрхæсгæ мыггæгтæй зæхх хъуамæ ссыгъдæг кодтаид. Хуым кæнын æмæ зæххмæ зилын. Садзын, донæй пырх кæнын æмæ йæ тыллæг хъахъхъæнын. Уый Хуыцауæн лæггад кæныны тыххæй фесæфта бирæ тыхтæ. Фæлæ уый уыд йæхи нывонд, Хуыцауы фæндонмæ ницы бар дардта, нæ уыд Йæ коммæгæс. Уый та нысан кæны, Хуыцауæн йæ арфæйы фæрцы кад кæнын нæ, фæлæ хи мадзæлттæй æмæ хи хъомысæй архайын.

Авел та, коммæгæсдзинады нывондаг æрхаста: фыццаг гуырд уæрыччы дзугæй. Уый Каины хуызæн нæ фыдæбон кодта, уыцы уæрыччы саразыны тыххæй, фæлæ йын уыцы уæрыкк уыдис зынаргъ. Дыууæ æфсымæры дæр хъуыстой сæ мад æмæ сæ фыдæй, кæддæр легъуийы сыфты бын сæ бæгънæгдзинад куыд æмбæхстой, æмæ уый сæхи хъуыддæгты, сæ тæригъæдтæ æмбæхсыны хуызæг кæй уыд, уый. Фæлæ сын Хуыцау равдыста Йæхицæн æмбæлгæ нывондаг, æнаххос сырды цармæй сæ бамбæрзгæйæ. Уымæй размæ Адам æмæ Евæ нæ зыдтой, тæригъæдты хи ’мбæхсыны æнæрастдзинæдты тыххæй. Фæлæ сын Хуыцау фæндаг куы æвдыста, уæд базыдтой сæ рæдыд бамбæрзын Кæй бон у, уый. Уый хаудис сæ сывæллæттæм дæр.

Хуыцауы æгъдау не ’ххæст кæнгæйæ, Каины фæндыдис Хуыцау æй хорзыл куыд нымадтаит, уый. Хуыцау равдыста, Йæхимæ кæй исы æрмæст Йæ хорзæхы (Авелы нывондаг) фæрцы Йæм чи æрбацæуы, уыдоны, æмæ нæ исы «хорз æмæ æвзæры» закъоны бындурыл цы кæнгæ у (Каины дины хъуыддæгтæ), уый. Каинæн уый фæстæ Хуыцау бæлвырдæй бамбарын кодта, хорздзинад куы кæна – уæд æй Йæхимæ кæй райсдзæн, фæлæ фыддзинад куы араза, уæд кæй суыдзæн тæригъæдты цагъар, уый.

Каин Хуыцаумæ фæтæргай. Цæйнæфæлтау æрфæсмон кодтаит æмæ йæ цард аивтаит, уый бæсты, йæ маст æмæ йе ’фхæрд ныккалдта йе ’фсымæр Авелыл æмæ йæ амардта. Æмæ уæд Хуыцау Каины ралгъыста:

> «Ныр æлгъыст æмæ хауæггаг уыдзынæ, дæ къухæй мард æфсымæры туг цы зæхх аныхъуырдта, уымæй· Зæхх куы кусай, уæддæр дæ нал дардзæни; æнæкъона, хæтæнхуагæй æрвитдзынæ дæ цард».
>
> – Райдиан 4:11–12

Хуыцауæй иппæрд уæвын… Каин фылдæр цæмæй тарст, уый æрцыд йæхи аххосæй. Цы мадзæлтты фæрцы (зæхх) хъавыдис Хуыцауы хорзæх райсынмæ, ныр уый æлгъыст уыд йæхи къухæй. Тугкалд æрбахаста фыдæх. Зæхх ын йæ тых нал лæвæрдта. Дыргъ ыл ныр хъуамæ фæзындаид стыр фыдæбоны фæрцы.

Тæргай чырыстæттæ афтæ сафынц сæ дыргъ хæссыны курдиат. Тыллæг тауæгы тыххæй æмбисонды Йесо сбарста зæрдæ зæххимæ. Каины быдыртæ куыд систы æнæдыргъ, афтæ æнæахъаз у тæргай зæрдæйы зæхх, мастæй хъæстæ. Тæргай адæмы бон у раздæры хуызæн диссæгтæ, пехуымпардзинæдтæ, тыхджын амындтытæ æмæ æнæниз кæныны хъуыддæгтæ уынын. Фæлæ уыдон иууылдæр сты дыргътæ нæ, фæлæ Уды лæвæрттæ. Мах лæвæртты ’руаджы нæ, фæлæ нæ хъуыддæгты ’руаджы уыдзыстæм тæрхонгонд. Лæвар нын кæмæйдæр дæттгæ у, фæлæ дыргъмæ та зилын æмæ йыл узæлын хъæуы. Бафиппайут, Хуыцау загъта, Каин йæ хъуыддæгты аххосæй кæй суыдзæн хауæггаг, кæнæ хæтæнхуаг. Абон нæ аргъуанты ис бирæ ахæм тæргай уды лигъдæттæ, хæтæнхуагтæ æмæ дзæгъæл адæм. Сæ лæггад: зарджытæ, амындтытæ, пехуымпар ныхæстæ сæ раздæры аргъуанты хистæртæ нæ райстой, æмæ уымæн лыгъдысты уырдыгæй. Уыцы адæм дзæгъæлæй рацу–бацу кæнынц, семæ сæ тæргай ахастытæ хæсгæйæ, æмæ агурынц æнæаипп аргъуан, кæцы сын райсдзæн сæ лæвæрттæ æмæ сын сдзæбæх кæндзæн сæ хъæдгæмттæ.

Уыдон сæхи нымайынц цæфтыл æмæ æфхæрдтыл. Æмæ æнхъæлынц ныры дуджы Йеремийæтæ кæй сты, уый. Сты æрмæст сæхæдæг æмæ Хуыцау, иннæтæ та цыма бæллынц се сæфтмæ. Уыдон ахуыр кæнынмæ свæййынц æнæхъомыс.

Уыдонмæ афтæ зыны, æз æй хонын «фæстийæ сурыны æмхæст», ома, «адæм мæ иууылдæр сурынц». Уыдон сæхи сабыр кæнынц, уымæй, æмæ кæй сты сыгъдæг, кæнæ Хуыцауы пехуымпартæ æмæ сын æппæт адæм фыдæвзарæнтæ дæр уымæн кæнынц. Алкæмæдæр кæсынц дызæрдыгæй. Уый у, Каиныл цы ʼрцыд, ахæм рæдыддзинад:

> «Æнæкъона хæтæнхуагæй æрвитдзынæн мæ цард;
> æмæ мыл чидæриддæр амбæла – амардзæн мæ».
>
> – Райдиан 4:14

Кæсут, Каинæн уыд «фæстийæ сурыны æмхæст»: цыма иууылдæр адæм йæ фæдыл зилынц! Уый цæуы абоны бон дæр. Тæргай адæм афтæ æнхъæлынц, цыма сæ фæдыл алчидæр зилы. Ахæм зондахасты тыххæй сын зын вæййы, сæ царды сæ фæивын цы хъæуы, уыдонæй хи ссæрибар кæнын. Уыдон цæрынц адæмæй сæхи хизгæйæ, æмæ æвдисынц ахæм ахаст, цыма сæм адæм иууылдæр кæсынц æвзæр цæстæй.

> «Хибаргондæй чи цæры, уый, йæхи цы фæнды, уыдæттæ кæны, раст уынаффæ куы фехъусы, уæд та загъд ракъахы».
>
> – Æмбисæнд. 18:1

Хуыцау нæ сфæлдыста уый тыххæй нæ, æмæ кæрæдзийæ нæхи дард хизæм. Фæлæ Йын æхсызгон вæййы, Йæ хъæбултæ кæрæдзийæн æххуыс куы фæкæнынц æмæ зæрдæбынæй кæрæдзийыл куы аудынц, уæд. Хуыцауæн вæййы хъыг, куы фæкæнæм тæргай, куы смæсты вæййæм, æмæ нæхицæн куы райдайæм тæригъæд кæнын, иннæты та нæ фыдбылызты хабæртты аххосджын кæнæм, уый.

Хуыцауы фæнды, цæмæй уæм Йæ бинонты сыгъдæгзæрдæ уæнгтæ, цæмæй нæ царды тых исæм Уымæй. Хибарæй цæрæг адæймаг агуры йæхицæн æрмæстдæр монцтæ, Хуыцауы цы фæнды уый нæ, фæлæ, уый никæй зондамындмæ хъусы æмæ свæййы асайынмæ æмхиц.

Æз нæ дзурын уыцы афоны тыххæй, æмæ Хуыцау адæмы хибар кæнынмæ кæй æрбахоны, цæмæй баулæфой, æмæ Хуыцауы ныхасы мидæг уой фидар. Æз кæнын сæхи ахæстоны чи бакодта, уыдоны кой. Уыдон аргъуанæй аргъуанмæ ралидз–балидз кæнынц, халынц æппæт ахастытæ æмæ сæхи хибар кæнынц иннæтæй. Ахæм уырнонтæ хъуыды кæнынц афтæ, æмæ семæ разы чи нæ вæййы, уыдон сæ ныхмæ цæуынц. Уыдон сæхи хъахъхъæнынц хибар кæныны ’руаджы, æмæ сæхи хатынц æдасæй æрмæст сæ бар кæм цæуы, уыцы æхсæнады астæу. Уыдон нал æвзарынц сæ зæрдæйы миниуджыты хъæндзинæдтæ. Сæхи хизынц зындзинæдтыл ныхæй–ныхмæ фембæлынæй. Зæрдæйы миниуджыты рæзт, æрмæстдæр быцæуы уавæрты равзæры, æмæ æрлæууы тæргæйтты ног рæстæг куы райдайы, уæд.

Тæргай ахаст нæ
къуылымпы кæны нæ
зæрдæйы миниуджыты
хъæндзинæдтæ фенынæн,
уымæн æмæ фылдæр
хатт азымджын кæнæм
æндæры.

# 6 СÆРГОНД

# ÆЦÆГДЗИНАДÆЙ ÆМБÆХСГÆЙÆ

***«Иудадзыг ахуыр чи кæны, фæлæ æцæгад базонын кæй бон нæу».***

**– 2 Тимофеймæ 3:7**

Мæн арæх фæрсынц: «Кæд хъуамæ ныууадзон аргъуан, кæнæ лæггад кæнын? Цас æвзæр æмæ мын зын хъуамæ уа, цæмæй мæ бон бауа уый бакæнын?» Æз дзуапп дæттын: «Æмæ ныр кæдæм цæут, уыцы аргъуанмæ уæ чи арвыста?».

Сæ фылдæр мын фæзæгъынц: «Хуыцау». Уæд сын æз фæзæгъын: «Кæд уæ Хуыцау æрбакодта аргъуанмæ, уæд уын цалынмæ Уый бар нæ радта, уæдмæ ма ацæут. Кæд Хуыцау ницы дзуры, уæд уын Уый Йе 'нæдзуаппæй зæгъы: «Мацы

фæив, ма ацу. Кæм дæ сæвæрдтон, уым лæуу!»

Уæдæ уын Хуыцау куы дзура аргъуанæй ацæуын, уæд фарнимæ ацæудзыстут, цыфæнды уавæр куы уа, уæддæр.

«...цинæй райдзыстут, афтæмæй ацæудзыстут фарнимæ».
– Исайа 55:12

Уымæ гæсгæ уæ ацыд аргъуанæй нæ уыдзæн иннæ адæмы миты бындурыл, фæлæ Сыгъдæг Уды фæрцы. Лæггад кæнын ныууадзыны уынаффæ та уæ æнкъарæнтимæ хъуамæ баст ма уа.

Тæргайгæнгæ, кæнæ уайдзæфгæнгæ ацæуын нæу Хуыцауы фæндон. Афтæ куы бакæнæм, уæд архайæм уавæртæм гæсгæ, Йæ фæдзæхсты коммæ кæсыны бæсты. Ромæгтæм (8:14) фыстæджы дзырдæуы: «Уымæн, æмæ Хуыцауы Уды коммæ чи кæсы, уыдон иууылдæр Хуыцауы хъæбултæ сты». Бафиппайут ма, ам ахæм дзырд нæй: «Уымæн, æмæ зындзинæдтæ кæмæ бахъарынц, уыдон иууылдæр сты Хуыцауы хъæбултæ».

Зæгъæн ис, æмæ алы ран Ног Фæдзæхсты пайдагонд дзырд «фырт»–мæ, æввахс лæууынц дыууæ бердзенаг дзырды: текнон æмæ хьюос. Дзырд текнон - æн гæнæн ис, ахæм æрфыст радтын: йæ райгуырды æгъдауæй, фырт чи у, уый.

Мæ фыццаг фырт Эдисон куы райгуырд, уæд ссис Джон Биверы фырт æрмæстдæр уый тыххæй, æмæ мæнæй æмæ мæ бинойнагæй кæй равзæрдис. Гуырæн хæдзары æндæр ноггуырдты ’хсæн куы уыд, уæд æй иннæ сывæллæтты ’хсæн мæ фырт у, зæгъгæ, зын уыд раиртасын. Мæ хæлæртты æмæ мæ хиуæтты бон нæ уыд гуырæн хæдзармæ æрбацæуын, æмæ йæ иннæ сывæллæты ’хсæн базонын, æрмæст æй уыд базонæн йæ уатыл цы амонæн гæххæтт æндæгъд уыд, уый ’руаджы. Уымæ ницы уыд, иннæ ноггуырдты ’хсæн æй чи хицæн кодтаит, ахæмæй. Уæдæ кæд афтæ у, уæд Эдисон нымад уыдаид Джон æмæ Лизæ Биверы текнон-ыл.

Мах уынæм, дзырд текнон пайдагонд цæуы Ромæгтæм фыстæгы (8:15–16). Ам дзырд цæуы мах хъæбулы барты уд

куыд райстам нæхимæ, «уыцы Сыгъдæг Уд нæ удæн амоны, кæй стæм Хуыцауы (текнон) хъæбултæ». Фæлæ Йесойыл чи баууæнды, уый свæййы Хуыцауы хъæбул, уæлæрвтæй йæ удæй кæй райгуырди, уый фæрцы (кæсут Иоанн 1:12).

Дыккаг бердзенаг дзырд, Ног Фæдзæхсты «хъæбултæ» тæлмацгонд куыд хьюос. Ног Фæдзæхсты бирæ хатт пайдагонд цæуы, адæймаджы ахæм æрфысты тыххæй, кæцыйæн гæнæн ис, кæй фырт у, уый базонын, уымæн æмæ æвдисы йæ ныййарджыты миниуджытæ.

Мæ фырт Эдисон куы байрæзтис, уæд йæ уынд æмæ йæ уагахаст систы йæ фыды хуызæн. Æхсæз азы йыл куы цыд, уæд æй мæ ныййарджытæм ныуагътам, нæхæдæг та, мæ цардæмбалимæ ацыдыстæм нæ хъуыддæгты фæдыл. Мæ мад уæд мæ бинойнагæн загъта, Эдисон раст йæ фыды хуызæн кæй у, уый. Йæ уды миниуджытæй уый уыд мæ хуызæн, йæ кары куы уыдтæн, уæд. Куы схъомыл ис, уæд ноджы тынгдæр сси йæ фыды хуызæн. Ныр æй базонæн ис уый куыд Джон Биверы фырты, канд йæ райгуырды фæткы тыххæй нæ, фæлæ йæ фыды хуызæн миниуджыты ʼруаджы дæр.

Куы зæгъæм, уæд, бердзенаг дзырд текнон амоны «ноггуырдты, кæнæ тынг æвзонг фыртты», дзырд хьюос-æй та пайда кæнынц «байрæзгæ фыртты» кой куы фæкæнынц, уæд.

Цæйут æмæ та ногæй æркæсæм, Ромæгтæм фыстæгы (8:14) цы дзырд цæуы: «Уæдæ Сыгъдæг Уды коммæ чи кæсы, уыдон уыдзысты (хьюос) Хуыцауы хъæбултæ». Мах бон бæлвырдæй фенын у, хъомылгонд хъæбултæ Сыгъдæг Уды коммæгæсджытæ кæй сты. Æдзæттæ чырыстæтты бон нæу зæрдиагæй Сыгъдæг Уды коммæ кæсын. Сæ фылдæр бахауынц ахæм уавæрты, æмæ уыцы хъуыддагмæ кæсынц æнкъарæнты, кæнæ зонды цæстæй. Уыдон нырма нæ сахуыр сты Сыгъдæг Удæн коммæгæсæй архайын.

Эдисон куыд рæзы, афтæ ивдзæн йæ зондахаст дæр. Куыд стырдæр кæна, афтæ йын фылдæр хъуыддæгтæ кæндзынæн

йæ бæрны. Тынг æвзæр уыдзæн уый æнæхъомылæй куы баззайа, уæд. Уый нæу Хуыцауы фæндон æмæ чысыл сабитæй баззайæм.

Мæ фырт Эдисоны зондахаст цы уавæрты рæзыд, уыдонæй иу уыд, – зындзинæдтимæ æмбæлын. Скъоламæ цæуын куы байдыдта, уæд фембæлд иу цалдæр «хылмондагимæ» . Æз хъуыстон мæ фырты ныхмæ цы кодтой, уыцы иуæй–иу хабæрттæ, æмæ мæ фæндыд бацæуон, æмæ уыцы хъуыддаг райхалон. Фæлæ йæ æмбæрстон, уый раст кæй нæ уыдзæн: мæхи уыцы хъуыддаджы куы бакæнон, уæд Эдисоны рæзт фæкъуылымпы уыдзæн. Уый тыххæй йын æз æмæ мæ бинойнаг хæдзары зонд амыдтам, цæмæй æфхæрдмæ раст цæстæнгасæй кæса. Йæ зæрдахаст фидардæр кодта æфхæрды æмæ нæ фæдзæхстытæм хъусыны фæрцы.

Уый у Хуыцау нын цы бавзарын кæны, уый хуызæн. Сыгъдæг Фыст дзуры: «Кæд (Йесо) Хуыцауы Фырт *(хьюос)* уыди, уæддæр хъизæмæртты фæрцы сахуыр и коммæгæс уæвын» (Дзуттæгтæм 5:8).

Буары рæзт, у рæстæджы хъуыддаг. Иунæг дыууæаздзыд сывæллон дæр нæ вæййы 180 сантиметры дæргъæн. Зонды райрæзт æрцæуы ахуыры афон. Фæлæ нæ уды рæзт нæу рæстæджы, кæнæ ахуыры хъуыддаг, уый у коммæгæсдзинады фарста. Ныр та æркæсут, Петр нын цы дзуры, уымæ:

> «Чырысти буарæй хъизæмæрттæ кæй бавзæрста, уымæ гæсгæ сымах дæр йæ цæстæй кæсут хъизæмæрттæм æмæ уымæй ифтонг кæнут уæхи, уымæн, æмæ буарæй тухæнгæнæг тæригъæды нал æфты».
>
> – 1 Петр 4:1

Адæймаг, йæ тæригъæдтæ куы ныууадзы, уæд свæййы Хуыцауæн коммæгæс хъæбул. Уый у хъомылгонд. Уый йæхи фæндæгтæ не ’взары, фæлæ цæуы Хуыцауы фæндæгтыл. Йесо куыд сахуыр ис коммæ кæсын Йæ хъизæмæртты ’руаджы, афтæ

мах дæр зын уавæрты бахауыны фæрцы ахуыр кæнæм коммæ кæсыныл. Хуыцауы фæдзæхстмæ хъусгæйæ, Сыгъдæг Уд кæй загъта, уымæ гæсгæ, быцæутæ æмæ зындзинæдтæ ’взаргæйæ мах рæзæм æмæ исæм уды хъомылдзинад. Фæдзæхсты зонынад нæу монон рæзтмæ дæгъæл. Коммæгæсдзинад – уый у йæ гом кæнæн.

Ныр мах æмбарæм цæй аххосæй ис нæ аргъуаны ахæм адæм, кæцытæ дæсгай азты дæргъы сты чырыстæттæ, сæ бон у Библийы æнæхъæн сæргæндтæ дæр æнæкæсгæйæ дзурын, фехъуыстой мингай амындтытæ æмæ бакастысты бирæ чингуытæ, фæлæ ма ныр дæр сæ удыл сывæллоны тухæн хæцъил дарынц. Алы хатт, зын уавæры куы бахауынц, уæд Хуыцауы фæндонмæ хъусыны бæсты, сæ бон куыд у, афтæ сæхи хъахъхъæнынц. Уыдон алыхатт «ахуыр кæнынц, фæлæ сæм рæстдзинад нæ хъары» (кæс. 2 Тимофеймæ 3:7). Уыдонмæ рæстдзинад нæ хъары уый тыххæй, æмæ дзы сæ царды нæ пайда кæнынц. Кæд мах хъавæм рæзын æмæ хъомыл кæнынмæ, уæд радтут рæстдзинадæн уæ царды мидæг æххæст сæрибардзинад. Фаг нæу æрмæст зонын, æнæ коммæгæсгæйæ нæ зондæн пайда нæй. Дарддæр цыфæнды куы ахуыр кæнæм, æмæ коммæгæс куы нæ уæм, уæд никуы схъомыл уыдзыстæм.

## ХИХЪАХЪХЪÆНЫНАД

Арæхдæр хихъахъхъæныны раст кæнынады аххосаг, кæцы æгоммæгæсдзинады ’руаджы кæнгæ у, вæййы тæргайдзинад. Маст зæрдæйы хæссын – уый мæнг хибахизыны æнкъарæн дарын у. Уый нæ нæ уадзы нæхи зæрдахасты аиппытæ фенын, уымæн æмæ æндæр адæймаджы аххосджын кæны. Сымах уæд нæ бахъæуы уæ уагахастимæ, æнæхъомылдзинадимæ кæнæ тæригъæдимæ æвзарын, уымæн æмæ сымах уынут æрмæст уæ бафхæрæджы хъæндзинæдтæ. Уымæ гæсгæ, Хуыцауы фæлварæн, уæ зæрдахаст зындзинæдты ’руаджы фидар кæнын, сымахæй хæлд æрцæуы. Тæргай адæймаг йæхи æфхæрæгæй

дард хиздзæнис, æмæ æппынфæстаг алидздзæнис, монон хæтæгхъуаг суæвгæйæ.

Æрæджы мын иу сылгоймаг йе ’мбалы тыххæй радзырдта, иу аргъуанæй кæй ацыд æмæ иннæмæ цæуын кæй райдыдта. Уый æрбахуыдта йæ ног аргъуаны хистæры йæхимæ. Ныхасгæнгæ йæ хистæр бафарста, йæхи аргъуанæй цæмæн ацыд, уый тыххæй. Сылгоймаг ын радзырдта иннæ аргъуаны йын цы зындзинæдтæ уыд, уыдоны тыххæй.

Аргъуаны хистæр æм байхъуыста, æмæ йæ бафæлвæрдта басабыр кæныныл. Мæхи фæлтæрды ’руаджы æз зонын, хуыздæр кæй уыдаид, уыцы хистæры ’рдыгæй сылгоймагмæ æрсидын, цæмæй Хуыцауы Фæдзæхсты ’руаджы, йæ тæргайдзинад æмæ уайдзæф кæнынад равзæрстаит. Гæнæн ис, æмæ йын хъуыдис ахæм фæнд бахæссын, цæмæй йæ раздæры аргъуанмæ фæстæмæ ’рбаздæха, цалынмæ йæ Хуыцау уырдыгæй фидыдимæ нæ рауадза, уæдмæ.

Хуыцау уæ куы ракæны (аргъуанæй) фидыдимæ, уæд уæ нæ фæнддзæнис уæ ацыды тыххæй уæхи раст кæнын. Сымах нæ уыдзыстут уыцы уæзы бын, кæцы уæ æртæры фауынмæ, кæнæ уайдзæфтæ кæнынмæ, раздæры аргъуаны цы зындзинæдтæ уыдис, уыдон байгом кæнынмæ. Æз зыдтон уый, æмæ цасдæр рæстæджы фæстæ, уыцы сылгоймаг райдайдзæн уыцы хистæрмæ æмæ йæ хистæртæм ахæм цæстæнгасæй кæсын, кæцы уый кастис йæ раздæры аргъуаны хистæртæм. Нæ зæрдæты тæргайдзинад куы бафснайæм, уæд алцыдæр ауадзæм йе ’хсæн.

Ис иу зæронд æмбисонд. Уыцы заман ногæрлидзæг адæм Цæгат Америкæйы хурныгуылæйнаг фарсмæ цыдысты, иу куырыхон лæууыд ног гæрæттæй иуы æрбахизæны къуыппыл. Лидзджытæ хуссарæй куы ’рбацыдысты, уæд уыцы куырыхон уыд фыццаг, горæтмæ бахизыны размæ кæуыл фембæлыдысты, уый. Уыдон райдыдтой цы адæм дзы цæры, уый тыххæй рафæрс-бафæрс кæнын.

Сæ фарстæн уый дзуапп радта фарстæй: «Æмæ цавæр адæм уыд, ныр цы горæтæй рацыдыстут, уым?»

Иуæй иутæ загътой: «Цы горæтæй рацыдыстæм, уый уыд æвзæр горæт. Сæ адæм та уыдысты – фыдхахуыр хæсджытæ, æнаххос адæмæн мæнгард митæ чи кæны, ахæм. Къæрныхтæй æмæ фæлитойтæй йедзаг чи, уыд».

Куырыхон загъта: «Ацы горæт дæр у, сымах цы горæтæй рацыдыстут растæндæр ахæм».

Уыдон ын бузныг загътой, рагацау сæ кæй бахъахъхъæдта цы бæллæхтæй алыгъдысты, уыдонæй, æмæ дарддæр сæ фæндаг хурныгуылæны ’рдæм кодтой.

Уый фæстæ æрбацыд æндæр лидзджыты къорд æмæ та йæм иннæты хуызæн радтой раст, ахæм фарста: «Ацы горæты цавæр адæм цæры?»

Куырыхон та ногæй бафарста: «Æмæ цавæр адæм уыд, ныр цы горæтæй рацыдыстут, уым?»

Уыцы адæмы къорд дзуапп радтой: «Уый уыд диссаджы горæт! Уым цæры хорз адæм! Уым нын баззадис хорз æмбæлттæ. Иу иннæтæн æхххуыс кæнынмæ чи тырныдта. Ничи ницæмæй хъуаг уыд, уымæн æмæ кæрæдзимæ сæ хъус дардтой. Кæд иу искæмæ зындзинад фæзынд, уæд иу адæм иууылдæр йæ цуры иумæ ’рбалæууыдысты. Махæн зын уыдис уырдыгæй ацæуын, фæлæ мах хатыдыстæм, хурныгуылæны ’рдæм куы ацæуæм, уæд нæ фидæны фæлтæртæн хъæуы бынат бацæттæ кæнын».

Зæронд куырыхон сын загъта, иннæтæн цы дзуапп радта, уый хуызæн: «Ацы горæт дæр у, цы горæтæй рацыдыстут, раст уый хуызæн!» Уыцы адæм сцин кодтой: «Цæйут, æмæ дзы æрцæрæм!»

Сæ раздæры ахастытæм куыд кастысты, уыцы цæстæнгасæй сæ фидæн ахастытæм дæр кæсдзысты, афтæ.

Уæ аргъуанæй цы хуызæнæй ацыдыстут, уæ бæрæг кæндзæн уе ’ннæ аргъуанмæ куыд бацæудзыстут, уый. Цы ахастытимæ

фæхицæн стут, уыцы ахастытимæ æрбахиздзыстут. Йесо загъта: «...Тæригъæд кæмæн ныббарат, уымæн барст уыдзысты; кæуыл сæ ныууадзат, ууыл баззайдзысты» (Иоанн 20:23:).

Мах ныууадзæм иннæ адæмы тæригъæдтæ, нæ уды тæргайдзинад æмæ æнæхатырдзинад куы бавæрæм, уæд. Кæд æмæ аргъуанимæ фæхицæн вæййæм, кæнæ та искæимæ нæ ахастытæ фехалæм мæстад æмæ тæргайгæнгæ, уæддæр уыцы ахастдзинæдтæимæ мах бацæуæм æндæр аргъуанмæ. Уый фæстæ зындзинæдтæ куы февзарæм, уæд нын нæ ног бастдзинæдтæ вæййынц æнцондæр фехалын. Уæд мах уыдзыстæм канд нæ ахастыты фæрцы цæфтимæ нæ, фæлæ ма нæ раздæры ахастыты хъæдгæмттимæ.

Банымадмæ гæсгæ, 60–65 проценты адæм ногæй фехалынц сæ дыккаг къайад. (Рокфорды институты информаци, Америкæйы бинонты фарстаты Центр, Рокфорд, штат Иллинойс). Йæ фыццаг бинонтæй адæймаг куыд рацæуы, уый хуызæнæй йæ дыккаг бинонтæм дæр бахизы. Йæ фыццаг бинойнагмæ цы æнæхатырдзинад фæдары, ахæмæй æмæ уый свæййы йæ дыккаг бинойнагимæ цæргæйæ къуылымпыйы хос. Иннæйы азымджын кæнгæйæ, ахæм адæм уыцы быцæутты сæ ахадындзинад нæ уынынц, сæ аиппытæ сæм нæ зынынц. Æмæ æппæты ’взæрдæр цы у, уый сын дывæр рыст ногæй бавзарын кæны.

Уыцы уавæр канд бинонтæ кæнынмæ æмæ хицæн кæнынмæ нæ хауы. Уымæй гæнæн ис, пайдагонд æрцæуа алы уавæрты дæр. Нæ аргъуанмæ æрбацыд иу адæймаг, кæцы уый размæ куыста æндæр амонæгимæ, æмæ уымæй æфхæрд баййæфта. Фæлæ рæстæг цыдис, æмæ бамбæрстон Дунескæнæгы кæй фæнды, æмæ йæ нæхимæ кусынмæ æрбахонон. Мæн уырныдта уый кæй у, йæ тæргайы сæрты хизыны фæндагыл.

Æз фæдзырдтон йæ раздæры хицаумæ, æмæ йын радзырдтон уыцы адæймаджы мæхимæ куыстмæ райсыны уынаффæйы тыххæй. Уый мæ сразæнгард кодта, уый хорз хъуыддаг кæй у, зæгъгæ, сразы ууыл. Уый хъуыды кодта, æмæ уыцы адæймаг не ’хсæн кусын куы райдайа, уæд йæ ирвæзынкæнынад æххæст

уыдзæнис. Æз та загътон сæ дыууæйæн, сæ ахастытæ схорз кæныны тыххæй кæй кувын, уый.

Куыддæр уыцы адæймаг райдыдта немæ кусын, уæд нæм уайтагъд фæзындис зындзинæдтæ. Æз ын йæ фарстатæ ’взæрстон, фæлæ мæм афтæ каст, æмæ уый кæй у рæстæгмæйы æнцойад. Цыма йæ раздæры ахастыты арæнтæй йæ бон ахизын нæу, афтæ мæм зынд. Уыдон йæ фæдыл цыдысты. Уый ма суанг мæн дæр азымджын кодта, йæ фыццаг хистæр цы кодта æз дæр афтæ кæй кæнын, уый тыххæй. Æз мæты бахаудтæн, уымæн æмæ уыцы адæймаджы удæнцойад мын кусгæйæ цы пайда æрхастаид,уымæй вазыгджындæр мын ницы уыд. Æз ын барстон, иннæ кусджытæй уæлдай, уымæн æмæ мæ тынг фæндыд йæ дзæбæхдзинад фенын.

Æрмæстдæр дыууæ мæйы рацыд, йæ куыстæй йæ сисыны курдиаты гæххæтт мæм куы æрбахаста, уæдæй фæстæмæ. Уый йæхи хатыд раздæр цы уавæры уыд, ахæмæй. Цæугæ цæуын мын загъта: «Джон, æз никуыуал кусдзынæн æндæр чырыстон аргъуаны».

Æз æй бафæдзæхстон, æмæ кастæн куыд фæцæйцыд, уымæ. Мах æй йæ бинойнагимæ уарзæм. Æнкъард уый у, æмæ йæ курдиат уыд цы ныууагъта, уыцы архайдмæ гæсгæ, фæлæ уый нæ амоны, æмæ æндæр исты хъуыддаджы нæ уыдзæн ’нтыстджын.

Æз хатыдтæн тыхстдзинад йæ ацыды фæстæ, æмæ райдыдтон Хуыцауы агурын: «Афтæ тагъд цæмæн ацыд, уыцы куыст ын раст бынатыл куы банымадтам, уæд?».

Цалдæр къуырийы фæстæ Хуыцау иу куырыхон аргъуаны хистæр, мæ хæларæй спайда кодта, цæмæй уыцы фарстæн æз дзуапп радтон· Хуыцау бирæ хæттыты лæвæрдта адæмæн быцæудзинады уавæртæй æмбæхсын· Йæ бархъомысы фæрцы хъуамæ ахызтаиккой æмæ сæ зæрдæйы хибахизыны уынаффæ бакодтаиккой·

Уый фæстæ мын дæнцæгæн æрхаста Илиайы царды

хабар, кæцы алыгъдис Иезавелийæ (3 Паддз. 18,19). Илиа нып мæлæтæй бафхæрдта дыууæ мæнгпехуымпары Ваалайы æмæ Астарты. Уыцы адæм бæстыхай гуымиры кувынадмæ чи æркодта, хордтой Иезавелийы фынгæй. Иезавель уый куы фехъуыста, уæд иу боны дæргъы Илиайы амарыны тыххæй æртхъирæн кодта...

Хуыцауы фæндыд, цæмæй Илиа йæ ныхмæ рацæуа, фæлæ уый бæсты уый фæлыгъдис. Уый уыд, ахæм катайы, æмæ йæхицæн куырдта мæлæт. Йæ бон нал уыд Хуыцауы фæндон æххæст кæнын, уымæн æмæ уыд тасы мидæг. Хуыцау æм Йæ Зæды арвыста, цæмæй йын дыууæ кæрдзыны бахæрын кодтаиккой, æмæ йын фадат радта дыууиссæдз æхсæв æмæ боны дæргъы Хоривы хохы уæвынæн.

Уырдæм куы бахæццæ, уæд Хуыцауы фыццаг фарст уыд: «Ам цы кусыс, Илиа?» Æнахуыр фарст! Хуыцау ын йæхæдæг радта хæрд уыцы фæндагæн, цæуыны бар ын радта, æрмæст уый тыххæй, æмæ йæ цæмæй хохы сæр бафæрса: «Ам цы кусыс?», зæгъгæ. Хуыцау зыдта, Илиа кæй сфæнд кодта зын уавæрæй алидзын. Уый йæ бауагъта афтæ бакæнын, кæд æмæ Йæ фыццаг пълан нæ уыд, уæддæр.

Уый фæстæ Илиайæн загъта: «Аздæх фæстæмæ Дамаскы алыварс æдзæрæг быдыртæм, æмæ Дамаскмæ куы бацæуай, уæд–иу уым байсæрд Хазаелы æмæ йæ скæн Сирийы паддзах. Уый фæстæ–иу байсæрд Намесийы фырт Иуйы, æмæ йæ скæн Израилы паддзах. Авелмехолæйаг Сафаты фырт Елисейы дæр–иу байсæрд æмæ йæ пехуымпар скæн дæ бæсты» (3 Паддз. 19:15).

Елисейы æмæ Ииуйайы лæггадкæныны фæрцы, уыцы успаддзах æмæ йæ æнæзакъон æхсæнадон фæткæн æрцыд кæрон (4 Паддз. 9, 10). Уыцы хæслæвæрд кæронмæ Илиайы къухæй не ’рцыдис конд, фæлæ йæ фæстиуджытæй, кæцыты йын Хуыцау бахæс кодта йæ бæсты байсæрын.

Уыцы аргъуаны хистæр мын загъта: «Кæд æмæ мах нæ

зæрдæты фидар уынаффæ бакодтам зынуавæртæн быхсынæн, уæд нæ Хуыцау æцæгæй дæр уыдонæй ссæрибар кæндзæн, кæд æмæ Йæхи бархъомыс раст нæу, уæддæр».

Фæстæдæр мæ зæрдыл æрбалæууыд Нымæцты чиныгæй 22–аг сæргонды хай, уый хуызæн хъуыды кæм æвдыст цæуы, уый· Валаамы фæндыд Израилы ралгъитын стыр хорзæхы тыххæй·

Уый бафарста фыццаг хатт Хуыцауы, гæнæн ис æмæ ацæуа, æмæ йын Хуыцау равдыста, йæ бархъомыс кæй у Вааламæн, цæмæй Валакы минæвæрттимæ ма ацæуа· Моавитаг æлдæрттæ куы ’рбаздæхтысты ноджы фылдæр æхца æмæ цытимæ, уæд та Валаам ногæй бадзырдта Хуыцаумæ· Куыд æдылы уыдис хъуыды кæнын, æмæ Хуыцау йæ ныхас аивдзæн, Вааламæн фылдæр æхца æмæ цыты лæвæрттæ кæй ’рбахастой, уый тыххæй· Фæлæ йын ацы хатт Хуыцау загъта, цæмæй семæ ацæуа· Уæдæ цæмæн фæивта Хуыцау йæ уынаффæ?

Дзуапп у ахæм: «Хуыцау йæ уынаффæ æппындæр нæ фæивта· Валаам афтæ тынг сфæнд кодта цæуын, æмæ йын Хуыцау уыцы бар радта· Уымæн æмæ йæ маст ссыгъдис Вааламы ныхмæ, уый моавиттаг æлдæрттимæ кæй ацыд, уый тыххæй·

Мах бон у Хуыцауы фæлмæцын кæнын, Йæ бархъомыс нын бæлвырдæй цæй тыххæй равдыста, уымæй· Æппынфæстагмæ нын бар ратдзæн цы нæ фæнды, уый бакæнын, Йæ сæйраг пъланимæ ныхмæлæууддзинад куы уа, махæн æнæпайда куы уа, уæддæр·

Арæх нын Хуыцауы пълан æвзарын кæны æфхæрд æмæ уайдзæфтæ, æмæ ахæм ахаст нæ зæрдæмæ нæ цæуы· Фæлæ æцæгæй та, мах лидзæм фидардзинад нын цы æрбахæсдзæн, уымæй·Кæд мах нæ фæнды не ‹фхæрды хъуыддаг равзарын, уæддæр уымæй не ссæрибар уыдзыстæм уыцы зындзинадæй· Уый нын æрмæст рæстæгмæйы æнцондзинад ратдзæн· Зындзинады аххосаг та йæхæдæг баззайдзæнис æнæвнæлдæй·

Мæхи фæлварæн, куыстмæ цы æрыгон лæппуйы райстон,

уый мын хорз зонд бацамыдта. Нæй хорз ахастытæ саразын ахæм адæймагимæ, кæцы йæ раздæры ахастытæ маст æмæ тæргайимæ аскъуыддзаг кодта, ирвæзынкæнынад. Уыцы лæппу дзырдта, йæ раздæры хистæрæн кæй ныббарста, афтæмæй та уый æцæг нæ уыд.

Уарзондзинад рох кæны æппæт æфхæрдтæ æмæ уайдзæфтæ, цæмæй фидæнмæ ныфс æвæрд æрцæуа. Кæд æмæ мах æцæгæйдæр фæуæлахиз стæм, нæ тæргайдзинадыл, уæд зæрдиагæй райдайæм агурын фидыддзинад. Гæнæн ис, æмæ нырма не ’рцыд уыцы рæстæг, фæлæ нæ зæрдæты мах агурдзыстæм мадзæлттæ нæ ахастытæ фæстæмæ раздæхынæн.

Иу куырыхон æмбал мын фæстæдæр загъта: «Ис иу зæронд æмбисонд, кæцы дзуры: «Æхсырæй чи басудзы, уый доныл дæр фу кæны». Цал æмæ цал адæймаджы тæрсынц абон уазал донæй, кæцы сæ аног кæндзæн, фæлæ кæддæр тæвд æхсырæй кæй басыгъдысты, уый ныххатыр кæнын, сæ бон нæу.

Йесойы фæнды нæ хъæдгæмттæ нын сдзæбæх кæнын. Фæлæ Йæ арæх нæ бауадзæм, уыцы фæндаджы зындзинæдты тыххæй. Уый у сабырдзинады æмæ удуæлдайы къахвæндаг, кæцы нæ кæны сдзæбæхдзинадмæ æмæ уды цæттæдзинадмæ. Мах хъуамæ рахæссæм уынаффæ иннæ адæймаджы амонд, нæхи амондæй ахсджиагдæрыл нымайын, кæд уын, уыцы адæймаг бирæ мæстытæ æрхаста, уæддæр.

Сæрбæрзонд чи у, уыдонæн уыцы фæндагыл цæуæн нæй, уым æрмæстдæр цæуынц сабырдзинад кæй фæнды, фæлæ хъодыгондæй баззайынæй тас кæмæн у, ахæмтæ. Уый у фæлварæн, кæцы ахуыр кæны сабырдзинадыл. Уый у цардмæ цæуыны фæндаг.

Хуыцауимæ уæвыны
рæстæг цы ахуыр
кæнæм, уымæн никуы
ис сахуыргæнæн адæмы
къордимæ

# 7 СÆРГОНД

# ÆУУÆНКДЖЫН БЫНДУРÆВÆРД

***Фæлæ Бардар Дунедарæг афтæ зæгъы:***
***«Æз Сионы хохыл сæрæвæрæнæн æвзæрст***
***зынаргъ дур сæвæрдзынæн, æмæ Йыл чи***
***æууæнды – нæ фæтасдзæни».***

**– Исаия 28:16**

«Нæ фæтасдзæни, чи Йыл æууæнды, уый». Фæтасæг адæймаг фæлдурæджджын у, уымæн æмæ йын нæй куыд æмбæлы, ахæм бындурæвæрд. Ахæм адæймаг æнцонæй райдайы дызæрдыг кæнын, æмæ уайтагъд бамбæхсы тыхст заманты æмæ тызмæг фæлварæнты рæстæг. Цæй, уæдæ, æркæсæм Симон Петрыл цы æрцыд, уымæ.

Йесо æрцыд Филиппы Кесаримæ æмæ бафарста Йæ

ахуыргæнинæгты: «…Цы дзурынц адæм Мæнæй, Адæймаджы Фыртæй, Чи, дам, у?» (Матфей 16:13).

Цалдæр ахуыргæнинаджы зæрдиагæй загътой адæмы хъуыдытæ Чырыстийы тыххæй. Йесо банхъæлмæ каст, цалынмæ дзырдтой, уæдмæ, стæй сæм бакаст æмæ сæ комкоммæ бафарста: «…Сымах та Мæ кæуыл нымайут?» (Матфей 16:15).

Мæн уырны æмæ ахуыргæнинæгтæн сæ фылдæр дзуаппыл куы хъуыды кодтой, уæд кæй уыдысты æфсæрмдзаст æмæ тарст цæсгæмттимæ. Уыдон хъуыстой цымыдисæй. Кæйдæр хъуыдытæ зæрдиагæй чи дзырдта, уыдон уайтагъд ныссабыр сты. Гæнæн ис æмæ ахæм фарстайыл фаг никуы ахъуыды кодтой. Æмæ ныртæккæ бамбæрстой фарстайæн сæм дзуапп кæй нæй.

Цыдæриддæр аразы Йесо, уый аразы хорз. Йæ фарст сын базнæт кодта сæ зæрдæтæ. Уый сæ æркодта æцæг æмбарынадмæ, кæцы сын уыд зындгонд, кæцы та æнæзонгæ. Ахуыргæнинæгтæ цардысты, иннæ адæмы хъуыдыты бындурыл æнцайгæйæ, развæлгъау нæ батыхстысты сæхи зæрдæтæ сын цы дзурынц, Чи у æцæг æгъдауæй Йесо, ууыл. Уыцы фарст сæхимæ комкоммæ никуы радтой.

Симон, кæцыйы Йесо схуыдта Петр, уыд Йæ ахуыргæнинæгты ’хсæн иунæг, йæ бон кæмæн баци дзуапп радтын ацы фарстæн. Уый загъта: «Ды Чырысти дæ, цардæгас Хуыцауы Фырт» (Матфей 16:16). Уæд ын Йесо загъта: «Тæхудиаг дæ, Ионæйы фырт Симон, уымæн æмæ дын уый адæймаг нæ раргом кодта, фæлæ Мæ Уæларвон Фыд.»

Йесо бамбарын кодта Симон Петрæн йæ раргомдзинады гуырæн кæцæй у, уый. Ацы зонындзинæдтæ Симон Петр райста иннæ адæмæй нæ, уымæн æмæ йæхимæ уыцы хъуыды не ’рцыдаит, фæлæ йын æй Хуыцау Йæхæдæг байгом кодта.

Симон Петрмæ уыдис стыр Хуыцауон бæллиц. Æрмæстдæр уый лæвæрдта Йесомæ фылдæр фарстатæ. Æрмæстдæр уый цыдис доны, уыцы рæстæджы Йæ фæлварæнмæ иннæ иуæндæс ахуыргæнинаджы куы кастысты, уæд. Уый уыд ахæм

адæймаг æмæ искæй хъуыдыимæ цæрын кæй нæ фæндыд. Уый фæндыд алцыдæр æрмæстдæр Хуыцауы дзыхæй хъусын. Уыцы æргомдзинад, Сыгъдæг Уды ’руаджы Йесойы базонын æм æрцыд йе ’нкъарæнты фæрцы нæ, фæлæ йын уыд лæвар, уый йын рухс бауагъта йæ зæрдæмæ, удварны дойны басæттыны дзуаппæн. Бирæтæ федтой уыцы æвдисæн Симон Петрау, фæлæ сæ зæрдæты нæ уыд Хуыцауы фæндон базоныны бæллиц.

Иоанны фыццаг æрвыстæджы (2:27) дзырдæуы: «Æниу, сымах Уый схайджын кодта Йæ Удæй· Уыцы Уд цæры уæ зæрдæты, æмæ, исчи уæ ахуыр кæна, уый хъуаг не стут· Уыцы Уд уын амоны алцыдæр, ахуыр уæ кæны, мæнг цы у, ууыл нæ, фæлæ æцæгадыл· Уæдæ уын Чырыстиимæ уæд иудзинад, Уд уæ куыд сахуыр кодта, афтæ».

Хуыцауы Уд ахуыр кодта Симон Петры. Уый байхъуыста иннæтæй чи цы загъта, уыдонмæ, æмæ уый фæстæ ныккаст йæ уды арфмæ, Хуыцау ын цы байгом кодта, уымæ. Хуыцау уын кæй раргом кодта, уыцы зонынад куы райсат, уæд сымах никуы уыдзыстут дызæрдыджы. Уымæн æмæ уын Хуыцау исты куы раргом кæны, уæд æнæхъæн дуне цы фæдзурынц, уымæн нысаниуæг нал вæййы. Уæ зæрдæ уын ничи аивдзæн.

Уый фæстæ Йесо загъта Симон Петрæн æмæ иннæ ахуыргæнинæгтæн:

«Ацы къæдзæхдурыл (ома, Хуыцауæн Йæхи æргомдзинады) Æз сараздзынæн Мæ Аргъуан, æмæ йæ зындоны тыхтæ нæ басæтдзысты...» (Матфей 16:18).

Мах бæлвырдæй уынæм Сыгъдæг Удæй æргомгонд Хуыцауы ныхас, кæцыйæн ис фидар бындур (уыцы бæлвырд цауы, уый уыд Петры æмбарынад, Йесо кæй у Хуыцауы Фырт).

## ДЗЫРД ТАУЫ РУХС

Æз Хуыцауы ныхасы амоныны рæстæджы арæх фæсидын аргъуанты хицæн адæймæгтæм, цæмæй мæ фæрцы хъусой Хуыцауы хъæлæс· Фылдæр хатт цыбырæй фæфыссæм аргъуаны

кусæджы ныхас, фæфыссæм æрмæстдæр уый, æмæ нын цы радзырдта аргъуаны лæггадгæнæг. Уый мах æмбарæм Фысты фæрцы, æмæ йæ райхалын у æрмæстдæр куыд интеллектуалон зонæн.

Кæд мах интеллектуалон зонæнты хицау стæм, уæд мах:

– кæнæ бахауæм æгæр æнкъарæнты;

–кæнæ нæхи сцагъар кæнæм нæ зондæн.

Фæлæ ацы дыууæ уавæры не сты ’ууæнчы бындур, уыдоныл Йесо нæ аразы Йæ Аргъуан. Уый загъта, Библийы бынæттæ æнæкæсгæйæ сахуыр кæнынæй нæ, фæлæ йæ аргъуан арæзт цæудзæн Сыгъдæг Уды æргомады бындурыл. Аргъуаны сæрст кусæджы дзырдтæм хъусгæйæ, кæнæ чиныг кæсгæйæ, мах алы хатт дæр хъуамæ агурæм дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ, кæцытæ нын ссудзынц нæ уды. Уый у Хуыцау махæн кæй байгом кæны, ахæм дзырд. Уый нын æрхæссы рухс æмæ æмбарынад нæ удæн. Псаломтæ зарæггæнæг куыд фыссы: «Дæ ныхæсты раргомад рухс дæтты, хуымæтæг адæмы кæны æмбаргæ» (Псалом 118:130). Æрмæстдæр уæд, æмæ Йæ ныхас æргомады фæрцы уый бахизы, канд нæ зондмæ нæ, фæлæ ма бахъары нæ зæрдæтæм дæр, радты нын зонæнтæ æмæ бæлвырддзинад.

Арæх аргъуаны ныхасамонæг дзуры иу темæйыл, фæлæ Хуыцау нæ зæрдæтæн радты æндæр хъуыды. Уыимæ, Хуыцау гæнæн ис æмæ ссудза, аргъуаны лæггадгæнæг кæй дзуры, æмæ уды уайтагъд чи сгуылф кæны ахæм дзырдтæ. Цыфæнды уавæрты дæр Хуыцау мæнæн кæддæриддæр лæвæрдта Уды æргомад. Уымæн æмæ Хуыцау ивы мах, фестын нæ кæны «хуымæтæг» (æмбарынад кæмæ нæй) монон æгъдауæй цæттæ (æмбарынадæй ифтонг) адæймæгтæ. Нæ зæрдæтæ нын чи рухс кæны, уыцы дзырд Йесо куыд загъта, афтæ арæзт цæудзæн Йæ Аргъуан.

Йесо æргомад абарста Хуыцауы дуримæ. Дур нысан кæны иузæрдиондзинад æмæ фидардзинад. Æрымысут ма Йесойы æмбисонд дыууæ хæдзары тыххæй, сæ иу арæзт æрцыд

дуртæй, иннæ та змисæй· Æфхæрддзинад, хæрамдзинад æмæ хъизæмардзинад куы бавзæрстой дыууæ хæдзары, уæд змисæй чи уыд, уый, фехæлд, ныккалд, дуртæй арæзт хæдзар та нæ фæцудыдта, разынд фидар·

Иуæй иу хатт мах Хуыцауæй цы фæфæнды фехъусын, уый ссарæн нæ вæййы Библийы. Махæн Библийы, зæгъæм, нæ бон ссарын нæу мæнæ ахæм фарста; куыд ис ракурæн, мах кæм хъуамæ кусæм, кæнæ кæцы аргъуаны хъуамæ уæм, уый· Æмæ ахæм фарстатæ сты тынг бирæ· Махæн нæ рæбыны хъуамæ уа Сыгъдæг Уды æргомады æххуысæй ахæм уынаффætæ райсын· Хуыцауы æнæ ахæм дзырдæй нæ уынаффætæ уыдзысты змисы æмæ мæнг мæры бындурыл·

Хуыцау Йæ Сыгъдæг Удæй цы байгом кæны, уый байсæн нæй махæй· Уый хъуамæ уа бындурæвæрæн алцæмæн дæр, мах цы аразæм, уымæн· Æнæ уый мах æнцонæй фæрæдидзыстæм, тызмæг фæлварæнтæ æмæ хъизæмæрттæ куы ’рцæуой, уæд·

Æрхъуыды ма кæнут, Йесо цы загъта дзырды тыххæй: адæймаг йæ фехъуыста æмæ йæ æхсызгонæй райста, фæлæ йын æй уидæгтæ зæрдæйы нæ ауагъта, уымæн æмæ, уыцы дзырд цинæй райста æрмæст зондæй æмæ æнкъарæнтæй.

> «Дурджын ран кæй байтыдæуыди, уыдоны хуызæн та мæнæ ахæм адæм сты: дзырд куыддæр фехъусынц, афтæ йæ сæ зæрдæмæ цингæнгæ айсынц, фæлæ æнæуидаг сты æмæ сын бирæ нæ ахæссы· Тыхст рæстæг куы ралæууы, кæнæ Хуыцауы дзырды тыххæй æфхæрын куы райдайынц, уæд уайтагъд сæ уырныдзинад ныууадзынц».
>
> – Марк 4:16,17

Махæн нæ бон у æмæ æнцонæй фæивæм дзырд «уидаг» æмæ «бындур», уымæн æмæ дыууæ дæр амонынц зайæгойтæн кæнæ арæзтадæн сæ иугæндзон хъуыддаг æмæ сæ фидардзинады гуырæн. Адæймаг Хуыцауы æргомадæй бындур куы нæ сараза, уæд иугъæдон нæу, уымæн æмæ

райдайы дызæрдыг кæнын, стæй йæ маст æмæ монцты тымыгъ ахæссынц сæ уылæнтыл цардмæ.

Бирæ адæм сты ахæм уавæры, куыд Йесойы ахуыргæнинæгтæ, кæцытæм Уый радта Йæ фарст. Уыдон цæрынц, иннæтæй цы фехъуыстой, кæнæ æвдисæн кæмæн уыдысты, уыцы уырнынады хатдзæгтæй. Иннæты хъуыдытæ æмæ фæндтæ нымайынц æцæгадыл æмæ нæ агурынц раст уынаффæ, кæнæ Сыгъдæг Уды уидаг. Махæн нæ бон у расидæн, махæн Хуыцау цы байгом кодта, æрмæстдæр уый. Уæдæ мæнæ Йесо цæуыл аразы Йæ Аргъуан.

Кæддæр мемæ куыста нымæрдарæй иу куринаг чызг, уый æмбæлдис иу лæппуимæ, аргъуаны чи куыста, ахæмимæ. Æрвылбон дæр сæ ахастдзинæдтæ уыдысты æнгомæй æнгомдæр. Ииуулдæр уыдтой, уый, æмæ сæ æнæмæнг сæ ахастдзинæдтæ кæй æркæндзысты къайадмæ. Уыдон зæрдиагæй уынаффæ кодтой ацы фарстайыл.

Иу хуыцабон изæр сæм аргъуаны хистæр фæдзырдта æмæ сын загъта: «Афтæ зæгъы Хуыцау: сымах, уæ дыууæ, хъуамæ уæ цард баиу кæнат».

Дыккаг райсом мæ нымæрдар йæ кусæн уатмæ куы бацыд, уæд йæ цæсгом цины æхцон æнкъарæнтæй тæмæнтæ калдта. Æмæ мæ бафарста: «Гæнæн ис, æмæ нæ аргъуаны æмиуад скæнай», æз ын дзуапп радтон, мæнæн уый кæй уыдзæн стыр цыт. Æз сын снысан кодтон фембæлд, цæмæй рагагъоммæ семæ аныхас кæнон. Фæлæ цæмæдæр гæсгæ мæ зæрдæйы цыдæр уæззаудзинад хатыдтæн. Мæ кусæн уатмæ куы бахызтысты, уæд банкъардтон мæ уды ’нахуыр тыхстдзинад. Æз бакастæн мæ нымæрдармæ æмæ йæ бафарстон, æцæг æй зоныс æмæ ацы адæймаг уый у, Хуыцау дæуæн кæй равзæрста. Уый æнæдызæрдыгæй дзуапп радта: «О».

Уый фæстæ æз лæппуйы бафарстон: «Дæу æцæг уырны, æмæ уый Хуыцауы фæндон у, цæмæй ацы чызг де ’мкъай суа? Уый мæм сагъæсгъуызæй цасдæр рæстæг каст, уый фæстæ

йæ сæр æруагъта, батылдта йæ, æмæ уымæй равдыста йæ фæндон: «Ома, нæй, нæ мæ уырны».

Æз сæ дыууæмæ дæр бакастæн, стæй загътон лæппуйæн:

«Æз уæ æмиуад не скæндзæн. Мæнæн уæлдай нæу, кæмæй райстат уыцы æргомад æмæ уын цы загъдæуыд. Мæнæн уæлдай нæу, цал адæймаджы уын загътой: «Сымах уæ кæрæдзийы аккаг стут». Кæд дын Хуыцау дæ зæрдæйы йæ фæндон нæ байгом кодта, уæд дæуæн бар нæй ацы къайад саразын. Уый фæстæ ма æз мæ ныхас адарддæр кодтон: «Ды ус куы ракурай, æргомад нæ райсгæйæ, куы нæ дæм бахъара, уый Хуыцауы фæндон кæй у, æмæ искуы тымыгътæ куы ’рцæуой, уыдон та æнæмæнг æрцæудзысты, уæд дæм фæзындзæн дызæрдыгдзинад æмæ фарстатæ: «Цы уыдаид, æз æндæр чызджы куы ракуырдтаин, уæд? Чизоны, нæ уыдаиккой ацы лыггæнинаг фарстатæ. Æз хъуамæ мæхи бауæндын кодтаин, ацы къайад кæй уыд Хуыцауы фæндонæй. Æз æнкъарын мæхи къæппæджы».

Уæд ды ’нкъардзынæ дæхи æнæныфсхастæй, æмæ дæ бон не суыдзæн дæ къайады зауатгæнæг лыггæнинаг фарстаты æмæ зындзинæдты ныхмæ фæлæууын. Ды уыдзынæ рæдыд хъуыдытимæ.

Æз сæ арвыстон æмæ сын загътон, дарддæр ногæй æмбæлынæн кæй ницы нысаниуæг ис. Лæппу банкъардта рогдзинад. Чызг та уыд тæргай. Къуыриййы дæргъы нæ куысты бынаты уыд æндыгъд уавæр. Фæлæ æз зыдтон, уый, æмæ æцæгдзинад кæй загътон, уыцы æрыгон адæймæгтæн. Уый уыд чызгæн фæлварæны рæстæг. Кæд ын Хуыцау æцæгæйдæр загъта, ацы адæймаг суыдзæн дæ лæг, уæд хъуамæ бауæнда Хуыцауыл æмæ йын уый байгом кæндзæн æцæгдзинад, æмæ уæд нæ кæндзæн тæргай, куыд мæнмæ, афтæ Хуыцаумæ дæр. Æз ын бауынаффæ кодтон, цæмæй йæхи адарддæр кæна лæппуйæ, æмæ йын фадат радта дзуапп Хуыцауæй агурынæн. Æмæ чызг дæр афтæ бакодта.

Рацыд æртæ къуыри, æмæ мæм бахатыдысты, цæмæй ма ноджыдæр иу хатт семæ фембæлон. Æз мæхимидæг уайтагъд банкъардтон цины ’хцондзинад. Ацы хатт, мæ кусæн бынатмæ бацæугæйæ лæппу цины райгæ æнгасимæ бакаст мæнмæ æмæ загъта: «Æз ныр хорз зонын, æмæ мæнæн Хуыцау къайагæн кæй саккаг кодта, уыцы чызгыл æз иу мисхал дæр дызæрдыг кæй нæ кæнын, уый !» Авд мæйы фæстæ сæ цард баиу кодтой.

Куы йæ зонат, Хуыцау уын радта иу, кæнæ иннæ ахастдзинæдтæ, стæй бæлвырд аргъуан, уæд знагæн бирæ зындæр уыдзæн сымах уырдыгæй ратонын. Сымах Хуыцауы æргомадыл куы æнцой кæнат, уæд ахиздзыстут æппæт быцæуты сæрты æмæ сараздзыстут æвæджиауы арфæйаг хабæрттæ.

## ÆНДÆР ХУЫЗЫ ЙЫН УÆВÆН НÆЙ

Фыццаг фондз азы мæнæн дæр æмæ мæ цардæмбæлæн дæр уыдысты тынг хъизæмайраг азтæ. Мах нæ кæрæдзийæн хастам ахæм цæфтæ æмæ æфхæрдтытæ, æмæ афтæ зынди, цыма нын хъæрмуд ахастытæ нал уыдзæн, æмæ нын кæддæр цы уарзондзинад уыд, уый нал фервæзын кæндзыстæм.

Æрмæст ма нæ дыууæйы иумæ урæдта, уый: æмæ нæ дыууæ дæр хорз зыдтам нæ къайад нын Хуыцау кæй баиу кодта, æмæ уымæ гæсгæ нæ хъуыды кодтам ахицæныл. Нæ иунæг уынаффæ уыд æууæндын. Мах уырныдта, уый нæ кæй сдзæбæх кæндзæн, æмæ нæ кæй фæивдзæн. Уымæн æмæ мах нæ дыууæ дæр фидарæй уыцы бындурыл сæвæрдтам нæ ныфс, кæд нын цыфæнды риссаг уыд, уæддæр.

Мæ къухтæ æруадзон æмæ мæхи хъысмæты бæрны бакæнон, зæгъгæ, мæм иу куы æрцыдысты ахæм хъуыдытæ, уæд иу æрымысыдтæн мæ къайады тыххæй мын Хуыцау цы зæрдæвæрд радта, уый. Æмæ мæ зæрды нæ уыд Хуыцау нæ иумæйаг цæдисæн цы сарæзта æмæ нын цы снысан кодта, уый фехалын.

Хуыцауы зæрдæвæрдтæй сæ иу уыд, мæ цардæмбалимæ иумæ кæй кусдзыстæм, уый. Хуыцау мын уыцы зæрдæвæрд куы радта, уæд уыцы рæстæг ахъуыды кодтон: «Нæ дыууæйыл дæр Йæ къух кæй æвæры, уымæ гæсгæ мæнæн æнцон у Уымæн нæ иузæрдиондзинад равдисын æмæ Йын хъуыддагæй лæггад кæнын».

Æмæ кæд нæ къайады тымыгъты рæстæг мæнæн мæ бон нал уыди, уыцы зæрдæвæрд æххæстæй саразын, уæддæр æз райстон уынаффæ йемæ сразы уæвыныл. Æрдзон ныфс фесæфт, уымæн æмæ нæ къайадмæ бахаудтой быцæутæ æмæ сæрыстырдзинады мондаггæнæн мыггæтæ.

Фæлæ уæддæр мæ зæрдæйы баззадысты царды уæлмонон мыггæгтæ. Уыцы зæрдæвæрд мæнæн уыд стыр ныфс æмæ фидар бындур, уыцы уæззау бонты.

Фæцис зын заман, Хуыцау нын сдзæбæх кодта, канд нæ ахастдзинæдтæ нæ, фæлæ сæ скодта раздæрæй ноджы фидардæр. Мах фæхъæддыхдæр стæм, уыцы быцæуты, кæрæдзийæн барстам æмæ нын уыдысты пайда зæрдылдарæн йæ фæстиуджытæ. Ныртæккæ мах дыууæйæ дæр лæггад кæнæм Хуыцауæн. Æз мæ къайы нымайын, канд тынг бирæ кæй уарзын ахæмыл нæ, фæлæ ма мын у куыд иузæрион хуыздæр хæлар æмæ лæггадгæнæг, кæцыйыл æз æууæндын иннæтæй фылдæр.

Фыццаг фондз азы къайады цардæй уæззау хъизæмæртты сæрты ахизгæйæ, æз банкъардтон, æмæ Хуыцау алкæмæн дæр федта йæ рæдыдтытæ æмæ сæ нæ ахасдзинæдты ’руаджы хурмæ ракалдта.

Æз Хуыцауæн кад кодтон, уый тыххæй, æмæ Уый мах кæй баиу кодта, куыд бинотæ. Лизæйыл куы нæ ма фембæлдтæн, уæд развæлгъау куывтон кæй нæма зыдтон, ахæм чызгыл. Уыцы равзæрст мæ царды йæ ахадындзинадмæ гæсгæ уыд тынг ахсджиаг.

Æз кæй куывтон, уымæ гæсгæ æнхъæлмæ кастæн мæ къайаг мын Хуыцау кæд равзардзæн, уымæ. Æз хъуыды кодтон,

мæнæн кæй нæ уыдзæн, иннæ бинонтæм чи вæййы, ахæм зындзинæдтæ, фæлæ уымæй рæдыдтæн!

Хуыцау мын равзæрста мæ зæрдæйæн фæндиаг, чи уыд ахæм цардæмбал, фæлæ мын уыимæ байгом кодта мæ хиуарзондзинады аиппытæ, уыдон та мæм уыдысты фагæй фылдæр!

Быцæутæй алидзын, æмæ мæ бинойнаджы æппæт аххосæгты азымы дарын, уыдаид мæ аразгæ æнæрæгъæд цъар бамбæхсын – йæ ном у «тæргай».

Нæ къайады тыххæй Хуыцауы æргомад мæн бахъахъхъæдта, ахæм худинаджы лыгъдæй.

Ныртæккæ мæн фæнды мæхи иуцасдæр аиуварс кæнын ацы сæргонды хъуыдытæй.

Уæ иуæй иутæ, ацы рæнхъытæ чи кæсы, уыдон, чизоны, хъуыды кæнынц: «Æз нæ уыдтæн ирвæзт, ус куы ракуырдтон», уæд. Сымахæн Хуыцау дзуры:

«Усджын æмæ моймæдзыд чи у, уыдонæн та æз нæ, фæлæ Хицау Йесо фæдзæхсы: ус йæ мойы ма ныууадзæд. Куы йæ ныууадза, уæд та мой мауал скæнæд, кæнæ йæ моимæ бафидауæд; мой дæр йæ усæй ма ахицæн уæд…Æфсымæртæ, кæй цы уавæры æрхуыиндæуыд, алчидæр уыцы уавæры баззайæд Хуыцауы раз» (1 Коринфæгтæм 7:10,11,24).

Уадз æмæ ацы дзырд æмкъайады сарæзты фæдыл фидаргонд æрцæуæд уæ зæрдæты, цæмæй дызæрдыг ма кæнат, фæлæ баззайат фидар хъуыдыимæ. Уый фæстæ агурут Хуыцауы, цæмæй дзы райсат æргомад уæ къайады тыххæй. Уæ иуæй иутæ гæнæн ис æмæ бинонтæ сарæзтой Æнæ Хуыцауы фæндонæй, æгæрстæмæй, уырнон уæвгæйæ дæр. Цæмæй Хуыцауы хорзæхæй хайджын уа уæ къайад, уый тыххæй сымах хъуамæ æрфæсмон кæнат, ууыл, æмæ йын Йæ уынаффæ кæй нæ агуырдтат искæимæ уæ цард бабæттыны агъоммæ, æмæ уын Уый ныххатыр кæндзæн. Уæ зæрдæйы фидар бынат скæнут, æмæ дыккаг рæдыд – ахицæн кæнын, сымах не ’ркæндзæн рæстагадмæ. Масты тыххæй æмкъайады бадзырд хæлд куы

ærцæуа, уæд уый нæ уыдзæн дзуапп, фарста алыг кæнынæн· Уымæ гæсгæ уæ бинонтæн агурут Хуыцауы Дзырд·

## КЪÆДЗÆХ

Хуыцауы Дзырд, кæцы нын æргом æрцыд Сыгъдæг Уды фæрцы – у къæдзæх. Мах Ууыл хъуамæ аразæм нæ цард æмæ Йын кувæм. Тынг бирæ адæм мын дзырдтой цыбыр рæстæг цы бирæ аргъуанты уæнгтæ уыдысты, уым куыд лæггад кодтой, уый тыххæй.

Хъыг мын вæййы, куы фæуынын, Хуыцауы сывæллæттæ Хуыцауы фæдзæхстытæ æххæст кæныны бæсты, зынты бын куы фæвæййынц, уый. Уыдон ныддиссаг кæнынц уый, æмæ цас æвзæрдæр уыд уавæр, уыйбæрц уыдис æнæрастдзинæдтæ дæр, фæлæ сæ уырны, сæ хъуыды рæстаг кæй у, уый. Фæлæ сæ хъуыдытæй сæхи сайынц, æмæ сын уый фадат нæ дæтты сæхи хъæндзинæдтæ фенынæн.

Уыдон æвдисынц сæ нырыккон уавæр куывдтыты æмæ аргъуанты, куыд «рæстæгмæ»-йы, кæнæ та «уыцы бынат», кæцыран мæ Хуыцау сæвæрдта ацы афон». Æз, иу хатт фехъуыстон,иу адæймаг мын загъта: «Æз ацы аргъуанæн лæвæрд дæн цагъайрад лæггадгæнæгæй». Уыдон афтæ уымæн дзурынц, цæмæй сын дзы баззайа рахъуыззæн бынат, кæуылты сæ бон у алидзын зындзинæдтæ куы фæзыной, уæд.

Уыдонæн нæй фидар бындур, уыдон уадтымыгътæн иу бынаты нæ бафæраздзысты, сæ бон у æмæ сæ иннæ наулæууæнмæ уадтымыгъ æнцонæй ахæсса.

## КÆДÆМ ХЪУАМÆ ЦÆУÆМ МАХ?

Æрыздæхæм Йесо йæ ахуыргæнинæгты куы фæрсы, «Сымах та мæ кæуыл нымайут», зæгъгæ, уыцы цæвиттонмæ· Ам мах уынæм Симон Петры уырнонад куыд сырæзт æмæ сфидар, Хуыцау ын йæ фæнд куы байгом кодта, уый фæстæ·

Фыд æцæгдзинад куы раргом кодта Симон Петры зæрдæйæн, уæд ын Йесо загъта: «Æз дын зæгъын: ды дæ Петр, æмæ уыцы дурыл Æз сараздзынæн Мæ аргъуан, æмæ йæ зындоны тыхтæ нæ басæтдзысты» (Матфей 16:18).

Йесо радта Симонæн ном – Петр. Уый у ахсджиаг, уымæн æмæ ном Симон амоны «хъусын», ном Петр (у бердзенаг ныхас *петрос*) та амоны «дур». Уый фехъуыста Хуыцауы ныхас æмæ сфидар ис йе 'ууæндындзинад Хуыцауыл. Хæдзар, кæцы дуртæй арæзт æрцыд къæдзæхыл, уый бафæраздзæн цыфæнды уадтымыгътæн дæр.

Дзырд «къæдзæх» ацы бынаты райгуырд бердзенаг дзырд петрæй, уый амоны «егъау дур». Йесо дзуры Симон Петрæн, ныр Симон фидар кæй у къæдзæхау, кæцыйыл хъуамæ арæзт æрцæуа хæдзар.

Фæстæдæр Петр фыста йæ фыстæджы: «Æмæ сымах дæр, удæгас дуртау, уæхи раттут Хуыцауæн уæхицæй лæггады хæдзар самайынæн...» (1 Петр 2:5). Дур, уый у егъау къæдзæхы чысыл хай. Хуыцауы Раргомады ис фидардзинад æмæ тых, стæй адæймаджы цард, кæцы æрхæсдзæн дыргъ. Уыцы адæймаг стыхджын Уый фидарæй, Кæцы у Хуыцауы Удæгас Дзырд – Йесо Чырыстийы мæсыг.

Апостол Павел йæ фыццаг фыстæджы коринфæгтæм (3:11) фыссы: «Бындур æвæрд у æмæ æндæр бындур сæвæрын никæй бон у, уымæн æмæ æвæрд бындур Йесо Чырысти у». Мах Уый фæагурæм Хуыцауы удæгас Дзырд, уый нын раргом уыдзæн æмæ мах сфидар уыдзыстæм уырнондзинады.

Йæ фæстаг бонтæ Йесо зæххыл куы 'рвыста, уæд йæ ахуыргæнинæгты уавæр цæхгæр фæвазыгджындæр. Дины фæтæгтæ æмæ иудейтæ зылдысты Йесойы фæдыл æмæ Йæ хъавыдысты амарынмæ (Иоанн 5:16). Йæ фæстæ чи цыдис, уыцы адæм та агуырдтой хорз фадат, æнхъæлдтой уыцы рæстæг æрцыд, æмæ Йæ тыххæй паддзахæй сæвæрынмæ хъавыдысты. Йесо уый куы базыдта, уæд не сразы и æмæ Йæхи

айста уырдыгæй (кæсут Иоанн 6:15).

«Уый афтæ цæмæн саразта? – дис кодтой ахуыргæнинæгтæ. – Уый уыд æцæг гæнæн Уымæн, æмæ махæн дæр». Æмæ тасы бацыдысты. Уавæр кодта карздæр.

«Мах ныууагътам нæ хæдзæрттæ æмæ нæ куыст, цæмæй ацы Адæймаджы фæдыл ацæуæм, Йæ сæраппондæн алцы дæр æрхастам нывондæн. Мах æуууæндæм – Уый у фидæны Мессиа (Чырысти). Аргъауæг Иоанн ууыл дзырдта, Симон Петр та йæ Филиппы Кесарийы сбæлвырд кодта. Махæн ис дыууæ æвдисæны. Фæлæ Уый цæмæн мæстджын кæны ныры фæтæгты? Цæмæн къахы Уый Йæхицæн уæрм? Цæмæн дзуры махæн, Йæ ахуыргæнинæгтæн, ахæм карз ныхæстæ?...«О, æнæуырнæг æмæ хæлд фæлтæр! Цас ма уыдзынæн уемæ?»

Йесойы фæстæ цæугæйæ, алцыдæр чи ныууагъта, уыцы адæмы зæрдæты маст уæлæмæ цыд. Уый фæстæ уавæр ссис ноджы æвзæрдæр. Йесо сын хъусын кодта, цыма, мæнг ахуырад: «Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: Адæймаджы Фырты Буар куы нæ хæрат æмæ Йын Йæ Тугæй куы нæ нуазат, уæд уæм цард нæ уыдзæн…» (Иоанн 6:53).

«Ай нын цытæ хъусын кæны? – хъуыды кодтой уыдон, – уый æгæр у!» Æмæ уый нырма кæрон нæу. Уый æппæт уыдæттæ загъта Капернаумы синагогайы разамонджыты раз! Фæлæ сын уый уыд тынг зын бамбарæн.

> Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ уыцы ныхæстæ куы фехъуыстой, уæд дзырдтой: «Цы æнахуыр ныхас кæны! Уыдæттæ хъусын кæй бон у?!».
>
> – Иоанн 6:60

Диссаг уыд Йесойы дзуапп:

> «Йæ ахуыргæнинæгтæ ууыл кæй хъуыр–хъуыр кодтой, Йесо уый æнæ зæгъгæйæ дæр зыдта æмæ сын загъта: уый уæ къуылымпы кæны?»
>
> – Иоанн 6:61

Уыдон Йæ ахуыргæнингæгтæ уыдысты! Уый зоны, иуæй иутæ сæ царды уаг кæй арæзтой тæссонд бындурыл æмæ Уый æргом кæны уыцы бындуры мæнгдзинад æмæ фадат дæтты сæ зæрдæты æцæгады арф фенынæн. Фæлæ иууылдæр ахæмтæ нæ уыдысты, куыд Симон Петр, кæнæ иннæ ахуыргæнинæгтæ, кæцыты тынг фæндыд рæстдзинад базонын. Бакæсут ма сæхи куыд æвдыстой, уымæ:

> «Уыцы рæстæгæй фæстæмæ Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ Уымæй адард сты æмæ Йемæ нал цыдысты».
>
> – Иоанн 6:66

Уæ хъус ма æрдарут, уыдонæй «бирæтæ» ахæмтæ уыдысты, кæцытæ æвæстиатæй дзуапп радтой Филиппы Кесарийы, Йесойы кæуыл нымайынц: «Иутæ - Аргъауæг Иоанныл, иннæтæ – Илиайыл, аннæтæ та – Иеремийыл, кæнæ пехуымпартæй иуыл» (Матфей 16:14).

Уыдонæн сæ царды бындур нæ уыд Хуыцауæй æргомгонд.

Хъыгдзинад ахуыргæнинæгты ’ркодта уымæ æмæ, – адард сты рæстдзинадæй, хъуыды кодтой, цыма сæ фæсайдтой. Уыдонæн сæ бон нæ уыд æцæгад фенын, уымæн æмæ се ’ргом аздæхтой сæ хиуарзондзинады бæллицтæм.

> Ныр та æркæсут Симон Петрмæ, Йесо йæ дыууадæс ахуыргæнинаджы куы базылын кодта, уыцы рæстæгмæ: «...Йесо загъта дыууадæсæн: «Сымах дæр фæнды Мæ ныуудзын?» Симон Петр Ын дзуапп радта: «Хицау, мах кæмæ фæцæуæм? Дæумæ сты мыггагмæйы цард дæттæг ныхæстæ. Мах бауырныдта æмæ базыдтам, Ды – Чырысти кæй дæ, цардæгас Хуыцауы Фырт».
>
> – Иоанн 6:67–69

Йесо уыцы адæмæн нæ лæгъстæ кодта: «Курын уæ, ма ацæут Мæнæй. Æз ныртæккæ фæцух дæн Ме ’мкусджыты фылдæр хайæ. Æнæ сымах Æз цы араздзæн?» Нæй, Уый сæ бафарста:

«Нæ уæ фæнды æмæ сымах дæр Мæнæй адард уат?»

Бафиппайут, куыд сдзуапп кодта Симон Петр, кæд æмæ уымæн дæр иннæтау йæ бон уыд фæхъыг кæнын, фæлæ уый загъта: «Хицау, мах кæмæ фæцæуæм?»

Цы фехъуыста, уый йæ, чи зоны, къæмдзæстыгдзинады уацары баппæрста, фæлæ йæм цы зонындзинæдтæ уыд, уыдон нæ уыдысты иннæтæм. Филиппы Кесарийы Петр райста æргомад, Йесо æцæгæйдæр чи у – «Цардæгас Хуыцауы Фырт» (Матфей 16:16).

Æмæ ныр, фæлварæнты арты, загъта йæ зæрдæйы арфы цы уыд, уый:

… «Æмæ мах бауырныдта æмæ базыдтам, Ды – Чырысти, Æгас Хуыцауы Фырт кæй дæ, уый».

Адон сты уыцы ныхæстæ, кæцыты уый радзырдта Филиппы Кесарийы. Уый уыд дур æмæ æвæрд æрцыд Хуыцауы удæгас Дзырды фидаргонд къæдзæхыл. Петр Йесойæ нæ ацыд тæргайæ æмæ зæрдæхудтæй.

## ЦАРДЫ УÆЗЫ БЫН ХИ КУЫД ДАРГÆ У

Æз арæх фæдзурын – тызмæг фæлварæнтæ сбæлвырд кæнынц адæймаджы æцæг уавæр. Æндæр ныхæстæй, уыдон бæлвырд кæнынц, цавæр дæ монон ахастыты. Уыдон æргом кæнынц уæ зæрдæйы æцæг уавæр. Уæхи куыд дарут царды уæзы бын уæвгæйæ, уый бæлвырдæй сбæрæг кæндзæн уæ уды ’цæг мидис.

Гæнæн ис æмæ уын уа бæрзонд, фондзуæладзыгон рæсугъд бæстыхай, налмас дуртæй æмæ аивадон мадзæлттæй фæлгонцгонд, фæлæ змисыл арæзт. Цалынмæ арв сыгъдæг уа, уæдмæ уый уыдзæн æвæджиауы тых æмæ фидар галуаны хуызæн.

Гæнæн ис æмæ уыцы бæстыхайы фарсмæ уа хуымæтæг, иууæладзыгон хæдзар. Уый гæнæн ис æмæ зынгæ дæр ма

кæна, уа фыдуынд йæ фарсмæ лæууæг рæсугъд бæстыхаимæ абаргæйæ. Фæлæ уый арæзт æрцыд æндæр æрмæджытæй, кæцытæ сымах нæ уынут – дурты бындурыл.

Цалынмæ уадтымыгътæ нæй, уæдмæ фондзуæладзыгон хæдзар у бирæ зæрдæмæдзæугæдæр... Фæлæ йыл карз уаддымгæтæ сæхи куы ныццæвынц, уæд ныккæлы. Уый гæнæн ис æмæ фæлæууа, иу цалдæр чысыл уаддымгæйы ныхмæ, фæлæ нæ бафæраздзæн карз тымыгътæн. Уыимæ хуымæтæг иууæладзыгон хæдзар лæудзæн. Уымæн æмæ агъуыст куыд егъаудæр у, афтæ æвирхъаудæр æмæ бæрæгдæр вæййы йæ ныккалд.

Аргъуаны иуæй иу адæймæгтæ дæр сты ахуыргæнинæгты хуызæн, кæцытæ афтæ тагъд дзуапп лæвæрдтой Филиппы Кесарийы, фæстæдæр та сын сæ хабæрттæ хурмæ калд æрцыдысты. Уыдон гæнæн ис æмæ фондзуæладзыгон бæстыхайы хуызæн уой чырыстæттæ, æвдисой рæсугъддзинад, размæдзыд æмæ фидардзинад. Уыдонæн сæ бон у бафæразой чысыл æмæ уымæй фылдæр тымыгътæн. Фæлæ карз уад куы сыста, уæд сæ хъуыдытæ суыдзысты бирæ бæлвырддæр.

Бауырнæт уæ уый, æмæ иннæтæ куыд дзурынц афтæ нæ, фæлæ сымах уæ цард аразут Хуыцауы Дзырды æргомдзинадыл. Дарддæр агурут Дунедарæджы æмæ йæм зæрдæйæ базонут. Ма аразут æмæ ма дзурут, ахæм цыдæртæ, кæцытæ дзурынц æмæ аразынц иннæтæ. Агурут Хуыцауы æмæ фидар лæуут, уæхи зæрдæйы цы сфидар, ууыл!

Знаг уæ ныууигъы, цæмæй
бабын уат. Хуыцауæн та
æндæр нысан ис.

# 8 СÆРГОНД

# ЦЫДÆРИДДÆР ФÆЦУДИНАГ У, ФÆЦУДДЗÆН

***«…æмæ та ныр дæр дзырд радта: «Ноджы ма иу хатт нынкъусдзынæн канд зæхх нæ, фæлæ арв дæр». Ныхæстæ «ноджы ма иу хатт» æвдисынц, цы сфæлдыстæуыд, уый кæй нынкъуысдзæн æмæ йæ кæй аивдæуыдзæн, цæмæй мыггагмæ баззайа, æнæфæцудгæ цы у, уый».***

**– Дзуттæгтæм 12:26,27**

Раздæры сæргонды мах сбæлвырд кодтам, Хуыцауы Дзырды раргомад кæй у Йесо Йæ аргъуан кæм аразы, уыцы бындур. Мах федтам, куыд Симон Петр баззад Йесоимæ, йæ ахуыргæнинæгтæ дзы тæргай æмæ мæстæлгъæдæй куы адард сты, уыцы заман. Æгæрстæмæй, Йесо Симон Петрæн фадат куы радта ацæуынæн, уæд ын уый дзуапп радта, йæ зæрдæйы арфы чи сфидар сты, уыцы ныхæстæй.

Ныртæккæ та бакæсæм Симон Петры дыккаг фæлварæнмæ, Йесойыл гадзрахатæй куы рацыдысты, уымæ.

Йесо Йæ дыууадæс ахуыргæнинагимæ изæры Хуыцаумæ кувгæйæ куы бадт, уæд загъта иу диссаджы ныхас: «Мæнæ Мæ уæйгæнæг Мемæ иу фынгыл бады. Адæймаджы Фырт фæивгъуыйы, нысангонд Ын цы фæндаг у, ууыл. Фæлæ сар йæ сæр, гадзрахатæй Йыл цы адæймаг рацæуа, уымæн» (Лука 22:21,22).

Уæдæ абон мах зæгъиккам уый, æмæ Йесо ахæм ныхас ракæныны фæстæ «баппæрста рæмудзæн».

Йесо рагацау зыдта, гадзрахатæй йыл кæй рацæудзысты, уый, фæлæ Йæ ахуыргæнинæгтæ фехъуыстой фыццаг хатт. Уæ цæстытыл ма ауайын кæнут уыцы æвирхъаудзинад, ахуыргæнинæгтæй дзаг бынаты Уый куы загъта, уæд. Диссаг уыд йæ быхсындзинад, æппæтæй раздæр Йемæ чи уыд, Йæ удмæ тынг хæстæг чи лæууыд, уыцы ахуыргæнинаг æй ауæй кæндзæн.

Тыхстхуызæй уыдон «уæд райдыдтой кæрæдзи фæрсын, Йæ уæйгæнæг чи у, зæгъгæ» (Лука 22:23). Уыдон дисы бахаудысты ууыл, æмæ сæ искæмæн йæ бон суыдзæн гадзрахатæй рацæуын. Фæлæ сын уыцы ныхæсты раргом кæныны фæндтæ сыгъдæг нæ уыдысты. Мах зонæм сæ ныхас куыд фæцис, уый. Уыдон уæйгæнæджы агурыныл ныллæуыдысты сæ хиуарзон æмæ хъалдзинады аххосæй. Бакæсут ма Сыгъдæг Фысты бынатмæ:

«Рауад сæм быцæу дæр, уæлдæрыл нымад сæ чи хъуамæ уа, ууыл» (Лука 22:24).

Уæ цæстытыл ма ауайын кæнут, уый: Йесо сын загъта, мæнæ Йæ ныр хъуамæ радтой хистæр сауджыны къухмæ марыны тæрхон Ын рахæссыны тыххæй, æмæ Йæ уый фæстæ ратдзысты ромæгты къухтæм, цæмæй Йæ уыдон бафхæрой, фæнæмой æмæ Йæ амарой. Æмæ уыцы хъуыддаг чи сараздзæн, уый бадт Йемæ иу фынгыл.

Ахуыргæнинæгтæ райдыдтой бæлвырд кæнын, райдыдтой

быцæу кæнын, чи сæ у уæлдæр. Уый уыди æлгъаг ми – уыдысты, цыма сæ фыды бынтыл быцæу кодтой, ахæм сывæллæттау. Уыдон не ’ндæвта Йесо, уыдон сæ удæй артцæгъдгæйæ тырныдтой æлдариуæгмæ æмæ стыр кадмæ. Уый уыд зæгъæн дæр кæмæн нæй, ахæм хиуарзондзинад!

Æз Йесойы бынаты куы уыдаин, уæд сæ, гæнæн ис, æмæ бафарстаин, сымах фехъуыстат, æз уын цы загътон, æмæ уæм исты бахъардта? Ам мах уынæм уыцы цæвиттон, Ахуыргæнæг стыр уарзт æмæ быхсынадимæ Йæ ахуыргæнинæгтæм куыд кæсы, уый.

Нæ фылдæр хай Йесойы бынаты загътаиккой: «Сымах иууылдæр, ардыгæй ахъуытты ут! Ай, у мæнæн æвæджиауы фæлварæны сахат, сымах та хъуыды кæнут æрмæстдæр уæхи тыххæй». Цахæм быхсындзинад хъæуы, æвæдза, мæстылгъæд уæвынæн!

Махæн нæ бон у базонын, чи райдыдта ацы быцæу ахуыргæнинæгты ’хсæн – Симон Петр, уымæн æмæ уый у къорды æппæты зынгæдæр ахуыргæнинаг, æмæ уый кæддæриддæр дзырдта фыццаг. Уый, гæнæн ис, æмæ иу арæх иннæттæн сæ зæрдыл æрæфтыдта, кæй уыд иунæг, кæцы ацыд доны, кæнæ гæнæн уыд, æмæ æрымысыд, фыццаг хатт уый кæй райста Йесо Хуыцауы фырт кæй у, уыцы æргомад. Уый фæстæ, гæнæн ис, æмæ сын дзырдта Йесойы, Моисейы æмæ Илиайы, стæй Хуызивæн хохы фыдæвзарæнты тыххæй.

Петры уырныдта, дыууадæсы ’хсæн æппæты цытджындæр кæй уыд, уый. Фæлæ уыцы уырнынад нæ уыд уарзты бындурыл. Йæ бындур уыд хъалдзинад.

Йесо сæм бакасти æмæ сын бауайдзæф кодта, зæгъгæ, сæхи Паддзахады хъæбулты хуызæн нæ, фæлæ а–дунейы адæмы хуызæн кæй дарынц, уый:

«…Паддзæхтæ хицауиуæг кæнынц адæмтыл, æмæ адæмтыл йæ бар кæмæн цæуы, уыдон сæхи хонынц хæрзгæнджытæ. Сымахмæ та афтæ ма уæд, фæлæ, уе ’хсæн хистæр чи у, уый

йæхи афтæ дарæд, цыма кæстæр у, барджындæр чи у, уый та – цыма лæггадгæнæг у. Фынгыл бадæг уæлдæр у, æви кæстæриуæггæнæг? Фынгыл бадæг уæлдæр нæу, æви? Æз та уын кæстæриуæггæнæгау дæн» (Лука 22:25–27).

## НЫСАН – БАЛУАРЫН

Кæд æмæ Симон Петр райста æргомад Йесо чи у, уый тыххæй, уæддæр æм нырма нæ уыд Чырыстийы сæрныллæгдзинад. Уый йæ цард арæзта æмæ лæггад кодта, арæзтадон æрмæджыты хуызы раздæры уæлахизтæ æмæ сæрбæрзонддзинады миниуджытæй. Павел нæм сиды, цæмæй «алчидæр лæмбынæг кæса, куыд аразы, уымæ» (кæсут Коринфæгтæм 3:10).

Симон Петр нæ пайда кодта сæрмагонд æрмæджытæй Хуыцауы паддзахадæн æнæмæнгхъæуугæ чи уыд, фæлæ ахæм миниуджытæй, куыд тыхджын ныфсхаст æмæ сæрбæрзонддзинад. Йæ уды конд хъуамæ Хуыцауы паддзахадæн дзуапп лæвæрдтаид. Фæлæ уал, уый æнцой кодта «хъал царды цæстæй кæсын» (кæсут 1 Иоанн 2:16).

Хъалдзинад Петры никуы бауагътаид йæ хæс сæххæст кæнын, Чырыстийы куыд фæндыд, афтæ. Йæ хъалдзинад æссæстгонд куы нæ æрцыдаит, уæд ын йæхи фæстагмæ скуынæг кодтаит. Хъалдзинад у, Люцифермæ чи уыд – Хуыцауæй байсæрст херувиммæ, ахæм аипдзинад; уыцы тæригъæд æй æркодта сæфтмæ (кæсут Иезекил 28:11–19).

Ныр та æркæсут, Йесо цы дзуры Симон Петрæн:

> «Симон, Симон, сайтан бар ракуырдта, цæмæй уæ дымгæмæ ныддара æмæ мæнæу зыгуымæй фæхицæн кæна!»
>
> – Лука 22:31

Хъалдзинад байгом кодта знаджы æрбацыдæн дуæрттæ, цæмæй «балуара» Симон Петры. Дзырд «луарын» тæлмацгонд æрцыд бердзенаг дзырд *синиазойæ*. Уый амоны «луарын»,

сыхырнайы тилын; ома мæстджынæй мидзæрдæйы кæйдæр уырнондзинадæн быхсын, кæцы йæ æркæны сæфтмæ·

Йесомæ нырыккон аргъуанты чи ис, уыцы бирæ адæмтау ахæм æмбарындзинад куы уыдаит, уæд Уый загътаит: «Цæй æмæ бакувæм, хæлæрттæ, æмæ сбæттæм хæйрæджы æрбабырст. Мах нæ бауадздзыстæм сайтанæн уый саразын нæ уарзондæр Симонимæ». Фæлæ, ма æркæсут, цы загъта, Уый æцæгæйдæр:

> «…Фæлæ Æз куывтон дæу тыххæй, цæмæй дæ уырнындзинад ма слæмæгъ уа. Фæстæмæ Мæм куы раздæхай, уæд–иу сфидар кæн де ’фсымæрты уырнындзинад».
>
> – Лука 22:32

Йесо нæ куывта уый тыххæй æмæ Симон Петр йæхи бахызтаит æвирхъаудзинадæй, суанг йе ’рхауды онг. Уый куывта, цæмæй ма фæкъаддæр уыдаит йæ уырнондзинад уыцы уæззау фæлварæнты. Йесо зыдта, уый ’руаджы Симон Петрмæ кæй райгуырдзæн ног удыхъæд, цæмæй сæххæст кæна йæ нысан æмæ сфидар кæна йе ’фсымæрты.

Сайтан бар куырдта, цæмæй Симон Петры афтæ тынг нынкъуыстаид, æмæ Симон Петр йæ уырнондзинад куыд фесæфтаид. Йæ нысан знагæн уыд, цæмæй æвæджиауы гæнæнтæ кæмæн уыд, уыцы лæджы бабын кодтаит. Фæлæ Хуыцау рагагъоммæ зыдта ацы æвирхъаудзинады фæстиуæг, æмæ æрвылхаттау фæраздæр хæйрæгæй.

Уый бар радта знагæн, цæмæй Симон Петры миддунейы цы æмбæлы, уый æнкъуыст æрцæуа.

Хуыцау ме ’мкъай Лизæйæн равдыста удæнкъуыст æмæ дызæрдыгдзинады фондз нысаны:

1. Æрбакæнын æй æввахсдæр Хуыцауы бындурмæ.
2. Аиуварс кæнын мард цы у, уый.

3. Æрæмбырд кæнын рæгъæд тыллæг.
4. Райхъал уæвын.
5. Иумæ баиу кæнын æмæ бацархайын, цæмæй уый дарддæр мауал рахицæн уа.

Цыфæнды хъуыды æмæ ахаст хиуарзон æмæ хъалдзинады бындурыл æвæрд ’рцæудзысты сыгъдæггонд. Тыхджын æвирхъаудзинады фæстиуджытæ банкъаргæйæ Симон Петрæн айсæфдзæн йæ сæрбæрзонддзинад, цы дзы баззайа, уый та у Хуыцауы ныфсджын бындур. Уый æмбары йе ’цæг уавæр, æнæдыргъ мард архайд æрцæудзæн куынæггонд, чи срæгъæд, уыцы тыллæг та уыдзæн æфснайд, афтæмæй фæфидардæр уыдзæн æцæг бындур. Уый раздæрау нæ архайдзæн æрмæстдæр йæхи пайдайæн, фæлæ æххæстæй дæр бауæнддзæн Хуыцауыл.

Петр къæйныхæй лæууыд Йесойы дзырдты ныхмæ: «Хицау, æз Демæ цæуынмæ цæттæ дæн ахæстонмæ æмæ мæлæтмæ дæр». Ацы зондахаст цыд йæ Удæй нæ, фæлæ хиуылæввæрсон кæй уыд, уымæй. Уый нæ уыдта йæхи аиппытæ.

## ИУДÆЙЫ СИМОНИМÆ АБАРГÆЙÆ

Иуæй иутæ афтæ хъуыды кæнынц, цыма Петр уыдис тынг дзæгъæлдзых æмæ тæппуд, фæлæ Гефсиманы дыргъдоны хъахъхъæнджытæ Йесойы ахсынмæ куы æрбацыдысты, уæд уый фелвæста æхсæргард æмæ ахауын кодта хистæр сауджыны цагъарæн йæ рахиз хъус (кæсут Иоанн 18:10). Тæппуд уæвгæйæ бирæтæ сæ ныфс нæ бахæсдзысты бæлвырд фылдæр чи у, ахæм ныхмæлæууæджы размæ фæлæууын. Петр уыд тыхджын адæймаг, фæлæ уый уыд йæхи тых, уый нæ уыд Хуыцауы сæрныллæгдзинад, уымæн æмæ луарæн нырма нæ райдыдта.

Йесо куыд дзырдта, афтæ æрцыдис Уыцы æхсарджын Симон Петр Йесойы сæраппонд мæлæтмæ цæттæ чи уыд, дыргъдоны йе ’хсæргардæй цъыллинджытæ чи кодта, уыцы ’ппæт

æфсæдтонты цур, фембæлд гыццыл чызг–лæггадгæнæгыл· Уый фæтарст æмæ нæ басаст Йесойы зоны, ууыл·

Иуæй иутæ нымайынц, цыма адæмæн æвзарын кæнынц цæлхдуртæ æмæ стыр зындзинæдтæ· Фæлæ арæхдæр чысыл цæлхдуртæ расайынц зæрдæйы æмуæзад æмæ разыны æнцон фæцæфгæнæн, чи вæййы, уыцы хиуыл феввæрсындзинад·

Уый фæстæ ма Петр дыууæ хатты ноджыдæр йæхи атигъ кодта Йесойыл. Уасæг ныууасыд, æмæ Петр, Йесойы ныхæстæ æрымысгæйæ скуыдта. Йæ хиуылæввæрсондзинад фæсаст, æмæ йæ ныфс нал уыд, искæдбон ма сыстдзæн, уымæй.

Симон Петр æмæ Иудæ Искариот æмхуызон сты бирæ цæмæйдæрты, уыдонмæ бафиппайæн ис, уыцы æцæгдзинад, æмæ сæ дыууæ дæр сæхи атигъ кодтой Йесойыл Йæ царды фæстаг, тыхст бонты. Фæлæ уыимæ уыцы дыууæ адæймаджы ’хсæн уыдис бæлвырд хицæндзинæдтæ.

Иудæ Симоны хуызæн никуы тырныдта Йесойы базонынмæ. Иудæ нæ сарæзта Уый бындурæн. Йæхи дардта афтæ, цыма, уый уарзы Йесойы, уымæн æмæ уый ныууагъта алцыдæр æмæ ацыд Йæ фæстæ, иудадзыг балцы цыд Йемæ, æмæ нæ ныууагъта Уый уæззау зын тæрæнты дæр. Уый сырдта дæлимонты, дзæбæх кодта рынчынты æмæ парахат кодта Евангели (Æрымысут ма, Йесо йæ дыууадæс ахуыргæнинаджы арвыста Хуыцауы дзырд парахат кæнынмæ, рынчынты дзæбæх кæнынмæ æмæ дæлимонты сурынмæ – уыдысты дыууадæс, иуæндæс нæ, фæлæ)… Фæлæ Иудæ æппæт уыдæттæ нæ арæзта Йесомæ уарзондзинады тыххæй, нæдæр, Уый Чи уыд, уыцы æргомад зонгæйæ.

Иудæйæн æппæты разæй дæр уыдис йæхи нысан, йæхи сæрмагонд пълантæ. Уый никæд фæсмон кодта йæ кæрæф фæндтыл. Йæ удыхъæд раргом вæййы мæнæ ацы ныхæсты фæрцы: «Цы мын ратдзыстут, кæд æмæ…» (кæсут Матфей 26:15). Уый сайдта æмæ фæлывта йæхи пайдайæн» (кæсут Матфей 26:25). Иудæ Йесойæн лæггад кæныны тыххæй иста

æхца æмæ дзы арæзта йæхи хъуыддæгтæ (кæсут Иоанн 12:4–6). Уыцы номхыгъд ис адарддæр гæнæн. Йемæ кæд æртæ аз æмæ æмбисы бæрц арвыста, уæддæр уый никуы зыдта Йесойы.

Петр дæр æмæ Иудæ дæр фæсмон кодтой, цы сарæзтой, уый тыххæй. Фæлæ Иудæмæ нæ уыдис, уыцы ахастдзинад, кæцы уыд Петрмæ. Йесойы базонымæ кæй никуы тырныдта, уый аххосæй йын Хицау йæхи нæ раргом кодта. Иудæ Йесойæ раргомдзинад куы райстаид, уæд Æй нæ бауыдаит йæ бон ауæй кæнын. Йæ царды тыхджын тымыгъ куы æрцыд, уæд фæцудыдта æмæ фехæлд! Кæсут ма цы æрцыд, уымæ:

> «Йесойæн кæй стæрхон кодтой, уый Йæ уæйгæнæг Иудæ куы базыдта, уæд æрхудт йæхиуыл, дæс æмæ ссæдз æвзист æхцайы фæстæмæ радта алчертæм æмæ адæмы хистæртæм. Æмæ загъта: «Æз фæтæригъæдджын дæн, æнæазым туг кæй ауæй кодтон, уымæй». Фæлæ йын уыдон дзуапп радтой: «Уый махмæ нæ хауы. Дæхи хъуыддаг у». Иудæ æвзист æхцатæ аппæрста кувæндоны, рацыд æмæ йæхи æрцауыгъта».
>
> – Матфей 27:3–5

Уый зыдта, æмæ тæригъæддзинад сарæзта, æмæ æрфæсмон кодта, ууыл. Фæлæ уый нæ зыдта Чырыстийы. Уый æппындæр не ’мбæрста, Кæй ауæй кодта, уый. Уый æрмæстдæр загъта: «Æз æнæазым туг ауæй кодтон». Симон Петрау Чырыстийы куы зыдтаит, уæд Æм раздæхтаит, æмæ æрфæсмон кодтаит, Хицауы хæрзахаст зонгæйæ. Хиамарын ма уыдис йæ митæй иу, кæцы бæлвырд æвдисæн уыд Хуыцауы хорзæхæй йæ цард цух кæй уыдис, уымæн.

Гуызавæдзинад байгом кодта, уый, æмæ Иудæйæн нæ фæзынд ницавæр ахастдзинад, æгæрстæмæй йæ Ахуыргæнæджы фæстæ цæугæйæ дæр.

Æнæнымæц адæм, кæцытæ райстой чырыстондзинад, куывтой «тæригъæдджыны куывдæй», цыдысты аргъуанмæ,

систы иу йæ активон уæнгтæ æмæ ахуыр кодтой Библи. Уыимæ æппæт уыдæттæ цыдысты, чи уыд æцæгæйдæр Йесо, уый тыххæй раргомад нæ райсгæйæ, кæд æмæ Йæ дзыхæй ракодтой зæрдææргомгæнæн дзырд. Карз фæлварæнты куы бахаудысты, уæд банкъардтой монцты уацары кæй сты, æмæ уый адыл фæтæргай сты Хуыцаумæ, æмæ сæ нал бафæндыд иумæйагæй Йемæ ницыуал аразын.

Æз мæхæдæг фехъуыстон, адæм куыд дзырдтой: «Хуыцау мæнæн ницы сарæзта»! Мæн фæндыд чырыстон уæвын, фæлæ мæ цард ссис ноджы æвирхъаудæр». Кæнæ: «Æз куывтон æмæ куырдтон Хуыцауæй, цæмæй мын сараза уый æмæ уый, фæлæ мын Уый ницы сарæзта!» Уыдон Йесойы къæхтæм сæ цард никуы æрхастой, фæлæ архайдтой сæхи пайдайы тыххæй Йемæ хæлар бастдзинæдтæ даргæйæ. Уыдон Ын лæггад кодтой уый тыххæй, цæмæй сын радтаит цы дзы куырдтой, уый, фæлæ иу, æнцонæй монцты аныгъуылдысты. Стæй та Йæм тæргай дæр фесты. Мæнæ Йесо куыд уынын кæны йæ фысты:

> «…ныхас куы фехъусынц, уæд æй уыйадыл цингæнгæ айсынц сæ зæрдæмæ, фæлæ æнæуидаг сты æмæ бирæ нæ бафæразынц. Тыхст рæстæг куы ралæууы, кæнæ Хуыцауы ныхасы тыххæй æфхæрын куы райдайынц, уæд уайтагъд ныууадзынц сæ уырнындзинад»
>
> – Марк 4:16,17

Ахъуыды ма кæнут, Уый загъта, уыдон уыцы сахат кæй фæкъуылымпы вæййынц, æмæ сын кæй нæй ницавæр бындур. Мах цы хъуыддаджы хъуамæ уæм фидар? Уымæн мах дзуапп ссарæм Ефесæгтæм æрвыстаджы (3:16–18): уарзондзинады мах хъуамæ уæм фидар æмæ хъаруджын. Хуыцаумæ уарзондзинад у нæ царды бындур.

Йесо загъта: «Исчи йæ цард йæ хæлæртты сæраппонд куы ратта, уæд уымæй стырдæр уарзондзинад нæй» (Иоанн 15:13).

Махæн нæ бон нæу нæхи нывондæн радтын кæуыл не ’ууæндæм, уыдонæн. Махæн нæ бон нæу нæхи нывондæн

радтын Хуыцауæн, куыд æмбæлы, афтæ хорз æй куы нæ зонæм, фаг Йыл куы не ’ууæндæм. Мах хъуамæ зонæм æмæ æмбарæм Хуыцауы æрдзыхъæд æмæ миниуæг. Махмæ хъуамæ уа фидар уырнындзинад уымæй, æмæ Уый махæн æвзæрæй никуы ницы бакæндзæн.

Хицау Йесо иудадзыгдæр агуры, нæ пайдайæн цы у, уый. Махмæ зауатдзинад цы фæкæса, уый нæм раздæхдзæн хорздзинадæй, нæ уырнондзинад куы нæ фесафæм, уæд. Хуыцау у уарзондзинад, Уымæ нæй нæдæр хиуарзонад, нæдæр фыдæхдзинад. Уый зоны, сайтаны кæй фæнды мах фесафын. Арæх нæ царды уавæртæм мах фæкæсæм нырыккон домæнты фæлгæтæй, æмæ уый халы æцæгдзинад. Хуыцау та нын нæ фæлварæнтæм кæсы æнусон рухсы цæстæй. Кæд нæ уавæртæм кæсæм, уæд гæнæн ис æмæ æрцæуой дыуузæ хабары.

Фыццаджыдæр, Хуыцау мах куы сыгъдæг кæны, уæд махæн нæ бон у æнцонæй фæтæргай уæм, кæнæ Хуыцаумæ, кæнæ йæ лæггадгæнджытæй искæмæ. Дыккаджы, гæнæн ис, æмæ нæ знаг æнцонæй фæсайа. Сайтан афтæ бакæны, æмæ нæм уыцы рæстæг раст чи фæкæса, фæлæ йæ кæронбæттæн пълан фæцудын, кæнæ адзал кæмæн у, уымæ. Фæлæ мах Хуыцауæй фидар ныфс куы уа, уæд цух нæ уыдзыстæм Йæ аудынæй. Мах нæ бахаудзыстæм нæхиуыл аудыны монцты.

## ХУЫЦАУЫ МИНИУДЖЫТЫЛ НЫФС ДАРГÆЙÆ

Знаг архайы нæ уынынад æмæ Хуыцауы æмбарындзинад ысзыгъуыммæ кæныныл. Уый у Хуыцауыл æууæндыны халæн мадзæлттæй иу. Уыцы мадзал уый сарæзта Едемы дыргъдоны Евæимæ, куы йæ бафарста: «…Æцæг уын загъта Хуыцау, дыргъдоны дыргътæй макæцыйæ фæхъæстæ ут, зæгъгæ?» (Райдиан 3:1).

Уый сзыгъуыммæ кодта Хуыцауы фæдзæхст, цæмæй гуылмызтæй разына Хуыцауы хъæддыхад.

Хуыцау загъта: «Дыргъдоны бæлæстæй кæцыфæндыйы

дыргътæй дæр хæр, æрмæст хорз æмæ æвзæр базоныны бæласмæ ма бавнал. Йæ дыргътæй йын куы фæхъæстæ уай, уæд æмбойны æрбамæлдзынæ» (Райдиан 2:16,17).

Иу дзырдæй, калм Евæйæн дзырдта: «Хуыцау æмбæхсы сымахæй æппæт хорздзинæдтæ».

Хуыцау та æрцæвæн нысан æвæрдта мæнæ цæуыл: «Дæуæн дæ бон у æппæт дæр, æрмæст...». Хуыцау зæххыл цæрæг адæмæн адджын хойраг æмæ амондджын цардæн радта æнæхъæн дыргъдон, æмæ сын æрмæст иу бæласы дыргъæй дарддæр бар радта иннæ бæлæсты дыргътæй хæрын.

Фæлæ Калм сзыгъуыммæ кодта Евæйы уырнондзинад Хуыцаумæ, гæнæн ис ахæм ныхæстимæ: «Хуыцау уыл æцæгæй дæр нæ ауды. Акæсут ма, цы хуызæн хъæздыгад æмæ хæзнатæ æмбæхсы сымахæй, Уый, чизоны, нæ уарзы сымах, уæхимæ куыд кæсы. Уый, æвæццæгæн, тынг хорз Хуыцау нæу!»

Евæ фæцис сайды æмæ бауæндыд Хуыцауы миниуджыты фæлитойдзинадыл. Уый фæстæ йæм фæзындис тæригъæд саразыны фæнд, уымæн æмæ Хуыцауы дзырд нал уыд йæ цард, уый йын ссис закъон. Фыст афтæ у, «...тæригъæд та хъару Ӕгъдауæй райсы» (1 Коринфæгтæм 15: 56).

Знаг абон дæр архайы афтæ. Уый Фыд Хуыцауы фæнд зыгъуыммæ кæны Йæ сывæллæтты цæсты. Мах иууылдæр цæрæм нæ фыдты, ахуыргæнджыты, хицæутты æмæ директорты разамынды бын. Уыдонæй иуæй иутæ сты хиуарзон, мæстджын, кæнæ нæ уарзынц мах. Уымæн æмæ уыцы адæм ахсынц хицауады бынæттæ, махæн æнцон у бæрзонд хицауады бынаты чи ис, уыдоны æмæ Хуыцауы миниуджыты абарын. Знаг арæхстджынæй сзыгъуыммæ кодта Фыды фæдзæхст дзырдтæ, гуылмызæй равдыста нæ зæххон фыдты сурæттæ. Хуыцау зæгъы, Йесойы æрцæуыны агъоммæ фыдты зæрдæтæ раздæхдзысты сæ сывæллæттæм (кæсут Малахиа 4:6). Хуыцауы миниуджытæ æмæ æрдзыхъæд нæ хицауады разамонджытыл куы фæзына, уæд уый æвдисæн уыдзæн дзæбæх кæныны райдианæн.

Куы йæ зонат, æмæ Хуыцау нæ араздзæн ахæм исты, кæцы уын æрхæсдзæн зиан æмæ уæ бабын кæндзæн, æмæ æппæт уый, цы аразы, кæнæ цы нæ аразы уæ царды, у иууыл бæрзонддæр хорзæхы нысанæн – æмæ уæд дæ бон у æнæдызæрдыгæй Ууыл æууæндын. Сымах цингæнгæ суыдзыстут уыцы адæймаг, кæцы йæ уд ратдзæн Хицау Йесойы тыххæй.

Кæд сымах уæхи æппæтæй дæр радтат Йесойæн, æмæ стут йæ дæлбазыр, уæд сымахæн уæ бон не суыдзæн тæргай æмæ мæсты кæнын, уымæн æмæ уый сымах нæу. Тæргай æмæ фыдæнхъæл адæм сты, Йесомæ Уый Чи у, уыцы хабар базонынмæ нæ, фæлæ Йæм исты хорзæх райсыны тыххæй чи æрбацыд, ахæмтæ.

Ахæм ахаст даргæйæ мах æнцонæй бахауæм фыдæнхъæлы. Нæхиуыл иудадзыг хъуыдыкæнынад нæ саразы æнæмæт хъалтæ. Уый аххосæй мах свæййæм æнæбон, æмæ куыд фæндыйы цæстæй райдайæм кæсын нæ уырнынадмæ. Не ’ппæт ценд Йесойæн нывондæн æрхæсгæйæ, мах зонæм Йæ фæнд æмæ йын дих кæнæм Йæ цин. Мах уæд нæ уыдзыстæм дызæрдыджы кæнæ быхсдзыстæм бæллæхтæн.

Æнцонæй ис фæтæргай уæвын, уавæры фæстиуджытыл тæрхон кæнгæйæ. Ахæм уынынад нæу Уды цæстыты уынынад. Арæх Хуыцау мæнæн дзуапп нæ фæдæтты, тынг мæ куы фæхъæуы æмæ йæм æнхъæлмæ куы фæкæсын, уыцы рæстæджы. Фæлæ мæ царды алы цаумæ дæр фæстæмæ куы акæсын, уæд æмбарын алцыдæр, æмæ мæ бон у Йæ куырыхондзинад фенын.

Иуæй иу хатт нæ сывæллæттæ нæ фембарынц сæ хъомылады архайд æмæ логикæ. Хистæр кары сывæллæттæн мах æмбарын кæнæм, кæй архайæм æрмæстдæр сæ пайдайæн. Фæлæ нæ уыдон иуæй иу хатт нæ фембарынц, кæнæ немæ не сразы вæййынц сæ æнæрæгъæддзинады аххосæй, фæлæ нæ уæддæр фæстæдæр бамбардзысты. Вæййы афтæ, æмæ цавæрдæр аххосæгтæм гæсгæ семæ вæййæм иухуызон нæ, фæлæ æндæрхуызон, æмæ уымæй мах фæфæнды базонын

куыд нæм хъусинц, уарзынц æмæ нын аргъ кæнынц сæ積 кармæ гæсгæ. Уый хуызæн сты нæ ахастдзинæдтæ Уæларвон Фыдимæ дæр. Ахæм уавæрты уырнынад дзуры: «Æз æууæндын Дæуыл, кæд æмæ дын не ’мбарын Дæ зонды хъуыдытæ, уæддæр».

Дзуттæгтæм æрвыстаджы (11:35–39) мах ссарæм адæмы афыст, кæцытæ нæ федтой Хуыцауы зæрдæвæрд арфæдзинæдтæ, фæлæ уæддæр фидарæй уыдысты уырнондзинады уæвыны: «…Иннæты-иу амардæуыд хъизæмары мæлæтæй - уыдон-иу сæрибар райсын нæ бакуымдтой, цæмæй райгас уой хуыздæр цардæн; аннæтæй та кодтой хынджылæг, æмæ сæ надтой ехсæй, бастой сæ рæхыстæй æмæ сæ æппæрстой ахæстæтты. Мардтой сæ дуртæй, лыгтæ сæ кодтой хырхæй, кардæй, рахау–бахау кодтой фысдзæрмтты æмæ сæгъдзæрмтты, уыдысты мæгуыр, цардæй æфхæрд æмæ ссæст… Æппæт дуне кæй аккаг нæ уыд, уыдон рахау–бахау кодтой æдзæрæг рæтты æмæ хæхты, лæгæтты æмæ цъассыты. Сæ фидар уырнондзинады тыххæй сеппæтæй дæр раппæлыд Хуыцау, фæлæ сын зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый нæ райстой».

Мах свæййæм уидагджын æмæ фидар, нæ зæрдæты Хуыцаумæ куы вæййы тыхджын уарзондзинад æмæ æууæнк. Уæд никæцы тымыгътæ фæцудын кæндзысты мах, цыфæнды карз куы уой, уæддæр. Ахæм миниуæг не ’рцæуы тыхджын адæймаджы удыхъæды. Уыцы арфæ лæвæрд у Хуыцауæй, æппæт ныфс чи æвæры, уыдонæн алкæмæн дæр... Фæлæ цæмæй Хуыцауыл æппæт зæрдæйæ æууæндат, уый тыххæй сымах хъуамæ зонат Уый – уæ цард уын Йæ къухты чи дары.

## АРФÆ ЛÆВÆРД ЦÆУЫ СÆРНЫЛЛÆДЖЫТÆН

Симон Петр нал æппæлыд йæ разагътадзинадæй· Уый фæцух ис фидар чи уыд, уыцы хиуылæууæндындзинадæй· Уымæн æмæ бæлвырдæй федта йæ сæрибары æнæбондзинад· Уый æрсабыр· Ныр ссис Хуыцауы арфæ райсынмæ æнæкъæм

лæггадгæнæг. Хуыцау йæ арфæ дæтты сæрныллæджытæн. Сæрныллæгдзинад у æнæмæнгхъæугæ бадзырд. Уыцы зонындзинæдтæ фыст æрцыдысты Петры æнкъарæнты, йе ’рвыстæг куы фыста, уæд: «…уе ’ппæт дæр кæрæдзийы раз ут сæрныллæг, уымæн æмæ «Хуыцау схъæлтæн сæ ныхмæ у, сæрныллæджытæн та хорзæх дæтты» (1 Петр 5:5).

Петры йæ ныфссастдзинад гыццыл ма бахъæуа йæ хъуырмæ скæна. Мах уый базонæм Хуыцауы зæд Магдалайаг Мариа зæппадзы раз цы загъта, уымæй: «Фæлæ ацæут, зæгъут Ын Йæ ахуыргæнинæгтæн æмæ Петрæн, уæ разæй цæуы Галилеймæ, зæгъгæ. Уым Æй фендзыстут, куыд уын загъта, афтæ» (Марк 16:7).

Зæды æнæмæнгæй хъуыд Петры ном бахах кæнын. Петр уыд сæрсæфæны былыл, фæлæ йын Хуыцауæй уыд бындур æвæрд. Æмæ уыцы бындур нæ ныккалдис фыдæвзарæнты, фæлæ ссис ноджы фидардæр.

Йесо, канд нæ ныббарста Петрæн, фæлæ йæ фæстæмæ сфидар кодта. Ныр æнкъуыстыты фæстæ, уый цæттæ уыд уымæ, цæмæй суыдаит аргъуаны астæуккаг цæджындзтæй иу. Петр уæндонæй дзырдта Чырыстийы райгасы тыххæй, дзуарыл Æй байтындзыны тыххæй аххосджын чи уыд, уыцы адæмæн. Ныр уый цæттæ уыд, канд лæггадгæнæг чызджы размæ нæ, фæлæ цыфæнды знаджы ныхмæ дæр. Уый лæууыд сæ разы, хицаудзинады фæлгæтты хъæбатырæй æмæ ныфсджынæй. Истори дзуры, Петр бирæ азты дæргъы иузæрдионæй фæлæггад кæныны фæстæ тыгъд æрцыд йæ сæр бынмæ, афтæмæй. Уый фидарæй лæууыд ууыл, æмæ аккагыл нæ нымадта Хицау Йесо куыд амард, ахæм мардæй амæлын, уымæ гæсгæ йæ байтыгъътой йæ сæр дæлæмæ, афтæмæй. Уый тæрсгæ нал кодта. Уый ссис дур, кæцы æвæрд æрцыд Къæдзæхы сфидар кæныны бындурæн.

Царды фæлварæнтæ æргом æмæ уынын кæндзысты уæ зæрдæйы æцæгдзинад: Маст хæссут Хуыцаумæ кæнæ уæ алфамблайы уæвджытæм. Фæлварæн сараздзæн сымах, кæнæ дардзыстут хæрам Хуыцаумæ æмæ уæ хиуæттæм, кæнæ та

уæ Хуыцау сараздзæн ноджы тыхджындæр адæймаг. Уыцы фæлварæнты куы рацæуат æмæ куы фæуæлахиз уат, уæд уæ уидæгтæ ацæудзысты ноджы арфдæр, æмæ уæ фидæн суыдзæн ноджы ныфсджындæр æмæ бæллиццагдæр. Фæлæ фæлварæнтæ куы нæ бафæразат, уæд суыдзыстут мæстæлгъæд, кæцы уæ æркæндзæн уæ уырнондзинад фесафынмæ.

## ХИЦАУ, ÆЗ ЛÆГГАД КОДТОН ДÆУÆН, УÆД ЦÆМÆН АФТÆ?...

Аргъуаны лæггадгæнæг куы уыдтæн, уæд нæ фæсивæдон къорды уыд иу зæрдæргъæвд цыппæрдæсаздзыд лæппу, кæцыйæн кад кодтой йæ хæлæрттæ æмæ аргъуаны разамонджытæ. Уый уыд диссаджы æнтыстджын ахуыргæнинаг. Хуыцауы æппæт хабæрттæ базонынмæ тырнæг æмæ цымыдисаг, уый йæхимæ бархийæ иста цыфæнды чырыстон проект дæр. Хаттæй хатт иу миссионерон балцыты цыдис махимæ, æмæ Хуыцауы дзырд парахат кодта кæуыл æмбæлд, уыдон ’хсæн. Уый алы бон дæр, цыппар сахаты дæргъы, йæ рæстæг æрвыста кувгæйæ. Уый Хуыцауæй райста бирæ æргомдзинæдтæ æмæ сæ дих кодта иннæтимæ. Цы дих кодта, уыдон иууылдæр уыдысты арфæгонд. Уый бамбæрста йæ нысан Хуыцауæн лæггад кæнын кæй у, ссæдзаздзыдæй йæ фæндыд Хуыцауæн лæггадгæнæг суæвын, æмæ афтæ зынд, цыма у æнæфæцудгæ къæдзæхау.

Æз уарзтон ацы курдиатджын, зæрдæргъæвд æвзонг лæппуйы, уырныдта мæ, Хуыцауы сæрст кæй у, æмæ йын мæ рæстæг нæ хæлæг кодтон. Æрмæст мæ тыхсын кодта иу хъуыддаг, уыд æгæр стырзæрдæ. Мæн фæндыд, уый тыххæй йын зæгъын, фæлæ уымæн нæма æрцыд рæстæг. Уый бавзæрста цалдæр тыхджын тымыгъы, фæлæ уæддæр лæууыд фидар. Карз фæлварæнтæ кæй бавзæрста, уый уынгæйæ иу æз хаттæй хатт дызæрдыг кодтон, чизоны, æз раст нæ дæн.

Рацыд цалдæр азы. Уый ацыд æндæр бынатмæ, æз та уыдтæн

бирæ алыхуызон балцыты. Фæлæ кæрæдзиимæ иудадзыг дардтам бастдзинад. Æз æнкъардтон, уый кæй рацæуудзæн цъæлтæ æмæ пырхытæ фæндæгтыл. Уый хъуамæ æрцыдаит, фæлæ йæ æз нæ зыдтон, уый куыд хъуамæ æрцыдаит, уый. Æз æмбæрстон, уыцы монц фæлварæнты æнæмæнг кæй хъæуы рацæуын, уый, цæмæй сæххæст кæна йæ нысан. Уый хъуамæ уыдаит, Симон Петры луарыны хуызæн процесс.

Лæппуйыл стдæс азы куы сæххæст, уæд йæ фыд фæрынчын дзæбæхгæнæн кæмæн нæй, ракы ахæм низæй. Йæ мадимæ уый дардта ком æмæ куывта, æууæндыд, йæ фыд кæй сдзæбæх уыдзæн,ууыл. Сæ куывдмæ æрбаиу сты иннæ уырнонтæ дæр. Уымæй цалдæр мæйы размæ йæ фыд йæ цард снывонд кодта Йесойæн.

Фыды уавæр февзæрдæр. Æз уыдтæн горæт Алабамы аргъуаны æмбырды, ме 'мкъай мæм куы фæдзырдта, уæд мæм бахатыд, цæмæй æвæстиатæй сарæзтаин бастдзинад, уыцы лæппуимæ. Æз æм фæдзырдтон, æмæ бамбæрстон, кæй ис уæззау тыхсты, æмæ кæй æййафы хъуагдзинад, цæмæй йын исчи ныфсытæ 'вæра æмæ йæ басабыр кæна.

Аргъуаны æмбырды фæстæ æз æнæхъæн æхсæв цыдтæн машинæйы æмæ йæ хæдзармæ æрхæццæ дæн райсомы цыппар сахатыл. Йæ фыд ахæм уæззау уавæры уыд, æмæ дохтыртæ сбæлвырд кодтой, цалдæр боны йедтæмæ йын цæрæнбон кæй нал ис… Уымæн йæ бон дзурын нал уыд … Лæппуйы уырныдта, æмæ йæ фыд кæй сдзæбæх уыдзæн. Æз арæхстджынæй лæггад кодтон ацы бинонтæн, æмæ цалдæр сахаты фæстæ ацыдтæн. Дыккаг райсом мæм фæдзырдтой æмæ мын загътой фыдæн йæ уавæр кæй февзæрдæр. Мах Лизæимæ æвæстиатæй райдыдтам кувын. Куы куывтам, уæд Хуыцау бæлвырд цæстылуайæн радта ме 'мкъайæн, кæцы федта Йесойы рынчын адæймаджы сынтæджы фарсмæ, цæмæй йæ Йæхимæ уæлæрвтæм акодтаит. Æрдæг сахаты фæстæ нæм, уыцы лæппу фæдзырдта æмæ нын загъта, йæ фыд кæй амард, уый тыххæй. Афтæ зынд, цыма уый баззад

ахæм æнæфæтасгæ, куыд раздæр. Фæлæ уый уыд æрмæст райдиан. Уыцы изæр уый фæдзырдта йæ хæлæрттæй иумæ, цæмæй йын загътаит, йæ фыд кæй амард, уый тыххæй. Кæмæ дзырдта, уыцы ’мбалы хæдзары телефоны хæтæл куы систой, уæд дзы райхъуыст кæуын. Уый фæдис кодта, куыд тагъд ын базыдтой йæ фыды зианы хабар. Фæлæ уыдон куыдтой æндæр аххосæгтæм гæсгæ, уымæн æмæ уыцы рæстæг автомобилон бæллæхы бахауд йæ ’ввахс хæлæрттæй иу, æмæ фæмард. Уый иу боны дæргъы фесæфста йæ фыды, æмæ йын тынг зынаргъ чи уыд, уыцы хæлары.

Фæлварæнтæ райдыдтой. Уый уыд гуызавæйы, масты æмæ æлхъывддзинады уацары. Афтæ зынд, цыма йæ Хуыцауы хъомыс ныууагъта.

Иу мæйы фæстæ йæ хæдзармæ цæугæйæ федта кæрæдзи чи скъуырдта, ахæм дыууæ машинæйы. Уый зыдта фыццаг медицинон æххуыс бакæнын автомобилон фыдыбылызы бахауæг хъыгдард баййафæг адæймæгтæн. Уымæ гæсгæ æрлæууыд. Æмæ йæ зæрдæ нынкъуыст, кæрæдзи чи скъуырдта, уыцы машинæты дыууæ скъæрæджы дæр разындысты йæ уарзон хæлæрттæ. Дыууæ дæр амардысты йæ къухты, æххуыс сын куы кодта, уæд.

Ме ’рыгон хæлар бахæццæ йæ масты кæронмæ· Уый арвыста æртæ сахаты дæргъы хъæды Хуыцаумæ кувгæйæ æмæ лæгъстæйæ: «Кæм Дæ? Ды загътай, кæй уыдзынæ мæ Рæвдауæг, фæлæ мын нæй ницавæр рæвдауæг!». Афтæ зынд, цыма дзы Хуыцау йæхи аиуварс кодта· Фæлæ куыд разынд, афтæ йæ фыццаг хатт хи тых фæсайдта·

Уый смæсты ис Хуыцаумæ. Ома, цæмæн радта бар æппæт бæллæхтæ æрцæуынæн. Уый нæ мæсты кодта аргъуаны лæггадгæнæгмæ, йæ бинонтæм, стæй мæнмæ. Фæлæ смæсты æмæ фæтæргай ис Хуыцаумæ. Уый уыд тынг фыдæнхъæл. Хуыцау æй баппæрста арф хъынцъымы.

«Хицау, æз лæггад кодтон Дæуæн, æмæ уый тыххæй мæ

къух систон бирæ цæуылдæртыл,– куывта уый,– Ныр та Ды ныууагътай мæн!» Уый нымадта афтæ, æмæ йын цыма Хуыцау хæсджын у æмæ йæ кæй ныуагъта, уый йын уыд масты хос.

Бирæ адæмтæ бавзæрстой хъæдгæмттæ æмæ уæззаудзинæдтæ, иннæтæ къаддæр, аннæтæ та фылдæр. Бирæтæ фæхъыг сты Хуыцаумæ. Уыдон нымадтой афтæ, æмæ Хуыцау хъуамæ хынца æппæт дæр, уыдон Ын цы саразтой, уый.

Уымæн цы нысанмæ гæсгæ лæггад кодтой, уыдон раст нæ уыдысты. Мах Хицауæн хъуамæ лæггад кæнæм уый тыххæй нæ, æмæ нын исты сараза. Фæлæ æвæццæгæн уымæн, æмæ Уый Чи у, æмæ ныридæгæн Уый махæн цы саразта, уый тыххæй.

Ахæмтæ, кæцытæ фæтæргай сты, не ’мбарынц, цавæр стыр аргъ бафыста Уый се ссæрибар кæныны тыххæй. Уыдон ферох кодтой, цавæр адзалæй фервæзтысты. Æнусон цæстытæм кæсыны бæсты, адæм кæсынц нырыккон дуджы цæстытæй.

Ацы æрыгон лæппу аргъуанмæ нал цыд, æмæ схæлар уырнондзинадмæ дард чи лæууыд, ахæм адæмимæ, семæ цæлгæнæнты бадгæйæ æмæ алыхуызон æнæнамыс изæрты йæ рæстæг æрвитгæйæ.

Фыдæнхъæл фæуыны фæстæ, уый нæ фæндыд Хуыцауимæ иумæйагæй исты уæвын, æмæ лыгъдис Йемæ фембæлынæй.

Ахæм уавæры цæрын йæ бон нæ бацис дыууæ къуырийæ фылдæр, уымæн æмæ йын йæхи зæрдæ тæрхон кодта. Фæлæ уæддæр нæ разы кодта Хицаумæ æрбахæстæг уæвыныл. Афтæ уыд æхсæз мæйы дæргъы. Уæд уæлæрвтæ дæр зындысты згъæры хуызæн. Афтæ каст æмæ цыма Хуыцауы уæвынад нал ис.

Рацыд иу афæдзмæ æввахс, æмæ уый федта, Хуыцау ыл раздæрау кæй ауды, уый. Лæппу ногæй æрбахæстæг ис Хуыцаумæ, фæлæ Йæм ныр æрбацыд сæрныллæгæй. Уый фæстæ, йæ фæлварæнтæ куы фесты, уæд ын Хицау фенын кодта, Уый йæ кæй никуы ныуагъта, уый. Йæ удсыгъдæггæнæн

цард куы сæндидзыдта, уæд сахуыр ис йæхи сæрмагонд фидар нæ, фæлæ Хуыцауы хорзæхыл зæрдæ дарын.

Æз дарддæр дæр йемæ дардтон бастдзинад. Афæдз æмæ æрдæджы фæстæ мын уый загъта, мæхи ахæм хуызы федтон æмæ раздæр мæхимæ кæй нæ хатыдтæн. «Æз уыдтæн ахæм адæймаг, кæцыйæн нæ уыд хи хъуыды, хи фæнд, æппæт мæ ахастдзинæдтæ уыдысты, уæлæнгай. Мæ фыд, мæн хъомыл кæнгæйæ, ахуыр кодта мæн, цæмæй уон æддаг бакастæй тыхджын æмæ стырзæрдæ. Æз никуы схъомыл кодтаин уыцы сурæт, кæцыйы Хуыцауы фæндыд мæ хуызы фенын. Æз стыр бузныг дæн Хицауæй уый тыххæй, æмæ Уый мæн нæ ныууагъта ахæм уавæры. Фæлæ мын æппæтæй тынгдæр мæ зæрдæ фæриссын кодта уый, æмæ цæлгæнæнты кæй нуæзтон, æмæ Сыгъдæг Удæй мæхи кæй аиуварс кодтон, уый. Æз Æй афтæ тынг уарзын, æмæ мæ бастдзинад Йемæ раздæр афтæ нæ уыдис, ныр куыд зæрæдагайгæ дæр у».

Йæ царды æрцыд бирæ цаутæ. Куынæггонд æрцыд йæ хиуылæууæндындзинад. Фæлæ уыцы лæппуйæн уыд, куыд Петрæн, афтæ, фидар бындур æмæ йын ныккæлæн нæ уыд. Уыимæ йæ цард сæрыстырдзинадæн лæггад кæныны бæсты, уый аразы Хуыцауы арфæйы бындурыл.

Мондæгтæ æмæ тæргæйттæ байгом кæнынц нæ царды тæнæг бынæттæ æмæ лæмæгъдзинæдтæ· Арæх уыцы бынат, цы ран мах нæхи æнкъарæм тыхджын, свæййы нæ лæмæгъдзинæдты æмбæхсæн бынат· Уый баззайдзæн æмбæхстæй, цалынмæ йын тыхджын уадтымыгъ йæ цар нæ сиса, уæдмæ· Апостол Павел фыста: «…мах кусæм Хуыцауæн, Йæ Уд нæ куыд аразы, афтæ· Нæ зæрдæ зæххоныл нæ дарæм, фæлæ æппæлæм, Йесо Чырыстиимæ кæй стæм, уымæй» (Филиппæгтæм 3:3).

Нæхи тыхтæй махæн нæ бон ницы у саразын, цæмæй нæм уа æнусон хæзна. Æнцон дзурæн у, уый, фæлæ уыцы æцæгдзинадæн фадат радт нæ царды арф уидæгтæ ауадзынæн, уæд уый уыдзæн æндæр хабар.

Йесо æцæгадыл никуы бавдисæн кодта, кæд уымæй искæмæн къуылымпыйы хос уыди, уæддæр.

# 9 СÆРГОНД

# МОНДАГГÆНÆН ДУР

***«Мæнæ Æз Сионы æвæрын сæрæвæрæн–æвзæрст зынаргъ дур, æмæ йыл чи æууæнды, уый нæ фæхудинаг уыдзæн. Уæдæ Уый сымахæн, уырнджытæн, хæзна у, æнæуырнджытæн та у аразджытæ цы дурыл нæ барвæссыдысты, фæлæ сæрæвæрæн чи сси», кæуыл фæкæлынц æмæ ахауынц,уыцы дур. Хуыцауы ныхасæн коммæгæс кæй не сты, уый тыххæй Йыл фæкæлынц...».***

**– 1 Петр 2:6–8**

Абон дзырд «уырнон» фесæфта йе ’цæг нысаниуæг. Фылдæр адæмæн уый амоны æрмæстдæр бæлвырд фактыл басæттын. Бирæтæн дзырд «уырнон»–æн иумæйагæй ницы ис коммæгæсдзинадимæ. Фæлæ Фысты дзырд

«уырнонтæ» у синоним дзырд «коммæгæс»–æн. «Уый сымахæн, уырнджытæн – хæзна, æнæуырнджытæн та (ома, коммæ чи нæ кæсы)…».

Сыгъдæг Фыст ахуыр кæны: «цæмæй Йыл чидæриддæр æууæнды, уыдон ма фесæфой, фæлæ сын уа мыггагмæйы цард» (Иоанн 3:16).

Дзырд «уырнон»–мæ нæ ахастдзинады тыххæй, бирæтæ хъуыды кæнынц афтæ, цыма сæ æрмæст домдæуыд, цæмæй æууæндой ууыл, Йесо кæй цард, æмæ кæй амард Голгофæйыл, æмæ уæд уыдон Хуыцауы раз уыдзысты рæстаг уавæры. Фæлæ уый иунæг домæн куы уаит, уæд дæлимонтæ дæр уаиккой Хуыцауы раз раст уавæры.

Сыгъдæг Фысты дзырдæуы: «Уырны дæ, Хуыцау иунæг Хуыцау кæй у, уый. Хорз кæныс; уый дæлимонты дæр уырны æмæ æмризæджы ризынц» (Иаков 2:19). Фæлæ дæлимонтæн нæй аирвæзæн.

Дзырд «уырнон»–æн (уырнынад) Сыгъдæг Фысты ноджы арфдæр у йæ нысаниуæг, уый исты хуымæтæг хабар нæу, кæннод та, æрмæст искæцы æцæгадимæ сразы канын. Раздæры бынаты контекст хъахъхъæнгæйæ ис зæгъæн, æмæ уырнондзинады сæйраг рахæцæн у коммæгæсдзинад. Махæн нæ бон у, уыцы бынат æндæрхуызон бакæсын: «Уæдæ афтæ, Уый сымахæн, коммæгæсджытæн, у хæзна; фæлæ æгоммæгæсджытæн (кæнæ хивæнд адæмæн) дур, кæцы нæ райстой аразджытæ, фæлæ кæцы ссис сæйрагдæр цæлхдур æмæ мондаггæнæн дур».

Зын нæу коммæгæс уæвын, куы зонат коммæгæс кæмæн стут уый фæнд æмæ уарзондзинад, уæд. Уарзондзинад у нæ сæйраг бастдзинад Чырыстиимæ – æнæуарзт ахуырад æмæ бындурон хъуыдымæ нæ, фæлæ уарзондзинад Йесо Чырыстийæн Йæхимæ. Уыцы уарзт нын фидар куы нæ уа, уæд мах æмхиц стæм мондаггæнджытæм, тæргайдзинадмæ æмæ цæлхдуртæ æвæрынмæ.

Израилæгтæ, кæцытæм Хуыцау фæсидт, цæмæй уой араздджытæ, нæ райстой Хуыцауы рæбинаг дур – Йесойы. Уыдон уарзтой сæхи ахуырад – Рагон Фæдзæхсты, разы уыдысты сæхицæй закъонтæ иртасыны хъуыддаджы, уымæн æмæ уыдон архайдтой сæхи пайдайæн, æмæ æндæр адæмыл контроль æвæрыны хъуыддагæн. Фæлæ дзуттæгтæ фидар кæуыл хæцыдысты, уыцы закъонтæм Йесо ракодта быцæусидт. Уый сын дзырдта: «Сымах лæмбынæг иртасут Сыгъдæг Фыст, йæ фæрцы æнхъæл стут мыггагмæйы цард райсын; афтæмæй та уый Мæныл дзурæг у» (Иоанн 5:39).

Уыдон нæ бамбæрстой, ахæм хъуыды æмæ Хуыцауы йæ райдианы фæндыд цæмæй Йын фырттæ æмæ чызджытæ уа, кæдонимæ Йын гæнæн уыд æмæ уыдаит æввахс ахастдзинæдтæ. Уыдон та фæндыд хицауиуæг æмæ разамынд дæттын. Хуыцауимæ ахастдзинæдтæй закъон сæ цæстыты ссис уæлдæр. Уыдон нæ райстой Хуыцауæй сын цы лæвар уыд, уый. Уыдоны, æвæццæгæн, фæндыд уымæй бакусын. Уымæ гæсгæ Хуыцауы лæвар Йесо Чырысти, сæ царды ныфс æмæ ирвæзынгæнæг сын ссис «цæлхдур æмæ мондаггæнæн дур». Симеон аргъуаны йæ къухтæм дзидзидай Йесойы куы райста, уæд пехуымпариуæггæнгæ дзырдта: «Мæнæ ацы Сывæллоны тыххæй израилаг адæмæй бирæтæ фæкæлдзысты, бирæтæ та сбæрзонд уыдзысты...» (Лука 2:34). Ахъуыды ма кæнут «фæкæлдзысты» æмæ «сбæрзонд уыдзысты».

Йесо зæхмæ фидыд æрхæссынмæ æрцыд, æмæ куыд федтам, Йемæ фидыд нæ, фæлæ цирхъ æрхаста, (кæсут Матфей 10:34) æмæ цард уыдонæн, кæцытæ уыдысты араздджыты амæттæгтæ (уыцы рæстæджы аргъуаны кусджытæ).

## ЙЕСО ÆМÆ МОНДАГГÆНÆНТÆ

Хуыцаубоны скъолаты Йесойы ныв кæнынц, куыд фыййау, кæцы хæссы чи фесæфт, уыцы уæрыччы Йе уæхсджытыл фæстæмæ дзугмæ. Кæнæ, Йæ æвдисынц чысыл сабитæн

хъæбыстæ кæнгæйæ: Уый сыл æвæры йæ къухтæ, цæмæй сын раарфæ кæна, æмæ уыцы рæстæг худы æмæ дзуры: «Æз уарзын дæу». Уыдæттæ иууылдæр раст сты, фæлæ уый фаг нæу Йæ сурæт ын æххæстæй равдисынæн. Уыцы Йесо азымджын кодта фарисейты (динамонджыты), сæхи рæстгæнджытыл кæй нымадтой, уый тыххæй: «Кæлмытæ æмæ калмы цот! Куыд фервæздзыстут зындонмæ уæ ныппарыны тæрхонæй?» (Матфей 23:33).

Уый аргъуаны сфæлдæхта æхцаивджыты стъолтæ æмæ сæ ратардта (Кæсут Иоанн 2:13–22). Уый загъта йæ фæдыл ацæуыны агъоммæ йæ фыды баныгæнын кæй фæндыд, уыцы адæймагæн: «...Мæрдтæ сæхæдæг баныгæнæт сæ мæрдты. Ды та цу æмæ хъусын кæн Хуыцауы Паддзахады тыххæй» (Лука 9:59–60).

Æмæ уый æххæст нæу. Йесойы архайд лæмбынæг ахуыр кæнгæйæ мах байгом кæнæм, ахæм Адæймаджы, кæцы бирæ кæйдæрты бафхæрдта æмæ сæ фæхъыг кодта Йæ архайды заманы. Уæдæ ма æркæсæм цалдæр цæвиттонмæ.

### *Йесо уыд цæлхдур фарисейтæн*

Бирæ цауты иу Йесо быцæуы бацыд дины разамонджытимæ, æмæ иу сын ссис цæлхдур. Къуылымпыйы кæй бахаудтой, уый аххосæй Йæм фарисейтæ смæсты сты æмæ Йæ фыдæхимæ арвыстой дзуармæ. Фæлæ сæ Йесо уарзта æмæ сын дзырдта рæстдзинад: «Цæстмæхъустæ! Сымах тыххæй Исай – пехуымпар хорз загъта: «Ацы адæм Мын кад кæнынц дзыхæй, сæ зæрдæ та Мæнæй дард у. Дзæгъæлы Мæм кувынц...» (Матфей 15:7–9). Йесойы ацы фидар ныхасæй фæтæргай сты. Æмæ бахаудтой мондаггæнæнты фыдæхдзинады.

Бафиппайут ма, цы загътой Йæ ахуыргæнинæгтæ уый фæстæ:

> Уæд Æм Йæ ахуыргæнинæгтæ æрбацыдысты æмæ Йын загътой: «Дæ ныхæстæ фарисейтæн къуылымпыйы хос кæй уыдысты, уый зоныс?»
>
> – Матфей 15:12

Раиртасут Ын йæ дзуапп:

> «…Мæ уæларвон Фыд кæй нæ ныссагъта, уыцы зайæгой рæдывд æрцæудзæн æд уидæгтæ. Ныууадзут сæ, уыдон куырмыты куырм фæтæгтæ сты. Æмæ куырм куырмы куы хона, уæд сæ дыууæ дæр уæрмы ныххаудзысты».
>
> – Матфей 15:13,14

Йесо фенын кодта хины мондæгтæ кæй сыгъдæг кæнынц Хуыцауы Паддзахад ахæмтæй, кæцытæ æцæгдзинадæй нæ бакодта Йæ Фыд. Иуæй иу адæймæгтæ гæнæн ис, æмæ æрбаиу уой аргъуанмæ, кæнæ лæггад кæнынмæ, æмæ уой уымæй размæ Хуыцауæй æрвыст, кæнæ Хуыцауæй не 'рвыст.

Тæргайдзинад (хъыгдзинад) фæзыны æцæгдзинадæн дзуаппы хуызы, гом кæны уды æцæг фæндиæгтæ æмæ уыдон уæд ацæуынц.

Аргъуанты уæвгæйæ æз бирæ хæттыты федтон, лæггадгæнджытæй иу иуæй иу адæймæгты тыххæй мастдзинад кæй бавзæрстой æмæ иу ацыдысты кæнæ аргъуаны куыстæй, кæнæ уырнонты къордæй. Цы адæм ацыд аргъуанæй, уыдон иу фылдæр хæттыты смæстджын сты, æцæгдзинад парахатгонд кæй цыд, уый тыххæй, уымæн æмæ сын уый æргом кодта сæ царды хъæндзинæдтæ. Уый фæстæ иу, уыдон критикæ кодтой аргъуаны куысты алы къабаз дæр æмæ иу ацыдысты аргъуанæй.

Кæд æмæ аргъуаны хистæртæ тырной, цыфæндыйæ дæр сæ бауромынмæ, сæ дуæртты фæрсты чи фæцæуы, уыдоны, уæд сæ æппынфæстагмæ бахъæудзæн æцæгады ныхмæ рацæуын. Кæд сымах парахат кæнут æцæгад, уæд сымах хъуамæ æфхæрат æмæ хъыг кæнат иуæй иу адæймæгты, æмæ уыдон ацæудзысты. Ма тыхсут, уыдон тыххæй, фæлæ ноджы хуыздæр æфсадут æмæ хъомыл кæнут ахæмты, кæцыты уын æрбарвыста Хуыцау.

Иуæй иу хистæртæ адæмы фесафыны тæсæй сæхи иуварс

кæнынц ныхмæвæрд быцæутæй. Уæлдайдæр аргъуаны хистæртæ тæрсынц уымæй, æмæ уыцы адæм, кæцытæн раргом кæнын фæхъæуы сæ хъæндзинæдтæ дæттынц лæвар стыр æхцатæ, кæнæ та вæййынц аргъуаны æмæ æхсæнады зынгæ гоймæгтæ. Иннæтæ та тæрсынц дæргъвæтин рæстæг кæимæ уыдысты, уыдоны æнкъарæнтæ бацагайынæй, уый адыл аргъуаны хистæртæ фесафынц, Хуыцауæй сын цы амынд уыд, хъахъхъæнын æмæ æфсадын фысты дзуг, кæцыты сын Хуыцау бакодта сæ бар.

Æз фыццаг хатт куы сдæн аргъуаны хистæр, уæд мын иу куырыхон лæг бафæдзæхста: «Фидар лæуу дæ бынаты, æндæра дын æй æндæр исчи райсдзæн æмæ йæ скæндзæн дæ ныхмæ».

Самуел уыд Хуыцауы лæг, уый никæй раз, уыимæ паддзахы раз дæр нæ тырныдта æцæгадыл бавдисæн кæнын. Саул Хуыцаумæ куы нæ байхъуыста, уæд Дунедарæг загъта Самуелæн йæ хъæнтæ йын раргом кæныны тыххæй. Æмæ уый дæр афтæ сарæзта. Фæлæ, хъыгагæн, Саул тæригъæд равдыста Хуыцауы дзырд кæй ницæмæ æрдардта, уымæй. Уый фылдæр сагъæс кодта иннæ адæмы цæсты куыд зындзæн, зæгъгæ. Самуел дзы куы цыд, уæд æй Саул йæ дзаумæттæй æрцахста æмæ йын аскъуыдта йæ дзаумайы кæрон. Фæлæ йæ Самуел дисы бафтыдта йæ ныхæстæй: «..афтæ дæуæй абон Дунедарæг ратыдта Израилы паддзахад...» (Паддз. 15:28).

Самуелы нæ фæндыд Саулæн уый. Фæлæ смæстджын уый тыххæй, æмæ Самуел Саулы байсæрста паддзахы бынатмæ, сарæзта йæ паддзах æмæ йæ ахуыр кодта паддзахадæн фæтк дæттыныл. Уый уыд Саулы æвваxс хæлар. Фæлæ ма байхъусут, Хуыцау Саулы тыххæй Самуелы æнкъарддзинадмæ йæхи куыд равдыста:

«Кæдмæ хъынцъым кæндзынæ Саулыл? Æз ыл атигъ кодтон Мæхи – уый нал уыдзæн Израилы паддзах. Сыкъа сойæ байдзаг кæн æмæ цу, æрвитын дæ...» (Паддз. 16:1).

Хуыцау загъта Самуелæн цæмæй цæуа дарддæр ног сойы байсæрстимæ·

Уый хъуыдис бамбарын, Хуыцауы уарзт æмæ Хуыцауы тæрхон кæй сты æнæкъæм æмæ ’ппæтæй æххæст. Самуел Саулмæ куы раздæхтаит уыцы рæстæг, Хуыцау æй йæхицæй куы фæиппæрд кодта, уæд æм ног сой нæ уыдаит. Дарддæр куы æнкъард кодтаит æмæ куыдтаит, уæд размæ нæ ацыдаит.

Аргъуаны хистæртæ, кæцытæ æнкъард кæнынц æмæ кæуынц аргъуан чи ныууагъта, уыцы адæмы тыххæй, кæцытæн сæ нæ фæнды сæ хъæнтæ раргом кæнын, æмæ ныхмæ лæууынц сæ хæлæрттæ кæй сты, уый тыххæй, фæлæ æппынфæстагмæ сойы сæрст бахус вæййы. Иуæй иу чырыстон кувджытæ амæлынц, иннæтæ та сæфсон кæнынц, цыма æгас сты. Уыдон сæ ахастдзинæдтæ адæмимæ æвæрынц Хуыцауы ахастдзинæдтæй уæлдæр, æгæрстæмæй, йæ не ’мбарынц, афтæмæй.

Библийы нæй æвдисæн, æмæ Йесо исты хуызы Йе ’ргом здæхта, чи Йæ ныууагъта уыдонмæ. Йæ зæрдæ тырныдта æрмæстдæр Йæ Фыды фæндон сæххæст кæнынмæ. Ахæм уавæры уæвгæйæ, Уый æрхаста пайда бирæ нымæц адæмæн. Æз никуы ферох кæндзынæн Сыгъдæг Уды фæндонæй æххæст чи уыд, уыцы аргъуаны куывдтытæ. Ууыл цыд иу азы бæрц. Фыццаг хуыцаубоны æз аргъуаны адæмæн амыдтон фæсмондзинад æмæ Хуыцаумæ фыццаг уарзондзинад æрцæуыны темæйы тыххæй. Æз æнкъардтон цыдæр ныхмæлæуд, фæлæ йæ зыдтон, æрмæстдæр хъуамæ уый хъусын кодтаин.

Куывды фæстæ мын аргъуаны хистæр загъта: Хуыцау мын райсомæй фенын кодта, абон цы амыдтай, уый, фæлæ уый нæ зыдтон, мæ адæм цæттæ кæй уыдзысты уымæ байхъусынмæ.

Ме ’мкъай банкъардта Сыгъдæг Уд æй кæй сразæнгард кодта хистæрмæ фарст радтын: «Чи у ацы аргъуаны хистæр ды, æви Йесо?»

Хистæр, ацы ныхæстæ фехъусгæйæ, йæ сæр æруагъта· «Нæ

Хицау Йесо мын уыцы ныхæстæ мæйы размæ загъта. Афтæ мын загъта, Йæхæдæг кæй зоны, адæмæн цас сæ бон у бамбарын» Хистæр ма нын дзырдта йæ аргъуаны адæмæн сæ æртыккæгæм хай кæй сты «консерватортæ», кæцыты нæ фæнды ницавæр ивддзинæдтæ, музыкæйы æмæ куывдты куыст куыд цæуы, уый тыххæй.

Мах ын ныфс бавæрдтам, æмæ йæм фæсидтыстæм, цæмæй Хуыцауæн уа фидар коммæгæс.

Йæ аргъуаны ма мах сарæзтам цыппар æмбырды æмæ сæ аразын уыд зынæй зындæр. Мах сахарæй куы ацыдыстæм, уæд мæ мидæг банкъардтон уæз, змисы голлагау. Æз æй не ’мбæрстон цы хабар у, уый, æмæ мæхи æнкъардтон æвзæрæй æвзæрдæр. Фылдæр хатт иу аргъуанæй куы ацыдтæн, уæд иу циндзинадæй мæ зæрдæ байдзаг. Фæлæ æз нæ зыдтон цы хабар у.

Æппынфæстагмæ æз Хуыцауимæ иунæгæй куы баззадтæн, уæд æй бафарстон: «Мæ Фыд, цы æнæраст ми бакодтон, кæм фæрæдыдтæн? Цæмæн ис мæ уды уыцы уæззау уаргъ? Чизоны, уыцы аргъуаны хистæры бартæ мæхи бакодтон?»

Уый загъта хуымæтæг ныхас: «… цæугæйæ та–иу уæ къæхты рыг æрцæгъдут» (Лука 9:5).

Æз дисы бацыдтæн, уый куы фехъуыстон уымæй, уæд. Æз дарддæр куывтон æмæ Йæ фарстон, фæлæ дзуаппæн хъуыстон уыцы иу дзырдтæ: «уæ къæхты рыг æрцæгъдут». Фæстагмæ æз байхъуыстон Хицаумæ. Мæ къух куы ацагъта мæ къæхты рыг, уæд мæ ныууагъта уыцы уæззаудзинад æмæ мын циндзинад байдзаг кодта мæ зæрдæ. Æз дисы бацыдтæн: «Фæлæ, Хицау, цæмæн хъуыдис, уый аразын, уыдон мæм нæ бырстой æмæ мæ нæ тардтой сахарæй?»

Уый мын фенын кодта, аргъуаны хистæртæ æмæ Йын бирæ адæймæгтæ Йæ дзырд кæй нæ райстой.

«Хицау, радт ма сын ноджыдæр рæстæг»,– куырдтон Дзы æз.

«Æгæрстæмæй ма сын Æз ноджыдæр фæндзай азы куы

радтон, уæддæр уыдон нæ фæивдзысты. Уыдон райстой фидар уынаффæ сæ зæрдæты».

Æз бамбæрстон, Хуыцауæн коммæгæс суæвыны бæсты, уыцы разамонæг сфæнд кодта сабырдзинад бахъахъхъæнын, æцæгадыл бавдисæн кæныны сæрты. Йæ сыкъа дзаг нæ уыд ног сойæ. Йæ хуыз уыд Хуыцаумæ кувæджы хуызæн, фæлæ Хуыцаумæ кувæджы гоймагæй уыд иппæрд. Уый æдде бакæсгæйæ зынд Удæй æххæст, фæлæ йæм нæ уыд Хуыцауы тых æмæ Йæ уæвынад. Фæстæдæр æз фехъуыстон, уый кæй ныууагъта аргъуаны хистæры куыст æмæ ма уыцы аргъуаны æрмæстдæр кæй баззад иу чысыл адæмы къорд.

Йесо бар нæ лæвæрдта æмæ Йын цæмæй иннæтæ фæтк дæттой. Уый дзырдта æцæгад, кæд иу ныхмæлæуддзинад æмæ тыхджын къуылымпытæ расайдта, уæддæр. Кæд сымах фæнды æрмæстдæр адæймаджы æппæлд, уæд Хуыцауы байсæрст сымахыл не ’рцæудзæн. Сымах хъуамæ тырнат уымæ, цæмæй хæссат Хуыцауы дзырд æмæ Йын æххæст кæнат Йæ фæндон, кæд æндæрты фæхъыг æмæ сын смаст кæнын тæссаг у, уæддæр.

### *Йесо ссис цæлхдур Йæ сахары цæрджытæн*

Йесо æрбацыд уыцы сахармæ, кæм хъомыл кодта, цæмæй уым лæггад кодтаит. Фæлæ йæ бон не ссис æрбахæссын сæрибардзинад æмæ æнæниздзинад, кæцытæ Уый хаста иннæтæн. Æркæсæм ма, уыдон цы загътой:

> «Хъæддæсныйы фырт нæу, æви? Йæ Мад Мариа нæ хуыйны? Йаков, Иосиф, Симон æмæ Иудæ Йе ’фсымæртæ не сты? Йæ хотæ дæр иууылдæр мæнæ ам не ’хсæн не сты, æви? Уæд Ын æппæт адæттæ кæмæй сты? Æмæ Йыл не ’ууæндыдысты. Йесо сын загъта: «Йæ фыдыбæстæ æмæ йæхи хæдзары йеддæмæ пехуымпар алкæм дæр кадджын вæййы»».
>
> – Матфей 13:55–57

Хъусут, куыд дзурынц Назареты цæрджытæ: «Йæхи цы ’нхъæлы, цы нæ ахуыр кæны хицаудзинадимæ? Мах зонæм, чи у Уый. Уый ам схъомыл. Мах Йæ хистæртæ стæм. Уый æрмæстдæр у хъæддæсныйы фырт. Уымæ æгæрстæмæй нæй сæрмагонд ахуырдзинад дæр».

Æмæ та Йесо ногæй не сразы ис æцæгадыл бавдисæн кæнын, кæд сын къуылымпыйы хос уыд, уæддæр. Назареты цæрджытæ Йæм афтæ тынг смæсты сты æмæ Йæ хъавыдысты амарынмæ, къæдзæхæй йæ раппарынмæ (Лука 4:28–30). Æгæрстæмæй, йæ цард тæссаг уавæры куы уыд, уæддæр Уый йæ ныхас кодта æцæгдзинады тыххæй. Ехх, куыд тынг нæ хъæуынц, ахæм адæймæгтæ!

Йесо ссис цæлхдур Йæ бинонтæн

Йесойы бинонтæ дæр фæкъулымпы сты уый тыххæй. Уыдонæн сæ зæрдæмæ нæ цыд уыцы æлхъывддзинад, кæцы цыд Йæ хъуыддæгтæй. Уыдонæн зын уыд, цæмæй Йыл бауæндыдаиккой. Уæдæ ма мæнæ ардæм æркæсæм:

> «Йæ хæстæджытæ уыдæттæ куы фехъуыстой, уæд Æм ацыдысты кæнынмæ, уымæн æмæ айхъуыст, Йæ зонд фæцыди, зæгъгæ. Æрцыдысты Йесойы Мад æмæ æфсымæртæ. Лæууыдысты æдде æмæ Йæм фæдзурын кодтой. Йæ алыварс бадт бирæ адæм. Йесойæн загътой: «Дæ Мад, Де ’фсымæртæ, Дæ хотæ лæууынц æдде æмæ Дæ агурынц». Йесо сын дзуапп радта: «Чи сты Мæ мад æмæ Ме ’фсымæртæ?» Æмæ, Йæ алыварс бадджытыл Йæ цæст ахæсгæйæ, загъта: «Мæнæ Мæ мад æмæ Ме ’фсымæртæ. Уымæн æмæ Хуыцауы фæндон чи æххæст кæны, уый у Ме ’фсымæр, Мæ хо æмæ Мæ мад».
>
> – Марк 3:21, 31–35

Йæ бинонтæ æнхъæлдтой æмæ Уый йæ зонд фесæфта. Сыгъдæг Фысты дзырдæуы, зæгъгæ Йесойы бинонтæ ацыдысты йæ фæдыл, цæмæй «Йæ акæной». Марк дзуры Йесойы æввахс

хиуæттæй уым чи уыд – Йæ мад æмæ йе ’фсымæртæ, уыдон фæстæдæр Йесойы ссардтой иу хæдзары, Уый уым хъусын кодта Уæларвон Паддзахады тыххæй. Иоанны Евангелийы дзырдæуы: «Суанг ыл йе ’фсымæртæ дæр не ’ууæндыдысты» (Иоанн 7:5)

Бирæтæ нæ ахъуыды кæнынц, Йесойы йе ’ввахс хиуæттæ кæй нæ райстой. Фæлæ Уый нæ агуырдта æрмæстдæр хæдзаронты аудындзинад. Уый нæ уагъта Йæхиуыл искæй бартæ хæссын. Йæ бæллиц уыд Хуыцауы фæндон сæххæст кæнын Йæ хиуæтты зæрдæмæ цæуы æви нæ цæуы, уымæ нæ кæсгæйæ.

Æз федтон бирæ адæмы, уæлдайдæр та æмкъайонты, кæцытæ не сразы сты Йесойы фæдыл ацæуынмæ, цæмæй се ’мкъайты æмæ сæ бинонты зæрдæхудты ма бацыдаиккой, уый тыххæй. Уый аххосæй уыдон систы диныл гуырысхогæнджытæ æмæ сæ бон не ссис æххæстæй сæ нысан сæххæст кæнын.

Æз уæлейæ куы райгуырдтæн, уæд мæ бинонтæ иууылдæр уыдысты католиктæ æмæ мын мæ циндзинад нæ исынц. Уæлдайдæр мæ мад, кæцы тынг смæсты, уыцы аргъуанæй кæй рацыдтæн, кæцыран уый схъомыл кодта мæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, ис католиктæ, кæцытæ уарзынц Хуыцауы, фæлæ æз зыдтон æмæ мæм Хуыцау кæй сиды, уырдыгæй рацæуынмæ.

Дыккаг цæф мыл сæмбæлд, мæ бинонтæн Хуыцауы лæггадгæнæг кæй уыдзæн, уыцы уынаффæ сын куы фехъусын кодтон, уæд. Уымæн æмæ уыцы рæстæг университеты æз райстон механик – инженеры дæсныйады диплом, æмæ мæнæй мæ ныййарджытæ æвæрдтой стыр ныфс. Фæлæ æз зыдтон, Хицау мæнæй цы домы, уый, стæй зыдтон, уый, æмæ уыцы хабар мæ хиуæттæн æхсызгон кæй нæ уыдзæн. Афæдзгæйтты æз æвзæрстон зынвадæттæ. Бирæ хатт иу мæ не ’мбæрстой. Фæлæ æз сфæнд кодтон: цыфæнды мæсты куы кодтаиккой мæ хæстæджытæ, уæддæр æз кæй цæудзынæн Йесойы фæдыл.

Раздæр æз сæ ныхмæ архайдтон Евангелийæ. Дзырдтон сын, кæй нæ фервæздзысты уымæй, æмæ зындонмæ кæй цæуынц.

Ме ’нæзонд митæй æмæ сæ архайдæй скодтон сæ хъуырмæ· Уый фæстæ мæ Хуыцау ахуыр кæнын райдыдта чырыстон цардæй цæрыныл сæ разы, цæмæй мын уыдон федтаиккой мæ арфæйаг хъуыддæгтæ· Æз раздæрау рæстдзинадыл не ’вдисæн кодтон, мæ бинонты зæрдæ балхæныны тыххæй·

О, мæ ныййарджытæ абон хæцынц мæ фарс, мæ фыды фыд, кæцы æппæтæй тынгдæр уыд мæ ныхмæ, уыд йæ тæригъæдтæй ирвæзт стай фараст аздзыдæй, йæ мæлæтæй дыууæ азы агъоммæ.

Йесойы мад æмæ æфсымæртæ хъуыды кодтой, цыма Йæ зонд фесæфта. Фæлæ Уæларвон Фыды фæрцы, æмæ Йæ коммæгæсы тыххæй, иууылдæр фервæзтысты æмæ Фæндзайæм бон апостолтимæ иумæ уыдысты уæллаг уаты. Иаков, Йесойы хæрæфырт ссис зынгæ Хуыцауы Дзырд парахтгæнæг Иерусалимы Кувæндоны.

Кæд зæрдæ балхæныны тыххæй мах нæ бинонтимæ цæуæм æцæгад бавдисыны фæндагыл, уæд нын Хуыцау цы дзуры, уымæй мах нæ царды фæцух уыдзыстæм ног сойæ æмæ нæ бон нæ бауыдзæн нæ æвваxс хæстæджыты ссæрибар æмæ фервæзын кæнын.

### *Йесо уыд цæлхдур Йæ ахуыргæнинæгтæн*

Раздæры сæргонды мах лæмбынæг ныхас кодтам Йесо кæй фæхъыг кодта, уыцы ахуыргæнинæгты тыххæй. Цæй æмæ ногæй сфæлхатт кæнæм, æмæ сæм бакæсæм Йесойы цæстытæй:

> «Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ уыцы ныхæстæ куы фехъуыстой, уæд дзырдтой: «Цы æнахуыр ныхас кæны! Уыдæттæ хъусын кæй бон у? Ахуыргæнинæгтæ ууыл кæй хъуыр–хъуыр кодтой, Йесо уый æнæзæгъгæйæ дæр зыдта æмæ сын загъта: «Уый уæ къуылымпы кæны?.. Уый фæстæ Йæ ныууагътой Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ æмæ Йемæ нал цыдысты».
>
> – Иоанн 6:60,61,66

Уавæр уыд тынг æндыгъд. Дины разамонджытæ хъуыды кодтой, куыд амарой Йесойы. Уый кæм схъомыл ис, уыцы сахар æй нæ райста. Йæ æввахс хæстæджытæ хъуыды кодтой, цыма фесæфта йæ зонд. Уыимæ ма, дзы Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ ацыдысты тæргайæ. Фæлæ уæддæр Йесо не сразы и æцæгад бавдисын. Чи ма дзы баззад, уыдонæн дæр Уый загъта, кæд сæ фæнды, уæд уыдон дæр ацæуæт.

Йесойæн æппæты ахсджиагдæр уыд – Хуыцауы фæдзæхст сæххæст кæнын. Уыцы бон Уый иунæгæй куы баззадаит, уæд ын уый дæр нæ фæивтаит Йæ зæрдæ. Уый фидарæй сфæнд кодта Йæ Фыдмæ хъусын.

### *Йесо фæхъыг кодта йе ’ввахс хæлæрттæй кæйдæрты*

> «Иу адæймаг, йæ ном Лазыр, уыди рынчын. Уый уыди Вифанийæ, Мариа йæ хо Марфæимæ кæм царди, уыцы хъæуæй. Мариа та уыди, Хицау Йесойы хæрздæфгæнæнæй чи байсæрста æмæ Йын Йæ къæхтæ йæ дзыккутæй чи ныссæрфта, уыцы сылгоймаг. Ныр мæнæ йе ’фсымæр Лазыр уыди рынчын. Хотæ хабаргæнæг арвыстой Йесомæ: «Хицау, Ды кæй уарзыс, уый рынчын у».
>
> – Иоанн 11:1–3

Йесо уарзта Марфæйы, Мариайы æмæ Лазыры. Уыдон ын уыдысты тынг æввахс. Уый иу æмæ дыууæ хатты нæ арвыста семæ рæстæг.

Уæдæ ма уæ хъус адарут, уымæ, æмæ Йесо куы базыдта Лазыр рынчын у, уæд ын куыд тынг хъыг уыд.

> «Лазыр рынчын кæй у, Йесо уый куы фехъуыста, уæд кæм уыдис, уым ма афæстиат дыууæ боны».
>
> – Иоанн 11:6

Йесо зыдта, Лазыры йæ низ мæлæтмæ кæй æркæндзæн, уый. Фæлæ Уый баззад, кæм уыд, уым дыууæ боны. Фæлæ

фæстагмæ Уый Вифанимæ куы æрцыд, уæдмæ Лазыр уыдис мард.

Æмæ Йын Марфа æмæ Мариа загътой: «Хицау, ды ам куы уыдаис, уæд ме'фсымæр нæ амардаит (Иоанн 11:21,32). Æндæр ныхæстæй: «Куы дæм фæхабар кодтам, уæд æвæстиатæй Ды цæуылнæ æрцыдтæ? Дæуæн æй Дæ бон уыд фервæзын кæнын».

Æвæццæгæн, Æм дыууæ хойы иучысыл фæхæрам сты. Уыдон Ын фехъусын кодтой фидиуæджы фæрцы се'фсымæры низы хабар, фæлæ Йесо бафæстиат дыууæ боны. Йесо нæ батыхст, уыдон куыд æнхъæл уыдысты, афтæ. Йæхи равдыста æндæрхуызон. Уый нæ саразта ницы, цæмæй уыдонмæ ацыдаит. Уыимæ Уый ацыд Сыгъдæг Уды фæдыл. Æмæ уый уыд æппæты хуыздæр алкæмæн дæр. Фæлæ уыцы рæстæг зындис, афтæ, цыма Йесойæн уæлдай нæ уыд æмæ Йæ бынтон ницы æндавы.

Афтæ арæх аргъуаны хистæртæ дæр вæййынц сæ бартæ кæй къухы сты, уыдоны цæстдарды бын. Уыдон хъуыды кæнынц, адæм сæ цы курынц, уый хъуамæ æнæмæнгæй æххæстгонд цæуа.

Аргъуаны советы иу уæнг, кæцы æнæхай фæцис аргъуаны кувæг лæгæй загъта мæнæн: «Мах хъæуы, ахæм кувæг лæг, кæцы нын æххæст кæна нæ домæнтæ, кæцы мæм райсом аст сахатмæ цæуа кофе цымынмæ».

Æз ахъуыды кодтон: Гæнæн ис æмæ ссарат æргомзæрдæ адæймаджы, кæцы уыдзæн уæ цæстдарды бын, фæлæ ахæм нæ, æмæ Сыгъдæг Уд разамынд кæмæн дæтты.

Фæстæдæр æз базыдтон, уыцы аргъуан фæстаг афæдз æмæ æрдæджы дæргъы раивта цыппар хистæры.

Æз æхсæз мæйы уыдтæн фæсивæдæн хистæр, уыцы рæстæджы мæм иу æрыгон лæппу æрбацыд æмæ мæ бафарста «Мæ хæлар уыдзынæ»? Нæ фæстаг фæсивæдон хистæр уыд мæ хæлар».

Мæ размæ чи куыста, уый фæсивæдимæ уыд тынг æргомзæрдæ æмæ уарзæгой. Уыдон архайдтой алыгъуызон цымыдисон хъæзтыты æмæ ахуырты. Цы мæ куырдта, уый æз бамбæрстон. Аргъуаны уынаффæйы уæнг дæр агуырдта йæ аргъуаны хистæрæй уыцы миниуджытæ.

Æз ын æрхастон цыбыр хъуыды Матфейы Евангелийæ (10:41), цыран Йесо дзуры: «Пехуымпарыл, пехуымпар кæй у, уый охыл æнувыд чи у, уымæ æнхъæлмæ кæсы пехуымпары аккаг хæрзиуæг. Рæстгæнæгыл, рæстгæнæг кæй у, уый охыл æнувыд чи у, уымæ дæр æнхъæлмæ кæсы рæстгæнæджы аккаг хæрзиуæг» (Матфей 10:41).

– Дæуæн бирæ æмгæрттæ ис, афтæ нæу? – бафарстон æй æз.

– О, – дзуапп радта, уый.

– Фæлæ дæуæн æрмæст иу фæсивæдон хистæр ис, раст нæу?

– О, раст у.

– Цавæр хорзæх дæ хъæуы – фæсивæдон хистæр æви æмгар. Уымæн æмæ мæн куыд райсдзынæ, уымæй аразгæ уыдзæн, ды цы райсдзынæ Хуыцауæй.

Уый бамбæрста, æз цы зæгъынмæ хъавыдтæн, уый.

– Мæн фæсивæдон хистæры хæрзиуæг хъæуы.

Бирæ чырыстæттæ тæрсынц куы фæсайой æмцег сыл чи кæны, уыдоны ныфсытæ, куы сын бацагайой се 'нкъарæнтæ æмæ куы фесафой, уый адыл се 'ххуысы хай. Уыдон ахст сты тасы къæппæджы, иннæты цæмæй ма фæхъыг кæной. Уыдоныл разамынд дæттынц Хуыцау нæ, фæлæ адæймæгтæ. Уый аххосæй сæ аргъуанты æмæ къордты арæзт цæуы тынг цъус, кæцыйæн ис æцæг æнусон аргъ.

### *Йесо цæлхдур уыд Аргъауæг Иоаннæн*

Ионн Аргъауæгы дæр бахъуыд къуылымпы æмæ мондæгтимæ тох кæнын æмæ Йесомæ фæхъыг кæнын.

> «Иоаннæн йæ ахуыргæнинæгтæ радзырдтой æппæт уыдæтты тыххæй. Иоанн басидт йæ ахуыргæнинæгтæй дыууæмæ æмæ сæ арвыста Хицау Йесойы бафæрсынмæ: «Æрцæуинаг Чи у, Уый Ды дæ, æви æндæрмæ æнхъæлмæ кæсæм?». Уыдон æрцыдысты Йесомæ æмæ Йын загътой: «Аргъауæг Иоанн нæ Дæумæ рарвыста бафæрсынмæ: «Æрцæуинаг Чи у, Уый Ды дæ, æви æндæрмæ æнхъæлмæ кæсæм».
>
> – Лука 7:18–20

Фæлæ ма багæдзæ кæнæм! Иоанн цæмæн фæрсы Йесойы, Уый у Уыцы Мессиа (Чырысти), Кæцы хъуамæ æрцæуа? Иоанн йæхæдæг уыд æвдисæн Йе ’рцыдæн, кæцы Йын фæндаг цæттæ кодта æмæ хъусын кодта Йе ’рцыды тыххæй: «…мæнæ Хуыцауы уыцы Уæрыкк, Дунейы тæригъæд чи фæхæссы» (Иоанн 1:29). Æрмæстдæр Аргъауæг Иоанн загъта: «…Уый у Сыгъдæг Удæй аргъауæг» (Иоанн 1:33).

Уый ма нoджыдæр дзырдта: «…Уымæн рæзын æмбæлы, мæнæн та – къаддæрæй–къаддæр кæнын» (Иоанн 3:30).

Аргъауæг Иоанн уыцы рæстæг уыдис иунæг адæймаг, кæцы æцæгæйдæр зыдта, Йесо Чи уыд (Симон Петрæн уый нырма æргомгонд нæ уыд).

Уæдæ уый цæмæн фарста: «Æрцæуинаг Чи у, Уый Ды дæ, æви æндæрмæ æнхъæлмæ кæсæм?»

Уæхи ма авæрут Иоанны бынаты. Ды дæ уыцы лæг æмæ Хуыцау цы аразы, уыдоны зонæг. Сымах лæггад кодтат бирæ адæмæн, æмæ уыцы лæггад кæнын та уыдис бæстæйы æппæты зындгонддæр, уый тыххæй дзырдтой æппæтæй фылдæр. Сымах цардыстут удуæлдайæ, не скодтат бинонтæ, цæмæй æппæт мадзæлттæй дæр сæххæст кæнат, уæ цардыхæс. Сымах цардыстут æдзæрæг быдыры, ходæн кодтат мæтыхтæй, хъæддаг мыдæй æмæ дардтат арæх ком. Сымах бацыдыстут тохы фарисейтимæ æмæ быхстат алыхуызон æнахъинон азымтæн, цыма стут хæйрæджы уацары. Уе ’ппæт цард дæр

нывондæн æрхастат, цæмæй æрцæттæ кæнат фæндаг фидæны Мессиайы æрцыдæн.

Æмæ ныртæккæ та стут ахæстоны. Ахст стут цасдæр рæстæг. Тынг чысыл уæ бæрæг кæнынц, уымæн æмæ адæмы æргом, кæцыты сымах æрцæттæ кодтат, сæ хъус адардтой Назаретæй чи у, уыцы Йесомæ. Æгæрстæмæй дæ ахуыргæнинæгтæ дæр æрбаиу сты, Уыцы Адæймагмæ. Æрмæстдæр ма цалдæр адæймаджы баззад сымахимæ, цæмæй уын лæггад кæной. Куы уæ бабæрæг кæнынц, уæд радзурынц, куыд цæрынц Уыцы Адæймаг æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæ. Сæ цард тынг хицæн кæны сымах цардæй. Уыдон хæрынц æмæ нуазынц тæригъæдджынтимæ æмæ леккагæнджытимæ. Уыдон фехалынц сабат æмæ нæ дарынц ком.

Æмæ сымах уæхицæн дзурут: «Æз федтон, Сыгъдæг Уды уæларвæй бæлонау Уымæ æрцæйцæугæ æмæ йемæ баззайгæйæ, фæлæ афтæ Йæхи хъуамæ дара Мессиа (Чырысти)?»

Æмæ цас фылдæр дæ ахæстоны, уый бæрц тыхджындæр вæййынц тæргæйттæ æмæ мæстытæ. «Ацы Адæймаг, Кæцыйы тыххæй æз бахардз кодтон ме 'ппæт цард дæр, цæмæй Йын æрцæттæ кæнон фæндаг, не саккаг кодта мæнмæ ахæстонмæ, цæмæй мæ бабæрæг кодтаит. Афтæ куыд хъуамæ уа? Кæд Уый Мессиа (Чырысти) у, уæд мæ цæуылнæ сæрибар кæны ацы ахæстонæй. Æз нæ сарæзтон ницавæр фыдракæнд».

Уымæ гæсгæ сымах арвыстат, æнувыд уыл чи у, ахæм дыууæ ахуыргæнинаджы, цæмæй Йесомæ радтой фарст: «Æрцæуинаг Чи у, Уый Ды дæ, æви æндæрмæ æнхъæлмæ кæсæм?».

Уæдæ ма æркæсæм Йесо куыд сдзуапп кодта Иоаннæн:

> «Йесо уыцы рæстæг бирæ адæмы фервæзын кодта алыгъуызон низтæй, æнæзæгъинæгтæй, бирæ куырмыты ракæсын кодта сæ цæстытæй. Æмæ æрвыст лæгтæн дзуапп радта: «Цæут æмæ зæгъут Иоаннæн, цы федтат æмæ цы фехъуыстат,уый,куырмытæ райдыдтой

> уынын, къуылыхтæ – цæуын, хъотырджынтæ дзæбæх кæнынц, къуырматæ райдыдтой хъусын,мæрдтæ ægac кæнынц, мæгуыртæ хъусынц фарны уац; æмæ тæхудиаг у, Мæныл чи нæ фæкæла, уый».
>
> – Лука 7:21–23

Йесо Иоаннæн пехумпар Исайайы кой кæны, уымæн æмæ йын хъуыстгонд уыд. Исайайы чиныджы 29:18, 35:4–6 æмæ 61:1 бынæттæ хауынц, Иоанны ахуыргæнинæгтæ цы федтой, уымæ, цалынмæ уыдон Иоанны фарст Йесомæ радтой, уæдмæ. Уыцы диссæгтæ Йесойы æргом кодтой куыд Мессиайы (Чырыстийы). Фæлæ ууыл ныхас нæ фæцис. Йæ ныхæстæм ма бафтыдта: «Тæхудиаг у, Мæныл чи нæ фæгуырысхо уа».

Уый дзуры: «Иоанн, Æз зонын, ды кæй не ’мбарыс цы дыл цæуы æппæт уыдоны, нæ зоныс Мæ фæндæгтæй бирæты, фæлæ мæныл ма тæргæйттæ кæн, уымæн æмæ Æз архайын ды æнхъæл куыд нæ уыдтæ, афтæ.» Уый фæсидт Иоаннмæ цæмæй ма хæсса тæрхон Хуыцауы фæндагæн йæ зондахастмæ гæсгæ. Иоаннæн æххæстæй нæ байгом Хуыцауы хъуыды, абон махæн куыд нæ байгом, афтæ. Йесо йын ныфс лæвæрдта æмæ дзырдта: «Ды сарæзтай, уый, дæуæн цы уыд загъд. Дæ хæрзиуæг уыдзæн егъау. Æрмæст ма дызæрдыг кæн Мæныл!»

## ТÆРГАЙДЗИНАД (ЦÆЛХДУР), КÆЦЫЙЫ ТЫХХÆЙ НÆ ХЪÆУЫ ХАТЫР КУРЫН

Хуыцауы фæндæгтæ дын цыфæнды зындгонд куы уой, Иоаннæн куыд уыдысты, афтæ, уæддæр гæнæн ис æмæ ссарат æфсон Йесомæ фæхъыг кæнынæн æмæ Йæм тæргай фæуынынæн. Кæд Æй æцæгæй уарзут æмæ Йыл æууæндут, уæд æппæт мадзæлттæй дæр архайдзыстут, цæмæй Йæм ма фæхъыг уай, æмæ йæм тæргайгъуызæй ма ракæсай, уый æмбаргæйæ, æмæ Йæ фæндæгтæ кæддæриддæр уæлдæр кæй сты дæ фæндæгтæй.

«Хуыцауы Удæн сымах кæддæриддæр коммæгæс куы уат,

уæд уæм адæм мæсты кæндзысты æмæ уæ рæдийын кæнынил ардаудзысты. Йесо загъта Иоанны Евангелийы: «Уд дымгæйау у: дымгæйы кæм фæфæнды, уым фæдымы, йæ уынæр ын хъусыс, фæлæ кæцæй æрцæуы æмæ кæдæм ацæуы, уый нæ зоныс. Афтæ вæййы йæ хабар, Удæй чидæриддæр райгуыры, уымæн» (Иоанн 3:8).

Иуæй иутæ сымах нæ бамбардзысты Сыгъдæг Уды разамындæй куы архайат, уæд. Ма бауадзут æмæ уæ сæ æнаккаг æмæ хъæхъхъагдзинад æцæгадæй аиуварс кæна. Адæмы зæрдæхудт ма райсыны тыххæй уæхи ма иуварс кæнут Сыгъдæг Удæй. Петр уый тыххæй хъуыды кодта:

> «Чырысти буарæй хъизæмæрттæ кæй бавзæрста, уымæ гæсгæ сымах дæр Йæ цæстæй кæсут хъизæмæрттæм, æмæ уымæй ифтонг кæнут уæхи, уымæн æмæ буарæй тухæнгæнæг тæригъæды нал æфты. Буары цæрынæн ма йын цы рæстæг баззади, уый æрвиты адæймаджы тæригъæдджын мондæгтæ æфсадгæйæ нæ, фæлæ Хуыцауæн фæндиагæй».
>
> – 1 Петр 4:1,2

Сымах Хуыцауы фæндиагæй куы цæрат, уæд адæмы фæндиæгтæ не 'ххæст кæндзыстут. Уыимæ æвзардзыстут буары хъизæмæрттæ. Йесо ныффæрæзта дины разамонджыты егъау ныхлæудæн. Уырнон адæм нымайынц, цыма Хуыцау архайы æрмæстдæр сæхæдæг кæй снысан кæнынц, уыцы бынæтты. Уыдон æууæндынц, цыма сты иунæгадæм, кæцытæн ис бацæуæн Хуыцаумæ. Кæд Хуыцау фæхъыг кодта æмæ смондагджын кодта уырнон адæмы дыууæ мин азы размæ, Уды хорзæх куы райста, уæд йæ фæстæ чи цæуы, уыдон дæр æнæмæнг уый сараздзысты. Апостол Павелы тухæнæй куы мардтой, уый уымæн у хорз цæвиттон. Иуæй иу адæймæгтæ бауæндыдысты дам–думтыл, цыма Павел æцæгад бавдыста, Евангелийы дзуары фæивгæйæ дины фæтæгтимæ бадзырд саразгæйæ, кæцытæ дзырдтой, ирвæзыны мадзал кæй у сунæт. Фæлæ

сын Павел бæлвырд бамбарын кодта æцæгдзинады æмбæлгæ уавæр. «Бакæсут мæнмæ, загъта уый: – динамонджытæ мæн алырдыгæй æфхæрынц. Æз æрмæст сунæты кой куы кодтаин, уæд афтæ кодтаиккой? Дзуар нæ ирвæзынæн у æрмæст иунæг фæндаг, кæд уый искæй къуылымпы кæны, уæддæр у æцæгад, æмæ йæ æз никуы фæивдзынæн» (Галатæгтæм 5:11).

Мах хъуамæ нæ зæрдæты аскъуыддзаг кæнæм, кæй уыдзыстæм коммæгæс Хуыцауы Удæн, цасфæнды аргъ дæр куы фидæм, уый тыххæй, уæддæр. Уæд адæмы æлхъывдады æмæ уавæрты рæстæг нæ исдзыстæм уынаффæтæ, уымæн, æмæ уыцы уынаффæтæ мах райстам уымæй размæ.

Йесо фæхъыг кодта иуæй
иу адæймæгты Йæ Фыдæн
коммæгæс кæй уыд, уый
тыххæй, фæлæ Уый никуы
уыди цæлхдур адæмæн,
цæмæй Йæхи сраст кæна,
кæннод та, Йæ бартæ
бахъахъхъæна.

# 10 СÆРГОНД

# ЦÆМÆЙ СÆ МА ФÆРÆДИЙЫН КÆНÆМ

***«Уæдæ кæрæдзийæн тæрхон мауал кæнæм. Уый нæ, фæлæ архайут, цæмæй уе ’фсымæр уæ аххосæй ма фæкæла æмæ тæригъæды ма бацæуа».***

**– Ромæгтæм 14:13**

Мах ныртæккæ ныхас кодтам, æмæ Йесо, Уый зæххыл куы цыдис, æмæ лæггад куы кодта, уæд Æм фæхъыг бирæ адæм. Афтæ зыны, цыма Йæм адæм иууылдæр уыдысты тæргай, æмæ Йæм мæсты кодтой. Ацы сæргонды мæн фæнды ацы фарста æндæр хуызы рафæлгъауын.

Йесо æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæ ’рæджы æрбаздæхтысты Капернаумæй. Уыдон лæггад кодтой æндæр горæтты æмæ æрбацыдысты цыбыр, фæлæ æнæмæнгхъæугæ

фæлладуадзынмæ. Кæд æмæ лæггад кæм кодта, уыцы бынæттæй искæцыйы банымайæн ис центрыл, уæд уый уыд Капернаум. Симон Петрмæ бацыд уыцы горæты иу бæрнон хицау, кæцы уыд кувæндонæн хъалон æмбырдгæнæг æмæ загъта: «Уæ Ахуыргæнæг нын дыууæ драхмæйы нæ ратдзæн?» (Матфей 17:24).

Петр загъта: «Ратдзæн», æмæ уыцы фарстаимæ ацыд Йесомæ. Йесо æнхъæлмæ каст хъалонтæ æмбырдгæнæг æм курæг кæд бацæудзæн, æмæ бафарста Симон Петры: «Куыд дæм кæсы, Симон, зæххон паддзæхтæ фиддон кæнæ хъалон кæмæй исынц? Сæхи адæмæй æви æцæгæлæттæй?» Симон Ын дзуапп куы радта, æцæгæлæттæй, зæгъгæ, уæд ын Йесо загъта: уæдæ фырттæ сæрибар сты» (Матфей 17:25,26).

Йесо Петры æркæны, уыцы хъуыдымæ æмæ фырттæ сæрибар сты хъалонтæй. Уыдонæй хъалон ничи исы. Фæлæ сæхæдæг пайда кæнынц, уыцы хъалонтæй. Уыдон цæрынц галуанты, кæцыты дарынц хъалонты æмæ мысайнæгты фæрцы. Фырттæ сихор кæнынц паддзахы стъолыл, æмæ дарынц паддзахы дзаумæттæ, æмæ æппæт уыдæттæ ифтонггонд цæуынц хъалонты æмæ мысайнæгты хардзæй.

Уыцы хъалонтæ æмбырдгæнæг райста кувæндонæн мысайнаг. Фæлæ чи уыд паддзах æмæ кувæндоны хицау? Кæмæн æрцыд арæзт?

Дзуапп: Фыд Хуыцауæн. Петр æрæджы райста æргомдзинад Хуыцауæй, Йесо кæй у «Чырысти, цардæгас Хуыцауы Фырт».

Уый бындурыл Йесо фарста Петры: «Кæд Æз дæн Уый, ацы Кувæндон Кæй у, уæд Æз сæрибар нæ дæн хъалонтæ Кувæндонæн бафидынæй?» Кæй зæгъын æй хъæуы, Уый уыд сæрибар æмæ Йæ бон уыд хъалон ма бафидын. Фæлæ ма кæсут, цы дзуры Петрæн:

> «…фæлæ ныл цæмæй сæ зæрдæ ма фæхуда, уый тыххæй ацу денджызмæ, баппар æнгуыр æмæ фыццаг цы кæсаг æрцахсай, уый райс. Æмæ йын йæ

> дзых куы байгом кæнай, уæд дзы ссардзынæ статир. Рахæсс æй æмæ сын æй ратт Мæн тыххæй æмæ дæхи тыххæй».
>
> – Матфей 17:27

Уый ныртæккæ сбæрæг кодта, сæрибар кæй у. Фæлæ цæмæй цæлхдур ма уа (ма фæхъыг уой) уыцы адæмæн, Уый тыххæй Петрæн загъта: «Цæй æмæ сын бафидæм». Уый бахæс кодта Петрæн, цæмæй ацыдаит æмæ æнгуыр баппæрстаит, æмæ фыццаг цы кæсаг æрцахстаит, уый дзыхы æхца ссартаит, ацы хабар ма уыд ноджыдæр иу æвдисæн Йæ сæрибардзинадæн· Фыд Хуыцау сæ ифтонг кодта æхцайæ, æмæ сын æгæрстæмæй фыста сæ хъалонтæ дæр·

Йесо – Дунедарæг æппæт зæххæн· Уый у Хуыцауы Фырт. Зæхх æмæ иууылдæр йæ уæлæ чи ис, сфæлдыста Уый æмæ сты Йæ дæлбар· Уæдæ зæгъæн ис, æмæ Уый зыдта æхца кæй уыдзæн уыцы кæсаджы дзыхы. Уый кусын нæ хъуыд, цæмæй райстаит уыцы æхцатæ· Уымæн æмæ Уый уыд Хуыцауы Фырт. Æмæ уæддæр Уый сфæнд кодта хъалон бафидын æмæ адæмы ма фæхъыг кæнын·

Уый у, уыцы Йесо, Кæцыйы мах федтам раздæры сæргонды æмæ Кæцы хъыг кодта адæмы, ницавæр хатыртæ сæ куырдта, афтæмæй. Уый равдыста хъалонтæ фидынæй кæй у сæрибар, æмæ загъта: «Фæлæ ныл цæмæй сæ зæрдæ ма фæхуда, уый тыххæй ацу æмæ сæ бафид»· Афтæ мæм кæсы, цыма ам нæй кæрæдзийыл бастдзинад?

Дзуапп ссарæм ацы бынаты.

> «Уыцы рæстæг ахуыргæнинæгтæ æрбацыдысты Йесомæ æмæ йæ бафарстой: «Уæларвон Паддзахады уæлдæр чи у?». Йесо басидти сывæллонмæ, æрлæууын æй кодта уыдоны раз, æмæ загъта: «Æцæг уын зæгъын, куы нæ аиват æмæ сывæллæтты хуызæн куы нæ суат, уæд Уæларвон Паддзахадмæ нæ бацæудзыстут. Уæдæ йæхи чи æрныллæг кæна æмæ

> ацы сабийы хуызæн чи суа, уый уæлдæр уыдзæн Уæларвон Паддзахады».
>
> – Матфей 18:1–4

Ацыран сæйрагдæр дзырд у «йæхи чи æрныллæг кæна». Фæстæдæр æй Йесо æмбарын кæны бæлвырддæр:

> «…уæлдæр уæвын уæ кæй фæнды, уый уын уæд лæггадгæнæг; …Адæймаджы Фыртæн дæр Йе ’рцыд, цæмæй Йын лæггад кæной, уый охыл нæ, фæлæ цæмæй Йæхæдæг балæггад кæна æмæ бирæты ссæрибары сæраппонд Йæ цард ратта, уый тыххæй уыд».
>
> – Матфей 20:26–28

Гъе, уый дын Фидардзинад! Уый æрцыд уый тыххæй нæ, æмæ Йын лæггад кæной, фæлæ цæмæй Йæхæдæг кæна лæггад. Уый уыд Фырт. Уый уыд сæрибар· Уый нæ дары никæмæй ницы, Уый никæмæн уыд дæлбар адæмæн, фæлæ уæддæр сфæнд кодта Йæ сæрибарæй спайда кæнын, цæмæй лæггад кодтаит.

## СÆРИБАР СТЫ ЛÆГГАД КÆНЫНÆН

Ног Фæдзæхсты мах, Хуыцауы фыртты, фæдзæхсынц Йесойы бафæзмын æмæ Йæ зæрдæйы æрдзыхъæды хуызæн суæвын·

> «Сæрибармæ хуынд стут, æфсымæртæ; æрмæст уæ сæрибар ма асайæд уæ тæригъæдджын æрдзыхъæды мондæгтæ æфсадынмæ, фæлæ, кæрæдзи уарзгæйæ, уæ иу иннæмæн лæггад кæнæд».
>
> – Галатæгтæм 5:13

Ис æндæр дзырд, сæрибар нысангæнæг, – уый у фылдæр фадæттæ. Мах, цардæгас Хуыцауы сывæллæттæ, нæ сæрибар æмæ фылдæр фадæттæй нæхицæн ма хъуамæ пайда кæнæм· Сæрибарæй хъуамæ пайдагонд цæуа иннæтæн лæггад

кæнынæн. Лæггад кæнын у сæрибар фæллой. Æнæсæрибарæй æмæ хъадаманты кусын у цагъардзинад. Цагъар уый у, æндæр гæнæн кæмæн нæй, афтæмæй чи хъуамæ лæггад кæна, уый; лæггадгæнæджы та йæхи фæнды, цæмæй лæггад кæна. Уæдæ ма æркæсæм цагъары æмæ лæггадгæнæджы куысты иуæй иу хицæндзинæдтæм:

- Цагъар хъуамæ лæггад кæна – лæггадгæнæг та йæхæдæг райсы йæхимæ хъуыддаг.
- Цагъар аразы цы æмбæлы, уымæй бирæ къаддæр, – лæггадгæнæг спайда кæны йе ’ппæты гæнæнтæй æмæ фадæттæй.
- Цагъар цæуы иу дæрддзæг – лæггадгæнæг та дыууæ.
- Цагъар йæхи æнкъары, цыма йæ бастыгътой – лæггадгæнæг та йæхæдæг фæдæтты.
- Цагъар у баст – лæггадгæнæг та сæрибар
- Цагъар тох кæны йæ бартыл – лæггадгæнæг та йæхи тигъ кæны йæ бартыл.

Æз бирæ чырыстæтты федтон, кæцытæ лæггад кодтой сæ зæрдæты маст даргæйæ. Уыдон дæттынц тæргайгæнгæ æмæ хъаст кæнынц, хъалонтæ куы фæфидынц, уæд. Уыдон раздæрау цæрынц, куыд закъоны цагъартæ, кæд уыдонæй сæрибар сты, уæддæр. Уыдон сæ зæрдæты баззадысты цагъартæй. Æппæтæй æнкъарддæр та у, уый, æмæ ацы закъон арæзт æрцыд Ног Фæдзæхсты бындурыл. Уыдонмæ нæй, Йесо кæимæ лæггад кодта, уыцы ахастдзинæдтæм тырнындзинад. Уыдон не ’мбарынц сæрибаргонд кæй æрцыдысты лæггад кæнынæн. Уымæ гæсгæ уыдон дарддæр тох кæнынц иннæты барты тыххæй нæ, фæлæ сæхи сæрмагонд барты фæдыл.

Ахæм ахаст Павел æргом кæны йæ фыстæджы ромæгтæм æмæ коринфæгтæм. Уыцы уырнонты сæрибардзинады ныхмæ тохы сæйраг уыд хойраджы фарста. Павел райдайы, уымæй, æмæ фæдзæхсы ахæм ныхæстæй:

«Йæ уырныындзинад лæмæгъ кæмæн у, ууыл уæхи ма тигъ

кæнут, æмæ уæм иу хъуыды кæй нæй, уый тыххæй уын йемæ быцæу ма уæд» (Ромæгтæм 14:1,2).

Йесо бæлвырдæй загъта, адæймаджы æддейæ цы бацæуы, уый йæ кæй нæ чъизи кæны, фæлæ йæ дзыхæй цы рацæуы, уый. Афтæмæй Йесо алы хæринагæй дæр загъта, уый сыгъдæг кæй у алы уырнон адæймагæн, зæгъгæ. (кæсут Марк 7:18,19).

Павел загъта, иуæй иу уырнонтæн сæ уырнындзинад у лæмæгъ, уыдон раздæрау нæ хæрынц дзидза, мæнг хуыцæутты хаст нывондтæй хæрынæй тæрсгæйæ. Йесо бæлвырд бацамыдта ахæм уавæрты хи куыд дарын хъæуы, уымæн æмæ, уæддæр уыцы адæм сабырæй дзидза хæрын сæ бон нæ уыд…

> «Уæдæ мæнгхуыцæуттæй хаст нывондтæй хæрыны тыххæй мах зонæм: мæнгхуыцау дунейы ницы у, иунæг Хуыцауы йеддæмæ æндæр Хуыцау нæй… Уæддæр махæн ис, æппæт дæр Чи сфæлдыста æмæ мах Кæмæн цæрæм, уыцы иунæг Фыд–Хуыцау, æмæ æппæт дæр Кæй ’руаджы сфæлдыстæуыд, æмæ цардæй Кæй фæрцы схайджын стæм, уыцы иунæг Хицау Йесо Чырысти. Фæлæ алкæмæ фаг зонынад нæй: иуæй иутæ мæнгхуыцæуттыл афтæ сахуыр сты, æмæ уыдонæн хаст нывондтæй куы фæхæрынц, уæд æй абон дæр нымайынц мæнгхуыцæуттæн табуйыл. Цы æмбæлы æмæ цы не ’мбæлы, уый раиртасынхъом кæй не сты, уымæ гæсгæ сæ цæсгом фæчъизи вæййы».
>
> – 1 Коринфæгтæм 8:4,6,7

Ромæгты æмæ коринфæгты кувæндæтты чырыстон диныл тынг уырнонтæ хойраг хордтой лæмæгъдæрты фарсмæ, кæцытæ фæкъуылымпы сты. Йæ уырнондзинад лæмæгъ кæмæн уыд, уыдонæн сæ бон нæ уыди мæнгхуыцæутты нывонд дзидза ферох кæнын. Тыхджындæр уырнонтæ зыдтой, æмæ мæнг хуыцау кæй ницы у, æмæ нæ хатыдысты ницавæр фæсмондзинад, дзидза куы хордтой, уæд.

Фæлæ зындис, афтæ æмæ уыдон тынгдæр тыхстысты сæ сæрибардзинады тыххæй, кæцытæ нымад уыдысты куыд Ног Фæдзæхстыл æууæндджытæ, уымæй сæ бон уыд, æмæ се ’фсымæрты баппæрстаиккой мондæгты уацары. Уый не ’мбаргæйæ, уыдон цæлхдуртæ æвæрдтой сæ уырнондзинад лæмæгъ кæмæн уыд, уыцы ’фсымæрты фæндæгтыл. Лæггадгæнæджы зæрдæйы ма хъуамæ уа, ахæм ахастдзинад. Фенут ма Павел куыд фæдзæхсы:

> «Уымæ гæсгæ кæрæдзийæн мауал тæрхон кæнæм, фæлæ уый бæсты бацархайут, цæмæй уе ’фсымæр уæ аххосæй ма фæкæла æмæ тæригъæды ма бафта… Уымæн æмæ Хуыцауы Паддзахад хæрд æмæ нозт нæу. Рæстæджы цардæй цæрын, Сыгъдæг Уд кæй дæтты, уыцы фарн æмæ цин – уый у Хуыцауы Паддзахад».
>
> – Ромæгтæм 14:13,17

Уый дзуры: «Цæй æмæ хъуыды кæнæм, цы у æцæгдæр Хуыцауы Паддзахад – уый у рæстæджы цардæй цæрын, Сыгъдæг Уд кæй дæтты, уыцы фарн æмæ цин. Уыцы арфæйаг миниуджытæ нæ уыдысты ног уырнонтæм. Тыхджындæр уырнонтæ сæ сæрибарæй спайда кодтой лæггад кæнынæн нæ, фæлæ сæ «бартæ» хъахъхъæнынæн. Уыдон зыдтой, Ног Фæдзæхстмæ гæсгæ сæрибар кæй сты, уый. Фæлæ уарзондзинад кæм нæй, уым зонындзинæд ныппырх кæны иннæты.

Ахæм нæ уыд Йесойы зæрдæ! Йесо, бамбарын кодта Петрæн æмæ иннæ ахуыргæнинæгтæн Сæ бартæ кувæндонæн хъалон фидыны тыххæй, йæхи цæвиттонæй уый фенын кодта, куыд ахсджиаг сты хи интерестæй уæлдæр куы ’вæрай иннæтæн лæггад кæныны хъуыддаг.

Йесойы нæ фæндыд, цæмæй иннæ адæймæгтæн сæрибардзинад суа сæ бартыл тох кæныны, мондæгтæ исыны æмæ цæлхдуртæ æвæрыны æфсон.

Павел радта ахæм фæдзæхст уыдонæн, йæ чырыстон бартæ чи зыдта, фæлæ Хуыцауæн лæггадгæнæджы зæрдæ кæмæн нæ уыд:

> «Æмæ дæ зонынадæй бабын уыдзæни лæмæгъ – Чырысти кæй сæраппонд амард, дæ уыцы ’фсымæр. Афтæмæй сымах цæут уæ лæмæгъ æфсымæрты тæригъæды, ардаут сæ, се ’фсарм сын тæрхон цæй тыххæй кæны, уыдæттæ аразынил. Æмæ уымæй цæут Чырыстийы хъыджы».
>
> – 1 Коринфæгтæм 8:11,12

Лæмæгъдæр уырнондзинад кæмæ ис, уыдоны æнцонæй ис фæцæф кæнын, «Хуыцауы ацы кæстæртæн иуæн» мондаггæнæнты æмæ къуылымпыйы хос куы вæйæм, æмæ уыимæ мах пайда кæнæм нæ сæрибардзинадæй, цæмæй аразæм тæригъæд.

## БАРТÆЙ ХИ ССÆРИБАР КÆНЫН

Йесо сбæлвырд кодта, сæрибар кæй у кувæндæтты хъалонтæй, фæлæ уый фæстæ Йæ ахуыргæнинæгтæн фенын кодта сæрныллæджы ахсджиагдзинад:

> «Фæлæ ацы кæстæртæй – Мæныл æууæндджытæй – иуы дæр тæригъæды чи бафтауа, уымæн йæ бæрзæйыл куыройыфыд куы æрцауындзиккой æмæ йæ денджызы куы фæдæлдон кæниккой, уæд ын хуыздæр уаид.
>
> Сар йæ сæр дунейæн, тæригъæдмæ мондаггæнæнтæ дзы кæй ис, уый тыххæй. Уыцы мондаггæнæнты æнæмæнг хъуамæ уой, фæлæ сар йæ сæр, кæй аххосæй æрцæуой, уыцы адæймагæн.
>
> Дæ къух кæнæ дын дæ къах тæригъæды хос куы уа, уæд æй акъуыр æмæ йæ аппар: хуыздæр дын у

> æнæ къух, кæнæ æнæ къахæй мыггагмæйы цардмæ бацæуын, цæйнæфæлтау дæ дыууæ къухы кæнæ къахимæ баппæрстæуа æнæхуысгæ арты.
>
> Кæнæ дын дæ цæст тæригъæды хос куы уа, уæд æй фелвас æмæ йæ аппар: хуыздæр дын у иу цæстимæ цардмæ бацæуын, цæйнæфæлтау дæ дыууæ цæстимæ баппæрстæуа зындоны арты.
>
> Хъусут, ацы кæстæртæй иунæгыл дæр æнæрвæссон ма ут. Зæгъын уын: уыдонæн сæ зæдтæ уæлæрвты æдзух уынынц Мæ Уæларвон Фыды цæсгом».
>
> – Матфей 18:6–10

Матфейы Евангелийы ацы сæргонд дзуры мондаггæнæнтæ тыххæй. Йесо бæлвырд фенын кодта, цæмæй мах нæхи ссæрибар кæнæм, тæригъæдæн ахъазгæнæг чи у, æппæт уыдæттæй, кæд æгæрыстæмæй уый нæ хуыздæр миниуæг у куыд Ног Фæдзæхсты адæймагæн, уæддæр. Кæд æмæ уый лæмæгъдæр æфсымæры кæны тæригъæдмæ, уæд уæ уыцы миниуæг йæ цæсты раз уæхицæй атигъ кæнут.

Сымах, æвæццæгæн, ахъуыды кæндзыстут: Йесо уæд цæмæн хъыг кодта бирæ адæймæгты? Дзуапп у хуымæтæг: Йесо хъыг кодта иуæй иу адæймæгты, уымæн æмæ хъуыста Йæ Фыдмæ æмæ лæггад кодта иннæтæн. Уый уыдæттæ нæ арæзта, цæмæй искæй раз Йæхи срасткæна, кæннод та, Йæ бартæ бахъахъхъæна.

Фарисейтæ фæкъуылымпы сты, Уый сабаты рынчынты куы дзæбæх кодта. Йæ ахуыргæнинæгтæ фæкъуылымпы сты, Йæ Фыды æцæгад сын куы хъуысын кодта, уæд. Мариа æмæ Марфæ фæкъуылымпы сты (фæхъыг сты), дыууæ боны Уый кæй бафæстиат, цæмæй Лазыры сдзæбæх кодтаит. Фæлæ сымах никуы ссардзыстут уый, æмæ Йесо къуылымпыйы хос уыди адæмæн æмæ сæм мæсты кодта, уымæн æмæ Йæхæдæг Йæхицæн лæггад кодта.

Павел коринфæгтæм æрвысты фæдзæхсы:

> «Кæсут уæхимæ, цæмæй уæ уыцы бартæ лæмæгъ уырнджыты ма фæрæдийын кæной».
>
> – 1 Коринфæгтæм 8:9

Нæ сæрибар лæвæрд æрцыд лæггад кæнынæн æмæ уый тыххæй, цæмæй мах нæ цард дæттæм иннæты сæрвæлтау. Мах халгæ ма хъуамæ кæнæм, æрмæст амайгæ. Мах райстам ацы сæрибардзинад уый тыххæй нæ, æмæ нæхи кой кæнæм. Мах раст кæй нæ пайда кæнæм, уый аххосæй бирæ адæймæгтæ абон фæкъуылымпы сты нырыккон чырыстæтты цардыуагæй.

Байхъусут ма иу хатт коринфæгты фыццæгæм æрвысты цы фæдзæхст ис, уымæ: «Кæсут уæхимæ, цæмæй уæ уыцы бартæ лæмæгъ уырнджыты ма фæрæдийын кæной» (1 Коринфæгтæм 8:9).

Æз уын æрхæсдзынæн цæвиттон уыцы фæдзæхст халыны тыххæй. Индонезимæ мæ дыккаг миссионерон балцы æз мемæ акодтон Лизæйы, нæ сывæллæтты æмæ дыджызæйы, кæцы нын каст нæ сывæллæттæм. Мах æрцыдыстæм курортон сакъадах Денпасар, Валимæ.

Мах кæм æрбынат кодтам, уыцы аргъуаны хистæрæн уыд иу чысыл фысымуат горæты хъæлæбадæр районы. Мах рацыдыстæм æнæ хуыссæгæй дæргъвæтин рæстæг дард фæндагыл. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, тынг бафæлладыстæм. Уыцы æхсæв мах цалдæр хатты райхъал стæм тынг хъæлæбайæ æмæ куыйты иугæндзон рæйдæй, æмæ нæ баулæфыдыстæм, куыд æмбæлы, афтæ.

Иннæ бон мах ацыдыстæм Явæмæ æмæ уым лæггад кодтам дыууæ къуырийы æлхъывд графикмæ гæсгæ. Махæн уыд æрмæстдæр иу фæлладуадзæн бон, æмæ уый дæр бахардз кодтам цæуынæн. 24 сахаты дæргъы мах фæйнæ фæндзгай хæттыты лæггад кодтам аргъуаны цы æртын мин адæймаджы уыд, уыдонæн.

Мах ма фæстæмæ цæуын хъуыдис Валийы уылты. Аргъуаны хистæр нын фехъусын кодта, æмæ не ’хсæвиуат кæй æрвитдзыстæм аргъуаны хистæры фысымуаты. Мах нæ бацин кодтам, уыцы хабарыл, уымæн æмæ нæ нал фæндыд не ’хсæв æнæ фынæйæ арвитын, дыууæ къуырийы парахатæй лæггад кæныны фæстæ.

Райсомæй, Явайæ Валимæ куы хъавыдыстæм ацæуынмæ, уæд нын аходæн афон иу сылгоймаг зæрдæ бавæрдта Валийы курорттæй хуыздæр фысымуатæй.

Æз райгонд уыдтæн, кæй нын бантысдзæн рæсугъд бынаты хорз булæфын.

Ресторанæй куы рацыдыстæм нæ дзаумæттæ æмбырд кæнынмæ, уæд мын Лизæ загъта, уыцы сылгоймаджы фæндон æм æнæмбаргæ æнкъарæнтæ кæй сæвзæрын кодта. Мах тæлмацгæнæджы æхxуысæй аныхас кодтам йемæ, æмæ загътой, тыхсын кæй нæ хъæуы, алцыдæр кæй уыдзæн хорз. Æмæ ногæй, Явæйæ Валимæ куы тахтыстæм, уæд та мын Лизæ загъта, мах раст кæй нæ кæнæм.

Уыцы сахат мæм фаг зонд нæ разынди, æмæ йæм нæ байхъуыстон. Æз ын загътон, уый хорз гæнæн кæй у, стæй аргъуаны хистæры дæр нæ батыхсын кæндзыстæм. Валимæ куы æрцыдыстæм, æмæ нæ хæссинæгтæ куы истам, уæддæр та мын Лизæ ногæй лæгъстæ кодта мæ хъуыды фæивын, фæлæ та йæм æз нæ байхъуыстон.

Бынæттон аргъуаны хистæры куы федтам, уæд ын æз фехъусын кодтон, аргъуаны хистæры фысымуат нæ кæй нæ хъæуы, уый, уымæн æмæ нын иу сылгоймаг ссардта æндæр æхсæвбынат. Уый мæ ныхæстæм фæкъæмдзæстыг æмæ йæ æз бафарстон,цы хабар у, зæгъгæ. Мæ амондæн, уый мемæ уыд æргомзæрдæ æмæ мын загъта: «Джон, уый тынг фæхъыг кæндзæн аргъуаны хистæры æмæ йæ бинонты. Уыдон, фысымуаты бынæттæ кæд иууылдæр уæйгонд æрцыдысты, уæддæр сымахæн æрцæттæ кодтой уат.

Кæй зæгъын æй хъæуы, æз фæхъыг кодтон аргъуаны хистæрæн йæхи, нæ йын саргъ кодтон куыд æмбæлд, афтæ йæ лæггæдтæн. Æз, ын, кæй зæгъын æй хъæуы, уайтагъд ныфс бавæрдтон, уыцы сылгоймаджы фæндоныл кæй нал сразы уыдзыстæм, æмæ не 'хсæв кæй арвитдзыстæм йæ хистæры фысымуаты.

Хуыцау мын бамбарын кодта мæ рæдыддзинад. Æз федтон уый, æмæ рыстдзинад кæй æрхастон аргъуаны хистæрæн. Æз бамбæрстон уый, æмæ мæ бартæй пайда кæнгæйæ кæй фæхъыг кодтон, уыцы æфсымæры æмæ кæй сарæзтон тæригъæддзинад. Æмæ йæм уымæ гæсгæ раздæхтæн æмæ дзы хатыр ракуырдтон. Уый мын ныххатыр кодта. Уырны мæ, ахæм хъуыддаг кæй никуыуал сараздзынæн.

## ЗОНДАМОНÆГ ФÆЛВАРÆН

Апостол Павел Ромæгтæм æрвысты бахыгъта Хуыцау мондаггæнæнтæм цы бар дары, уыцы фæстиуджытæ:

> «Уæдæ тырндзыстæм, фарн цы хæссы æмæ нын кæрæдзийы фидар кæнынæн ахъаз цы у, уымæ».
>
> – Ромæгтæм 14:19

Мах хъуамæ цæрæм афтæ, æмæ нæ сæрибардзинад иннæтæн хъуамæ ма уа цæлхдуры хуызæн. Мах цы аразæм, уый гæнæн ис, æмæ уа Сыгъдæг Фыстæн суанг йæ дамгъæмæ гæсгæ. Фæлæ ма уæхимæ фарст радтут: уыцы фæдзæхст иннæтæн лæггад кæны, æви пайда у æрмæстдæр уæхицæн?

«Ис алцыдæр кæныны бар, фæлæ алцы пайда нæу. Ис алцыдæр кæныны бар, фæлæ алцы фидаргæнæг нæу. Йæхи пайдайыл мачи тыхсæд, фæлæ алчидæр тыхсæд иннæйы пайдайыл.

> Уæдæ хæргæ кæнат æви нуазгæ, æви æндæр исты хъуыддаг аразат, æппæт дæр кæнут Хуыцауы кадæн. Цæлхдур ма ут нæдæр иудейтæн, нæдæр

> бердзентæн, нæдæр Хуыцауы аргъуанæн. Æз дæр алы хъуыддаджы алкæйы зæрдæ куыд æлхæнын, афтæ Мæхи пайдамæ нæ бæллын, фæлæ бирæты пайдамæ, цæмæй фервæзой».
>
> – 1 Коринфæгтæм 10:23,24, 31–33

Æз сидын сымахмæ, цæмæй бар радтат Сыгъдæг Удæн, уæ царды алы къабазы дæр Сыгъдæг Фысты уыцы бынæттæ балуарын. Бар ын радтут уæ сусæг кæрæфдзинадыл хъуыдытæ æмæ фæндтæ сыгом кæнынæн.

Чырыстийæ лæвæрд сæрибардзинадæй спайда кæнут уæ бартæ хъахъхъæныны тыххæй нæ, фæлæ иннæты суæгъд кæныны тыххæй. Уый уыд Павелы лæггад кæныны фæдзæхстытæй иу, кæцы фыста: «Мах къуылымпыйы хос никæмæн стæм, цæмæй нын нæ куыст мачи бафауа» (2 Коринфæгтæм 6:3).

Адæймаг, кæцыйы нæ фæнды ныббарын, ферох кодта, цавæр стыр хæс ын ныббарста Хуыцау.

# 11 СÆРГОНД

# ХАТЫРДЗИНАД: НÆ РАТДЗЫНÆ – НÆ РАЙСДЗЫНÆ!

***«Уый тыххæй уын зæгъын: уæ куывды цыдæриддæр ракурат, уый ныридæгæн кæй райстат, ууыл æууæндут, æмæ йæ райсдзыстут. Æмæ-иу Хуыцауы раз кувгæйæ куы лæуут, уæ зæрдæ та искæуыл куы худа, уæд ын ныббарут, æмæ уын уæ Уæларвон Фыд дæр ныббардзæн уæ тæригъæдтæ. Кæд нæ барут, уæд уын уæ Уæларвон Фыд дæр нæ ныббардзæн уæ тæригъæдтæ».***

**– Марк 11:24–26**

Чиныджы ацы хайы мæн фæнды уе ’ргом уын æнæхатырдзинады фæстиуджытæм аздахын æмæ уыцы фæндæгтæй суæгъд кæныны мадзæлттæм.

Йесо алыхатт дзырдта, цæмæй уыцы хъуыды бахах кæна, афтæ: «Кæд æмæ нæ хатыр кæнут, уæд уын нæ Уæларвон Фыд

дæр нæ ныххатыр кæндзæн уæ тæригъæдтæ». Мах схъомыл стæм ахæм æхсæнады, цыран дзурынц иу, æмæ аразынц иннæ. Уый азарæй уыцы адæм сæ кæрæдзийы ныхæстæм сæ хъус лæмбынæг нæ дарынц.

Уый райдайы сабибонтæй. Ныййарджытæ сывæллонæн дзурынц: «Искуы ма уый куы саразай, уæд æфхæрд баййафдзынæ». Фæлæ саби, канд ногæй нæ саразы галиу ми, фæлæ ма йæ сфæлхатт кæны цалдæр хатт. Æмæ алы галиудзинады фæстæ дæр уый йæ ныййарджытæй хъусы, уыцы иу ныхæстæ. Фылдæр хатт нæ вæййы ницавæр мадзал æфхæрд сраст кæнынæн. Кæд æмæ йæ бафхæрынц, уæддæр уый вæййы рог хуызы, кæнæ æфхæрд вæййы карздæр, уымæн æмæ ныййарджытæ свæййынц тынг мæстджын.

Ныййарджыты ацы ахаст дзуры сывæллонæн уый: махæн нæ хъуыдыйы нæй, æмæ цæуыл дзурæм, кæнæ цы дзурæм, уый уа раст. Сывæллон ахуыр кæны хъуыды кæныныл, æппæт адæм цы дзурынц, кæцытæ ахсынц бынат хицауады, уа æви æндæр искуы. Уымæ гæсгæ сывæллон ныссуйтæ вæййы, æмæ райдайы хъуыды кæнын, цы ахастдзинад дара хицауадмæ. Ахæм ахастдзинад рахизы йæ царды иннæ къабæзтæм дæр. Уый райдайы уынын ахæмæй йæ ахуыргæнджыты, хæлæртты, разамонджыты. Йæ кары куы бацæуы, уæд ахæм ахастдзинад свæййы фæткон. Йæ ныхæстæ ныр сты ныфсæвæрæнтæй æмæ бæлвырдгæнæнтæй, раздæр та сæ ницæмæ дардтой.

Бар мын радтут æмæ уын уæ размæ рахæссон дæнцон ныхасы цæвиттон.

Джим уыны йæ зонгæ Томы, кæцыимæ нæ ныхас кодта цасдæр рæстæг. Джим тагъд кæны æмæ хъуыдытæ кæны: «Уый, æвæццæгæн, у Том. Мæнæн рæстæг нæй ныхас кæнынмæ.» Хæлæрттæ фембæлдысты. Джим райдыдта: «Кад Хуыцауæн, æфсымæр! Мæнæн æхсызгон у дæ уынд». Уыдон цасдæр рæстæг дзурынц. Джим тагъд кæны æмæ йæ ныхас фæвæййы ахæм дзырдтæй: «Мах искуы хъæуы фембæлын: фынгыл абадын æмæ сихор бакæнын».

Фыццаджыдæр, Джим тагъд кодта æмæ нæ бацин кодта Томимæ фембæлдыл. Дыккаг, уый нæ хъуыды кодта уæд Хуыцауыл, фæлæ уæддæр фембæлд ахæм дзырдтæй: «Кад Хуыцауæн». Æртыккаг, уый нæ хъавыд Томимæ фембæлынмæ, цæмæй иумæ сихор скодтаиккой. Уый нæ хъавыд йæ фæндон сæххæст кнынмæ. Уый загъта æрмæст уый тыххæй, цæмæй тагъддæр хæрзбон загътаит Томæн, йæ намыс ахæм хуызы æрсабыр кæныны тыххæй. Уæдæ афтæ, Джим æцæгæйдæр цы загъта, уый нæ уыд йæ хъуыдыйы бынтон дæр.

Фæлæ ахæм хабæрттæ, алы бон дæр æрцæуынц æцæг царды. Абон адæм нæ хатынц цы дзурынц, уымæн йæ цыппæрæм хай дæр. Фæлæ ис ахæм цыдæр диссаг, кæцыран нын у тынг зын йæ раиртасын, æмæ гæнæн ис æмæ баууæндай искæй дзырдыл, кæнæ йыл ма баууæндай?

Фæлæ Йесо исты куы фæдзуры, уæд Уый фæнды, цæмæй йын мах Йæ дзырдтæ исæм зæрдæйы арфæй. Мах ын хъуамæ Йæ дзырдтæм ма кæсæм адæмы дзырдтæм куыд кæсæм, афтæ. Йесо истæуыл куы фæдзуры, уæд Уый дзуапп дætты Йæ дзырдтæн. Уый уырны, æгæрстæмæй, мах куы нæ фæуырны, уæддæр. Уый цæры æцæгдзинады, рæстдзинады æмæ намысы ахæм æмвæзады, кæцы уæлдæр у не 'хсæнады культурæйæ. Йесо афтæ куы загъта: «Кæд сымах нæ хатыр кæнут, уæд уын уæ Уæларвон Фыд дæр нæ ныххатыр кæндзæн уæ тæригъæдтæ. Уымæн йæ хъуыдыйы уыд æрмæстдæр уый.

Иу къахдзæф ма куы саразæм, уæд мах фендзыстæм, Уый кæй фæлхатт кæны уыцы хъуыды Евангелийы иу хатт нæ, фæлæ бирæ хæттыты. Йесо бахах кодта ацы фæдзæхстыты ахсджиагдзинад. Уæдæ ма æркæсæм сæ иуæй иутæм:

> «Уымæн æмæ адæмæн сæ тæригъæдтæ куы ныббарат, уæд сымахæн дæр Уæларвон Фыд ныббардзæн уæ тæригъæдтæ. Фæлæ адæмæн сæ тæригъæдтæ куы нæ ныббарат, уæд уын уæ Фыд дæр уæ тæригъæдтæ нæ ныббардзæн».
>
> – Матфей 6:14,15

> «...иннæтæн тæрхон ма кæнут, æмæ тæрхонгонд нæ уыдзыстут...»
>
> – Лука 6:37

Афтæ у куывд «Нæ Уæларвон Фыд»–ы фыст:

> «...æмæ нын ныббар нæ хæстæ, мах нæ хæсджынтæн куыд барæм, афтæ».
>
> – Матфей 6:12

Цымыдисаг у, цал чырыстоны фæндыд, цæмæй сын Хуыцау ныххатыр кæна, афтæ, сæхæдæг куыд ныххатыр кодтой сæ хъыггæнджытæн. Æрмæстдæр афтæмæй уыдзысты хатыргонд.

Æнæхатырдзинад нæ кувæндæтты афтæ арæх у, æмæ мах нæ фæнды Йесойы ацы ныхæстæ ахсджиагыл нымайын. Фæлæ æгъатырдзинад цасфæнды парахатдæр куы уа, уæддæр æцæгдзинад у æнæивгæ. Мах куыд хатыр кæнæм, æндæр адæмæн нæ зæрдæты цы бынат дæттæм, æмæ сæ куыд уадзæм, уый фæзындзæн ууыл, æмæ мах хатыргонд куыд уыдзыстæм? Æз фехъуыстон Филиппинты чи уыд, ахæм аргъуаны лæггадгæнæджы тыххæй иу диссаджы хабар. Мæ хæлæрттæ, кæцытæ йæ зыдтой раздæр, уыдон мын равдыстой фыст уацхъуыд, цыран фыст уыдысты йæ цардæвзарæнтæ.

Ацы адæймаг цалдæр азы дæргъы уыд Хуыцау ын цы куыст аразын схæс кодта аргъуаны, уый ныхмæ, уымæн æмæ йæ бизнес кодта хъæздыгдæр. Уый куыста тынг бирæ æхца. Фæлæ фæстагмæ, коммæгæс кæй нæ уыд, уый йæ æртардта уымæ, æмæ зæрдæйы низимæ бахауд рынчындонмæ.

Уый амард операцигæнæн стъолыл, æмæ федта, кæй лæууы æхгæд дзæнæты дуæртты раз. Йæ фарсмæ лæууыд Йесо æмæ йын дзырдта кæй йæм нæ хъуыста, уый тыххæй. Уыцы лæг лæгъстæ кодта Хуыцауæн, зæрдæ æвæрдта Йесойæн лæггад кæнынæй, кæд æмæ йын йæ цард адарддæр кæндзæн, уæд. Хуыцау сразы ис.

Йæ буармæ йæ цалынмæ фæстæмæ нæ бакодта, уæдмæ йын Хуыцау фенын кодта зындон. Уыцы адæймаг федта, зындоны

арты куыд сыгъд йæ усы мад. Уый тынг дисы бацыд. Уыцы ус йæ царды кæддæр бакуывта «фæсмондзинады куывд»–æй, дзырдта кæй у чырыстон æмæ кæй цыд аргъуанмæ. Цæмæн ис зындоны? Бафарста лæг Хуыцауы.

Хуыцау загъта, уымæн æмæ уый не сразы ис йæ иу хæстæгæн ныххатыр кæнын, æмæ уымæ гæсгæ йæхæдæг дæр хатыргонд нæ уыд.

## НЫХХАТЫР КÆНЫН ÆМÆ УДЫ РÆЗТ

Мах федтам нæ аргъуаны куысты æнæхатырдзинады бирæ къæппæджытæ. Æз Индонезийы аргъуаны куы лæггад кодтон, уæд цардтæн иу хъæздыг бизнесмены хæдзары. Йæхæдæг æмæ йæ бинонтæ цыдысты аргъуанмæ, цыран æз уыдтæн Хуыцауы лæггадгæнæг, фæлæ сæ удтæ нырма ирвæзт нæ уыдысты.

Æз уым куы уыдтæн, уæд мæм уыцы къуырийы бонты æрбацыд йе ’мкъай уд ирвæзын кæныны нысанимæ, фæстæдæр та æрбацыд йæхæдæг æмæ йе ’ртæ сывæллоны. Сæ цардмæ æрцыд сæрибардзинад, æмæ бæлвырд фæивта хæдзары цардыуаг дæр. Æвæджиауы циндзинад сын байдзаг кодта сæ хæдзар. Куы базыдтой æмæ ма æз иу хатт æрцæудзæн ме ’мкъаимæ, уæд нæ фæхуыдтой сæхимæ æмæ нын бафыстой хæдтæхæгмæ билетты аргъ нæ бинонтæн æмæ нын нæ сабитæм чи каст, уыцы сылгоймагæн.

Мах æрцыдыстæм æмæ сæ аргъуаны сарæзтам дæс æмбырды. Æз дзырдтон таригъæдтыл фæсмон кæныны æмæ Хуыцауимæ уæвыны тыххæй. Мах æнкъардтам æмбырды рæстæг залы кæй уыд Хуыцауы хъомыс, уый зындис фæсмоны цæссыгты.

Уыцы рæстæг æнæхъæн бинонтæ цыдысты æмбырдмæ. Бизнесмены мад, кæцы цард, уыцы горæты, цыд алы æмбырдмæ дæр. Уый дæр дзæвгар æхца бахаста нæ сывæллæттæн хæдтæхæджы билеттæ æлхæныны хъуыддагмæ.

Къуырийы кæрон мын уыцы сылгоймаг мæ цæстытæм комкоммæ бакасти æмæ мæ бафарста: «Джон, æз иунæг хатт дæр цæуылнæ банкъардтон Хуыцауы уæвындзинад». Мах аходæн фестæм хæрд, æмæ иннæтæ иуулдæр ацыдысты.

«Æз цыдтæн алы æмбырдмæ дæр,– дзырдта дарддæр уый,– æмæ лæмбынæг хъуыстон æмбырды цы дзырдтой, уымæ. Æз иу рахызтæн размæ æрфæсмон кæныны тыххæй, фæсмон кодтон, фæлæ иунæг хатт дæр никуы банкъардтон Хуыцауы уæвынад. Æз никуы никæд банкъардтон Хуыцауы хъомыс».

Æз йемæ иудзæвгар аныхæстæ кодтон, æмæ йын стæй загътон: «Цæй æмæ бакувæм, цæмæй Хуыцауы Удæй æххæст уай. Æз ыл сæвæрдтон мæ къухтæ, æмæ райдыдтон кувын, цæмæй Сыгъдæг Уд райса, фæлæ бынтондæр не ’нкъардтон Хуыцауæй ницавæр дзуапп.

Уый фæстæ Хуыцау радзырдта мæ удæн: «Уый нæ ныххатыр кодта йæ лæгæн. Зæгъын ын, цæмæй йын ныххатыр кæна».

Æз мæ къухтæ айстон. Зыдтон, йæ лæг мард кæй у, фæлæ йæм бакастæн æмæ йын загътон: «Хуыцау мын фенын кодта, ды кæй нæ ныххатыр кодтай дæ лæгæн, уый».

«Уый раст у,– сразы мемæ сылгоймаг,– фæлæ æз сарæзтон æппæтдæр, мæ хъарутæ куыд амыдтой, афтæ, цæмæй йын ныббарон».

Уый фæстæ мын уый радзырдта цы фыдмитæ æмæ æвирхъаудзинæдтæ арæзта, уый тыххæй. Æмæ æз бамбæрстон, цæмæн ын уыд афтæ зын, цæмæй йын ныххатыр кодтаит.

Фæлæ йын загътон: «Хуыцауæй исты райсынмæ кæд хъавут, уæд хъæуы ныббарын», æмæ йын бамбарын кодтон, Йесо кæй ахуыр кодта мах ныххатыр кæнынил.

«Сымахæн уæ бон нæу хи хъарутæй йын ныххатыр кæнын. Уый хъуамæ æрхæссат Хуыцаумæ æмæ йæм бахатат, цæмæй Хуыцау ныххатыр кæна сымахæн. Уый фæстæ дæ бон суыдзæн ныххатыр кæнын дæ лæгæн. Фæнды дæ ауадзын дæ лæджы?»– бафарстон æй æз.

«Фæнды»,– дзуапп радта, уый.

Æз æй акодтон хуымæтæг куывдмæ: «Уæларвон Фыд, Йесойы номæй курын Дæуæй мæ æнæхатырдзинад мæ лæгмæ. Хуыцау, æз зонын, мæ бон не суыдзæн уымæн ныххатыр кæнын мæхи тыхтæй, æз ныридæгæн баййæфтон къуылымпыдзинад. Фæлæ ныртæккæ Дæ разы æз уадзын мæ лæджы мæ зæрдæйæ. Æз ын хатыр кæнын».

Куыддæр уыцы ныхæстæ загъта, афтæ йæ цæсгомыл æрцыдысты йæ цæссыгтæ.

«Сисут уæ цæнгтæ æмæ кувут алы æвзæгтыл,– цырен æй кодтон æз.

Фыццаг хатт йæ царды, уый райдыдта кувын рæсугъд æрвон æвзагыл. Мах афтæ тынг банкъардтам Хуыцауы уæвындзинад æмæ нæм равзæрд куыд тас, афтæ циндзинады æхцон æнкъарæнтæ дæр Йæ разы. Уый куыдта фондз минуты бæрц. Уый фæстæ ма иудзæвгар аныхас кодтам, стæй йын загътон, цæмæй дардтæр цин кæна Хуыцауы уæвынадæй. Уый Йын дарддæр куывта, æз та ацыдтæн хæрæндонæй, иунæгæй йæ ныууадзгæйæ. Ацы хабæрттæ куы бахæццæ сты йæ фырт æмæ йæ чындзмæ, уæд сæм тынг диссаг фæкаст. Фырт загъта, кæй никуы федта æмæ йæ мад искæдбон куыдта. Йæхæдæг дæр æй нæ хъуыды кодта, фæстаг хатт ма кæд куыдта, уый: «Мæ лæг куы амард, уæддæр ыл иунæг цæссыг дæр не ’рыппæрстон».

Уыцы изæр уый райста доны аргъуыд. Фæстаг æртæ боны йæ цæсгомæй нæ цыд йæ диссаджы æхсызгон мидбылхудт. Æз нæ хъуыды кæнын, æмæ йæ искуы федтон уымæй размæ мидбылхудгæ. Уый нæ ныххатыр кодта, æмæ уымæ гæсгæ уыдис æнæбарондзинады ахæстоны. Фæлæ куыддæр ныххатыр кодта йæ лæгæн, афтæ йæхимæ цæрæнбонтæм райста Хуыцауы тых æмæ йын банкъардта Йæ уæвынад.

# НÆ НЫББАРÆГ ЛÆГГАДГÆНÆГ

18 сæргонды Матфейы Евангелийы Йесо фылдæр рухс калы цагъардзинадмæ, кæцы фæзынд æнæбарондзинады æмæ мæстыты аххосæй. Уый амыдта йæ ахуыргæнинæгтæн æфсымæртимæ куыд фидаугæ у, кæцытæ райстой хъыгдзинад, (мах уый æмæ фидыдады тыххæй дзурдзыстæм иннæ сæргондтæй иуы).

Петр бафарста: «...Хицау, мæ тæригъæды цы æфсымæр бацæуа, уымæн цал хатты хъуамæ ныббарон. Авд хатты онг?» (Матфей 18:21). Уый нымадта, цыма архайы зæрдæхæларæй.

Петр уарзта алцыдæр æгæр уæлдайджынтæй. Уый загъта Хуыз–ивæны хохыл»

«...саразæм ам æртæ халагъуды: иу Дæуæн, иу Моисейæн, иу Илиайæн» (Матфей 17:4). Уæд уый зынд йæхимæ тынг зæрдæхæлар: «Æз тæлмæнтæ ныууадздзынæн нæ Ахуыргæнæгыл мæ цæттæдзинадæй авд хатты ныххатыр кæнынæн».

Фæлæ уый райста диссаджы дзуапп. Йесо раргом кодта, уый, æмæ Петр цы нымадта зæрдæхæлардзинадыл «...Авд хатты онг дын нæ зæгъын, фæлæ дæс æмæ æртиссæдзгæйтæй авд хатты онг» (Матфей 18:22).

Æндæр ныхæстæй, хатыр кæн афтæ, Хуыцау алы хатт куыд кæны.

Уый фæстæ, Йесо, цæмæй фæбæлвырддæр кæна Йæ хъуыды, радзырдта æмбисонд:

> «Уымæн æмæ Уæларвон Паддзахад у, йæ цагъартæй дзы чи цас дары, уый банымайыны фæнд цы паддзах скодта, уый хуызæн. Уый нымайын куы райдыдта, уæд æркодтой дæс мин таланты дзы чи дардта, уыцы адæймаджы».
>
> – Матфей 18:23,24

Цæмæй цас уыдысты æхца, кæдоны тыххæй дзырдта Йесо, уæд хъуамæ базонæм циу талант. Уыцы рæстæг талант уыд иунæг барæн. Уымæй барстой сыгъзæрин, (кæсут 2 Паддз. 12:30) æвзист (кæсут 3 Паддз. 20:39) æмæ æндæр згъæры æмæ фæллой. Уыцы æмбисонды Йесо æвдисы хæс, уымæ гæсгæ махæн нæ бон у зæгъын, æмæ Йесо дзырдта сыгъзæрин æмæ æвзист барæны тыххæй. Уый уыд æцæгдæр сыгъзæрин.

Æнæуи та талант уыд 34 килограммæмæ æввахс, кæм цыд, ахæм барæн. Уый уыд, иу адæймагæн йæ бон цас уыди ахæссын, ахæм уæз (кæсут 4 Паддз. 5:23). Дæс мин таланты куы сбарæм, уæд уыдзысты 375 тоннæмæ æввахс. Афтæмæй уыцы лæггадгæнæг йæ паддзахæй дардта 375 тоннæйы сыгъзæрин.

Ныртæккæ сыгъзæрины иу унцийы (28,3 граммы) аргъ у 375 доллары. Нырыккон базары сыгъзæрины иу таланты аргъ уыдзæн 450 000 доллæры. Æмæ уæд 10 000 талантæн йæ аргъ уыдзæн 4,5 миллиард доллæры. Уыцы лæггадгæнæг йæ паддзахæн хъуамæ бафыстаит цыппар æмæ æрдæг миллиард доллæры.

Йесо ам амоны уымæ, æмæ уыцы лæггадгæнæг дардта уыйбæрц хæс, кæцыйы йæ бон нæ уыд бафидын. Мах кæсæм:

> «…æмæ цæмæй бафида, уый йæм кæй нæ уыди, уымæ гæсгæ паддзах радта хæсджынæн йæхи, йæ усы, йæ сывæллæтты, стæй ма йæм цыддæриддæр уыд, æппæт уыдæттæ ауæй кæныны æмæ хæс бафидыны бардзырд. Уæд уыцы цагъар йæ разы æрхауд йæ зонгуытыл æмæ йын дзырдта: «Ме ’лдар! Банхъæлмæ кæс, æмæ дын дæ хæс æнæхъæнæй дæр бафиддзынæн». Паддзах фæтæригъæд кодта уыцы цагъарæн, ауагъта йæ æмæ йын йæ хæс дæр ныууагъта».
>
> – Матфей 18:25–27

Ныр та фенæм ацы æмбисонд нын цы дзуры мæстыдзинадыл. Мæстыдзинад куы фæзыны, уæд чидæр свæййы хæсджын.

Арæх фехъусæн вæййы, ахæм дзырдтæ: «Уый бафиддзæн мæнæн уый тыххæй». Уымæ гæсгæ хатырдзинад у хæс бафидæгау. Паддзах æвдисы Фыд Хуыцауы, кæцы ныххатыр кодта ахæм хæс уыцы лæггадгæнæгæн, кæцыйæн йæ бон уыцы хæс бафидын никуы бауыдаит. Колоссæгтæм йæ фыстæджы мах ссарæм «...сымах уæ тæригъæдты æмæ æнæсунæт æрдзыхъæды аххосæй уыдыстут мард, фæлæ уæ Хуыцау райгас кодта Чырыстиимæ. Хуыцау нын ныббарста неппæт тæригъæдтæ дæр. Аивта. Æгъдаумæ гæсгæ нæ ныхмæ чи уыди, нæ хæсты уыцы номхыгъд, скодта йын кæрон–байтыгъта йæ дзуарыл» (Колоссæгтæм 2:13,14).

Хæс, кæцы махæн ныббарстой, уымæн бафидæн нæй. Нæй гæнæн уымæн, æмæ Хуыцауæн фæстæмæ радтæм æппæт уыдæттæ, кæцы мах дарæм, Уымæй. Уымæ гæсгæ нын Хуыцау æрбахаста ирвæзындзинад, куыд лæвар Хорзæх. Йесо нæ хæстæ бафыста номхыгъдмæ гæсгæ. Махæн нæ бон у фенын паддзахы æмæ лæггадгæнæджы æмахастдзинæдтæ нæ ахастдзинæдтæ Хуыцауимæ абаргæйæ.

> «Уыцы цагъар та рацыд æмæ ссардта, фондзыссæдз динары дзы чи дардта, йæ уыцы æмбалы, æрцахста йæ, ныххæцыд ын йæ хурхыл æмæ йын загъта: «Цы мæ дарыс, уый мын бафид».
>
> – Матфей 18:28

Динар уыд кусæджы иу боны мыздмæ æввахс. АИШ–ы ныртæккæйы астæуккаг мыздимæ абаргæйæ сæдæ динары уыдзысты 4000 доллæры. Ныр та кæсут дарддæр:

> «Уæд йе ’мбал йæхи уый къæхтæм æрæппæрста æмæ йын лæгъстæ кодта: «Банхъæлмæ кæс, æмæ дæ цы дарын, уый дын бафиддзынæн». Фæлæ уый не сразы, ацыд æмæ йæ бакодта ахæстоны, цалынмæ йын йæ хæс бафида, уæдмæ».
>
> – Матфей 18:29,30

Йе ’мбал ын хъуамæ радтаит бæлвырд æхцайы нымæц – афæдзы мызды æртыккæгæм хай. Уæ зæрдæмæ куыд фæцыдаит, æмæ дæ афæдзы æфтиагæн йе ’ртыккæгæм хай куы фесæфтаит? Фæлæ ма ахъуыды кæнут, ацы лæгæн ныббарстой йæ хæс 4,5 миллиард доллæры чи уыд, уый. Йæ царды дæргъы, уый нæ бакуыстаит, уый бæрц æхца!

Хъыгдзинад, кæцы нæм ис кæрæдзийы ’хсæн, ис абарæн, уыимæ, æмæ мах куыд тынг фæхъыг кодтам Хуыцауы æмæ уый 4,5 миллиард доллæры 4000 доллæримæ абаргæйау. Махимæ исчи гæнæн ис, æмæ бакæна тынг æвзæрдзинад, фæлæ уый абарæн нæй Хуыцауы ныхмæ нæхи фыдракæндтимæ.

Сымахмæ, чизоны фæкæса, цыма сымахæй дарддæр никуы никæмæн уыд афтæ æвæр. Фæлæ йæ сымах не ’мбарут, куыд æвзæр ахаст равдыстат Йесомæ. Уый, æнæаххос, ссис æнæаипп нывонд Уæрыкк.

Адæймаг, кæцыйæн йæ бон нæу ныббарын, ферох кодта, цавæр егъау хæс ын æрцыд барст. Сымах куы бамбарат, æмæ уæ Йесо фервæзын кодта мыгагмæйы мæлæтæй æмæ удхæрдтæй, уæд иннæты ссæрибар кæндзыстут æнæ цавæрдæр бадзырдæй (куыд ис уымæн саразæн – 13 сæры). Нæй æвзæрдæр уымæй , æмæ мыггагмæйы цард судзгæ цады арвитын. Уым нæй рогдзинад, зулкъ дзы нæ мæлы æмæ дзы арт нæ хуыссы. Уыцы бынат цæттæ уыд махæн, цалынмæ нын æй Йæ Фырты, Йесо Чырыстийы мæлæты фæрцы Хуыцау нæ ныббарста. Аллилуйæ! Кæд уын тынг зын у ныххатыр кæнын, уæд æцæгдзинадæй ахъуыды кæнут зындоны æмæ Хуыцауы уарзтыл, уыцы уарзтыл, кæцы уæ аирвæзын кодта.

## УРОКТÆ УЫРНОНТÆН

Цæй æмæ дарддæр кæсæм, уыцы æмбисонд:

«Ацы хабар йе ’мбæлттæ куы федтой, уæд сын тынг фæхъыг и. Æрцыдысты сæ паддзахмæ æмæ йын радзырдтой, цы æрцыди, уый. Уæд æм паддзах

> басидт æмæ йын загъта: «Фыдзæрдæ цагъар! Ды мын балæгъстæ кодтай, æмæ дын æз дæ хæс æнæхъæнæй дæр куы ныббарстон, уæд дæуæн дæр не 'мбæлд, де 'мбалæн батæригъæд кæнын, æз дын куыд батæригъæд кодтон, афтæ?»
>
> – Матфей 18:31–33

Ацы æмбисонды Йесо дзырдта уырнонтыл. Уый дзырдта паддзахæн лæггадгæнджытыл. Уыцы адæймагæн барст æрцыд йæ егъау хæс æмæ йæ схуыдтой паддзахы «цагъар». Фæлæ уый кæмæн нæ ныббарста йæ хæс, уый та уыд йе 'мкусæг. Уымæ гæсгæ нæ бон у хатдзæгтæ саразын. Гъе, ахæм уыдзæн йæ хъысмæт, ныббарын кæй нæ фæнда:

> «Мæсты паддзах æй радта хъизæмарæй марынмæ, цалынмæ йæ хæс æнæхъæнæй нæ бафида, уæдмæ. Мæ Уæларвон Фыд дæр уын афтæ бакæндзæн, алчидæр уæ йе 'фсымæрæн йæ тæригъæдтæ зæрдиагæй куы нæ ныббара, уæд».
>
> – Матфей 18:34,35

Ацы бынæтты ис æртæ сæйраг хъуыдыйы:

1. Æнæныббарæг лæггадгæнæг лæвæрд æрцыд хъизæмарæй марынмæ.
2. Уый хъуамæ бафида фыццаг хæс 375 тоннæйы сыгъзæрин.
3. Фыд Хуыцау дæр уын бакæндзæн, афтæ алчидæр уæ йе 'фсымæрæн йæ тæригъæдтæ зæрдиагæй куы нæ ныббара, уæд».

***1. Нæ ныббарæг лæггадгæнæг лæвæрд æрцыд хъизæмарæй марынмæ.***

Вебстеры дзырдуаты лæвæрд цæуы дзырд «хъизæмар» (кæнæ «тухи»):

«буары, кæнæ зонды удисæн», кæнæ «цæмæй йæ бафхæрай, уый тыххæй йын тыхджын рыстытæ саразын, кæнæ

та дзы фыдуды ӕхцондзинад исын».

Хъизӕмар аразджытӕ, кӕцытӕ ӕвзарын кӕнынц фыдтухитӕ – сты иблисы ӕххуысгӕнджытӕ. «Фыдмигӕнджытӕн» Хуыцау фадат дӕтты нӕ буарӕн ӕмӕ нӕ удӕн фыдрыстытӕ бавзарынӕн, уырнонтӕ кӕй стӕм, уымӕ нӕ кӕсгӕйӕ.

Ӕз арӕх куывтон сдзӕбӕх кӕнын, зӕрдфидар уӕвын ӕмӕ сӕрибамӕ тырнын, кӕй нӕ фӕндыд ӕмӕ ӕппӕт зӕрдӕйӕ дӕр кӕрӕдзийӕн ныххатыр кӕнын йӕ бон кӕмӕн нӕ уыд, уыцы адӕмы тыххӕй.

Дохтыртӕ ӕмӕ ахуыргӕндтӕ ӕгъатырдзинадимӕ, хъыгагӕн, бӕттынц ахӕм фыднизтӕ, куыд стӕгниз ӕмӕ рак. Бирӕ зӕрдӕйы низтӕ баст сты ӕгъатырдзиндимӕ.

Ӕнӕуи адӕм хатыр кӕнынц кӕрӕдзийӕн, фӕлӕ иуӕй иу хатт нӕ хатыр кӕнынц сӕхицӕн. Кӕд ӕмӕ уын Хуыцау ныххатыр кодта, уӕд сымах чи стут ӕмӕ ма ныххатыр кӕнат уӕхицӕн?

***2. Нӕ ныббарӕг лӕггадгӕнӕг хъуамӕ бафида йӕ фыццаг хӕс, кӕцыйӕн нӕй бафидӕн.***

Уымӕй бадомдтой гӕнӕн кӕмӕн нӕй, ахӕм хъуыддаг. Уый у, уыйау, махӕй куыд домдӕуа Йесо Голгофӕйы кӕй бафыста, уыцы хӕс бафидын, уый хуызӕн. Уыцы уавӕры мах фесӕфтаиккам нӕ ирвӕзындзинад.

Сымах зӕгъдзыстут: «Иучысыл ма фӕлӕуу! Ӕз хъуыды кодтон, ӕмӕ куыддӕр адӕймаг тӕригъӕдджыны куывд скӕна, ӕмӕ йӕ цард Йесойӕн снывонд кӕна, уӕд уый нӕ амӕлдзӕн».

Кӕд афтӕ хъуыды кӕнут, уӕд ма раргом кӕнут Петры мӕнӕ ацы ныхӕстӕ:

> «Кӕд нӕ Хицау ӕмӕ Ирвӕзынгӕнӕг Йесо Чырыстийы базоныны фӕрцы фервӕзтысты дунейы

> чъизитæй, фæлæ та дзы ногæй суйтæ кæнынц æмæ сæ амæттаг баисты, уæд сæ фæстаг уавæр фыццагæй уыдзæн фыддæр. Уыдон базыдтой раст фæндаг, фæлæ ныууагътой, цы сыгъдæг фæдзæхст сын лæвæрд æрцыд, уый. Уыцы раст фæндаг куы нæ базыдтаиккой, уæд сын хуыздæр уыдаид».
>
> – 2 Петр 2:20,21

Петр дзырдта, уыцы адæмы тыххæй æмæ тæригъæдтæй (дунейы чъизитæй) чи лыгъд Йесо Чырыстийы ирвæзындзинады фæрцы. Фæлæ та уыдон ногæй ныссуйтæ сты тæригъæдты (уыдонæй иу тæригъæд у æнæхатырдзинад) æмæ баззадысты састы бынаты. Састы уæвын, у Хуыцаумæ нал раздæхын тæригъæдтыл æрфæсмонимæ.

Петр нымайы афтæ, æмæ æцæгдзинадæй аиуварс кæнын у бирæ æвзæрдæр, никæд бон æй базонынæй. Æндæр ныхæстæй, Хуыцау дзуры, хуыздæр у фæлтау, бынтондæр ма уæт фервæзæн, цæйнæфæлтау райсай мыггагмæйы царды лæвар æмæ йыл уый фæстæ дæ къух сисай.

Апостол Иудæ дæр фыста аргъуаны адæмæй «дыууæ хатты чи амард», уыдон тыххæй: дыууæ хатты амардысты нысан кæны, æмæ сымах кæддæр уыдыстут мард æнæ Чырыстийæ, уый фæстæ та раудгас стут, Уæларвæй райгуыргæйæ, стæй та ногæй амардыстут, Хуыцауы фæндагæй ахизгæйæ» (кæсут Иудæ 12,13).

Мах уынæм, æмæ бирæтæ Йесомæ кæй æрцæуудзысты, сæхи раст кæндзысты мæнæ ахæм дзырдтæй:

«Бирæтæ Мын уыцы бон зæгъдзысты: «Хицау, Хицау, мах Дæ номæй пехуымпариуæг нæ кодтам? Дæ номæй дæлимонты нæ сырдтам? Дæ номæй бирæ диссæгтæ не ’вдыстам?» Уæд сын цæхгæр зæгъдзынæн: «Æз уæ никуы зыдтон. Ацæут Мæ цурæй тæригъæдджынтæ» (Матфей 7:22,23). Уыдон Æй зыдтой. Уыдон Æй хуыдтой Хицау æмæ Йæ номæй арæзтой диссæгтæ. Фæлæ сæ Уый нæ зыдта. Уæдæ ма кæй хъуамæ зона Йесо?

Апостол Петр фыста: «Хуыцауы чи уарзы, уый зындгонд у Уымæн (1 Коринфæгтæм 8:3 ног тæлмац). Хуыцау зоны уыдоны, чи Йæ уарзы.

Сымах гæнæн ис æмæ зæгъат: «Æз уарзын Хуыцауы. Фæлæ æз нæ уарзын уыцы æфсымæры, кæцы мæ фæхъыг кодта».

Ахæм уавæры сымах рæдийут, уымæн æмæ фыст ис: «Æз Хуыцауы уарзын, чи зæгъы, афтæмæй та йе 'фсымæрæй йе сæфт чи уыны, уый у фæлитой. Уымæн æмæ цæстæй кæй уыны, йæ уыцы æфсымæры чи нæ уарзы, уымæн йæ бон нæу, цæстæй Кæй нæ уыны, уыцы Хуыцауы уарзын» (1 Иоанн 4:20).

Сайддзинад – у æвирхъау цыдæр, уымæн æмæ сайддзинады къæппæджы чи бахауы, уый æппæт зæрдæйæ дæр æууæнды йæхи рæстдзинадыл. Уый хъуыды кæны, цыма раст у, кæд æмæ раст нæу, уæддæр. Адæймаг, кæцы нæу коммæгæс Хуыцауы Дзырдæн, уый сайдæй цæуы йæхи зæрдæйыл.

Ау, цымыдисаг нæу, Библийы цы дыууæ хъуыды ис, уыдоны абарын: фыццаг – «бирæтæ» æнхъæлмæ кæсдзысты, цыма бахаудзысты уæлæрвтæм, фæлæ разыйы дзуапп нæ райсдзысты, æмæ дыккаг – бирæтæ фæкъуылымпы уыдзысты (кæнæ фæхъыг уыдзысты) фæстаг бонты? (кæсут Матфей 24:10) Гæнæн ис, æмæ уыцы дыууæ къордмæ хауынц уыцы иу адæм?

Иуæй иу уырнонтæ афтæ тынг утæхсæн кæнынц иннæтæн кæй нæ хатыр кæнынц, æмæ мæлæтмæ æнхъæлмæ кæсынц уыцы ныфсимæ æмæ сын цыма, уый æрхæсдзæн æнцойдзинад. Фæлæ уый раст нæу! Мах ныртæккæ хъуамæ раргом кæнæм æнæхатырдзинады фарстатæ, кæннод нæ бадомдзысты гæнæн кæмæн нæй, ахæм аргъ бафидын.

***3. Фыд Хуыцау афтæ бакæндзæн алы уырнонæн дæр, зæрдиагæй чи нæ ныббара, кæд уый стыр маст æмæ хъыгдзинад хæссы, уæддæр.***

Йесо дзырдта тынг бæлвырд, цæмæй йын Йæ ахуыргæнинæгтæ бамбæрстаиккой йе 'мбисæндтæ. Йесомæ

иу Йæ ахуыргæнингтæ куы бахатыдысты, уæд иу сын Уый бæстон райхæлдта Йæ алы ’мбисондæн дæр йæ мидис. Уыцы уавæры Уый фæндыд, цæмæй адæммæ ма фæзындаит дызæрдыгдзинад ууыл, цавæр æгъатыр æмæ карз тæрхон æнхъæлмæ кæсы уыдонмæ, кæцыты нæ фæфæнды ныббарын.

Бирæ æндæр хабæртты Йесо бæстон дзырдта уый тыххæй, æмæ мах нæхæдæг куы нæ хатыр кæнæм, уæд нæхæдæг дæр нæ уыдзыстæм хатыргонд. Бахъуыды кæнут. Уый мах хуызæн нæу. Уый рагацау зоны, цы дзуры, уый.

Арæх нæ фендзынæ ахæм цау аргъуаны. Уырнонтæ сæ удты æнæбарондзинад кæй хæссынц, уый дызæрдыггаг нæу, уымæн хи сраст кæныны тыххæй, арæх ссарынц алыхуызон æфсæнттæ. Æнæбарондзинад хæтагдзинадимæ, давынимæ, расыг кæнынимæ абаргæйæ нымад цæуы гыццылдæр тæригъæдыл. Фæлæ хатыр кæнын кæй нæ фæнды, уыдон иппæрд вæййынц Хуыцауы Паддзахадæй, куыд ахæмтæ, кæцытæ анигъуыдысты стыр тæригъæдты.

Иуæй иутæ гæнæн ис, æмæ ахъуыды кæной, цыма, ай у карз ахуырад. Фæлæ йæм æз кæсын куыд карз тæрхонмæ нæ, фæлæ куыд фæлмæн æмæ уарзты нысанмæ, мах развæлгъау бахъахъхъæныны фæдзæхстмæ.

Цы уæ фæнды: абон уат Сыгъдæг Уды зондамындтæм хъусын æмæ сæ æххæст кæнын, æмæ æцæг фæсмон æмæ хатырдзинад равдисын, кæнæ та равдисын æнæбарондзинад, æмæ Хуыцауы хъæлæс фехъусын, кæцы уын зæгъдзæн: «Аиуварс ут Мæнæй!» – уæд уын фадат куы нал уа фæсмон æрхæссынæн?

Нæхи тыххæй маст исыны
фæндон хъуамæ ахæм
ницæйййаг уа, æмæ нæхи
ууыл хъуыды кæнынæй
куыд хизæм.

# 12 СÆРГОНД

# МАСТ ИСЫН У КЪÆППÆГ

***«…Йæ фыдæхæн макæмæн фидут фыдæхæй. Æппæт адæмы цæсты хорз цы у, архайут уый кæныныл».***

**– Ромæгтæм 12:17**

Бæлвырд куыд федтам, афтæмæй раззаг сæргонды ныхас цыд æнæхатырдзинады тыххæй – уый у, искæй дарддæр дæр куы нымайай дæ хæсджыныл. Искимæ æнæрастдзинад куы саразынц, уæд уый хъуыды кæны æмæ йе 'фхæрæг кæй ссис йæ хæсджын. Уый æнхъæлмæ кæсы цавæрдæр æхцайы æмæ удсабыргæнæн фидтонтæм.

Нæ тæрхондоны системæ у уый тыххæй, цæмæй хъахъхъæна хъыгдард баййафæджы бартæ. Тæрхондонмæ бадæттыны домæнтæ фæзынынц уый тыххæй, æмæ адæм архайынц сæ

хæстæ бафидынил. Иу адæймаг куы смæсты кæны иннæйы, уæд адæймагады рæстдзинад дзуры: «Уыдон æрлæудзысты тæрхондоны раз сæ хъуыддæгты тыххæй, æмæ бафиддзысты, кæд æмæ аххосджынил нымад æрцæуой, уæд».

Хатыр чи нæ ныккодта, уыцы лæггадгæнæджы фæндыд, цæмæй йын йе 'мбал йæ хæс бафыстаит æмæ йыл уый тыххæй бадæтта тæрхондонмæ. Уый нæу рæстдзинады фæндаг.

> «Уæ маст макæмæй исут, мæ уарзон хæлæрттæ, фæлæ йæ бакæнут Хуыцауы фыдæхы æвджид. Уымæн æмæ Сыгъдæг Фысты Хуыцау зæгъы: «Мæ бар у маст исын. Æз æй бафхæрдзынæн».
>
> – Ромæгтæм 12:19.

Хуыцауы сывæллæттæн сæхи тыххæй сæ бон нæу маст райсын. Фæлæ уымæ фæтырнæм, хатыр куы нæ фæкæнæм, уæд. Мах сфæнд кæнæм мастисын, уымæ фæбæллæм æмæ йæ сæххæст кæнæм. Мах нæ хатыр кæнæм, цалынмæ нын нæ хæс æххæстæй нæ бафидынц, æмæ æрмæстдæр мах сбæрæг кæнæм, уыцы фиддонты бæрц. Мах нæхæдæг куы тырнæм цы нын разнаггад кодтой, уыдоны фидыныл, уæд нæхи æвæрæм тæрхонгæнджыты бынаты. Фæлæ мах зонæм, æндæр хабар:

> «Æгъдауæвæрæг æмæ Тæрхонгæнæг иу у, Йæ бон у фервæзын кæнын дæр æмæ фесафын дæр. Ды та чи дæ, æмæ хионæн тæрхон кæнай? Кæрæдзийæ хъæстаг ма ут, æфсымæртæ, æмæ тæрхонгонд ма уат. Тæрхонгæнæг ныридæгæн къæсæрыл лæууы».
>
> – Иаков 4:12,5:9

Хуыцау у рæстаг Тæрхонгæнæг. Уый скæндзæн раст тæрхон. Кæд æмæ исчи тæригъæд ракодта æмæ аккаг фæсмондзинад æрхаста, уæд Йесойы Туг, кæцы ныккалд Голгофæйыл, айсдзæн уымæй уыцы хæс.

Сымах уæ бон у зæгъат: «Уый Йесоимæ нæ, фæлæ мемæ сарæзтой фыдми».

О, фæлæ сымах нæ хатут, цавæр æвирхъау фыдми скодтат сымах Йесойæн. Уый уыд æнæаххос нывонд. Нæ йыл уыд иунæг сау стъæлф æмæ тæригъæды фæд, уыцы рæстæджы махæй алчидæр фæрæдыд, æмæ у адзалы аккаг. Алчидæр нæ фехæлдта Хуыцауы закъонтæ, кæцытæ бирæ уæлдæр сты паддзахадон закъæттæй. Æмæ махæй алкæмæндæр Дунескæнæджы къухæй хъуамæ æрцæуа æппæтæй уæлдæр мæлæты тæрхон. Гæнæн ис, æмæ сымах ахæмæй ницы сарæзтат, цæмæй иннæйы сцырын кодтаиккат фыдми уын бакæнынмæ. Фæлæ куы абарат уый, цы уын бакодтой, цас уын ныххатыр кодтой уыйимæ, уæд фендзыстут, уый кæй нæй сбарæн ницæимæ. Умæй уæ хæс Хуыцауæн иунæг грамм дæр нæ фæкъаддæр уыдзæн. Кæд уæхи æнкъарут сайды бынаты, уæд сымах ферох кодтат, цавæр хорзæх уын æрцыд лæвæрд.

## МАСТ ÆМÆ ХЪУЫРХЪУЫРДЗИНАДЫ ЛÆМÆГЪ БЫНÆТТÆ

Сымах мæ ныхмæ тæригъæддзинад куы сарæзтаиккат Рагон Фæдзæхсты рæстæг, уæд мæнæн уыд закъонон уагыл сымахæй бадомын фиддонтæ æххæстæй бафидын. Уæд бар уыд хæс бафидыны домæн, фыдмийæн фыдми саразын (кæсут Левит 24:19; Рацыд 21:23–25). Закъон уыд уæлдæр тæрхонгæнæг. Йесо нырма нæ амард, цæмæй ссæрибар кодтаит закъоны дæлбар чи уыд, уыдон.

Фенут, уый куыд сиды Ног Фæдзæхсты уырнонтæм:

> «Сымах фехъуыстат, цы загъд уыди, уый: „Цæсты къахтæн – цæст æмæ дæндагсастæн — дæндаджы саст". Æз та уын зæгъын: дæ бафхæрæджы ма бафхæр. Уый нæ, фæлæ ма дын дæ рахиз æхсæрфарс чи ныццæва, уымæ бадар галиу дæр. Дæ хæдон байсыны тыххæй дыл тæрхондонмæ чи бахъаст кæна, уымæн ратт дæ пæлæз дæр. Фæндагыл дæ йемæ æвæндонæй чи фæцæуын кæна, уыимæ ма ноджы иу

> ахæм ацу· Курæгæн ратт, æфстау агурæгыл дæхи ма атигъ кæн».
>
> – Матфей 5:38–42

Йесо ивы алы æрхæндæг бынæттæ – мах раздæр уым нæ сæрмæ хастам хъуыр–хъуыр æмæ маст. Уый дзуры, ома, нæ ахастдзинæдтæ хъуамæ тынг дард лæууой маст исыны хъуыддагмæ, цæмæй нæ хъæуа лæггад кæнын иннæ адæмæн.

Мах куы фæтырнæм маст нын чи скодта, уый нæхæдæг сраст кæныныл, уæд нæхи æвæрæм тæрхонгæнджыты бынæтты. Чи нæ ныххатыр кодта, уыцы цагъар Матфейы Евангелийы 18 сæргонды, сарæзта уый, æмæ йе ’мбалы сбадын кодта ахæстоны. Уыимæ, уыцы æнæхатыргæнæг цагъар йæхæдæг лæвæрд æрцыд хъизæмарæй марджытæм, цалынмæ йæ хæс æххæстæй нæ бафида, уæдмæ, йæ бинонтæ та æрцыдысты уæйгонд.

Мах хъуамæ нæ бынат радтæм рæстаг Тæрхонгæнæгæн. Уый йæ раст равзардзæн. Æрмæстдæр Йæ тæрхон у раст.

Иу хатт æз штат Флоридайы Тампы аргъуаны адæмæн амыдтон Хуыцауы ныхас æфхæрды тыххæй. Мæ ныхас куы фæдæн, уæд мæм бацыд иу сылгоймаг. Уый загъта, кæй ныххатыр кодта æппæт фыдмитæ йæ раздæры лæгæн. Фæлæ мын мæ ныхасмæ куы хъуыста, æфхæрддзинад ныууадзын кæй хъæуы, уый тыххæй, уæд йæхимидæг стыхст, æмæ бамбæрста, йæ уды мидæг сабырдзинад кæй нæма уыд, уый.

«Куыд бамбæрстон, афтæ йын нырма нæ ныххатыр кодтай,– загътон ын æз фæлмæн хъæлæсæй.

«Ныххатыр ын кодтон,– загъта уый,– Æз ыл фæкалдтон хатырдзинады цæссыгтæ».

«Ды йыл куыдтай, фæлæ йæ нæ ауагътай».

Уый уæддæр дзырдта, йæ лæгæн кæй ныххатыр кодта. «Мæн уымæй ницы хъæуы. Æз æй ауагътон».

«Зæгъ ма мын, цы дын сарæзта»? – бафарстон æй æз·

«Мæ лæг куыста аргъуаны хистæрæй. Уый ныууагъта мæн æмæ не ’ртæ сывæллоны, æмæ алыгъд æндæр сылгоймагимæ, кæцы уыдис аргъуаны кусджытæй иу». Йæ цæстыты фæзындысты цæссыгтæ. «Афтæ мын загъта,– нæ къайад Хуыцауы фæндонæй нæ уыд; Хуыцауы фæндон у, кæимæ алыгъд, уыцы сылгоймагимæ къайад. Мæ лæг ма мын загъта, уый йын кæй уыд зынаргъ æххуысгæнæг аргъуаны куысты рæстæг, уымæн æмæ йын уый кодта мæнæй фылдæр лæггад. Æмæ йын æз та уыдтæн цæлхдуры хуызæн, дзырдтон йæ ныхмæ. Нæ къайады фехæлды æппæт аххосаг сæвæрдта мæныл. Уый нæ басаст, æмæ уыцы хабары кæй уыд йæ аххос дæр».

Дызæрдыггæнæн нæй, æмæ уыцы лæг уыд сайды, æмæ йæхи равдыста тынг æвирхъауæй йæ ус æмæ йæ сывæллæтты ныууадзгæйæ. Йæ ус бавзæрста фыдæвзарæнтæ æмæ йæм æнхъæлмæ каст, йæ лаг ын кæд бафиддзæн йæ хæс. Уыцы хæс та уыд алименттæ æмæ сывæллæттæн материалон æххуыс нæ, уыцы æххуыс ын кодта йæ ног лæг, фæлæ йæ хæс уыд уый мидæг, æмæ сылгоймаджы фæндыд, цæмæй йæ раздæры лæг басæтта аххосджын кæй у, æмæ йæ ус та раст, уый тыххæй.

«Ды йын нæ ныххатыр кæндзынæ, цалынмæ уый сымахмæ не ’рцæуа æмæ нæ зæгъа, аххосджын кæй у, ды та раст, кæй дæ, стæй дæ хъуамæ ракура хатыр. Ацы æнæфыст хæс дæу дары цагъарады»,– загътон ын æз.

Цалынмæ Йесо æнхъæлмæ каст, æмæ мах Уымæ æрцæуудзыстæм хатыртимæ æмæ йын зæгъдзыстæм: «Мах раст нæ уыдыстæм, Фæлæ Ды раст дæ. Бахатыр нын кæн» Уый нын нæ ныххатыр кодтаит дзуарыл. Дзуарыл хъизæмаргæнгæйæ, уый сдзырдта: «Мæ Фыд, ныббар сын, уымæн æмæ цы аразынц, уый нæ зонынц» (Лука 23:34).

Уый ныббарста махæн, цалынмæ Йæм нæ бацыдыстæм, уæдмæ æмæ нын ссыгъдæг кодта нæ тæригъæдтæ. Апостол Павел нæ фæдзæхсы: «Быхсут кæрæдзийæн. Иу уæ иннæмæй хъæстаг куы уа, уæд–иу ын ныббарæд. Чырысти уын куыд

ныббарста, афтæ ут барон (Колоссæгтæм 3:13). Æмæ «…Цæрут хæларæй, кæрæдзийы зын уæм хъарæд. Хуыцау уын Чырыстийы фæрцы куыд ныббарста, афтæ хатыр кæнут кæрæдзийæн» (Ефесæгтæм 4:32).

Æз куы загътон уыцы сылгоймагæн: «Нæ йын ныххатыр кæндзынæ, цалынмæ дын нæ зæгъа: «Æз уыдтæн аххосджын, ды та уыдтæ раст», уæд сылгоймагæн йæ рустыл æруадысты йæ цæссыгтæ. Сылгоймаджы цы хъуыд, уый зынди хæрз чысыл, йæ лæг ын цы стыр маст сарæзта йæхицæн æмæ йæ сывæллæттæн, уыимæ абаргæйæ. Фæлæ уый уыд зæххон, адæймагады рæсттæрхоны цагъарады. Уый йæхицæй сарæзта тæрхонгæнæг, йæ бартæ домгæйæ æмæ хæс бафидыны бонмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ. Уыцы æфхæрддзинад æй хъыгдардта, йæ ахастдзинæдтæ йæ ног лæгимæ фæхуыздæр кæныны хъуыддагæн. Уый ма фæзынд аргъуаны хицауады чи уыд, æппæт уыцы нæлгомæгты ахастдзинæдтыл, уымæн æмæ йæ раздæры лæг уыд йæ аргъуаны хистæр дæр.

Арæх иу Йесо абарста нæ зæрдæты уавæр мæры уавæримæ. Махæн фæдзæхст у Хуыцауы уарзондзинады хи сфидар кæнын. Уæд Хуыцауы дзырды мыггаг уидæгтæ ауадздзæн нæ зæрдæты, рæздзысты æмæ фæстагмæ ратдзысты рæстдзинады дыргъ. Уыдон сты: уарзт, сабырад, цин, фæразондзинад, адæймаджы кæны зæрдæхæлар, рæдау æмæ иузæрдион (Кæсут Галатæгтæм 5:22).

Мæры сывзæры, цы дзы байтауай, уый. Кæд æмæ мах тауæм хæсы, æнæхатырдзинады æмæ æфхæрды мыггæтæ, уæд Хуыцауы уарзондзинады бæсты сзайдзæн хæмпæлгæрдæг. Уый хуыйны маст уидаг (кæнæ уидаджы маст). Френсис Френжипейн ын радта хорз бæрæггæнæн мастæн: «Маст у, арæзт чи не ’рцыд, ахæм мастисæн фæрæз». Маст фæзыны уæд, æмæ мастисын куы не схæццæ вæййы йæ бæллиццаг нысанмæ.

Дзуттæгтæм æрвыстæджы автор комкоммæ дзуры, уый тыххæй:

> «Архайут алкæимæ дæр фидыдæй цæрынил, тырнут уæхи сыгъдæгæй дарынмæ, уымæн æмæ æнæ уымæй Хицауы ничи фендзæн. Кæсут уæхимæ, цæмæй уæ Хуыцауы хорзæхæй æнæхай мачи фæуа, цæмæй уе ’хсæн маргджын зайæгойау мачи сырæза æмæ ма фæхъæстæ кæна бирæты».
>
> – Дзуттæгтæм 12:14,15

Уе ’ргом ма аздахут ныхас «цæмæй ма фæхъæстæ кæна бирæты». Гæнæн ис, æмæ уыцы «бирæтæ» уой уыцы адæм, кæдон тыххæй дзырдта Йесо Матфейы Евангелийы (24:10), цыма фæстаг бонты «бирæтæ» фæкъуылымпы (кæнæ фæхъыг) уыдзысты?

Маст – у уидаг. Уидагмæ куы зилай, дон ыл куы кæнай, куы йæ хъахъхъæнай, куы йæ æфсадай хъацæнтæй, уæд уый цæудзæн арфдæр æмæ кæндзæн фидардæр. Уидаджы афоныл куы нæ базонай, уæд æй фæстагмæ тынг зын уыдзæн йе стонын. Мастдзинад рæздзæн алы бон дæр. Уымæ гæсгæ Павел фæдзæхсы мах ахæм ныхæстæй: «... Дæ мастæй фервæз, цалынмæ хур нæ аныгуылд, уæдмæ» (Ефесæгтæм 4:26).

Æндæра хорз дыргъты бæсты мах фендзыстæм фыдæхы, масты, хъыгдзинады, хæлæгдзинады, фыдмийы загъд кæнын æмæ кæрæдзи не ’мбарындзинады тыллæг, Йесо уыдæттæ схуыдта æнæуд дыргътæ (Матфей 7:19,20).

Библи дзуры, адæймаг, кæцы нæ тырны сабырдзинадмæ, нæ уадзы йæ мæстытæ, фæстагмæ свæййы хъæстæ. Æмæ йæ зæрдæйы зынаргъ цы ис, уый æнæхатырдзинады мастæй фесæфы.

## ФИДÆНЫ ПАДДЗАХЫ ХЪÆСТÆ КÆНЫН

Мах ацы чиныджы сымахимæ лæмбынæг равзæрстам, Давид куыд баззад æууæнкджынæй паддзах Саулæн. Саул ыл мæнгардæй куы рацыд, уæддæр. Давид нæ тырныдта йæ маст райсынмæ, кæд æмæ йын уый тыххæй дыууæ хатты уыд фадат,

уæддæр. Уый уыд зæрдæйæ Хуыцауы адæймаг æмæ Хуыцауæн тæрхоны бар радта йæхицæн æмæ Саулæн. Хуыцауы тæрхон куы ’рцыд Саулыл, уæд Давид нæ цин кодта уый тыххæй. Уый æнкъард кодта Саулыл, уымæн æмæ йæ зæрдæйы уый нæ хаста уымæ мастдзинад.

Саулы мæлæты фæстæ Давид бацахста паддзахы бынат. Уый сфидар кодта бæстæйы, йæ къухы бафтыд хæстон æмæ финансон æнтыстдзинæдтæ, æмæ уымæй сфидар кодта йæ паддзахы бынат. Давидæн уыдис цалдæр усы, кæцытæй йын райгуырд сывæллæттæ, уыдонимæ йæ фыццаг сывæллон Амнон æмæ йе ’ртыккаг фырт Авессалом.

Амнон, Давиды фырт, хинæй æмæ æнæгъдауæй йæхимæ фæрæдийын кодта фыдæй иу кæимæ уыд, уыцы хо Фамары, кæцы уыд Авессаломы хо·

Уый скодта рынчын æфсон æмæ бахатыд йæ фыдмæ, цæмæй йæм уый æрбарвита Фамары, хæринаг ын æрцæттæ кæныны тыххæй· Хæринаг ын куы æрцæттæ кодта, уæд Амнон йæ лæггадгæнджыты иууылдæр рарвыста æмæ йæ хойыл тыххæй ныххæцыд· Уый фæстæ дзы йæ удхæссæг федта, æмæ йæ расырдта· Уый фæхудинаг кодта æнæаххос паддзахы чызджы, сæвæрдта йыл худинаджы гакк (кæсут 2 Паддз· 13)·

Иунæг ныхас дæр нæ загъта йе ’фсымæрæн, афтæмæй Авессалом акодта йæ хойы йæ хæдзармæ æмæ йын уый адыл Амнон сæнæуынон ис, Фамары кæй фæхудинаг кодта, уый тыххæй.

Авессалом æнхъæлмæ каст, æмæ йæ фыд исты хуызы бафхæрдзæн йе ’фсымæры. Паддзах Давид тынг смæсты, Амноны фыдми куы базыдта, уæд, фæлæ уыцы хъуыддаджы фæдыл ницы мадзæлттæ саræзта. Авессалом банкъардта æвирхъау мастдзинад, йæ фыд рæстаг тæрхон кæй нæ сарæзта, уый тыххæй.

Кæддæр Фамар хаста паддзахы уæлæдарæс, кæцытæ

иу кодтой паддзахы чындздзон чызджытæ – ныр та йæхи сфæлыста хæлд æмæ худинаджы дзаумæтты. Уый уыд тынг рæсугъд æмæ йын адæмы ’хсæн уыд стыр кад æмæ намыс. Ныр та цард иунæгæй, бар ын нæ уыд чындзы ацæуынæн, чызг кæй нал уыд, уый аххосæй. Уый раст нæ уыд. Уымæн æмæ йæ фæхудинаг кодтой, уый паддзахы бардзырдмæ гæсгæ кæй лæггад кодта Амнонæн. Йæ амонддзинад фæцис, уыцы рæстæджы уыцы фыдми чи сарæзта, уый та цард, цыма никуы ницы ’рцыд, уый хуызæн. Æрмæст иунæг Фамар бавзæрста уыцы æвирхъаудзинад.

Бонæй бонмæ Авессалом йæ хъус дардта йе ’рхæндæг хойы уавæрмæ. Æхсины амондджын цард ссис фыдфыны хуызæн. Авессалом æнæхъæн афæдз æнхъæлмæ каст, цæмæй йæ фыд рæсттæрхон рахастаид, фæлæ Давид ницы мадзæлттæ арæзта. Уæд Авессалом фæхъыг ис йæ фыдмæ æмæ тынг сфыдæх ис æнæгъдау Амнонмæ.

Дыууæ азы Амнонмæ фыдæхы фæстæ йæм райгуырд Амноны амарыны фæнд «Æз райсдзынæн мæ хойы маст мæ фыды бæсты, кæцыйыл æмбæлд уый саразын»,– æвæццæгæн, ахæм хъуыдытæ кодта Авессалом.

Уый сарæзта бæрæгбон паддзахы æппæт фырттæн. Æрбацыд Амнон дæр, ницæуыл дызæрдыг кодта, афтæмæй æмæ йæ Авессалом амардта. Афтæмæй дзы райста йæ маст, уый фæстæ Авессалом алыгъд Гессурмæ. Фæлæ йæ маст йæ фыдмæ ноджы тынгæй тынгдæр фыхт, уæлдайдæр та уыцы рæстæг, паддзахы галуанæй дард куы уыд.

Авессаломы хъуыдытæ хъæстæ уыдысты мастæй. Уый æргомæй дзурын райдыдта Давиды хъуагдзинæдты тыххæй. Уыимæ йæ фæндыд, цæмæй йæм йæ фыд фæдзырдтаит. Фæлæ йæм Давид нæ дзырдта. Æмæ уый цырендæр кодта Авессаломы маст.

Гæнæн ис, æмæ йæм уыд ахæм хъуыдытæ: «Адæм райгонд сты мæ фыдæй, фæлæ уыдон сты куырм æмæ йын нæ уынынц

йе ’цæг удыхъхæд. Уый у æрмæстдæр йæхи пайдайæн чи цæры æмæ Хуыцауы агъуысты бын чи æмбæхсы, ахæм адæймаг. Уый ноджы æвзæрдæр у паддзах Саулæй. Саул йæ паддзахы бынатæй фæхауæккаг уымæн, æмæ амаликæгты паддзахы кæй нæ амардта, æмæ кæй нæ ныццагъта йæ хуыздæр фыстæ æмæ галтæ.

Мæ фыд та хæтыд, иузæрдион ыл чи уыд, уыцы лæджы усимæ. Уый фæстæ уый бамбæхста йæ тæригъæд, уымæн æмæ амардта, уыцы лæджы. Уый йæхæдæг у лæгмар æмæ хæтаг, гъе, уымæ гæсгæ уый нæ бафхæрдта Амноны! Æмæ ма ноджы йæ тæригъæд æмбæхсы Хуыцауæн фæлывд куывдтытæй».

Авессалом Гессуры фæцис æртæ азы. Рацыд рæстæг. Давид æрсабыр æмæ нал маст кодта йæ фырт Амноны мæлæтыл. Иоав сразы кодта паддзахы, цæмæй Авессалом æрцæуа йæ хæдзармæ. Фæлæ Давид раздæрау нæ разы кодта йæ фыртимæ фембæлын. Рацыд ма ноджы дыууæ азы, æмæ Давид, фæивта йæ зæрдæйы ахастдзинад йæ фыртмæ æмæ йын раздæхта йæ исбон æмæ йæ бартæ. Фæлæ Авессаломæн куыд раздæр, афтæ йæ маст йæ зæрдæйы баззад.

Авессалом дæсны уыд æфсæнттæ кæнынмæ: «Авессалом нæ дзырдта Амнонимæ нæдæр æвзæр, нæдæр хорз; уыимæ Авессаломæн сæнæуынон ис Амнон…» (2 Паддз. 13:22). Авесалом куыд арæзта, афтæ иуæй иу адæймæгтæ дæр зонынц æмбæхсын сæ хъыг æмæ сæ фыдæх.

Ахæм мæстджын уавæры уæвгæйæ, алцæмæ дæр æфхæрæг ахастдзинад даргæйæ, уый йæхимæ райдыдта æввахс кæнын, ахæмты, кæцытæ разы нæ уыдысты паддзахæй, алкæмæн дæр рæстæг ардта, цæмæй хъуыстаит алкæйы хъастмæ дæр. Уый куыдта æмæ дзырдта, ома, алцыдæр уаит æндæрхуызон, æз паддзах куы уаин, уæд. Уый æвзæрста æмæ тæрхон хаста израилæгтæн, ома, паддзахæн нæй рæстæг ацы хъуыддæгтæ кæнынæн.

Гæнæн ис, æмæ Авессалом каст сæ хъуыддæгтæм æмæ сæ

æвзæрста, уымæн æмæ уый йæхæдæг æнкъардта, йæ хъуыддаг ын рæстагæй кæй нæ равзæстой, уый. Афтæ зынд, цыма тынг тыхсы адæмыл. Библийы ныхас цæуы, ууыл, æмæ Авессалом адавта йæ фыд Давидæй израилæгты зæрдæ. Фæлæ, æцæг æгъдауæй та цы æрцыд? Æцæг тыхсти уый адæмыл, æви уый уыд æфсон, чи йæ фæхъыг кодта, уыцы Давиды йæ паддзахы бынатæй раппарыны тыххæй.

## ИСКÆЙ РÆДЫДТЫТЫ ЭКСПЕРТТÆ

Авессалом æнæхъæн Израилы йæхирдæм расайдта æмæ сыстад Давиды ныхмæ. Паддзах Давидæн гæнæн нал уыд, æмæ фæлыгъд Иерусалиммæ, йæ цард фервæзын кæныны тыххæй. Зынд афтæ, цыма Авессалом сфидар кодта йæ паддзахад. Фæлæ Давиды сургæйæ, æрцыд мард, кæд æмæ Давид бардзырд радта, цæмæй йæ æгасæй ныууадзой, уæддæр.

Авессаломы бабын кодта йæ фыдæх æмæ йæ мастдзинад. Ахæм тыхджын гæнæнтимæ, фидæны паддзах амард, йæ хъару æмæ йæ тыхтæ сæ тæккæ дидинæфтауыныл куы уыдысты, уæд, уый не сразы йæ фыдæн ныххатыр кæныныл, кæцыйы нымадта йæ хæсджыныл. Æмæ фæстагмæ йæхи фæхъæстæ кодта.

Аргъуаны хистæрты æххуысгæнджытæ арæх мæсты кæнынц сæ хицæуттæм, кæцытæн уыдон лæггад кæнынц. Уый фæстæ сæ райдайынц æфхæрын, свæййынц эксперттæ сæ хицæутты æппæт рæдыдтытæн æмæ уыцы адæмæн, кæцытæ сæ снысан кæнынц бынæттæм. Сæ хъуыдытæ ныссуйтæ вæййынц. Уыдон нал фæкæсынц Хуыцау куыд кæсы, афтæ, фæлæ æндæрхуызон.

Уыдон нымайынц, цыма сæ царды нысан у сæ алфамлай чи ис, уыцы адæмы æнæраст хицауæй ссæрибар кæнын æмæ мæстджын, æнæразы æмæ нæзонæг адæмы зæрдæты разæнгард кæнын фыдæхдзинадмæ.

Цалынмæ уыдон уый æмбарой, уæдмæ фæдих вæййынц

аргъуан æмæ æмбырды куыст. Комкоммæ дæр, Авессаломимæ куыд æрцыд, афтæ.

Иуæй иу хатт сæ цæстæнгас вæййы раст æмæ æцæг. Гæнæн уыд, æмæ Давиды хъуыд исты саразын Амнонæн. Чизоны, хистæрмæ дæр ис ахæм лæмæгъдзинæдтæ, кæцыран æруадзы рæдыдтытæ. Фæлæ чи у тæрхонгæнæг – сымах æви Хуыцау? Бахъуыды кæнут, фыдæхдзинад куы тауат, уæд дзы фыдæхдзинад æркæрддзыстут.

Авессаломыл цы ’рцыд, æмæ абоны аргъуанты цы цæуы, уыцы фарст ахсы бæлвырд рæстæг. Мах арæх нæ фæзонæм, æмæ нæ зæрдæмæ кæй бацыд æфхæрддзинад. Маст уидаг гæзæмæ фæзыны йæ рæзты рæстæг. Фæлæ йæм куы райдайынц зилын, уæд райдайы рæзын æмæ свæййы фидар уидæгтимæ.

Дзуттæгтæм Фыстæджы автор нын куыд æмбарын кæны, афтæмæй нæ лæмбынæг кæсын хъæуы, уымæ, «цæмæй уе ’хсæн маргджын зайæгойау мачи сырæза æмæ ма фæхъæстæ кæна бирæты» (Дзуттæгтæм 12:15).

Мах хъуамæ раиртасæм нæ зæрдæтæ æмæ нæхи райгом кæнæм Хицауæн, цæмæй нæ Уый сраст кæна, уымæн æмæ æрмæстдæр Йæ Дзырдæн у йæ бон равзарын æмæ тæрхон кæнын нæ зæрдæйы фæндтæ æмæ хъуыдыты (кæсут Дзуттæгтæм 4:12). Сыгъдæг Уд адæймаджы намысы фæрцы æргом кæны æппæт хъуыддæгтæ дæр. Кæд сымахæй уый исчи сарæзта, уæд Хуыцауы раз æрфæсмон кæнут æмæ уæ зæрдæ байгом кæнут Сыгъдæг Удæн.

Иу аргъуаны кусæг иухатт семæ уынаффæ кодта йæ хъуыддаджы тыххæй. Уый уыд иу горæты аргъуаны хистæрæн æххуысгæнæг, хистæр æй йæ бынатæй систа. Афтæ зынд, цыма аргъуаны хистæр хæлæг кодта уыцы æрыгон адæймагмæ, æмæ тарст уымæй, цыма Хуыцауы къух æвæрд уыд, ууыл.

Иу афæдзы фæстæ, кæцыйы систой йæ бынатæй, уый сфæнд кодта æндæр районы ног аргъуан саразын, дзырдта, ома,

Хуыцауы афтæ фæнды· Æмæ афтæ дæр бакодта, уыимæ йæм йæ раздæры аргъуанæй æрбаиу сты иуæй иу адæймæгтæ· Уый тыхст ууыл, фæлæ йæ нæ фæндыд Авесаломау йæ зæрдæйы маст хæссын æмæ маст йæ раздæры хицаумæ нæ дардта· Уый райдыдта ног аргъуаны Хуыцауы фæндонæй кусын, куыст цыд тынг хорз, уый та æвдисæн уыд, æмæ йын йæ раздæры аргъуаны куыд æмбæлы, афтæ аргъ кæй не скодтой йæ зонындзинæдтæн·

Æз ын бацамыдтон Авессаломы æмæ Давиды ’хсæн цы хицæндзинад ис, уымæ· Авессалом зæрдæлхæнæнтæ кодта иннæ адæмæн, уый тыххæй æмæ мæсты уыд йæ хицаумæ· Давид та сидтис иннæтæм, цæмæй иузæрдион уой Саулыл, кæд Саул йæ фæдыл зылд, уæддæр· Авессалом йæхимæ сайдта адæмы, Давид та баззадис иунæгæй·

«Дæ аргъуан ды ныууагътаис? – бафарстон æй æз.

Сидтыстут, кæнæ разæнгард кодтат адæмы, цæмæй уе ’вварс рахæцой, кæнæ демæ иумæ ацæуой аргъуанæй?»

«Æз ацыдтæн иунæгæй æмæ ницы арæзтон, ахæмæй, цæмæй мæ фæдыл акæнон адæмы»,– загъта мын, уый·

«Уый хорз у· Ды дæхи равдыстай, куыд Давид· Базонут уый æмæ уæм чи æрбацыд, уыдон кæд мæсты сты дæ раздæры аргъуаны хистæрмæ, уæд сæ æркæнут сæрибармæ æмæ сдзæбæх кæнынмæ».

Уыцы адæймаджы аргъуан ныртæккæ у хуыздæртæй· Мæнæн мæ зæрдæмæ цы фæцыд йæ миниуджыты, уый, æмæ нæ фæтарст йæ зæрдæ раиртасынæй· Æмæ канд нæ фæтарст нæ, фæлæ ма байхъуыста Хуыцауæн кувæджы уынаффæмæ· Умæн сæйраджыдæр уыд йæ «рæстдзинад» бæлвырд кæнын нæ, фæлæ коммæгæс Хуыцауы фæндæгтæн·

Ма тæрсут, фæлæ бар радтут Сыгъдæг Удæн уæ æнæхатырдзинад æмæ мастдзинад раргом кæнынæн· Цас фылдæр рæстæг сæ æмбæхсат, уыйбæрц уыдон суыдзысты

тыхджындæр æмæ уый адыл уæ зæрдæ суыдзæн хъæбæрдæр æмæ тызмæгдæр. Ма хъыггаг кæнут уæ зæрдæтæ! Куыд ис уый саразæн?

> «Бынтондæр ныууадзут мæсты æмæ знæт, хъæр–хъæлæба, фыдгой, алы æндæр фыдæх. Цæрут хæларæй, кæрæдзийы зын уæм хъарæд, Хуыцау уын Чырыстийы фæрцы куыд ныббарста, афтæ хатыр кæнут кæрæдзийæн».
>
> – Ефесæгтæм 4:31,32

Маст куыд тыхджындæр уа,
уыйбæрц сымах фылдæр
рæздзыстут, куы йыл
фæуæлахиз уат, уæд.

# 13 СÆРГОНД

# КУЫД ИС КЪÆППÆГÆЙ АИРВÆЗÆН

***Уымæ гæсгæ æз архайын Хуыцауы æмæ мæ адæмы раз кæддæриддæр сыгъдæг цæсгомимæ цæрыныл.***

**– Апостолты хъуыддæгтæ 24:16.**

Цæмæй сæрибар уæм цыфæнды мастæй, уый тыххæй мах хъæуы бакусын. Павел уый бары фæлтæрæнтимæ. Мах нæ буар куы сфидар кæнæм, уæд фæразондæр вæййæм цæфтæн. Иу хатт Гавайаг сакъæдæхты æз хъавыдтæн къулыл схизынмæ, цæмæй уырдыгæй къамтæ систаин. Æмæ мæ уæраджы нуæрттæ фæтынг сты, æмæ цыппар боны дæргъы мæ бон цæуын нæ уыд.

«Дæ буар фæлтæрд куы уыдаит, уæд ахæм рыстдзинад нæ бавзæрстаит,- загъта мын дохтыр-терапевт. Дæ нуæрттæ сты

лæмæгъ, æмæ уымæ гæсгæ дæ рыстытæ сты тыхджындæр».

Куыддæр райдыдтон цæуын, афтæ мын æндæр специалист бауынаффæ кодта: «Ды хъуамæ аразай бæлвырд фæлтæрæнтæ, цæмæй дæ къахы нуæрттæ куыд æмбæлы, афтæ сфидар уой».

Мæн бахъуыд цалдæр мæйы, цæмæй бынтон сдзæбæх уыдаит мæ уæраг.

Апостолты хъуыддæгты чиныджы (24:16) дзырд «архайын» (англисаг тексты «фæлтæрын») æввахс лæууы бердзенаг ныхас аскео-мæ. Вайнайы æмбарынгæнæн дзырдуаты дзырд «архайын» лæвæрд цæуы «рыстæн фæразын, бабыхсын, фæлтæрæнтæ кæнын, фæтк æмæ уагæвæрды фæрцы.

Иуæй иу хатт нын зын вæййы не ’фхæрджытæн ныххатыр кæнын. Мах фæлтæрдтам нæ зæрдæтæ æмæ уымæ гæсгæ уыдонæн сæ бон у ницавæр цæф æмæ халæн фæстиуджытæ нæ банкъаргæйæ æфхæрддзинад хæссын.

Бирæ адæймæгтæн сæ бон у Гавайы уыцы къулыл схизын æмæ нæ райсын ницавæр рыстытæ æмæ цæфтæ, уымæн æмæ уыдон сты хорз физикон цæттæдзинады мидæг. Афтæ, иуæй иу уырнонты Хуыцау æркодта æмбæлгæ уавæрмæ сæ зæрдæты фæлтæрæнты фæрцы. Нæ уды бæрзонддзинад бæлвырд кæны, æфхæрддзинад куыд æнцонæй æмæ æнæрыстæй хæссæм, уымæй.

Иуæй иу æфхæрдтытæ уыдзысты уæззаудæр, сымах уæхи кæдонмæ бацæттæ кодтат, уыдонæй. Ахæм уæлæмхасæн æлхъывддзинад гæнæн ис æмæ æрхæсса рис æмæ хъæдгом, кæдоны фæстæ мах хъæудзæн уды фæлтæрæнтæ, цалынмæ бынтон не ссæрибар æмæ не сдзæбæхæм уæм, уæдмæ. Фæлæ уыцы бæрæггæнæн у, цы тыхтæ бахардз кодтам, уый аргъ.

Ацы сæргонды æз рафæлгъаудзынæн ахæм сæрмагонд æфхæрдтытæ, кæцытæ домынц стыр быхсындзинад æмæ хъарутæ, цæмæй сыл фæтых уæм. Æз мæстджын уыдтæн аргъуаны иу кусæгмæ. Уый мæ бафхæрдта, æмæ, мыййаг, фыццаг хатт нæ, фæлæ афæдз æмæ æрдæджы дæргъы. Нæ

алфамблайы чи уыд, уыдон иууылдæр зыдтой, ацы хабар· «Дæу уый нæ фæриссын кодта? – фарстой мæн уыдон,– Цы саразынмæ хъавыс? Ау, афтæ мадзура уыдзæ æмæ ницы сархайдзынæ йæ ныхмæ?»

«Алцы дæр у нывыл,– ныфс сын æвæрдтон æз,– Уый мыл не ’ндавы. Æз мæ царды дарддæр цæуын Хуыцауы фæдзæхстытæм гæсгæ».

Фæлæ мæ дзуапп æвдыста мæ сæрыстырдзинад. Æз уыдтæн тынг æфхæрд, фæлæ мæ нæ фæндыд мæхи басæттын. Уыдис афтæ æмæ иу цалдæргай сахæтты архайдтон цы мыл æрцыд, уый равзарыныл. Æз уыдтæн æргъæвст æмæ дисы уавæры. Æмæ хуыдуг кодтон уыцы хъуыдыты, кæд тыхджыны æфсон скодтон, уæддæр уыцы рæстæг уыдтæн æдых, æнæхъомыс æмæ зæрдæдзæф.

Цыдысты мæйтæ· Афтæ зынд, цыма иууылдæр басур: мæ куыст фесæфта йæ хъомыс æмæ æхцондзинад, мæ кувæн уат сафтид, æз иудадзыг уыдтæн тухæнты· Æз æрвылбондæр тох кодтон дæлимонтимæ· Æмæ хъуыды кодтон, ацы ныхмæлуæддзинад мыл æркалд мæ разæнгарддзинады тыххæй, фæлæ уый уыд уыцы фыдтухи, кæцыйы бахаудтæн мæ æнæхатырдзинады аххосæй· Ме ’фхæрæджы цур алы бон уæвгæйæ, æз мæхи хатыдтæн уæнгмарды хуызæн·

Уый фæстæ æрбалæууыд райсом, кæцыйы æз никæд ферох кæндзынæн· Æз бадтæн дыргъдоны бандоныл мæ хæдзары цур æмæ куывтон· «Хицау, ау, мыййаг æфхæрд æмæ хъæдгомджын дæн уымæй?» – фарстон æз· Куыддæр уыцы ныхæстæ загътон, афтæ мæ уды арфы фехъуыстон «Бæлвырд афтæ у!».

Хуыцауы фæндыд, цæмæй æз фидарæй зыдтаин, цымæ бафхæрдта, уый·

«Хуыцау, курын дæ, баххуыс мын кæн ссæрибар кæнынæн, уыцы удхъæдгомæй æмæ æфхæрдæй, – лæгъстæ кодтон æз,– Мæхимæ нæй уыцы тых».

Уый уыд, ахæм уавæр, кæцыранмæ мæ æркодта Хицау

Йесо,– мæ гæнæтæ мын ныппырх кæнгæйæ.

Мах арæх нæ зæрдæйы тыхæй фæлварæм аразын алыгъуызон хъуыддæгтæ. Фæлæ уымæй нæ удтæ нæ фæхъæздыгдæр вæййынц. Уыимæ, мах свæййæм лæмæгъдæр хауынмæ.

Фыццаг къахдзæф сдзæбæх æмæ ссæрибар кæнынмæ райдайын хъæуы: басæттут, кæй дæ бафхæрдтой. Арæх сæрыстырдзинад нæ дæтты махæн, цæмæй басæттæм æфхæрд æмæ мæстджын кæй стæм, ууыл. Куыддæр æз басастæн ме ’цæг уавæрыл, афтæ райдыдтон агурын Хуыцауы æмæ мæхи базыдтон Йæ æргомады æмæ раст кæныны хъуыддæгты.

Æз æнкъардтон, æмæ Хуыцауы кæй фæндыд, цæмæй æз цалдæр боны ком дардтин. Уымæн æмæ мæ ком дарын мæн кæны лæмбынæгдæр æмæ къæрцхъусдæр Сыгъдæг Уды хъæлæсмæ:

> «Мæнæ уын Æз цы комдарæн бафæдзæхстон: уацайрæгтæн ныссæтт сæ хъадамантæ, сæ хъуырæй сын рафтау се ’фсондз, æфхæрд адæмæн ратт сæрибар æмæ макæйуал бассæнд».
>
> – Исайа 58:6

Æз цæттæ уыдтæн уымæ, æмæ уыцы æвзæр бастдзинæдтæ цæмæй цъæлгонд æрцæуой, æмæ мæнæн æнцондæр уыдаит фервæзын, уыцы ссæстдзинадæй.

Цалдæр бон фæстæ æз æрбацыдтæн зианмæ. Мæн чи фæхъыг кодта, уыцы адæймаг дæр уыд, уым. Дардæй йæм кæсгæйæ æз райдыдтон кæуын:

«Хуыцау, æз ын хатыр кæнын. Æз æй мæнæн цы сарæзта, æппæт уыдонæй сæрибар кæнын». Уыцы уысм æз банкъардтон, мæ зæрдæйæ уæззаудзинад куыд ахауд. Æз ын ныххатыр кодтон. Æвæджиауы рогдзинад мын байдзаг кодта мæ зæрдæ!

Фæлæ уый уыд, сæндидзынмæ мæ фæндагæн йæ райдиан. Мæ зæрдæйы æз уымæн ныббарстон, фæлæ æз нæ зыдтон

цæйас у йæ бæрц мæ хъæдгомæн. Æмæ раздæрау уыдтæн æнцон фæцæфгæнæн, мæ бон уыд ногæй искæмæ смæстджын уæвын. Уый уыд фыдцæфы фæстæ сæнæниз кæныны фæстиондзинад. Мæн хъуыд фæлтæрæнтæ, мæ зæрдæ, мæ зонд, æмæ ме'нкъарæнтæ сфидар кæнынæн, цæмæй дарддæр, ахæм цæфты æмæ тыхстдзинæдты макуыуал бахауон.

## КУЫД У ФÆЛХАТТ КÆНЫНЫ ХАБАР?

Рацыд цалдæр мæйы. Иуæй иу хатт иу мæ бахъуыд мæхи иргъæвын уыцы хъуыдытæй, кæцытæ мæм уыдысты уый размæ, цалынмæ нæ ныббарстон, уæдмæ. Уыцы хабар иу æрцыд, искуы иу мæм искæцы адæймаг йæ хъæстытимæ куы æрбацыд, уæд иу ахæм рæстæг смæстджын дæн, мæсты иу кодтон куы иу федтон ме'фхæрæджы, æмæ иу ын йæ ном куы хъуыстон, уæд. Æз ныхмæ лæууыдтæн, уыцы хъуыдытæн, куы иу сæ фæхатыдтæн, уæд æмæ сæ мæхицæй дард сырдтон (кæсут 2 Коринфæгтæ 10:5). Уый уыд тох ме ссæрибарыл.

Æппынфæстагмæ æз бафарстон Хуыцауы, куыд ис гæнæн æмæ уыцы хъуыдыты мауал бауадзон мæн ногæй æнæхатырдзинадмæ бакæнын. Æз зыдтон, æмæ Уый кæй фæнды мæн сæрибары бæрзонддæр къæпхæнмæ ракæнын. Раст у, мæхи дæр фæндыд, мæ царды ма мын цы рæстæг баззад, уыцы рæстæг тох кæнон æфхæрдимæ. Йæ хъус мæм чи дардта, уыцы Хицау загъта мæнæн, цæмæй æз кувон, чи мæ бафхæрдта, уыцы адæймагæн æмæ мын мæ зæрдыл æрыфтыдта Йæ дзырдтæ:

> «Æз та уын зæгъын: уарзут уе'знæгты, уе'лгъитджытæн хорзæх курут Хуыцауæй, хорз кæнут, сымахæй йе сæфт чи уыны, уыдонæн, кувут уе'фхæрджыты тыххæй...»
>
> – Матфей 5:44

Æз райдыдтон кувын. Фыццаг æз куывтон сабыр, хус хъæлæсæй, æнæ зæрдиагæй. Хæс фидæгау æз дзырдтон:

«Хицау, арфæ йын ракæн. Радт ын æнтыстджын бон. Баххуыс ын кæн йæ алы хъуыддæгты. Чырыстийы Номæй. Амен!»

Рацыд цалдæр къуыри. Афтæ мæм зынд, цыма мæ уый никæдæм æркæндзæн. Иу райсом мын Хицау бацамыдта 34–æм Псаломмæ. Æз æй нæ хъуыды кодтон æмæ йæ уымæ гæсгæ райстон, байгом æй кодтон æмæ йæ райдыдтон кæсын: йæ астæумæ куы бахæццæ дæн, уæд уым федтон мæхи уавæр:

> «Мæ ныхмæ рацыдысты æгъатыр æвдисæнтæ, фæрсынц мæ, æз цы нæ зонын, уымæй· Мæ хорз мын фидынц фыдæй, цæмæй дзæгъæлæй баззайа мæ уд».
>
> – Псаломтæ 34:11,12

Мæнæн мæ бон уыд мæхи Давидимæ сæмхуызон кодтаин. Мæнмæ гæсгæ, куыд уыцы адæймаг, афтæ мæ иуæй–иу æххуысгæнджытæ мæ хорздзинад бафыстой хæрамæй. Мæ зæрдæ æнкъард кодта. Хуыцау спайда кодта уыцы псаломæй, цæмæй мын фенын кæна, цы тох цæуы фæстаг цалдæр азы. Иу скъуыддзаг мæ фесхъиуын кодта афтæ бæрзонд, æмæ ма чысыл бахъæуа мæ сæр царыл ма ныццæвон!

> «Уыдон-иу куы фæрынчын сты, уæд иу æз скодтон хъисынтæ, мæхи-иу бадомдтон ком дарынæй· Мæ куывд-иу здæхти мæ риуы арфмæ· Æз сæм кастæн лымæн æмæ æфсымæры цæстæй; цыдтæн-иу æнкъардæй, сæргуыбырæй, мæ мады мардыл кæуæгау».
>
> – Псаломтæ 34:13,14

Давид загъта, уыцы адæм æй хъавыдысты бабын кæнынмæ. Æвзæрæй сын ницы бакодта, фæлæ йæм уæддæр бахастой хæрамзæрдæ.

Уыцы бынæттæ 34-æм Псаломæй уыдысты дзуапп мæ риссаг фарстæн. Давиды уавæр нæ уыд бындурон иннæты архайдимæ абаргæйæ.

Сфæнд кодта саразын раст, уый куывта уыдон тыххæй, цыма йе ’ввахс æфсымæртæ уыдысты, æмæ цыдис æнкъардæй, йæ мады мардыл кæуæгау. Хуыцау мын фенын кодта, куыд кувын хъæуы, уыцы адæймаджы тыххæй: «Кув æмæ кур уый, дæхицæн дæ Мæнæй цы фæнды райсын, уый!» Ныр мæ куывд иууылдæр фæивта. Уый нæ уыд раздæры куывдау, ома: «Хуыцау, раарфæ йын кæн, радтын хорз бон».

Мæ куывд байдзаг ис цардæй, сси удæгас. Æз куывтон: «Хуыцау, байгом ын кæн Дæхи фылдæрæй. Раарфæ йын кæн Дæ уæвынадæй. Уадз æмæ дæ базонæт ноджы æвваxсдæр. Уадз мæ дын уæт лæггадгæнæг æмæ дын кадджын кæнæт Дæ ном».

Æз куырдтон уымæн уый æмæ мæхицæн Хуыцауæй цы куырдтон. Мæйы дæргъы æз удцырынимæ куывтон, уый тыххæй, æз куывтон хъæрæй: «Æз дын арфæ кæнын! Æз уарзын дæу Чырыстийы номæй!» Уый уыд хъæр мæ уды арфæй. Æз дзæвгар фæкуывтон йæ номæн æмæ мæ бауырныдта мæ уд æххæстæй кæй сдзæбæх ис, уый.

## БЫЦÆУЫ ФÆРЦЫ СÆНÆНИЗ КÆНЫН

Рацыд цалдæр къуыри æмæ та фæстæмæ фембæлдтæн йемæ. Мæ зæрдæйы ма æз æнкъардтон хъыгдзинад. Æмæ раздæрау тох кодтон, цæмæй ма уон ныхмæ дзурæг.

– Джон, дæу хъæуы уымæ бацæуын,– дзырдта мын ме ’мкъай.

– Нæ хъæуы, цæмæн,– дзырдтон ын æз,– Æз æнæуи дæр сдзæбæх дæн.

Фæлæ æз æнкъардтон æмæ Сыгъдæг Уд не сфидар кодта мæ дзырдтæ. Уымæ гæсгæ æз бафарстон Хицауы, цæуын хъæуы уымæ, æви нæ. Уый мын дзуапп радта, «О», зæгъгæ.

Æз баныхас кодтон уыцы адæймагимæ фембæлды тыххæй æмæ йын æрцæттæ кодтон лæвар. Æз æрсабыр кодтон мæхи,

сразы дæн мæхи сдзæбæх кæнынил æмæ дзы ракуырдтон хатыр. Мах бафидыдтам, хатырдзинад æмæ æнæниздзинад бацыдысты мæ зæрдæмæ. Æз офисæй рахызтæн æнæнизæй æмæ зæрдæфидарæй. Мæн нал хъуыд тох кæнын рыстимæ æмæ мæ нæ фæндыд йæ ныхмæ дзурын. Уæдæй фæстæмæ нæ ахастдзинæдтæ систы фидар æмæ не ’хсæн нал уыд быцæутæ. Ныртæккæ мах арæх æххуыс кæнæм кæрæдзийæн.

«Фыццаг хатт куы федтон уыцы адæймаджы,– дзырдтон Лизæйæн,– уæд мæ цæстынгасмæ гæсгæ, уый нæ арæзта æнæраст хабæрттæ. Нæ федтон йæ удыхъæды ницы хъуагдзинæдтæ. Æз æй уарзтон, уымæн æмæ йæ нымадтон рæстаг адæймагыл. Фæлæ мæ куы фæхъыг кодта, уæд мын зын уыд йæ уарзын. Уый тыххæй мæ бахъуыд æппæт æууæнк, кæцы ныр уыд мæнмæ. Ныр, уд сæндидзыны æмæ йæ сдзæбæх кæныны уавæрты уый уарзтон иухаттау тынг, раздæр ыл куы сæмбæлдтæн, уый хуызæн, йæ иуæй иу хъæндзинæдтæм нæ кæсгæйæ. Уымæн æмæ уый уыд æцæг уарзт.

> «Фыццаджыдæр кæрæдзи уарзут зæрдиагæй, уымæн æмæ уарзондзинады фæрцы бирæ тæригъæдтæ ныббарстæуы».
>
> – 1 Петр 4:8

Æнцон у уарзын, ахæм адæмы, кæцы дын нæ аразы æвзæрдзинад. Уый у æрыгон къайты мыды мæй кæй хонынц, уый. Фæлæ æндæр хъуыддаг вæййы адæймаджы йæ хъæндзинæдтимæ æмæ хъуагдзинæдтимæ куы уарзай, уæлдайдæр та уыцы хъуагдзинæдты амæттаг нæхæдæг куы свæййæм, уæд. Хуыцаумæ уарзондзинад мæн скодта æнæаипп, сфидар мын кодта мæ зæрдæ. Уæдæй фæстæмæ иу æмæ дыууæ хатты нæ фембæлдтæн ахæм цаутыл, æмæ иу алы хатт дæр адæмæн барстон æмæ мæ риуы нæ дардтон æфхæрддзинад. Æмæ цæмæн афтæ: уымæн æмæ мæ зæрдæ уыд фæлтæрд æмæ мæсты никæмæ кодта. Хуыцау мын мæ хæдзары цур куы фæдзæхста, уымæй рацыд цалдæр мæйы, йæ фæстиуæг, æз

уыцы лæджы офисæй рацыдтæн сдзæбæхгондæй. Уый уыд цæттæгæн фæлтæрæнты процесс, кæцы рæстæг мæ зæрдæ фæлтæрæнтæ æмæ фидардæр кодта, кæд мæм иу хатт афтæ зынд, цыма мын дзы ницы уайы. Æгæрстæмæй, æз хъуыды кодтон, куыд уыдтæн, уымæй æвзæрдæр кæй нæ фæдæн. Фæлæ уыдтæн раст фæндагыл, кæцы мæ кодта сæндидзынмæ. Хуыцауы Уд мæ кодта ахæм къахдзæфтæй, кæцыйæ мæ бон уыд цæуын. Уый уыд мæ уды рæстдзинады иу хай. Уыцы цардæвзарæнтæ æз ницæуыл баивин, æмæ стыр бузныг дæн уыцы дыргъæй, кæцы мын æрхастæуыд мæ цардмæ.

## ЗЫНДЗИНÆДТЫ 'РУАДЖЫ – БÆРЗОНД НЫСАНТÆМ

Мах æрмæстæдæр æнцон бонты нæ, фæлæ зындзинæдты сырæзæм удварны æгъдауæй. Хуыцауимæ нæ балцы рæстæг мах æмбæлдзыстæм зындзинæдтимæ. Махæн нæ бон нæу, уыдон сæрты ахизын, уымæн æмæ уыдон хауынц нæ сырæзындзинады процесстæм Хуыцауимæ цæугæйæ. Уыдонæй уæхи куы хизат, уæд уый цæлхдурау слæудзæн уæ сырæзтæн.

Алыхуызон цæлхдуртыл уæлахиз кæнгæйæ, сымах суыдзыстут тыхджын æмæ фæлмæнзæрдæ. Сымах ноджы фылдæр бауарздзыстут Йесойы. Кæд сымах зындзинæдтæй рацыдыстут, æмæ нæ хатут Йесомæ уæ уарзт фæфылдæр ис, уый, уæд, сымах, не сдзæбæх стут, не ссæрибар стут уæ тæргæйттæй. Сдзæбæх кæнын, уый у уæ равзæрст. Иуæй иу адæймæгтæ, æфхæрд райсгæйæ, никуы сдзæбæх вæййынц. Куыд карзæй уый нæ хъуыса, фæлæ уый у сæхи сæрмагонд равзæрст.

Йесо сахуыр кодта коммæ кæсыныл хъизæмæрттæ бавзарыны фæстæ· Петр сахуыр коммæгæс суæвыныл хъизæмæрттæ бавзарыны фæстæ· Павел сахуыр коммæгæсыл хъизæмæрттæ бавзарыны фæстæ· Сымах та? Ууыл сахуыр

стут? Æви стут тызмæг, хъæбæрзæрдæ, æнæхатыр, мастæй, æнæбарондзинадæй æмæ фыдæхæй йедзаг адæймаг· Кæд уыцы миниуджытæ сымахыл дзурæг сты, уæд сымах нæ сахуыр стут коммæ кæсыныл.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ис иуæй иу æфхæрдтытæ, кæцытæ ферох уыдзысты афтæ тагъд, куыд хъазæй дон ракæлæгау. Сымах хъæудзæн бакусын, бафыдæбон кæнын, цæмæй ссæрибар кæнат уæхи уыдонæй. Фæлæ уыцы процессты сымах сырæздзыстут æмæ суыдзыстут удыхъæдæй фидар.

Удыхъæды фидардзинад æнцонæй къухы нæ бафты, уый йедтæмæ æппæт адæмтæ дæр уаиккой уыцы миниуæгæй æххæст. Ныхмæлæуддзинады аххосæй бирæтæ не ссæуынц царды уыцы бæрзонд къæпхæнмæ.

Ныхмæлæуддзинад ис, уый тыххæй, æмæ не ’хсæнады царды уаг нæу арфæгонд, фæлæ у хиуарзон. Дунейыл ныртæккæ æлдариуæг кæны ныхмæлæууæг (кæсут Ефесæгтæм 2:2).

Цæмæй сырæзат æмæ бацæуат Чырыстимæ, уый тыххæй уæ бахъæудзæн хиуарзондзинады ныхмæ тох кæнын æмæ зындзинæдтæ бавзарын. Павел фыццаг уыд æртæ горæты, кæцыран уый сарæзта аргъуантæ. Йæ нысан уыд йæ ахуыргæнинæгты удтæ сфидар кæнын. Цымыдисаг у, уый, æмæ куыд арæзта, уыцы хабæрттæ. Куы сын лæвæрдта ныфс.

> «… уырнондзинады уæвын æмæ йæ ахуыр кæнын, цæмæй нын Хуыцауы Паддзахадмæ бар уа нæ бирæ хъыгтимæ бацæуынæн».
>
> – Апостолты хъуыддæгтæ 14:21,22

Уый сын æнцон цардæй зæрдæ не ’вæрдта. Уый сын зæрдæ не ’вæрдта зæххон барæнтæй æнтыстдзинæдтæ фылдæр кæныны тыххæй. Уый сын фенын кодта уый, æмæ цинимæ кæй ацæудзысты сæ нысангонд фæндагыл, фæлæ кæй фембæлдзысты стыр ныхмæлæуддзинæдтимæ, кæцыты Павел схуыдта «бирæ хъыгтимæ».

Кæд хуымæтæг бæлæгъы ленк кæнут цæугæдоны цыды ныхмæ, цæмæй раразмæ уат, уæд уæ хъæудзæн иудадзыг донвийагæй бæлæгъ тæрын. Куыддæр бæлæгъ тæрын ныууадзат æмæ æрлæмæгъ уат, афтæ ленк кæндзыстут цæугæдон кæдæм цæуы, уырдæм. Афтæ мах дæр, Хуыцауы фæндагыл цæуыны уынаффæ райсгæйæ фембæлæм бирæ хъыгдзинæдтимæ. Æппæт ацы фæлварæнтæ раиртæстой уæ дзуапп сæйраг фарстæн. Агурдзыстут уæхион, уый куыд аразынц æнæхъæн дунейы, æви цæрдзыстут уæхиуыл æнæауæрдгæйæ?

Бахъуыды кæнут, мах нæ цард куы фесафæм Йесойы тыххæй, уæд ын ссардзыстæм Йæ цард. Сахуыр ут, цæмæй тох кæнын ма уа уæ нысан, фæлæ арфæйаг кæронбæттæн бæрæггæнæнтыл.

Петр уый хорз раргом кодта:

> «Мæ уарзон хæлæрттæ, уæ бафæлварыны тыххæй фыдæвзарæнты кæй æфтут, уый уæм диссаг ма кæсæд, цыма уыл цыдæр æнахуыр хъуыддаг æрцыди, уыйау. Фæлæ цин кæнут, Чырыстийы тухæнтæй хайджын кæй стут, ууыл, æмæ хъæлдзæг æмæ зæрдæрухс уыдзыстут, Йæ намыс куы раргом уа, уæд»
>
> – 1 Петр 4:12,13

Бафиппайут ма уый, æмæ хъыгдзинады бæрц Уый ныхмæ æвæры цины бæрцимæ. Куыд ис æмæ уыцы циндзинад къухы бафта? Чырыстийæн Йæ кад куы байгом уа, уæд сымах дæр уыдзыстут кадджын Йемæ. Уый æрцæудзæн, Йесойы миниуджытæ сымахыл куы фæзыной, уæд. Уæдæ æфхæрддзинадмæ ма кæсут. Кæсут фидæны кадмæ. Аллилуйæ!

Дæ рæстдзинад сбæрæг кæнынæй уæлдай ахсджиагдæр у рæдийаг æфсымæрæн баххуыс кæнын.

# 14 СÆРГОНД

## НÆ НЫСАН - ФИДЫДДЗИНАД

***«Сымах фехъуыстат, рагон адæмæн цы загъд уыди, уый: «Ма амар; чи амара, уый дзуапп дæтдзæн тæрхоны раз». Æз уын зæгъын: йе ’ фсымæрмæ (æнæхъуаджы) чидæриддæр мæсты кæна, уый дзуапп дæтдзæни тæрхоны раз; йе ’фсымæрæн «ницæйаг» чи зæгъа, уый дзуапп дæтдзæни синедрионы раз; «æнæзонд» ын чи зæгъа, уымæ та æнхъæлмæ кæсы зындоны арт. Уæдæ ды дæ нывондимæ нывондхæссæнмæ куы æрцæуай, æмæ дæм де ’фсымæр цæйдæр тыххæй кæй фæхъыг, уый дæ зæрдыл куы æрлæууа; уæд дæ нывонд ныууадзнывондхæссæны раз, ацу, де ’фсымæримæ уал бафидау, стæй раздæх æмæ æрхæсс дæ нывонд».***

**- Матфей 5:21-24**

Ацы дзырдтæ сты Йесо хохыл кæй дзырдта, уыцы куывдæй, æмæ райдайы мæнæ ахæм дзырдтæй: «Сымах фехъуыстат, цы загътой нæ хистæртæ». Уый фæстæ Уый

загъта: «Æз та уын дзурын…» Йесо дарддæр архайы куывды ацы хай абарыныл. Фыццаг Уый æрхæссы цитатæ закъонæй, кæцы дæтты уаг нæ архайдæн. Уый фæстæ Уый уынын кæны, куыд æххæст кæнын хъæуы закъон, кæцы фыст у зæрдæйæ. Хуыцауы цæстыты марæг у, физикон æгъдауæй чи мары, уый нæ, фæлæ, кæцы æнæуынонæй, фыдæхзæрдæйæ кæсы йе ’фсымæрмæ. Уæ зæрдæйы цавæр стут, афтæ стут æцæгæйдæр уæхæдæг.

Куывды уыцы хайы Йесо бæлвырд дзуры мастдзинады фæстиуджыты тыххæй. Уый уынын кæны мастдзинады æмæ фыдæхдзинады тыххæй цавæр карз æфхæрд ис райсæн. Алчидæр, кæцы æнæхъуаджы мæсты кæны йе ’фсымæрæн, сты тæрхоны аккаг. Уымæн уæлдæр тæрхондон (синедрион) рахæсдзæн тæрхон, кæд æмæ уый æрхæсса масты дыргъ æмæ схона йе ’фсымæры «рака!»

Дзырд рака, нысан кодта «афтидсæр адæймаг», кæнæ «æдылы».

Уыцы дзырд ма нысан кодта «фыдкой кæнын» æмæ парахат уыд иудейтæм Чырыстийы рæстæджы. Мастдзинад уый онг куы ссæуа æмæ адæймаг йе ’фсымæры «æдылы» куы рахона, уæд тынг тæссаг у æмæ зындоны куы амидæг уа, уымæй. Дзырд «æдылы», нысан кæны «æнæхуыцау». «Æнæзонд (æдылы) хинымæр загъта: «Хуыцау нæй» (Псаломтæ 13:1).

Уыцы бонты де ’фсымæры æнæзонд схонын, нымад уыдис стыр фыдракæндыл. Ахæм ныхас зæгъын йæ бон уыд, йæ маст фыдæхдзинадмæ кæмæн рахызт, уый. Уый у уыйау, æмæ йе ’фсымæрæн абон афтæ чи зæгъа: «Зындонмæ бахау» – уый дæр уый нысан кæны.

Йесо фенын кодта, мастæн афоныл хъæугæ мадзæлттæ арæзт куы нæ цæуа, уæд æй кæны фыдæхдзинадмæ. Фыдæхзæрдæйæн кæрон куы нæ скæна, уæд адæймагæн тæссаг уыдзæн зындонмæ бахауынæй. Уый фæстæ Уый загъта, адæм куы ’рхъуыды кæной æмæ сæм исчи, зæгъæм се

’фсымæр, тæргай зæрдæ хæссы, уæд æй хъуамæ æвæстиатæй ссарой æмæ бафидауой йемæ·

Мах цæмæн хъуамæ тырнæм фидыддзинадмæ – нæхи, æви не ’фсымæры сæраппондæн? Мах хъуамæ тырнæм æфсымæримæ бафидауынмæ, цæмæй йын баххуыс кæнæм мастдзинадæй йæ ссæрибар кæнынæн· Кæд æмæ йæм мах фыдæх не стæм, уæд Хуыцауы уарзт нæ ратдзæн уымæн баззайын мæстыгæрæй, фæлæ дæм ратдзæн йе ’ххуысы къух сырæзынæн· Чизоны, мах æвзæр ницы сарæзтам· Æвзæр у æви хорз - уый ахсджиаг нæу· Уæ рæстдзинад сбæрæг кæнынæй уæлдай, махæн ахсджиагдæр у рæдийаг æфсымæрæн баххуыс кæнын· Ис тынг бирæ аххосæгтæ мæстджын суæвынæн· Чи зоны æмæ адæймаг, кæй смæстджын кодтой, хъуыды кæны, зæгъгæ, йын сарæзтой æнæраст ми, фæлæ йын æцæг æгъдауæй та ничи æрхаста ницавæр зиан· Гæнæн ис, æмæ йын хабæрттæ раст нæ радзырдтой, кæнæ та æнæраст хатдзæгтæ скодта·

Иннæрдыгæй йæм гæнæн ис, æмæ æрбацыд раст хабар, кæцыйæ нæ сарæзта раст хатдзæгтæ. Мах кæй загътам, уый алы информацион ацæуæнты, гæнæн ис æмæ йæ æвирхъау æгъдауæй ныгуылмызтæ кодтаиккой.

Кæд æмæ махæн нæ фæнд нæ уыд адæймаджы фæхъыг кæнын, уæд нæ дзырдтæ æмæ нæ архайд та равдыстой æндæр хабар. Арæх мах нахицæн тæрхон кæнæм нæ фæндæтты бындурыл, иннæтæн та – цы сарæзтой, уый бындурыл. Вæййы афтæ, æмæ дын дæ хъуыдытæ бынтон раст не ’мбарынц. Иуæй иу хатт не ’цæг хъуыдытæ арф æмбæхст вæййынц суанг нæхицæй дæр. Мах бауæндын фæнды уыдон сыгъдæг кæй сты, ууыл. Фæлæ сæ Хуыцауы Ныхасæй куы балуарæм, уæд сæ фæуынæм æндæрхуызонæй.

Чизоны, мах тæригъæддзинад сарæзтам уыцы лæджы ныхмæ. Мах мæсты кодтам, æмæ уыдыстæм æлхъывдады бын, æмæ ууыл та цæф сæмбæлд уыдæтты аххосæй. Кæнæ, гæнæн ис, æмæ уыцы адæймаг алыхатт барæй цыдис нæ

ныхмæ, æмæ йæм нæ фæлæууыдыстæм, радтам ын дзуапп ахæм хуызы. Æфхæрдæн цы фæнды куы уа йæ аххосаг, уæддæр фæхъыгуæвæг адæймагæн йæ зондахаст фæталынг кæны. Уый йæ уынаффæтæ фæнывæнды алыгъуызон дам-думтæй, адæмы ныхæстæй æмæ æддагон миниуджытæй, фæхъуыды кæны цыма йын базонын бантыст не 'цæг фæндтæ. Æмæ куыд хъуамæ кæнай раст тæрхон, кæд æмæ дæм нæй раст информаци?

Мах хъуамæ æмбаргæ цæстæй акæсæм уыцы цаумæ, кæцыран уый æппæт зæрдæйæ дæр æуууæнды, цыма йемæ раст хъуыддаг нæ саræзтой. Цыфæнды аххосаг дæр уымæн куы уа, уæддæр мах хъуамæ цæттæ уæм сразы уæвынмæ æмæ хатыр ракурынмæ.

Йесо амыдта махæн бафидауын, æгæрстæмæй, кæд æмæ адæймаг мах аххосæй æфхæрд нæ баййæфта, уæддæр. Хъæуы фидардзинад, цæмæй цæуай сæрныллæгæй æмæ хæссай фидыддзинад. Фæлæ арæх, кæй фæхъыг кæнынц, уыцы адæймагæн зындæр вæййы фыццаг къахдзæф саразын. Гъе, уымæ гæсгæ Йесо загъта, кæй хъæуы бацæуын æфхæрдбаййафæг адæймагмæ.

## КУЫД ИС ХАТЫР РАКУРÆН ÆФХÆРДБАЙЙАФÆГ АДÆЙМАГÆЙ

Апостол Павел загъта:

> «Уæдæ тырндзыстæм, фарн цы хæссы æмæ нын кæрæдзийы фидар кæнынæн ахъаз цы у, уымæ».
>
> \- Ромæгтæм 14:19

Уый уынын кæны махæн, куыд хъæуы бацæуын адæймагмæ, кæцыйы мах фæхъыг кодтам. Куы йæм бацæуæм мæстджынæй æмæ рыстхуызæй, уæд нæ къухы нæ бафтдзæн фидыдад. Мах æрмæст æфхæрд адæймаджы сæвæрдзыстæм ноджы уæззаудæр уавæры. Мах хъуамæ нæ зæрдæты бахъахъхъæнæм фидыдмæ тырныдзинад нæ сæрныллæджы фæрцы,

хъалдзинад нæхицæй фæиппæрд кæнгæйæ… Æрмæстдæр ахæм уавæры ис бафидауæн.

Иуæй иу хатт иу бахъуыд ахæм адæймæгтæм бацæуын, кæцыты æз фæхъыг кодтон, кæнæ мæм уыдысты мæсты, æмæ иу мыл сæхи ныццавтой. Мæнæн дзырдтой, цыма æз дæн хиуарзон, мæ хъус нæ фæдарын адæмы фарстатæм, цыма дæн сæрбæрзонд, тызмæг, æнæхсæст æмæ афтæ дарддæр. Мæн, кæй зæгъын æй хъæуы, фæндыд, цæмæй сын дзуапп радтаин: «Нæу, уый афтæ нæу. Сымах мæн не ’мбарут». Фæлæ иу æз мæ бартæ куы хъахъхъæдтон, уæд сæ мæстдзинад цырендæр кодта. Уый нæ уыдис фидыдадмæ тырнындзинад. «Хи бартыл» тох кæнын æцæг сабырдзинад никуы æрхæсдзæн.

Уый бæсты æз мæхи сахуыр кодтон гобийæ хъусыныл, цалынмæ сæ цы фæнды, уый нæ фæзæгъынц, уæдмæ сæм ницы фæдзурын. Фæлæ кæд, æмæ семæ нæ вæййын разы, уæд сын фæзæгъын, кæй аргъ кæнын, цы загътой, уымæн, æмæ кæй сбæлвырд кæндзынæн мæ ахастдзинад æмæ мæ фæнд. Уый фæстæ сын фæзæгъын, кæй фæсмон кæнын, кæй сæ фæхъыг кодтон, уый тыххæй.

Иуæй иу хатт, уыдон раст аргъ фæкæнынц мæ архайдæн, фæдзурынц мын рæстдзинад. Уыцы рæстæг сын æз басæттын: «Сымах раст стут. Курын уæ хатыр».

Цæмæй фидыддзинад дæ къухы бафта, уый тыххæй хъуамæ уай сæрныллæг. Гæнæн ис, æмæ Йесо уый тыххæй загъта:

> «Бафидау æвæстиатæй дæ зылынгæнæгимæ, цалынмæ йемæ тæрхондонмæ цæуыс, уæдмæ; науæд дæ бакæндзæн тæрхонгæнæгмæ, тæрхонгæнæг дæ ратдзæн хъахъхъæнæгмæ, æмæ дæ баппардзысты ахæстоны. Æцæг дын зæгъын: цы бафидын дæ хъæуы, уый фæстаг кодранты онг цалынмæ раттай, уæдмæ нæ рацæудзынæ уырдыгæй».
>
> - Матфей 5:25,26

Сæрыстырдзинад йæхи хъахъхъæны. Сæрныллæгдзинад та

сразы вӕййы, ӕмӕ дзуры: «Сымах раст стут. Ӕз ӕцӕгӕй дӕр афтӕ бакодтон. Курын уӕ, ныббарут мын».

> «Уӕларвӕй ӕрцӕугӕ зонд та фыццаджыдӕр у сыгъдӕг, стӕй у фидауынгӕнӕг, ӕвӕлмас, коммӕгӕс, нӕу хивӕнд, йӕ хъуыддӕгтӕ сты хорз, никӕй хъулон кӕны, цӕстмӕмитӕ йӕм нӕй».
>
> - Иаков 3:17

Хуыцауы уӕлзонд коммӕгӕс у (ома, цӕттӕ у хатыр кӕнынмӕ). Уый нӕ вӕййы фӕлдурӕдждӕжын, кӕнӕ хивӕнд, нӕ расайы быцӕутӕ. Адӕймаг, кӕцы ссис коммӕгӕс Хуыцауы уӕлзондӕн, нӕ тӕрсы фӕстӕмӕ алӕууынӕй, ӕмӕ ӕндӕр адӕймаджы хъуыды райсынӕй, ӕцӕгады арӕнтӕй куы нӕ хиза, уӕд.

## ЧИ ДӔ ФӔХЪЫГ КОДТА, УЫМӔ КУЫД ИС БАЦӔУӔН

Мах ӕфсымӕры фӕхъыг кӕныны рӕстӕг цы хъӕуы аразын, уыдон ныр раиртӕстам, ныр та раиртасӕм, цы хъӕуы саразын, не 'фсымӕр мах куы фӕхъыг кӕны, уӕд:

> «Де'фсымӕр дӕ тӕригъӕды куы бацӕуа, уӕд бавдӕл ӕмӕ йын хибарӕй бауайдзӕф кӕн. Ӕмӕ дӕм кӕд байхъуса, уӕд ногӕй ссардтай де ' фсымӕры».
>
> - Матфей 16:15

Бирӕ адӕймӕгтӕ ацы скъуыддзагӕй пайда кӕнынц уыцы хуызы нӕ, Йесо куыд хъуыды кодта. Кӕд ӕмӕ сӕ фӕхъыг кодтой, уӕд уыдон цӕуынц сӕ бафхӕрӕгмӕ, ӕмӕ дзы фыдӕхзӕрдӕимӕ сӕ маст райсынц. Уыдон уыцы скъуыддзагӕй пайда кӕнынц сӕхи сраст кӕнынӕн, цӕмӕй сӕ чи фӕхъыг кодта, уый фӕазымджын кӕной. Фӕлӕ уыдон ауагътой сӕйраг хъуыддаг: цавӕр нысантимӕ Йесо ахуыр кӕны мах кӕрӕдзимӕ цӕуыныл. Мах хъуамӕ цӕуӕм

кæрæдзимæ уый тыххæй нæ, æмæ искæй азымы дарын, фæлæ бафидауынмæ· Уый нæ фæнды, цæмæй мах, не 'фсымæртæн дзурæм, куыд æнæраст хъуыддæгтæ сарæзтой махæн· Мах хъуамæ цæуæм, уый тыххæй, æмæ аиуварс кæнæм цæлхдуртæ, кæцытæ хъыгдаринц нæ ахастдзинæдтæ сæндидзын кæнынæн·

Уый у, уый хуызæн, æмæ Хуыцау фæстæмæ фидар кæны нæ ахастдзинæдтæ Йæхиимæ· Мах тæригъæд ракодтам Хуыцауы раз, «…Фæлæ нæ кæй уарзы, уый Хуыцау равдыста тæригъдджынтæ ма куы уыдыстæм, уæд Чырысти мах сæраппонд кæй амард, уымæй» (Ромæгтæм 5:8).

Цæттæ стæм хи расткæнынæн «нæ» зæгъынмæ, æмæ сæрыстырдзинад мæлæтмæ радтынмæ, цæмæй нæ чи фæхъыг кодта, уыдонимæ бафидауæм? Хуыцау Йæ уарзондзинад байтыгъта махмæ, цалынмæ дзы хатыр куырдтам, уæдмæ· Цалынмæ нæ фыдракæндтæ бамбæрстам, уæдмæ Йесойы сфæндыд махæн ныббарын·

Уый Йæ къухтæ байтыгъта махмæ, фæлæ махæн нæ бон нæ уыдис нæ Фыдимæ бафидауын, цалынмæ Йын Йæ фидыды ныхæстæ нæ райстам, уæдмæ:

> «Æппæт уыдæттæ сты, Чырыстийы фæрцы нæ Йемæ Чи бафидауын кодта æмæ нын адæмы Йемæ бафидауын кæныны куыст Чи бафæдзæхста, уыцы Хуыцауæй· Мах хъусын кæнæм: Хуыцау дунеимæ Чырыстийы фæрцы бафидыдта – адæмæн ныббарста сæ тæригъæдтæ· Æмæ фидыды ныхас нæ бæрны бакодта·
>
> Уæдæ Чырыстийы минæвæрттæ стæм мах, æмæ цыма Хуыцау Йæхæдæг зæгъы нæ дзыхæй, уыйау Чырыстийы номæй курæм сымахæй: бафидаут Хуыцауимæ».
>
> - 2 Коринфæгтæм 5:18-20

Дзырд «бафидауын»-æн йæ райдиан у æппæт дзырдты бындурæй: мах не 'ппæт тæригъæддзинад сарæзтам Хуыцауы ныхмæ. Мах нæ бафæнддзæн фидыддзинад æмæ

ирвæзындзинад, цалынмæ нæ базонæм, Хуыцауæй хицæн кæй стæм, уый, уæдмæ.

Ног Фæдзæхсты ахуыргæнинæгты хъусын кодтой, адæм тæригъæддзинад сарæзтой Хуыцауы ныхмæ. Фæлæ цæмæн хъæуы адæмæн уый дзурын, æмæ, уыдон тæригъæд ракодтой? Цæмæй сæ бафхæра? Хуыцау æфхæргæ нæ кæны. «Уымæн æмæ Хуыцау Йæ Фырты дунейæн тæрхон рæхæссынмæ нæ рарвыста, фæлæ Йæ фæрцы дуне фервæзын кæнынмæ» (Иоанн 3:17). Чизоны, уый аразын хъæуы уый тыххæй, цæмæй адæм базоной, цавæр уавæры сты, æрфæсмон кæной сæ тæригъæдтыл æмæ хатыр ракурой?

Цы кæны адæймаджы фæсмонмæ?

Уый тыххæй мах дзуапп ссардзыстæм Ромæгтæм Æрвыстæгы:

> «Æви Хуыцау хæрзаудæг, барон æмæ бирæбыхсаг кæй у, уый ницæмæ дарыс æмæ, Хуыцау Йæ диссаджы хорзæхмæ гæсгæ дæу æрфæсмон кæнынмæ кæй хоны, уый не ’мбарыс?».
>
> - Ромæгтæм 2:4

Хуыцауы хорзæх мах кæны фæсмонмæ. Йæ уарзондзинад ирвæзын кæны, зындоны хъизæмæрттæ кæмæн стæрхон кодтой, уыдоны. Уый равдыста Йæ уарзондзинад уымæй, æмæ Йесойы арвыста дзуармæ, Йæ иунæг Фырты, цæмæй Уый амардаит мах тыххæй. Хуыцау фыццаг рацыд нæ размæ фидауынмæ, кæд Йын мах Йæ ныхмæ тæригъæд сарæзтам, уæддæр. Уый нæм байтындзы Йæ къухтæ уый тыххæй нæ, æмæ нæ азымы дара, фæлæ нæ цæмæй фервæзын кæна.

Уæдæ куыд фыст у, уымæ гæсгæ мах дæр, уарзон хъæбултау, фæзмæм Хуыцауы (кæсут Ефесæгтæм 5:1). Мах фыццаг хъуамæ бахæссæм фæндон, нæ ныхмæ тæригъæд чи сарæзта, уыцы æфсымæримæ бафидауын. Йесо сфидар кодта ахæм фæдзæхст: ацу де ’фсымæрмæ æмæ йын бацамон йæ

тæригъæддзинад, уый тыххæй нæ, цæмæй йæ фæазымджын кæнай, фæлæ цæмæй иуварсгонд æрцæуой хицæн уæ чи кæны, уыцы цæлхдуртæ, æмæ ахæм хуызы бафидауын æмæ сфидар кæнын уæ ахастдзинæдтæ. Хуыцауы Хорзæх ис нæ мидæг, æмæ уый не ’фсымæры кæндзæн фæсмонмæ æмæ ахастдзинæдтæ сæндидзынмæ.

> «Уæдæ æз, нæ Хицауы сæраппонд ахст, курын сымахæй, цæмæй уæ цард уа, Хуыцау уæ цæмæ æрхуыдта, уый аккаг· Иудадзыг ут сæрныллæг, æвæлмас, фæразон, иу иннæйы уарзæд, йæ хъуагдзинæдтæм ын нæ кæсгæйæ· Уæхи хъарут, Хуыцауы Уд уын цы иудзинад дæтты, уый бахъахъхъæныныл; ут фидыд æмæ кæрæдзимæ æнæфæхицæнгæнгæ баст».
>
> - Ефесæгтæм 4:1-3

Мах хъахъхъæнæм ацы фидыдады цæдис уымæн, æмæ цæмæй сфидар кæнæм сæрныллæджы, хорзæхы, фæлмасы æмæ быхсындзинады ахастдзинæдтæ, кæрæдзийы лæмæгъдзинæдтæ уарзтæй бамбæрзын. Æмæ афтæмæй уарзты бастдзинæдтæ сфидар кæнын.

Иуæй иу адæймæгтæ, кæцыты æз фæхъыг кодтон, цыдысты мæнмæ азымы мæ даргæйæ. Уыцы рæстæджы æз сæфтон бафидауыны æппæт хъомыс. Æз хъуыды кодтон, æмæ уыдоны бынтондæр нæ фæндыди бафидауын; уыдоны фæндыд, цæмæй æз зыдтаин, куыд тынг фæхъыг сты, уый.

Иннæ адæймæгтæ, кæцыты æз фæхъыг кодтон, цыдысты мæнмæ фæлмасæй. Уый фæстæ иу æз уайтагъд ивтон мæ хъуыды , æмæ сæ куырдтон хатыр, цалынмæ иу дзырд нæма фесты, уæдмæ.

Сымахмæ искуы æрбацыдысты ахæмтæ, кæцытæ дзырдтой: «Мæн фæнды, цæмæй сымах зонат, æз уын кæй хатыр кæнын, уый тыххæй, æмæ сымах кæй нæ уыдыстут мæ хуыздæр хæлар æмæ мын нæ сарызтат мæнæ уый æмæ уый?»

Сæ ныхæстæ куы скалдтой, уæд мæм æрбакæсынц домгæ хуызæй, кæцы фæдзуры: «Ды хъуамæ мæ разы хатыр ракурай».

Сымах анығъуылдыстут æфсармы æмæ ныссуйтæ вæййут, уымæн æмæ уын рыст æрхаста. Уыдон æрбацыдысты, уый тыххæй нæ, цæмæй бафидауой, фæлæ уæ цæмæй фæтæрсын кæной, æмæ уыл разамынд дæттой.

Мах хъуамæ ма цæуæм, чи нæ фæхъыг кодта, уыцы ’фсымæрмæ, цалынмæ йын æппæт зæрдæйæ нæ ныххатыр кæнæм, уæдмæ. Цалынмæ йæм нæ баввахс стæм, уæдмæ мах хъуамæ фервæзæм алыхуызон хæрамхæссæг æнкъарæнтæй, чи уæ фæхъыг кодта, уыцы адæймагмæ. Æндæра йæм мах кæсдзыстæм ныфссæттæг æнкъарæнтимæ, рыстимæ æмæ не сдзæбæх уыдзыстæм. Цы ис саразæн, цæмæй мах æфхæрæгæн æцæг æгъдауæй ныххатыр кæнæм, æмæ зæрдæйæ архайæм, нæ ныхмæ тæригъæд чи сарæзта, уыцы адæймагимæ бафидауын, фæлæ фылдæр хатт, ахæм адæймаг мах нæ фæхъусы.

> «Кæд дæм нæ байхъуса, уæд та демæ акæн иу кæнæ дыууæ адæймаджы, цæмæй, алы ныхас дæр раст кæй у, уымæн уа дыууæ кæнæ æртæ æвдисæны. Уыдонмæ дæр куы нæ байхъуса, уæд зæгъ аргъуанæн: æмæ кæд аргъуанмæ дæр нæ байхъуса, уæд æм кæс, муртатмæ æмæ хъалонисæгмæ цы цæстæй кæсыс, ахæм цæстæй».
>
> - Матфей 18:16,17

Уыцы алы къæпхæны дæр ис иу иумæйаг нысан: фидыддзинад. Уый тыххæй Йесо зæгъы: «Дарддæр архай». Бафиппайæм, æмæ æфхæрæг вæйы немæ процессæн йæ алы къабазы. Куыд арæх фæдзурæм иннæты æфхæрдтыты тыххæй, цалынмæ нæ ныхмæ тæригъæд чи скодта, уымæ нæма бацæуæм, уæдмæ, Йесо нын куыд фæдзæхста афтæ саразын.

Мах аразæм уый уымæн, æмæ нæ равзæрстам нæ зæрдæйы сусæг къуымтæ. Мах афтæ хъуыды кæнæм, æмæ нæ бон у нæ бафхæрды хабæрттæ иннæтæн нæхи цæстæнгасмæ гæсгæ

радзурын. Уыцы адæм куы сразы вæййынц ууыл, иннæтæ немæ сæхи куыд æвирхъауæй равдыстой, уæд сфидар вæйынц нæ фæндтæ, кæцытæ нын æрхæссынц æхсызгондзинад. Фæлæ ахæм ахасты хиуарзонæй дарддæр ницы вæййы.

## БЫНДУР ÆППÆТÆН

Мах нæ хъус куы дарæм уымæ, æмæ куы зонæм нæ хъуыдыты Хуыцауы уарзт ис, уæд нын къуыхцыйæ тас нæу. Уарзт нæ фæсайдзæн. Йесо мах куыд уарзы, афтæ æндæрты куы уарзæм, уæд уыдзыстæм сæрибар æгæрстæмæй, иннæ адæймаджы немæ бафидауын куы нæ фæнда, уæддæр. Бакæсут ма лæмбынæг скъуыддзаг Сыгъдæг Фыстæй. Махæн нæ бон у, æмæ цыфæнды уавæры дæр нæ хъус дарæм Хуыцауы куырыхон зондмæ. Уымæн æмæ уый алкæддæр у уæгъдвæндаг махæн:

> «Кæд уæ бон у, уæд алкæимæ дæр цæрут фидыдæй».
> - Ромæгтæм 12:18

Уый дзуры «кæд уæ бон у...», уымæн æмæ вæййы рæстæджытæ, æмæ иннæтæ махимæ фидыддзинад нал фæфæнды. Кæнæ гæнæн ис, æмæ уой ахæм адæм, кæцытæ фидыддзинады тыххæй раразмæ кæнынц ахæм фæндæттæ, кæцытæ мах ласынц Хуыцауы æцæгадыл бавдисæн кæныныл, æмæ Йемæ нæ ахастдзинæдтæ фехалын. Ахæм уавæрты нæй гæнæн æмæ уыцы адæймагимæ ахастдзинæдтæ сфидар уой.

Бафиппайут ма, Хуыцау дзуры: «Кæд гæнæн ис уе 'рдыгæй. Мах хъуамæ аразæм æппæт дæр, цы ис нæ тыхты, цæмæй бафидауæм адæймагимæ, цалынмæ уый не ссис æцæгдзинадæн ныхмæвæрд. Арæх мах æгæр тагъд нал фæфæнды нæ ахастдзинæдтæ сæндидзын кæнын.

Æз никуы ферох кæндзынæн, мæ хæлар мын куыд уынаффæ кодта, иу хъыгаг хабары тыххæй: «Джон, æз зонын, æмæ дæуæн дæ бон у, æмæ дæ ацыды сраст кæнай Библийы иуæй

иу бынæттæй, фæлæ цалынмæ уый нæ саразай, уæдмæ уал баууæнд, æмæ ды лæууыдтæ уыцы фæлварæнты ныхмæ куывды рæстæг æмæ сарæзтай æппæт дæр, цæмæй æрхæссай Хуыцауы фидыдад ацы уавæрмæ».

Уый фæстæ ма бафтыдта: «Ды фæсмон кæндзынæ ууыл, æмæ иухатт фæстæмæ куы ракæсай, уæд, бамбардзынæ, кæй нæ сарæзтай дæ бон цы уыд, уый, цæмæй хъахъхъæд æрцæуой кæрæдзийы 'хсæн ахастдзинæдтæ. Хуыздæр уыдзæн, æмæ дæу фидарæй куы уырна, æмæ дын æндæр гæнæн нæй, уæд сараздзынæ æппæтдæр æцæгдзинадимæ бадзырд саразгæйæ.»

Æз тынг бузныгæй баззадтæн йæ ацы уынаффæйы тыххæй, æмæ дзы федтон Хуыцауы уæлзонд. Æрхъуыды кæнут Йесойы ныхæстæ:

> «Тæхудиаг сты фидауынгæнджытæ – Хуыцау сæ схондзæн Йæ хъæбултæ».
>
> - Матфей 5:9

Уый нæ загъта: «Тæхудиаг сты, сабырдзинад чи хъахъхъæны». Сабырдзинад чи хъахъхъæны, уый цыфæндыйæ дæр йæхи иуварс кæндзæн быцæутæй, уый цæттæ у уыцы уавæры æцæгдзинадимæ бадзырд саразынмæ. Фæлæ уыцы дуне, кæцыйы уый хъавы бавæрынмæ, нæу æцæг дуне. Уый у уæлæнгай, мæнг дуне æмæ нæ ахæсдзæн бирæ.

Фидауынгæнæг та цæудзæн уарзт æмæ быцæуы уагыл, æцæгдзинад дзургæйæ, уымæн æмæ фидыддзинад, æрцыд раздæр æмæ уыдис мыггагмæйы хорзæхау. Уый нæ бахъахъхъæндзæн аразгæ, уæлæнгай ахастдзинæдтæ. Уый фæнды уа сыгъдæгзæрдæ, уарзт æмæ æцæгад, нæ йæ фæнды мæнг мидбылхудтæй æфхæрддзинад æмбæхсын, æмæ дунейы сфидар кæны æдæрсгæ уарзтæй, кæцы никуы никæд фæсайдзæн.

Хуыцау адæмимæ дæр бакæны бæлвырд афтæ. Уымæн æмæ Йæ нæ фæнды, æмæ исчи фесæфа. Фæлæ Уый æцæгадыл нæ

бавдисæн кæндзæн адæймаджы аирвæзын кæныны тыххæй. Уый агуры фидыдад уæлæнгай адæймагон фадæтты нæ, фæлæ æцæгдзинадæн нывонды бындурыл. Уый райрæзын кæны уарзты ахæм бæтæнтæ, кæцыты никуы атондзæн цавæрфæнды фыдæх дæр. Уый радта мах тыххæй Йæ цард. Махæн нæ бон у, Уый куыд архайдта, афтæ кæнын.

Бахъуыды кæнут, алцæмæн дæр йæ бындур у Хуыцауы уарзт.

Уый у мыггагмæ, никуы баруайы æмæ нæ фæуы. Нæу æнæуаг, нæ бæллы хи пайдамæ, нæу мæстыгæр, фыдæх йæ зæрдæмæ нæ хæссы (Кæсут 1 Коринфæгтæм 13:5).

Апостол Павел фыста, уарзт кæй фæуæлахиз вæййы цыфæнды тæригъдтыл дæр:

> «...æмæ кувын, цæмæй уæ уарзондзинад кæна фылдæрæй-фылдæр, æфта уæ зонынадыл, уа уæм арф æмбарынад. Æмæ уæ бон уа, хуыздæр цы у, уый равзарын. Уæд Чырыстийы æрцыды бон уыдзыстут сыгъдæг æмæ æнæфау. Йесо Чырыстийы фæрцы алцæмæй дæр разындзыстут рæстгæнджытæ Хуыцауы кад æмæ намысæн».
>
> - Филиппæгтæм 1:9-11

Хуыцауы уарзт - уый у дæгъæл къæппæгæй суæгъд кæнынæн, æфхæрддзинад дзы сайынæн у. Фæлæ уыцы уарзондзинад хъуамæ уа парахат, кæцы иудадзыг рæзы æмæ фидардæр кæны нæ зæрдæты.

Абон не 'хсæнады бирæ адæм фæсайды сты уæлæнгай уарзтæй, кæцы дзуры, фæлæ нæ архайы. Уарзт мах хъахъхъæны цæлхдуртæй, удуæлдайæ радты йæ цард, æгæрстæмæй, знаджы хорздзинадæн. Æмæ кæд мах ахæм уарзондзинадимæ цæуæм, уæд нæ фæуыдзыстæм сайды, æмæ нæ бахаудзыстæм сайтаны къæппæгмæ.

# ФÆСНЫХАС

# ЦЫ ХЪÆУЫ САРАЗЫН

Ацы чиныг кæсгæйæ Хуыцауы Уд сымахæн уæ зæрдыл æрлæууын кæндзæн ивгъуыды æмæ фидæны цавæрдæр ахастдзинæдтæ, кæм сæ æмбæхсут æмæ стæй кæй ныхмæ арæзт сты? Æз æнкъардтон, æмæ Хицау мæн кæны уымæ, цæмæй мемæ скуват ссæрибары кæныны хуымæтæг куывдæй.

Фæлæ уал цалынмæ кувын нæ райдыдтат, уæдмæ бахатут Хицау Хуыцаумæ, цæмæй Уый Йæ Удимæ уемæ ацæуа уæ ивгъуыдмæ, æмæ уын баххуыс кæна уыцы адæймæгты æрымысынæн, кæцытæм сымах кæддæр фæхæрам стут. Баззайут Йæ разы æнæсыбырттæй, Уый уын уынын куы райдайа, уыцы адæмы. Уæд дызæрдыг нал кæндзыстут ницæуыл. Уыцы рæстæг, Уый уыцы хъуыддаг куы араза, уæд гæнæн ис, æмæ æрымысат цавæрдæр риссагдзинад, кæцы сымах бавзæрстат. Фæлæ ма

тæрсут. Уый уыдзæн уæ фарсмæ æмæ уын æвæрдзæн ныфс.

Уыцы рæстæг, сымах куы ныххатыр кæнат уыцы адæмæн, цы бакодтой, уыцы аххостæ сын ауадзгæйæ, уæд уыцы адæмы номхыгъд кæрæдзийы фæдыл уæ хъуыдыты равдисут. Æмæ сæ алкæмæн дæр хицæнæй ныххатыр кæнут. Аивут, уыцы хæсы, кæцы дарынц сымахæй. Уый фæстæ кувут ацы куывдæй, фæлæ ма æрлæуут æрмæстдæр ацы дзырдтæй. Спайда кæнут ацы куывдæй, æмæ бар радтут сымах Хуыцауы Удæн Йемæ кæнынæн.

*Мæ Уæларвон Фыд, Йесойы номæй æз сæттын, кæй сарæзтон Дæ ныхмæ тæригъæд, уымæн æмæ нæ ныххатыр кодтон, уыцы адæмæн, кæцытæ мæ фæхъыг кодтой. Æз фæсмон кæнын, æмæ курын Дæ хатырдзинад. Æз ма сæттын ууыл, æмæ æнæ Дæу мæ бон кæй нæу уыдонæн ныххатыр кæнын. Уымæ гæсгæ æппæт зæрдæйæ æз райстон уынаффæ ныххатыр сын кæнын (Сæ нæмттæ сын сæвæрут æмæ алкæмæн дæр хицæнæй ныххатыр кæнут). Æз Йесойы тугæй æхсын æмæ рох кæнын æвзæрæй мын цы сарæзтой, æппæт уыдæттæ. Уыдон мæнæй ницыуал дарынц. Мæ ныхмæ цы тæригъæдтæ сарæзтой, уыдон сын хатыр кæнын.*

*Мæ Уæларвон Фыд, мæ Хицау Йесо куыд куырдта Дæуæй, ныххатыр кæн Дæ ныхмæ тæригъæдтæ чи сарæзта, уыдонæн, афтæ æз дæр Дæуæн лæгъстæ кæнын, цæмæй Дæ хатырдзинад æрцæуа уыдоныл, кæцытæ мæ ныхмæ сарæзтой тæригъæддзинад.*

*Æз курын Дæуæй, раарфæ сын кæн æмæ сæ æркæн Дæуимæ æввахсдæр ахастдзинæдтæм. Амен.*

Ныр та уæ фыссæн чиныджы ныффыссут уыцы адæмы нæмттæ, кæцыты сымах ауагътат, æмæ сбæрæг кæнут, уыцы æмæ уыцы бон сымах райстат уынаффæ, ныххатыр сын кæныны тыххæй.

Сымах бахъæудзæн фæлтæрæнтæ, цæмæй уат хызт æфхæрдтæй (Иу хатт ма бакæсут 13-æм сæр, кæд не ’мбарут, уыцы хъуыды, уæд). Уæхицæн хæсæн райсут уыдонæн кувын, уæхицæн куыд кувут, афтæ. Уæ фыстытæ уын баххуыс уыдзысты, æрхъуыды сæ кæнынæн. Кæд та уын уæ рагон хъуыдытæ хъыг дарой уæ зонд, уæд сæ аппарут Хуыцауы Дзырдæй, æмæ расидут уæ уынаффæ ныххатыр кæныны тыххæй. Сымах ракуырдтат Хуыцауæй Йæ арфæ, цæмæй уæ бон суа ныххатыр кæнын. Ут хъæбатырдæр æмæ хæларæй архайут уырнонады сгуыхт хабæртты.

Куы йæ зонат, æмæ уæ зæрдæ тыхджын æмæ фæлтæрдджын у, уæд сæм цæут. Бахъуыды кæнут, сымах цæут фидыдады нысанимæ, уæхи хорздзинады тыххæй нæ, фæлæ уыдоны тыххæй. Уый кæнгæйæ, сымах уæхицæн цæттæ кæнут уæлахиз. Сымах ногæй ссардтат уе ’фсымæры (кæсут Матфей 18:15). Уый у Хуыцауы раз арфæйаг хъуыддаг.

> «Фæкæлынæй уæ бахизын æмæ уæ Йæ намысмæ æнæаиппæй æмæ райгæйæ бакæнын Кæй бон у, Уыцы Иунæг Хуыцауæн, нæ Ирвæзынгæнæгæн, нæ Хицау Йесо Чырыстийы фæрцы уæд кад æмæ намыс, паддзахад æмæ æлдариуæг - рæстæджы райдианæй нырмæ, абон æмæ мыггагмæ! Амен».
>
> - Иудæ 24,25




«Мессенджер Интернэшнл» арæзт у уый тыххæй, цæмæй æххуыс кæна адæмæн, бинонтæн, аргъуантæн æмæ алы адæмыхæттытæн Хуыцауы Дзырды æвæджиауы тых банкъарын. Уыцы æмбарынад æрхæсдзæн уый, æмæ адæмы цард байдзаг уыдзæн уды дадзинты чи бацæуа, уыцы диссаджы арфæйаг тыхæй, æхсæнад райдайдзæн ивын, дунейы æнæрастдзинад та бæлвырдæй уыдзæни æргом.

---

**CloudLibrary** — у онлайн-платформæ, уый бар дæтты дунейы алы рæтты Хуыцауы фæдонтæн сæ мадæлон æвзагыл Хуыцауы дзырд æнцонтæй базонынæн.

Сайтыл **CloudLibrary.org** сымах ссардзыстут Джон æмæ Лизæ Биверы фæллæйттæ сæдæйæ фылдæр æвзагыл æмæ сæ уæ бон у æнцонæй æрбайсын æмæ сæ парахат кæнын.

Электронон чингуытæ**, видео** æмæ аудиойы амынддзинæдтæ**, аудио** чингуытæ**,** Библитæ**…**

**Фæнды уæ фылдæр базонын? Æркæсут ардæм:**
CloudLibrary.org

# ХУЫЦАУ, КÆМ ДÆ?!




Гæнæн ис, сымах фехъуыстат Хуыцауы хъæлæс, фæлæ цыма Уый ныртæккæ нæ дзуры. Чизоны, сымах тырныдтат уырнондзинадмæ, фæлæ йын Йæ уæвынад ныртæккæ нæ арут. Табуафси, саккаг кæнут æдзæрæг ранмæ, ахæм бынатмæ, цы ран райсдзыстут Хуыцауы фæдзæхст æмæ йæ сæххæст кæныны фадат.

Хорз хъусынгæнинаг у уый, æмæ æдзæрæг ран – нæу æнæнысан æмæ афтид зæхх.
Хуыцау пайда кæны æдзæрæг бынатæй, цæмæй уын æрцæттæ æмæ сифтонг кæна уæ разæнгарддзинад, кæд æмæ йыл рацæудзыстут рæстагæй. Мах æрмæст Хуыцаумæ æнхъæлмæ кæсгæйæ нæ цæуæм уыцы рæстæг, кæд афтæ бирæтæ хъуыды кæнынц, уæддæр.
Сымах хъуамæ ахъазат уæ сурæт, уыцы æдзæрæг ранмæ ацæуыны хъуыддаджы, уымæн æмæ уæ сурæтæн уыдзæн æвæджиауы ахадындзинад. Æмæ уæ кæд нæ фæнды уæ рæстæг дзæгъæлы сафын æмæ зылды цæуын, уæд æнæмæнгæй хъуамæ зонай, цы у æдзæрæг бынат.

Ацы æргомдзинæдтæй дзаг чиныджы, дунеон зындгонд чингуыты автор Джон Бивер, сымах ифтонг кæны Библийы ахсджиаг зонындзинæдтимæ æмæ мидисджын, цымыдисаг хабæрттимæ, кæцытæ уын баххуыс кæндзысты уæ хус æмæ вазыгджын рæстæджыты, æмæ уын ратдзысты Хуыцау уын цы æрцæттæ кодта, уый.

Сайтæй æнцон райсæн сты уæлæмхасæн ахуыргæнæн æрмæджытæ алы æвзæгтыл.

CloudLibrary.org

# САЙТАНЫ САЙÆН

***АЛЫ АДÆЙМАГ***, кæцы æвæрдта искуы къæппæджытæ сырдтæн, зоны, цæмæй къæппæг куыд æмбæлы, афтæ куса, уый тыххæй хъæуы дыууæ хъуыддаджы: фыццаджыдæр, къæппæг хъуамæ уа хорз æмбæхст, цæмæй йæ сырд ма фæфиппайа, дыккаджы та уый, æмæ йæ мидæг хъуамæ уа исты сайæн, кæцы сырды æрбасайдзæн къæпхæны мæлæтдзаг æфсæртæм.
Сайтан, нæ удты знаг, йæ сайæг æмæ мæлæтхæссæг къæппæгтæ 'вæры æмæ пайда кæны уыцы хин митæй. Йæ къæппæджытæ сты 'мбæхст, фæлæ йæ сайæнгарз ис нæ цæстыты раз.

**Ацы чиныг бакæсгæйæ сымах ссардзыстут дзуаппытæ ахæм фарстатæн:**

- цы мын дзурын кæны мæ сæрмагонд историтæ?
- куыд  у  мæ бон гуызавæ æмæ дызæрдыгдзинадимæ стох кæнын?
- цы у мæ бон саразын, цæмæй макуыуал раздæхон ивгъуыды хъæдгæмттæм?
- куыд суыдзæн мæ бон, тынг мæ чи фæхъыг кодта, ууыл ногæй бауух æндын?



Ацы чиныг уын баххуыс кæндзæн уæхи знаджы «тæссаг къæппæгæй» бахизынæн, æмæ уын фадат ратдзæн дæлимоны æрбабырстыты ныхмæ æрлæууынæн, Хуыцауимæ уын æнæцæлхдур ахастдзинæдты фæндаг амонгæйæ.

Ацы ресурс æмæ æндæр æрмæджытæ
æнцонæй райсæн ис сайтæй:

Cloud Library

Фæнды уæ фылдæр базонын?
Райс æрмæг ам:

MESSENGER
INTERNATIONAL
MessengerInternational.org

Ацы чиныг – авторы лæвар.
Уæй кæнын ын не 'мбæлы.